Мамакаев Мохьмад

Зеламха



ББК 80/84(2Рос-Чеч)
М22

Мамакаев М.
М22 Зелимхан. Роман. – Грозный. ГУП «Книжное издательство», 2007. – 320 с.

Автора хIокху шен исторически романехь вайна вовзуьйту коьрта турпалхо, шен заман чохь паччахьан Iедалан къизалло, халкъана тIехь латточу Iазапо, къоман Iадаташ емалдаро маьршачу дахарх хадийна, лаьмнашца Iуьллучу жимчу юьртара Харачуьра къона вахархо Зеламха ву. Оцу Iедалан харцонна дуьхьал нийсо езаш къийсамехь ша латтарца махкахь а, махкал арахьа а халкъашна къонах санна вевзаш билгалволу иза.

Паччахьан олаллин дукъ дазделла гIорасиз хилла, цхьанхьарчу орцане сатесна висинчу муьлххачу а къехочунна дагавогIуш хилла майра Зеламха. Амма, XX-чу бIешеран юххьехь, оцу харцонна дуьхьал цо болийна и къийсам кхойтта шарахь бахлой, хеда, нийсонан масал хуьлий, ша халкъан даг чохь а вуьсуш.

ISBN – 978-5-98896-061-4 © Мамакаев М.А., 2007
© ГУП «Книжное издательство», 2007

Сайн хьомечу хьехархочунна
Дзахо Гатуевна – догцIенчу ойланца.
Автор

«Суна дика хаьа, пергIатчу дахаре вухаверза а, и санна, сайх къинхетам байта а ас сайна меттиг ца битинийла. Амма, сан дагна хьаам хир бара, шуна, халкъан векалшна, со а, со санна, сан да а, вежарий а, кхиболу накъостий а бешшехь наноша обаргаш цабинийла хаахьара».

(1909-чу шарахь, январан 15-чу дийнахь, Зеламхас Пачхьалкхан думан Председателе яздинчу кехат тIера.)

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

1

Дерриг а доладелира, Харачуьрчу Хушуллин хаза йоI Зезаг бахьана долуш. Ткъа бехке ярий техьа Зезаг а, хан кхаьчна сама-баьлла къона безам эцна, шен довхачу даго лоьхучунна и тIеерзарх? Ша езарг веза цунна лаарх? «ХIан-хIа», – бохура Зезага ша, «хIан-хIа», – бохура цуьнан къеначу дас Хушуллас а. «Ткъа, хIунда гIерта техьа и хьакаьмаш цу къоначу нехан безамна юкъа?» – бохуш шаьш-шайга хеттарш дора массо а дикачу наха а. Делахь а, майрра и дIаала ца хIуттуш, цхьа тамашена кхерабелла, тийна Iара уьш. Ткъа стенах кхерабеллера уьш? Делах? ХIан-хIа. Эхьах? ХIан-хIа! Мелхо а, хьаькамех кхерабеллачу цара шайн эхь бехдинера.

Цундела, мел ойла ярх, кхин де а гIолехь дерг каро меттиг ца битинера Зезагана. «Хьан лааммий, дог-ойлий къайла а якхий, кху ширачу лаьмнийн Iадаташна кIел саций латта. Мел гена даькхина дийцича а, хьо зуда бен яц, къонахчуьнца къовса гIортар хьуна ца диллина», – бохуш, берахь дуьйна а дас-нанас Iамийна Зезаг шена ечу гIелонна дуьхьал гIатта ца хIоттара. Делахь а, наггахь: «ХIаъ аьлла, и сайн лаам а хьаьшна, со харцонна кIел саца еза? Хьенан дог хIоьттина иштта къиза кхел ян?» – хеттарш а хIуьттура цуьнан даг тIе. – ХIан-хIа, и безам, нагахь сихонна галбаьлла бодахь а, шен лаамна паргIат хила беза. Цу тIехь стагана ницкъ бар адамо шел гIийланиг акхаллица ирча хьашар ду», – бохуш, айделла дог ца соцура. Амма цхьа дисинчу дагна дан орца дацара.

Вуно жима йолуш нана а кхелхина йисина Зезаг дукхаезаш кхиийна денанас.

– Маржа яI, кестта веана цхьана оьздачу беречо ядийна дIаюьгур ю-кх хIара нанин хаза йоI. ТIаккха нанас хIун дийр ду техьа? – олура цо, шен цхьаъ бен йоцу кIентан йоI хьостуш.

– Ва нани, цу беречунна муха хуур ду со кхузахь юйла? Цо стенга юьгур ю со? – хеттарш дора хIетахь денанас дуьйцучух ца кхеташ Зезага.

– Карор ю, сан хазаниг, карор ю, стенга йига еза а цунна шена дика хуур ду, – олура денанас.

Зезагна-м хIинца чIогIа лиъера, ша дIайига веана и хаза, оьзда бере шен хьоме Солтамурд хуьлийла. Солтамурдаца араяьллачохь ша юьтийла. ХIан-хIа, иза а хIинца кхуьнга ца хоьттура, иза къацахетарийн карахь дара…

ДагадогIу цунна, Солтамурде йистхила луъушехь, цIеххьана и гича, йоьхна, йист а ца хилалуш ша лаьттина. ХIетахь дуьйна а яра Зезаг, цо цхьа дош аьлча, цуьнца яьлла дуьненан йисте яха а кийча. «Маржа яI, хIеттахьехь, генна дIа хIунда ца дахара техьа тхойшиъ, – бохуш, ойланаш йора тахана, шена везачу Солтамурдера схьа а яькхина, нуьцкъала яьхьана ша Харачойн юьртда волчу чукхоьссича, Зезага. – Схьахетарехь, и бала, ша тIебогIуш, цхьа хIуттий ца богIу, цуьнца цхьаьна цуьнан ворхI йиша хуьлу бохург наха нийса олуш хилла-кх». Цу балийн ворхIе а йиша Зезагах хьаьрчинера тахана: шиъ, хIара бахьана долуш, даькхинчу девнехь вийнера, виъ стаг, хенаш а тоьхна, каторге хьажийнера, цхьаъ – кхуьнан хьоме Солтамурд вен а ца вийнера, каторге а ца хьажийнера. Иза, хIуьттаренна санна, цунах нах кхардийта, арахь витинера. Нах кхардийта!.. Дуй техьа цул доккха таIзар?..

«И декъаза йоI шен дас йийначохь даьллачу шовдан коьртехь тхойшиъ дуьххьара довзарна дуй техьа сан гIуллакх иштта чIогIа эрчадалар а? – бохуш, ойланаш йора Зезага, харачойн чахчарех лаьцна цхьа шира дийцар дага а оьхуш. – Йохуьйтур яц ас сайн йоI цу писе, тайпанна кIезга ву и, дов лело къонах вац. Иштта-чо цкъа а даьхний гулдийр дац, – аьлла, дуьхьалваьллачу шен дега ла а ца дугIуш, шена везачу кIантаца дIайоьду и йоI цу дас тоьхна охьа а йожийна, цуьнан еха буора кIажарш дIаяьржинчу бердан йистехь даьлла и шовда олий, дуьйцу наха. Цундела дуй техьа сан маре иштта харцахьадалар а?» – бохург дагаоьхуш, кхин дIасаяла меттиг боцуш, бIаьрза хьийзара Зезаг.

Тахана дуьххьара ягийнера къона Зезаг адаман харцоно, тахана дуьххьара кхийтира иза, кху дуьненахь массо а хIума а цхьабосса хаза цахиларх. Иза хийла хан хьалха дуьйна а дика

хаара, жима елахь а, шен лаамехь яханчохь, Солтамурдан цIен тIехь, Зезаг дIанислахьара-кх аьлла хеташ тийна Iачу Хушуллина. Амма, даима а харцо лело Iемина «юьртахь тоьлларш» къоначу нехан ирс кагдан а гIоьртина, таро йохийнера воккхачу стеган а. Иштта чIогIа Гушмазукъин кIентан цIен тIехь и шен йоI дIанислойла лиънехь а, и чекхдаккха доьналла ца хилира Хушуллин.

Шена лууш маре яханчуьра нуьцкъала схьа а яьккхина, хьан йоI юьртдас дIа а йигна, даьлла хIара дов, шега аьлча:

– ХIун дийр ду вай ткъа. И Делан кхел иштта хилла-кх, – элира Хушуллас, шен деган лаам а таIийна.

– И Делан кхел яц, Хушулла, юьртден кIентан лаам бу, – шега аьлча, кхета а ца гIоьртира къена стаг.

2

Гуьйранна дожа мажделла гIа, деши санна къегош, шийла схьакхийтира Iуьйренан малх, Ведана-гIопера гIаш ара а ваькккхина, цхьа иттех тутмакх дошлоша Соьлжа-ГIалехьа боьрзучу новкъахь сацийча.

Арабаькккхина некъ хала а, гена а хиларна я сийсара пурстоп Чернов волчу чохь кад молуш Iар совдаьлла, шаьш дика кечам цабарна делахь а: хIарий, изий схьаэцний аш, хIумма а йиц ма елаш, – бохуш, дIаса маьхьарий а детташ, шайн гIирс вовшахтухуш хьийзара цхьаболу дошлой. Важаберш, дихкина куьйгаш а долуш тийна лаьттачу тутмакхашна гондахьа хIиттинера. Тутмакхашна гергахь ца буьтуш, нацкъаро севцца лаьттара дукха ахархой зударий, бераш а юккъехь. Массарел гIелвелла лаьттара Солтамурд.

– Гушмазукъа, во Гушмазукъа! Дала цадинарг хIумма а хир дац шуна, вохий ма хилалахь. Варий, хьо ма вохалахь, – аьлла, дIа мохь туьйхира цу нацкъаро лаьттачу нахана юккъерчу цхьаммо.

– Хьо вохахь, кегийчарна а хала хир ду хьуна. Варий, ледара ма хилалахь, – элира кхечо.

Айвелла дIахьаьжна салти, кхин тутмакхашна юккъера дIа вистхуьлуш стаг а ца хилла, шен карзахъяьлла хьийзачу говран урх юха а оьзна, сецира. Мел йоккха хало тIейожарх ша цкъа а воьхна вац, я вухур а вац бахарх дош дац-кх хIинца аьлла, ойла а йина, ша лаьттачуьра дIа, ца ваьлла вела а къежаш, корта ластийра, декъано юьхь-сибат а долуш, шен Iаьржачу духарца царна массарна а юккъера айвелла, лекхачу дегIахь волчу тутмакха.

Шений, шен берашний бинчу тешнабехко кхехкош кийрара дог делахь а, шегахь доккха собар хиларна, ца догIучу дагара иштта велавелла, хIара шеца болу кегий нах а, кхарна юкъахь волу шен кIант, вешин ши кIант иркара а хIоттийна араваьллачу кхуьнга и ала оьшуш а дацара. Делахь а, иштта алар, цунах йолуш кхин гIоли яцахь а, нахана юкъахь гIиллакхца догIура.

– Вухур вац, Гушмазукъа вухучех вац. Массо а Делан кхел ю, цунна реза хила веза, аьлла, цу ахархошна юккъехь тIаьхьо веана лаьттачу кхечо дIадерзийра и. Цунна цхьанна бен кхузахь цхьана а дегIана ца хаара, кхуза ван новкъаволуш, цIеххьана воьжна, бIе ши шо кхаьчна волу Гушмазукъин да БIахо кхелхина хIинцца Харачохь хIуттуш тезет дуйла. ТIаьхьарчо, шен дагахь кадам а беш, элира и. Ткъа вогIуш, и хилла бохам кхузахь дIахаийта дагахь а веънера. Амма, хIинца ша и дIааьлча, дохахь бен, тадала хIума доцу дела, собар дира…

И тIе ца доьжча а, вуно хала дара Гушмазукъина, хIара гIийла хиларна, гуш лаьтташехь бечу ницкъана хьалха собар дан. Гушмазукъин воIа, Солтамурда, дог цIеначу безамца, и ша реза а йолуш ялийнера Харачуьрчу Хушуллин йоI Зезаг. Амма, цу харачойн юьртден кIанте ца ладелира иза. Юьртдас, и паччахьан Iедал шегахьа хир дуйла хууш, Хушуллин йоI Солтамурда нуьцкъала йигна аьлла, харц мотт а бина, хенаш тохийтина, тахана Соьлжа-ГIаларчу набахте вохуьйтуш вара Гушмазукъий, кхуьнан воIий, вешин ши кIанттий.

Кху сахьта, салтичун тоьпа кIел, мел дийцича а, Гушмазукъин карахь аьтто баккха хIумма а ца диснера. Хьаькамаша, таро йолчушкахьа озабезам а беш, шен доьзална бен хIара ирча ницкъ вуно дика гора цунна. Цул совнаха, хIара тахана дуьххьара а

дацара, гIело лан Iеминера БIахон некъий. Делахь а, Дала ша цхьана бахьаненна тIедожийна къа ду-кх хIара олий, дела а харцлен тарло бохург дага ца догIуш цуьнан леш хилла, хийла харцонна кIел севцинера хIорш. ДагадогIу Гушмазукъина, ша вуно жима волуш, шен дена БIахона имам Шемала дина цхьа ирча таIзар: хьайн мехкан гIиллакхашна дуьхьал а валий, суна ма-луъу шарIо бохург хIунда ца до ахь аьлла, доккхачу зIар кIел охьа а виллина, БIахон букъа тIехула шен мурдашка бехха гочбайтира Шемала. ХIинца а дуьхьал лаьтта цунна, шийтта са хиллехь а, хIинца-м велла хир ву и аьлла хетталц хьешна, цара зIар хьалаайдича, цхьа чIогIа чов хилла экха санна, тасалуш хьала а гIеттина, иро мурдашкахьа бIаьрг тухуш, шен тишачу гIовталан тIомаца кийрара оьху цIий а сецош, шен да БIахо чувахана…

ХIинцца баьхкина, дIо дIанехьарчу гIопехула ара а бевлла, севцира веданхойн пурстоп Черноввий, харачойн юьртда Iадоддий, цуьнан воIIий, МахкатIера юьртда ГIовдий, цуьнан воI Iуспий. Царна юкъахь массарел жима велахь а, гали санна веакIов, ша-шех тоам бина, и шен ерстина юьхьмарш а айбина лаьттара Iуспа. Шен ницкъ кхачахь, Зезаге безам болуш веанера иза а тахана леррина Ведана.

Цу тобанна юкъара схьа а къаьстина, эпсарна тIеваханчу пурстоьпа:

– Тутмакхашна юкъахь вуно харцахьа нах бу шуна. Варий, ледара ма хилалаш, – элира, айбина шен хьажо пIелг а лестош. – Кхин стаг ца хилча а, и дIо юккъерчу могIанехь, Iаьржа йоца гIовтал юьйхина лаьттарг а тоьур ву шуна.

– И хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш долу къона стаг вуьйций ахь?

– Вуьйцу те.

– Иза-м цу массарел тийна ма ву, – элира кху этапан начальника, къоначу эпсара.

– Тийна велахь а, аре йитина набахтехь соцур воцуш ву, суна дика вевза и, господин поручик, – аьлла, юха а пIелг ластийра пурстоьпо.

– Господин поручик, оьшург массо а вовшахтоьхна девлла тхо, новкъадовлий вай? – хаттар дира этапан начальнике тIеваначу цхьана дошлочо, урх оьзна шен говр юха а тухуш.

– ДIадуьйлало шу. Амма шаьш меттахдовлале дIакхайкхадел тутмакхашка: дIадоьлхуш некъана нацкъар гIоьртинчунна, кхин дош ца олуш, тоьпаш тухург хилар.

– ХIан-хIа, ца оьшу, ма кхайкхадайталахь, – аьлла, сацийра дошло пурстоьпа.

– ХIунда? – цецвелира поручик.

Салти дIа а вахийтина, лере а таьIна:

– Нацкъар а гIоьртина, царах алсам мел вий а вайгахьа долу дела. Кхетий хьо? – велакъежира пурстоп.

Цхьана минотехь вист а ца хуьлуш лаьттира и шиъ.

– Со дика кхетац, господин капитан, ахь бохучух, – элира поручика, уставехь яздинарг ишттa доцу дела.

– Ой, хьайна сов бала хIунда лоьху ахь? – элира пурстоьпа.

– М-хI, – аьлла, корта а ластийна, дIавирзира поручик.

Шайга а хьоьжуш цара и къамел деш хезча, Iаьржа мекхаш долу къона стаг, вахана, йистехьа лаьтта шен да тутмакхашна юккъехьа а ваьккхина, дена аьтту агIонгахьа йистте хIоьттира, шен жимахволу шича дена тIехьа а хIоттош.

Цхьана доккхачу куьйган кераюкъ санна, цу хаза хьийкъинчу хьуьна юккъехь шера айелла лаьттачу акъаре тIехь Iуьллу Ведан гIап гена тIехьа а юьтуш, сиха лаьххкина лаха охьабогIучу новкъа бехира дошлоша тутмакхаш. Цу бердашца хьийзаш, тIулгаш тIехула царна бан безаш бисина хьалха Iуьллура кхузткъа сов чаккхарма некъ. ХIоъ дика луш, селхана дуьйна а садоIуш Iалашдина салтий тIера дой, челакха ловзуш, вовшашца къийсалуш, разъоьхура. Ткъа хIуо ца тоьучу готтачу набахтехь гIелбелла, екъа кхаьллинчу сискал тIе халла делла шийла хи а малийна, арабаьхна тутмакхаш гIоьртина гIийла богIура цу новкъа.

Пурстоьпо шега и сел чIогIа валхорна, Iаьржа мекхаш долчу къоначу стаге леррина хьоьжуш, цунна тIера бIаьрг дIаса ца тилбеш, вогIура поручик. Ткъа дуьхьал вистхилла я новкъара

нацкъар гIоьртина харцахьараниг-м данне а ца дора къоначу стага. Схьагарехь, царех массарел а чIогIа шен балхана гIайгIане воьжна, гIелвелла тийна вогIура иза. ГIайгIане вожжал даккхий хIумнаш эга а эгнера къоначу стагана тIе: кху тIейогIучу шийлачу гурахь, бина цхьа а кечам боцуш, шо кхаьчначу бераца, шолгIа доьзалхо хьаьрчина а йолуш, цхьа цIахь йиснера кхуьнан къона хIусамнана. Де а, хIара аьлла, схьалаца динарг хIума доцуш, мелхо а, нахана хьалха кхарна эхь деш кхаьргара нускал дIа а даькккхина, лаьцна валош ву хIара а, кхуьнан да а, ши шича а.

Ведан гIопана гена девлла, шаьш лам чу охьадирзича, хаьхкина тIевеанчу цхьана дошлочо:

– Господин поручик, хIара меттигаш дика евза суна. Некъан гондахьашхула тидам а беш, чекхвалийта цхьа-ши дошло ахь хьалхаваькккхича бакъахьа хир дарий техьа, – элира поручикана юххе а таьIна.

– ХIунда бах ахь? Кхерам болуш меттиг ю? – дошлочуьнга хьаьжира эпсар.

– Кхерам бацахь а, тешам бац, господин поручик.

– Хьанах?

– Кхузарчу меттигех а, нахах а, – кIеззиг ойла а йина: – Суна дика бевза хIорш, – тIетуьйхира дошлочо.

Генарчу Петарбухера дуьйна, шен лаамехь кхуза, нохчий иштта харцахьара, осала, кIезиг нах хеташ ца веънера къона эпсар. Мелхо а, нохчашца вон а, дика а ловш кхузахь леллачу Лермонтовс, Толстойс яздинарг дешча, иштта бехха кхузахь а Iийна, цIа баьхкина хIинца Петарбухехь бехачарех дукхахболчара дуьйцучуьнга ладоьгIча, нохчий ледара, ямарт нах бацара. Цундела, жимма ойла а йина:

– Де а хIума хир дац, иштта дIагIо шу, – элира поручика.

– Бехк ма биллалахь, хьуна хьайна дика хуур ду, – аьлла, воьхна вухавелира дошло.

Вовшахбовларна кхоьруш санна, хьаьрчина, вовшийн гIо а деш богIура тутмакхаш, къоначара, схьаоьций, баккхийчеран еза хIума шайн ги а юллуш.

– И дIо воккхачу стагана юххе а хIоьттина воьду Iаьржа мекхаш долу къона стаг гой хьуна? – дошлочунга хаттар а деш, шен буйнара шедакхаж хьажийра поручика тутмакхашна юккъе.

– Го те. И хIунда хоьтту ахь, господин поручик!

– ГIопера дуьйна схьа и тергалвеш вогIу со. Пурстоьпа дийцарехь, цул доккха жIаьла дац кху дуьненахь. Ткъа, гой хьуна, царех цхьаъ некъана нацкъарваларна кхоьруш санна, массо уьш шех схьахьарчийна, гIийла вогIу иза.

– ВогIу те.

– Ткъа иштта вон хIунда вуьйцу пурстоьпа шена ца вевза стаг?

– Э-э, господин поручик, цу вайн пурстоьпо-м, шена цкъа а ховхачу Iахаран жижиггий, мерза чагIаррий ца оьшуьйтуш, лай хилла хьийзачу Iадодал сий доцуш жIаьла данне а дац олу и воцчохь. Чернов хIунда вуьйцу ахь! Цо магош стаг-м кху махкахь а карор вац хьуна, – куьг ластийра дошлочо.

– Ткъа ма дика дац-кх иза. Шен куьйга кIел дисинчу адаме иштта харц лийча, Дала а муха могуьйтур дуI – Ойла еш, новкъа дIа а хьаьжна. – И дIо бердах схьадеттарг шовда ду аьлла хета суна. Вало, хьалхавалий, цигахь совцабай, куьйгаш дIадастий, са а доIуьйтуш, хи малийта тутмакхашка, – дошло дIахьажийра поручика.

Тутмакхех жимахволчо, шовдан йистехь Iуьллучу кхийрачу кедахь схьа а эцна, хи воккхачу Гушмазукъе кховдийра. Хих цхьаши къурд а бина:

– Хьанна хаьа, кхузахь хIара тIаьххьара молий а, – аьлла, кедара хи дерриге а дIамелира цо.

– ХIумма а дац, Гушмазукъа, вайн гIуллакх Делан карахь ду, цо динчунна реза хир ду вай, – элира цунна юххехь лаьттачо, шена кховдийна хин кад схьа а оьцуш.

– Баркалла, Домби, баркалла хийла хьуна. Цо динчунна реза ву со-м.

– Далла хастам бу, хила веза. Массо а, паргIатваьлла, цIа вогIур ву.

– Дала мукъалахь!

Дукхахберш, шайн ма-хуьллу сиха, ламазаш эца гІерташ бохкура. Нацкъаро ваьлла, шен накъосташна тІехьа а хІоьттина, Іаьржачу атлазан хечин киснара схьадаькхина чІогІа томкий, луьйдиггий шена юххерчуьнга дІа а луш:

– Гушина* кхуьнан хьожа кхетарна кхоьруш вогІу со, – элира Іаьржа мекхаш долчу къоначу стага, харцхьадаькхина шен киса а дегош.

Хулахулон кІоргачу Іина йистехула боьду некъ лекхачу бердаш юккъехь гатбеллачу тутмакхийн тоба кхаьчча, догІан дакхийра тІадамаш эга доладелира, наггахь генара схьакхетачу стелахаьштиго стиглара мархаш а йохош. ДІо лакхахь, цхьа дакхий аьчкан черманаш керчош санна, къекъара стигал. ТІейогІучу буьйсанна шайца буьсучу хІокху готта, хьийзаш боьдучу некъе а хьоьжуш, гІайгІане воьжнера поручик. Гушмазукъий, цуьнан накъостий сихбелла «ашхІаду» доьшуш болхара, тийначу дехарца стигла а хьуьйсуш.

– Сан сакъерало хьуна, господин поручик, иштта стигал къекъаш, – элира дошлочо, вела а къежаш.

– ХІун синкъерам бу цуьнца? – хаьттира эпсара, куьг а ластийна, кхин юьхьа тІера ца хийцалуш.

– Хаац. Со-м гІайгІанна вайво цо, – аьлла, вуха а вистхилира дошло. – ДагадогІу суна, со вуно жима волуш, иштта стигал къевкъича, доІанашца Деле а кхойкхуш, сайн йишас, нанас шайн яххьаш гІайбеш кІел лечкъийна а, айса, араиккхина Іаьмнаш чухула ведда, шайтІанаш лелхадо ас бохуш, мохь а бетташ, стигала сара лестийна а.

– Иза а берахь тарлуш ду, – аьлла, тохара санна куьг ластийра эпсара.

ТІедеанчу догІано хатт баькхина и готто хьийзаш боьду некъ, гІаш богІучу тутмакхашна, къаьсттина, хІинца бухъхьабаьллера. Тохара разъихна дой а хІинца, шершаш, хала догІура. ТІееана буьйса а мох боцуш тийна лаьттара. Можо-алон басахь схьакхетта бутт а, цхьа кІеззиг гуш а лаьттина, меллаша тІеяьхкинчу Іаьржачу мархаш кІел а бахана, юха а къайлабелира.

* Иштта йоккхура Гушмазукъин цІе цуьнан бераша.

– Ой, ванах, ма доккха хІума ду-кх хІара бІаьргана хІума цагар, – аьлла, юхаоьзна шен говр а сацийна, хьалхаваьлла воьдучу дошлочо: – Латийна фонарь ца хилахь, я дика некъ бевзаш хьалхаваьлла стаг ца хилахь кхин дІавахалур вац со, - олуш, мохь а тоьхна, хаам бира поручике.

Кхин вистхилла цхьаьнгге а хаттар ца деш, шен луьйта а таІийна хьалхавелира поручик.

3

1901-чу шарахь, цу шийлачу гуьйренан де серладолуш Ведан гІопера арабаьхна и тутмакхаш, буьйсанна хан яьллачу хенахь Соьлжа-ГІаларчу ширачу набахте кхечира.

Царех шиъ, цхьацца воккхуш, хаттарш дина, камерш чу а воьллина, неІарехь лаьттачу гІароле мохь тоьхна, кхозлагІниг чувалавайтира набахтин кемсарлехь болх беш Іачу эпсара. ОьгІазо айвелла, когашкара дуьйна коьрте кхаччалц тутмакхе а хьаьжна:

– Хьан цІе муха ю? – хаьттира эпсара.

– Зеламха, – элира и хаза хьаьвзина, Іаьржа мекхаш долчу къоначу стага.

– Ден цІе?

– Гушмазукъа.

– Маса шо ду хьан?

– Ткъе ворхІалгІа.

– Вина меттиг?

– Ведан кІоштара Харачойн-эвла.

– Муьлхачу къомах ву хьо?

– Нохчо.

– Корматалла?

– Ахархо.

Кхин тутмакхе хаттар ца деш, кест-кеста цу шен ирхъхьаьвзинчу тІапачу мераца цхьаьна и хьаьрса корта айбой тутмакхах бІаьрг а тухуш: дегІана – юккъерчу барамехь ву, коьрта тІера чо – Іаьржа бу, цІоцкъамаш, мекхаш Іаьржа ду, мара а, бат а шайн барамехь ю, юьхь – цІена, бІаьргаш – таьІано-мокхачу басахь,

йоцца лергина, чIениг кIел йитина можа-Iаьржа, кхин башха билгалбаккха битам бац, – аьлла, дIаяздира эпсара тутмакхан массо а амат.

Шега кхин хIун хотту ца хууш, лерина дIахьаьжжинчохь Зеламха висча, оьгIазваханчу эпсара вон бIаьргаш а къарзош:

– ХIун до ахь, и ши бIаьрг хье тIе а баькхина? Со дIакхаллам ца воллу хьо? – аьлла, аз айдира.

Кхин шена тIера и дIа ца вирзича, вист ца хуьлуш, кIеззиг ойла а йина:

– ХIан-хIа, – элира Зеламхас, шена ледара хуучу оьрсийн меттан дешнаш вовшахтесна, бегаш бечуха, вела а къежаш, – со хьакха юуш вац.

ТIаккха, довхачу хе вагийча санна, хьала а иккхина:

– Къу! Зуламхо!.. Курхалча!.. Ас вахкор ву хьо кху чохь… Хьакха мичахь ю ас хоуьйтур ду хьуна, жIаьла! – бохуш, мохь хьоькхура эпсара.

Цкъа-шозза цуьнга и мохь ма-хьаькхи: «Цу декъазчу тутмакха хьуна дина хIума дац», – ала дегадеъча а, хIан-хIа, кхузара нах кхарна шайна дика бевзаш хила а тарло, аьлла, дош ца олуш, сецира тутмакхаш балош веана поручик.

ХIара шега луьйш верг гIенахчул башха дагахь воцу Зеламха, тохара санна, хIинца а вехха кхин вист ца хуьлуш лаьттара. Сел ирча тIедаьхкинчу халахетарша бIарзвеш гIелвинера къона тутмакх. Масане дара уьш. Кхин цхьа а ца хилча тоьур дара, куьйгаш дихкина хIара хьалха а лаьтташ, шена дуьхьал дош деана аьлла, кхуьнан дедена БIахона лерга юххе тIара а тоьхна, веданхошна кура хабарш дийца пурстоьпан арахь висар. Цундела, хIинцца шех дIа а къастийна, вигна камера чу воьллина кхузахь вуьсуш дай, ши шичий вацахьара, хье юккъе хIума тоьхна, хIара шега луьйш верг Iункар а хIоттийна, кху чуьра араэккха хьажа дагадеанера хIинца Зеламхина.

Массанхьа кхунна бакъдерг эшийначу харцоно таIийначу Iаьржачу шина бIаьргана кхин хIума ца гуш, дIавирзина, гIаролхочунна хьалха а хIоьттина, вахана цхьана готтачу камера чу кхечира иза. Сени чохь висинчу гIаролхочо, ехкачу гIовгIанца шалха гIораш а тухуш, неI дIа а чIаьгIна ша чохь висча а ца тешара Зеламха дуьненан пергIатонах ша къастийна хиларх. Шен син дуьхьа дуьненан марзонах хьагар дацара иза. ХIан-хIа!

Эхьана орцахбаьллачу къонахчун лаамо дагна чIогIа ницкъ бора.

Кхеллеш тIе дIакхийсина тиша хIуманаш санна, кху чохь Iохкучу тутмакхашна тIетийсина тIелхигаш шена гича, садукъдеш кху чуьра схьа цхьа муьсто-матарйоьлла хьожа а кхетча, тийшира Зеламха, нохчийн иллешкахь йийцинчу готтачу набахти чохь ша хиларх…

– Дуьненан пергIато, хьо хьанна ца езаI.. Ловза ког, ласто тIам, дIатаса мIара йолуш кхоьллина массо а хIума, хьох шен са къаьстича, сингаттаме а дужий, бIарзлой хьаьвза. Ткъа вон а, дика а маьршачу дахарехь къесто Iемина адам, бехк а, гуьнахь а доцуш ша цунах къастийча къийсаме долу. ПергIато, ма ала атта ду, амма хьо ларъян ма хала ду. Къоначу стагана хьох вала къаьсттина хала ду: цуьнан арахь синкъерам бисина, алаза илли дисина, хьастаза безам бисина. Цундела, къонахчун даг чохь нийсонна цIе ягахь, вахча а хIума дац иза, къийсамца шен бакъо лохуш, Iожаллина дуьхьалхIотта, аьлла, сацийра шен дагахь Зеламхас.

НеIарал чоьхьа ма-велли, аьрру агIорхьа маьIехь Iуьллучу цхьана оьрсичо, кхин башха кхуьнан тидам ца беш, ша дIа а хилла, паднар тIехь меттиг елира Зеламхина.

Новкъахь чIогIа гIел а велла, чуьрчу накъосташца кхин цхьа а къамел ца деш, дIавижина Зеламха, дукха хан ялале, цхьа вон неIарх тоьхначу хIумано самаваькхира. Иштта къинхетамза массо а неI тухуш, сени чухула дIавахнарг набахтин гIарол вара, хIорш Iуьйранна гIовттош.

Шайн керлачу накъостана гуо бира, набарх а баьхна, гIевттинчу тутмакхаша.

– Схьадийцал, хIун ду цу арахь? Хьо-хьуо мичара ву? Арахь хIун деш хилла хьо? Тхан цIерачех хIумма а хезирий хьуна? –

бохуш, ша-ша бен ца до моьттуш, массара а хеттарш дира Зеламхе.

Цхьа-ши сахьт далале вевзира цунна кху камера чохь мел верг. Сийсара хIара кху чувалийча дIа а хилла, кхунна меттиг елларг городовой аьшнаш вина аьлла лаьцнера. Ткъа и деха мекхаш долуш, гIуркх санна лекханиг нехан даьхни лечкъош леллера. ТIех чIогIа дозалла деш юьйцура цо и шен къуьнан корматалла: буьйсанна хан йоцчу хенахь вахана ша нехан божалш, дохна-керташ кегаяр... Кху чу ша валийчхьана и, неI етташ, хьаькамашка шега дIакхайкха ала бохуш, набахтин тIехьовсарш а хьийзабора цо. Масала, цара дIа а кхайкхина шега къамел динчул тIаьхьа, цхьа де а кху чохь хан йоккхуьйтур яц шега бохуш, дуйнаца тутмакхашна тоьшалла а деш. Тхуна а хьехахьа, хIун дича валалур ву кху чуьра ара, шега хаьттича, и шен гIуллакх ду, олура цо.


Кхин пайдехьа хIума Зеламхех шайна дер доцийла хиьча, дIаса а бахана, и тутмакхаш, тохара санна, матардоьллачу истангеххий, чаххий дехкинчу шай-шайн меттанаш тIе охьахевшира. ГIелвелла Зеламха, юха а ша Iачу маьIехь дIатевжича, кху тIаьхьарчу хенахь шеца хиллачу массо а хIуманан сурт, духа а деана, цуьнан бIаьргашна дуьхьалхIоьттина чекхделира.

НеIарх долу цхьа жима кор схьа а диллина, чухьаьжначу гIароло:

– Наб ян мегар дац, – аьлла, мохь а тоьхна, хадийра Зеламхин ойланаш.

ДIо генахь бисинчу Харачойн-лам тIера цIена хIаваъ дицдеш, юха а схьакхийтира къоначу тутмакхана кху чуьра и муьсто-ира хьацаран, хьотIан хьожа. Гуобаькхина айаделла вай долуш санна, къоро гIовгIа яра лере хIоьттина: и дара луларчу камерш чохь тутмакхаша дечу къамелийн аз. Цу гIовгIанах къаьсташ дош дацахь а, дехьа а, сехьа а пенаш тIе рогIана лерг а дуьллуш, да я шича вистхуьлуш хезар дацара те бохуш, леррина ладоьгIура Зеламхас.

– Со дукха гIиртина ишта ладогIа. Къаьсташ хIумма а хазац, – элира цуьнга кхунна вижа меттиг еллачу оьрсичо.– Лецна нах аз айдина бист ца хуьлуьйту кху чохь.



Накъоста бохург шена ца хезначуха, вахана неIара тIе лерг а диллина, хIара ладогIа хIоьттича, цIеххьана неI схьа а йиллина:

– ЦIанонна ара гIуо шайна, – элира тIехьожучо.

ХIорш юхабирзича, цхьацца герка Iаьржа бепиггий, аьчкан куршканаш чохь чайнан метта лун цIийдина хий лаьттара кхеран камера хьалха, неIаре хIоттийна.

Чудеана, Зеламхина догIу баьпкан дакъа дIа а луш:

– Сан цIе Николай Исаакович Бобров ю, – элира набахтерчу Зеламхин накъосто. – Ишта яккха-м еха ю и, цундела, Николай алий, йоцца яккха ахь сан цIе.

– Сох Зеламха олу, – аьлла, кхуо а яьккхира шен цIе.

– Зеламха, кху чу кхаьчначу адаман гIиллакх вовшашца вошалла лелош ду хьуна. Цундела, вовшех озавелла хир вац вайшиъ, – аьлла, паднар кIелхьара схьаозийначу тIоьрмигара схьабаьккхина хох, кIалд накъостана хьалхадиллира Бобровс.

– Бакъахьа ду, Николай, баркалла хуьлда хьуна, – аьлла, хIокху цхьана-шина баттахь дуьххьара даг тIера схьа велакъежира Зеламха, хIинца цхьа ца висна ша бохург дага а деана.

ХIара шиъ ишта Iаш, кхин а цхьа къона накъост а веара кхарна тIе.

Цхьа шен тайпана духарца, бIаьргех доьхкина куьзганаш а долуш волчу цуьнан хьалххе дуьйна а тидам бинера Зеламхас, делахь а вистхилла вевзаш вацара. ЧIогIа тIекере хилла, шен цIе цо Костя яьккхира.

– Дийцахьа суна, Коста, – аьлла, цуьнан цIе йохийна а йоккхуш, – хьо хIунда лаьцна? – хаьттира Зеламхас.

– Со бохий ахь?

– Бах те.

– Кхарна шайна а-м, дера ца хаьа, Зеламха, шаьш со хIунда лаьцна, – элира Костяс, куьг а ластош.

– Ой, хьуна хьайна-м хаа ма деза.

– ХIара хьол а воккха обарг ву, – велавелира Николай.

Шен багара бепиг Iаьвшина ваьлча, кIеззиг ойла а йина:

– Доцца дийцича, паччахь вохо кечлучаьрца вара аьлла, дегабаам бина лаьцна-кх со, Зеламха. Алахьа, хьо мукъана теший цунах?

Цецваьлла, шен накъосте хьаьжжинчохь висира Зеламха. «Паччахь вохо кечбеллачу нахаца хилла бохург, хIун ду?.. И ма доккха дов ду», – бохуш, ойланаш йора цо. Ткъа, хезаш:

– Шуьца, оьрсашца а, ишта вон ву и паччахь? – хаьттира цо накъосташка.

ДIакхалла ша кечйина кIалд буйнахь а йолуш, цул чIогIа цецваьллачохь сецира Костя.

– Ас-м паччахь ша оьрси волу дела, цо шен оьрсашкахьа озабезам бан тарло, аьлла хеташ боху, – элира Зеламхас, шега схьахьаьжжинчохь висинчу накъосте.

– Паччахьан шен а, цуьнан хьаькамийн а къизалла оьрсийн махкахь дика евзина хьуна, Зеламха, – элира Костяс.

– Хьанал вехачу стеган Iойла кхузахь а дац. Ткъа, изза хьал шуьгахь а долу таро ю-кх. Шу а ма ду оццу паччахьан тIома кIел, – аьлла, тIетуьйхира Николайс, шена хьалха лаьттачу куршки чуьра цIийдинчу хих къурд а беш.

– Э-э, Николай, тхоьгахь кхин а вон, кхин а ирча хьал ду хьуна. Шун цигахь дерг-м мел и хала делахь а, паччахьа шегара ду бохуш, цхьана рожехь лелош хила а тарло. Ткъа, тхоьгахь дерг, цхьа а раж йоцуш, хьердевлла жIаьлеш санна, яккхий зIенаш коча а тийсина хьийзачу юьртдайший, стражникаший, царна тIебехкинчу пурстоьпаший латтош къиза Iазап ду.

– Паччахь а, пурстоп а, юьртда а массанхьа а уьш цхьана арахь бевлла нитташ бу хьуна, Зеламха, – элира, юха а куьг ластош, Костяс.

Тохара санна, неIарх доллу жима кор а диллина:

– И къамелаш чIогIа ма де, – элира цаьрга тIехьожучо.

Цхьана-шина минотехь вист ца хуьлуш а Iийна:

– Хуур дара-кх, – элира Зеламхас, ша Iачуьра а гIеттина, хаьал аз а лагIдеш, – ас ма-бохху соьца цхьа-ши накъост а волуш, со арахь велхьара.

– ХIун дан воллура хьо? – хаьттира цуьнга Бобровс.

– Пурстоп Чернов, тхешан юьртдеца цхьаьна шен да ваханчу хьажо воллура-кх.

– ТIаккха?

– ТIаккха нах паргIат бехар бара, – аьлла, шен накъосте хьаьжжинчохь сецира Зеламха.

Зеламхас аьлларг тайначу Костяс кхуьнан белш тIе куьг а тоьхна:

– Хьо ву-кх со реза волуш къонах. Бакъ-м, дера, лоь, – элира.

– М-хI, и шиъий, кхин шийттий аш дIаваккхарх, уьш карийнчу паччахьана царал а оьшуш берш-м карор бу, – элира Бобровс. – ТIаккха хIун дан дохку шу?

– Уьш а царна тIаьхьа бохуьйтур бу-кх, – къар ца лора Костя.

– Иза а гена гIур дац, - аьлла, ца вешаш корта ластийра Бобровс.

– Iожалла езац, Николай, цхьанна а. Ишттачийн вай цкъа-шозза кортош даьхчахьана, тIебогIурш совцур бу хьуна, – шениг чIагIдеш, сецира Костя.

Кху гIалин йоккхачу набахтин камера чохь хан йоккхуш и ши накъост кхин а дика вевзира Зеламхина. Шайн къамелашца а, гIиллакхашца а догцIена, бакъахьара нах бара уьш, къаьсттина и Николай. Ишттанаш бара Зеламхин даго тIеоьцуш берш.

Iаьржачу сатинан куча кIел хаалуш тIедевлла пханарш а долуш, кIеззиг уккал таьIано лекхачу дегIахь хиларна, дуккха а шен хенал воккха хетара Бобров. Можо-овкъаран басахь йолчу цуьнан юьхьа тIе хьаьжча, и хIинца а хоршина кIелхьара валазниг санна хеталора.

Цкъа а къамелана тIера воцуш, тийна хиллачу Зеламхас шен дагна Iаьткъинарг шадерг дIадийцира Бобровга: шен бералла а, къона безам а, дахар а, цу дахаро Iехийна, дуьххьара шен дагна хилла чов а, ша кху чувалийначу нехан ямартло а тIехь – массо а далхийра къоначу стага шен керлачу накъосте.

Кхуьнан чов хиллачу даг тIера бала схьаэца кечвелча санна, лерина ладоьгIура кху шиммо а, къаьсттина Бобровс, Зеламхане. Кху чохь ишта шен дог-ойла оьцуш гергара нах а карийна, ша цхьа цависарх воккхавера къона стаг. Цундела шена тIедеанчух, мел ирча и делахь а, кхин башха озавала дагахь вацара иза.

Амма, мел дукха дийцича а, веданхойн пурстоп Черноввий, харачойн юьртда Iадоддий вийна дIаваккхарх къечу нехан меттиг тоелла дIагIур яц, бохучух-м ца тешийра Бобровс и шен къона накъост. Цу тIехь Зеламха Костяс бохучунна реза хилира.

4

Iедало лецна дай, вежарий набахте а бахийтина, ша кху къинхетам боцчу арахь висинчу Солтамурдана а хIара дуьне, стим санна, къахьделлера. Шен са, кхин де а дезар ца хеташ, вала кийчча лелара иза. Делахь а, мел ойла ярх, цу шена хьалхахIиттинчу киртигех ша уггаре а хьалхаяккха езарг муьлха ю ца хууш бIарзвелла, гIайгIано хьаьшнера къона стаг.

Дан а дара Солтамурдана хала, хIинца ша хIун дан деза хаа: тоьхна кхуо шен дай, вежарий хIаллакбина пурстоп вийча, хIара Iедалан мостагI а хуьлий, кхуьнгара нускал дIадаьккхина Iадодан некъий кIелхьарбовлура. Масала, кхуо тоьхна IадодагIарах цхьаъ вийча, пурстоп дийна а вуьсуш, кхунна тIе нехан совнаха чIир йожара. И ши бекхам бича а, наха дIа а даьккхина лаьтташ, ницкъ ма-кхоччу сиха цIа дерзо дезаш, нускал дара. Ткъа, царех цхьаъ дина, хIара араваьлча, кхуо яккха езачу сискалх тешна дуьсура чуьра берашший, зударий.

Ишта хала ойланаш еш цхьана сарахь Солтамурд Iаш, чувеанчу лулахочо кхуьнга элира:

– Хьан Зезаг, шен кIантана йига а ца хIоьттина, Iадода МахкатIерачу юьртден кIантана Iуспина ма магайо, ва Солтамурд.

Шена хезнарг набарх я самах ду-дац ца хууш, коьртах хIума тоьхча санна висинчу Солтамурда, жимма ла а доьгIна:

– Ой, ткъа и хIун ду, Хушулла вац Зезаган да? Я молла ву Iадод, цунна и маго? – хаьттира.

– Хушулла да велахь а, и ишта-м ду.

– Цуьнга хаьттина мукъане а деш дуй иза?

– Хьаьнга?

– Хушуллига.

Ша хIун ала деза ца хууш кIеззиг ойла а йина:

– Хушуллин карахь хIун ду моьтту хьуна? – аьлла, куьг ластийра лулахочо. – Хушулла матарйоьлла гуьйриг ю-кх, юьртдас дIатеттинчохь Iуьллу.

«Да – матарйоьлла гуьйриг, орцахвала воцу ваша… Ма гIело ю-кх Зезагана йийриг», – ойланаш йора Солтамурда. – «Соьга ладугIуш хилалахь, варий, ахь ца дахь, кхин суна гIо дан стаг вац хьуна», – бохуш, йоIа шега дукха хан йоццуш дина къамел хIинца дагадеара къоначу стагана.

– И цара муьлхачу агIор, маца юьгу мукъане хаьий хьуна?

– И билггал хаац суна. Амма, тховса сахилале и МахкатIе кхачо дагахь бу уьш, – жоп делира чувеанчу лулахочо.

– Суна бехк ма биллалахь, Солтамурд, хьуна иштта новкъадогIур дуйла хиънехьара, ас хьаха а дийр дацара и.

– ХIан-хIа. И хIунда боху ахь? Баркалла хуьна, – элира хIусамдас, велакъажа а гIуртуш. – Вуно дика ду ахь и соьга аьлла-м.

– Со-м хьан гIуллакх цуьнца дIакъаьстина моьттуш вара хьуна, – элира, аравала хьалагIеттинчу лулахочо.

– Иза а цкъа цхьалха дер ду.

– Дала хьан аьтто беш дерзадойла и…

– Баркалла.

Лулахо дIаваханчул тIаьхьа а, кхин цхьалха ца волуш, дIатевжжинчохь ехха ойланаш йира къоначу стага: «ХIинца хIун де ас?.. Ткъа, масала, и дIайигийтича, дерриге а ма духу сан… Иза бахьана долуш набахте бахийтина дай, вежарий ма бу. Масала, цхьаъ хилла цигара цIа ца берзахь, хIун дан деза? ТIаккха гуттар доьхнарг хуьлу цунах», – ша-шега хеттарш дечохь наб озийра цунна.

Набарх санна, деш татанаш а хезна, Солтамурд хьалагIаьттича, буьйса юккъе яханера. Юкъ къовлуш герз а дихкина, хIара аравала кечвелча, еана чуелира, хIинца а йижаза йолу, кхуьнан нана.

Цхьа висинчу шена чIогIа сагатдеш, ша мел ловзу ког тергалбеш, нана хьийзийла хаьара Солтамурдана, амма, хIинца и йижаза ю цхьаммо шега аьллехьара, тешар вацара хIара.

– Мама, хьо яц и?

– Ю те.

Жимма воьхна а хьаьвзина:

– Сан ваха деза, мама… Кхетий хьо? Сан хIинцца ваха деза… И чIогIа оьшу вайна кху сохьта, – элира цо, лам санна, тийна шега хьаьжжинчохь лаьттачу нене.

– ХIинцале а вахана ваьлла хьо, сан хьоме кIант, – хала ду, делахь а, доьзалан сий хьол а деза ду», – бохура, тIулг санна, дIатийначу цу ненан юьхьо. – Хьан бIаьргашна со гац хIинца. Хезий хьуна? Хьан бIаьргашна со гац, – элира нанас юха а хезаш, кхин шен юьхьа тIера ца хийцалуш.

– ХIан-хIа, мама, иштта ма ала, хьо дика го суна, вуно дика го…

– Иза а хаьа суна, – кIентан къамел хадийра цо. – масала, хьуо цIийнан сий даккха водахь гIуо, сан кIант, цу Дала ша гIо дийр ду хьан. Амма, осала ма хилалахь, – гIенахчул башха шен кIантана дагахь а доцург чIагIдира юха а йистхиллачу нанас. Цуьнан кIорггехь Iоххучу бIаьргаш чохь хин тIадамаш лаьттара, ткъа, овкъаран басе йоьдуш макхъеллачу юьхьа тIехь сецнера цхьа тамашена собар. ХIинца и гинчунна хуур дара, доьзалан сий лардичхьана, шех, шен берех цул тIахьа хIуъа хиларх а цунна бен ца хетийла.

ХIинца а ша дан дезарг билггал хууш ца велира Солтамурд ара. Амма, новкъа кол тесна а шен цIенна эхь динчарна бохам бан безийла, хаьара цунна…

Сатассалц, некъана генавоцуш, хин йистехь хиъна Iийра иза. Хьуьн чохь цхьа инзаре тийна дара, делахь а, Солтамурдана дерриге а хазара: буса ижуна арадаьллачу экхано екъа дечигаш кегъеш а, набарх даьллачу олхазаро, шен бена чохь меттиг таеш, хьабе тIам а, хIаваэхь лестинчу генийн тата а.

Сатосуш, сихонца бос а бовш, стиглара седарчий къайладевлира. ДIо буьрсачу хьуьна юккъера схьа а иккхина, Солтамурадана гена доццуш, овкъаран басахь букъ а болуш, цхьа цIен цхьогал сецира. Цхьана эхаминотехь, цIеран кIегий санна,

лепаш къега горга бІаьргаш а керчош, лаьттира иза, доьгІча санна. ТІаккха дахана дІаьндарг санна, хьаьвзина, гуьйренан мажделлачу гІаш юккъехь цхьогал къайладоллушехь, хьуьн чура мошарчий гІевттира, акха котам а айелира, орцанна мохь а тухуш. «Оццул жимачу цо ма йоккха гІовгІа эккхийти цу хьуьна юккъехь», – ойланаш еш Іачу Солтамурдана тІе чІогІа наб гІертара. Набарца къовсавелла, хІара хьалагІеттича, гена доццуш, хьуьна юккъехула схьадогІучу адамийн татанаш хезира кхунна. Цул тІаьхьа а ахминот ялале Солтамурдана хьалха кхо стаггий, зудий хІоьттира, хьалхарчу стеган буйнахь гуш йоца хадийна берданка а йолуш.

Кхин вист ца хуьлуш, вуха а иккхина, хьалхарчо «даркх» – аьлла, топ туьйхира. Солтамурдана юххерачу кхорах чкъор а доккхуш, и дошан дІаьндарг, шок а тоьхна, дІаяхара.

Лом санна, кхоссавела хьалха а иккхина, Солтамурда цунна ластийначу шаьлтана кІел:

– Хьайн Делах волийла хьо, и туха елахь, – аьлла, еана Зезаг хІоьттира.

ТІехьашхула дІакатоьхна, такхийна, мохь баьллачохь лаьтта Зезаг юха а озош, бахана уьш берриге а цхьана юькъачу кулла тІехьабевлира. Цигара схьа юха а цкъа-шозза тоьхначу тоьпаша, кІур а оьккхуьйтуш, хьунан тем бохийра.

Ша лаьттачохь охьавоьжначу Солтамурдана кхин хІумма а ца хезира. Юха кестта меттавеана, хьала а гІеттина, дІахьаьжначу кхунна хил дехьа а бевлла, такхийна Зезаг а эцна, воьдучу кхаа стагах бІаьрг кхийтира.

5

Герзо йинчу чевнаша дитина моьнаш санна, хиэй, догІан Іовраший кІоргачу хершнашца цистина Іуьллу кхузахь хІара шира, хийла дукха хІуманаш гина харачойн латта. Кху харачойн кІоргачу тогІечухула чекх а болий ДегІаста хадош боьду Нохчийчоь Таркхойн хІордах дІатуху шира некъ а. Лаьхьа санна, хьийзаш, дІо лакхарчу товбецан лам тІе а болий дІабоьду иза кху лахарчу тогІи чохь хин гІовгІий, адамийн гІайгІий а юьтий.

Иштта кхузахь, цу гІайгІанна дисина, лаьтта тІейиллина замано Іаржйина нохчийн гериг а йолуш, буьйдачу кибарчигех доьттина Гушмазукъин тиша цІеношш.

Дарцо тем байина, арзаца и дерзина генаш а цІийзош, лохачу корашна хьалха, уьйтІахь лаьтта цхьа иттех стоьмийн дитт, царна тІехьа, дехачу рагІу кІел, тІехь да хиларий терра дІатийсина тускарш чохь лаьтта цхьа ткъе иттех некх, дІо лакха тІехь, серех юьйцинчу кертал дехьа бина кхо-биъ гІодамийн такхор бу, царна схьанехьа маьІехь, лам тІера охьа чу а яьхкина лаьттачу тІулгийн тархашна кІел йинчу дохнакертарчу хьаьвди тІехь бежаш ши еттий, шинарий ду. Царех и тоьлла Іаьржа етт Бицина мардас Гушмазукъас беллера.

Къена БІахо дІавоьллина дукха хан ялале, цуьнан йиша а кхелхина, кху уьйтІахь хІоьттина шолгІа тезет хІинца а дІа ца хаьддера.

Гондахьарачу ярташкара а, генара а богІий, виллина бохург санна, кху уьйтІахь Іачу БІахон вешин кІанте Іелахане, салам лой, куьг а лоций:

– Дала гечдойла цунна! Дала йирзина меттиг декъала йойла! Дера, БІахо а, цуьнан йиша а дика ши адам ма дара, – кадам бора. Иштта чубогІий, и шиъ хастош, зударша а белхарш дора.

Юьртана тІехьарчу лам тІе яьлла, хьуьнхара лахьийна, гехь дечиган цІов а бохьуш, хІинцца чуеана йоллура Бици. ЦІера яьлла Зеламхин нана чохь а йоцуш, шаьш дисина Бицин бераш дІадийшинера. ГІхи шо кхаьчна Муслимат, пеша хьалха диллинчу дечига тІе корта а биллина, Іуьллура. Цунна гена доцуш лаьттачу аган чохь, дастаделлачу кохкаран чимчаргІа аган гІожа тІехула схьаозийна буйнахь а доллуш, Іуьллура жима Муги – Зеламха лаьцначул тІаьхьа цунна вина кІант. Цхьамма-шимма яьккхича а, жайнахь хуьлу цІе ца магош, и цІе шен кІентан кІантана къеначу Хьурмата, Зеламхин нанас, тиллинера. Цу Мугин когашкахь, и санна аганахь набарна хар деш, Іуьллура овкъаран басахь месала доккха циций.

Чуеанчу Бицис, хьалаайина сама а йоккхуш, ехьана Муслимат, схьаозийна и къорзачу басмин кенийн гІайба коьрта кІел а

нисбеш, паднара тІе дІайижийра. Юха, яхана, овкъара кІелхьара лахьош гулдинчу кІегаш тІе, пеша дечиг а тиллина, набарх а ваьлла и шен къегина-Іаьржа бІаьргаш керчош Іуьллучу Мугина накха белира цо.

ГІелъелла аган гІожа тІе тевжина, шен мокхачу бумзин кучан чет схьа а даьстина, Мугина ша накха луш лерина цуьнга хьаьжча, цхьа тамашена лазар даг тІе а догІуш, хазахийтира Бицина: дІадаккха хІума доцуш, кІант Зеламхех тера вара… Чомана дуьро цхьа-ши хин тІадам беара Бицин бос байначу беснешна тІехула, цуьнан Іаьржачу бІаьргаш чуьра баьлла, стоммачу балдаш тІе охьа. Шен санна, гІайгІанехь, балица хир ду-кх кху шен кегийчу берийн дахар а бохуш, тІегІертачу ойланашна кІел саца лаъане а ца лаара Бицина.

Муги вакхийна яьлча, хьала а гІеттина, ехха лаьттира и аганахь Іуьллучу цуьнга а хьоьжуш. Кхуьнан хьомечу майрачун сурт цу жимачу сино юьхьдуьхьал латторна цхьа тамашена ницкъ бара къаьсттина чІогІа Бицин са Мугех хьерчош дерг. Меллаша охьатаьІна, аган чуьра схьаэцна и кІант марахь а волуш, яхана пеша хьалха Іуьллучу кхакханан миндар тІе охьахиира иза.

Кхе тиллина тІеда бІаьлланга а лелхаш, йоккха летта цІе марсаяьлча, самаяьлла Муслимат а еана шен нанна юххе, пеша хьалхахиира.

– Нанина йиса хьо, – аьлла, дІадахийтинчу аьтту куьйга схьаозийна, цуьнан кІеда месаш йолу горга, хаза корта шен некхе а бохьуш, – мацъеллий, бовха межарг бе ас хьуна? – хаьттира цо йоІе.

– ХІаа, – элира, хІинца а дика набарха ялаза йолчу Муслимата, корта таІо а гІуртуш.

– ХІинцца нанас юза-м хьаха йийр ю, – дІасахьаьжначу Бицина тІееанчу суьйрено Іаржйинчу чохь хІумма а ца гира.

Тохара санна, ваьхна Муги аган чу а вижийна, яханчу цо, жима хаьштиг Іоьттина милт цІанйина чиркх а латийна, йоІана, шура тоьхначу гІалмакх-чайнаца сискалан бовха межарг белира.

Бераш дийшинчул тІаьхьа а ехха ца юьжуш Іийра Бици: дечиг даккха дезара, хьаша-да вагІахь а аьлла, юучун гІайгІа бан безара. Ткъа, вогІу-воьдург кху цІен тІехь хІинца а лаьттара: БІахон йиша кхелхинчу када богІура, Соьлжа-ГІаларчу набахте бигинчех хезна керла хІума дуй техьа, олий, йиша-ваша догІура. Масане бара уьш. БІаьрга сара кхетча санна, бІарзвелла хьийзачу Солтамурдера кхин башха гІо ца хуьлуш, уьш дерриге а Бицина тІехь дисинера.

Йижинчул тІаьхьа а, набаро кхин бІаьрг ца гІелбеш, ехха Іиллира иза, эгІийча санна, тховх хьалахьаьжжинчохь. Селхана ша йолчу а веана дІавахана ваша хІоьттира цкъа бІаьргашна дуьхьал.

– ГІо дан юххехь стаг а воцуш, цхьа йисина хьо. Бераш кегий ду, цІа йола, – элира цуьнга вашас.

– ХІан-хІа! Кху чуьра ара а яьлла, цІийнан сий дойур дац ас, – жоп делира цо цунна.

– Зеламхин гІуллакх дахдала мегаш ду. Ткъа, кхузахь хьуна цхьа хІума хилахь, и тхуна новкъадогІур ду, цхьана ханна мукъане а цІа йола.

– Мел и дахлахь а, кху цІен тІера ера яц со, – дІахадийра цо шен вашас ден цІера деана хабар.

Вешица хилла и къамел дагадеъча, юха а веана Зеламха хІоьттира бІаьргашна дуьхьал. Цунна, гІенах санна, гора стерчийн ворда а йоьжна, шаьшшиъ мангала даханчохь, гатан тІоьрмигара ков, аьлхий схьаяьккхина, мангал а ирбина, шен шуьйра белш ластош, иза кес даккха хІоьттина… Цхьа доккха са а даьккхина, тийна аз делира Бицин кийрара. ХІинца тІе а веана, шен ондачу куьйгашца мара а йоьллина, цу майрачо шена бовха барт боккхуш санна хетаделира цунна. Хьалха, Зеламха лаьцна вигале, кест-кеста иштта хуьлура иза.

Бицина чІогІа везара Зеламха. Гуш кхин даре ца дахь а, иштта дукха цунна Бици а езара. Цуьнан хазаллин, хьекъалан меха дуьненахь хІума дацара Зеламхин. И шена юххехь ца хилча, тІехула башха а доцчуха, тийна хилахь а, кийран кІоргехь къоначу стеган дог кхехкаш хуьлура.

Майрачунна резахиллачохь: «Дала ша ирс долуш йина со», – Бицис аьлча, – «Ахь со ирсе вина дела», – элира Зеламхас, цкъа вела а къежаш.

Амма цу довхачу ирсаца тховса ца вогIура майра шен хьомечу зудчунна тIе. Цуьнга сатуьйсуш, ехха иштта Iиллина иза, гIайгIано гIел а йина, йоцца тIееана синтем байначу набаро цу шен йоIана юххе, кенан гIайби тIе дIахарцийра.

ГIенах санна неI тухуш а хезна, юха а самаелира Бици. Иза, кху хан йоцчу хенахь, цIа еана шен марнана ю моьттуш яхана кхуо неI схьайиллича, чувелира Зеламхин шича Беталгира.

– Iаш дуй шу? – хаьттира цо, паднаран йисте охьа а лахлуш.

– Ой, хьо ву и кIант. Iаш аьлча а, иштта дIагIерташ-м дохку тхо. Ахь хIун леладо ханйоцчу хенахь?

– Шу ган лиъна схьанехьа ваьлла-кх.

– Кхин керла хIумма а дуй? – хаьттина, кIеззиг йоьхна сецира Бици.

Цхьана хIуманан ойла ечуха, жимма вист ца хуьлуш а Iийна:

– Селхана сатоссуш араваьккхина Зеламхий, цуьнца цхьаьна Iелий, Iисай Илецкий каторге, туьха даккха хьажийна боху, – элира Беталгирас, кхин корта хьала а ца айбеш. – Гуша, балхана пайдехь вац аьлла, шен хан яккха БуритIерчу набахте вахийтина.

– Ва кIант, Илецкий хIун меттиг ю? Дукха гена-м яц иза? – хаьттира Бицис, кхин ша йоьхнийла ца хоуьйтуш.

– Дера, хаац суна-м.

– И хууш стаг вац техьа?

– Шаьш севцинчуьра кехат ца яздеш Iийр вац Зеламха. ТIаккха, хиъча тIаьхьа гIур ву-кх.

* * *

Бехк а, гуьнахь доцуш и хаза къоналла хIаллакьеш, МахкатIерачу юьртден хIусамехь ирча ницкъ хилла Зезаг хIинца а метта ца еънера. ХIара кхоалгIа бутт бара, цо шен майра ву боху и Iуспа аьттеххьа ца вуьтуш, цуьнца къиза къийсам латто.

Майрачо динарг муьлхха а тардолуьйтуш, зуда йист ца хуьлуш IадIан декхарийлахь ю, бохуш, Зезаган хIинццалц схьа хилла ойла кху цIен тIе ша ялийчхьана керчина тIекIелкхеттера. Кху-

захь хиънера Зезагана цу хьехамо, зудчун бакъо яйина ца Iаш, и зуда базарахь духкучу хьайбанал а яййинийла.

Вуно хала ду ца везачу стагаца син марзо екъа. Цхьа акха, аьрта муьшкаш еш, коча а веана и, шен лаам хьаша гIоьртича, Зезага дIатеттина Iуспа, дIо шина кора юккъе лаьттачу стоьлан маьIагах бIаьштиг а тухуш, Iункар вахийтира.

Вуха меттавеана иза, чов хилла жIаьла санна, шаьлта а яькхина, шена чухьадча, неI йиллина а юьтуш, араиккхира Зезаг.

Зезагана тоха аьлла, майрачо тIаьхьакхоьссина и шаьлта, учарчу бIогIамах а кхетта, хьостам санна, йогIаелла йисира.

И гIовгIа а хезна гIеттина, гучуяьлла нана, цIенкъа юккъехь лаьттачу Iуспас хьаж тIе диллинчу куьйган пIелгашна юккъехула охьаоьху мела цIий гича, цецъяьлла сецира, йоьхначуьра сиха метта а йогIуш:

– Ой, нана яла хьан делаI, хIара хIун ду хьуна хилларг? – аьлла, тIеяхана ша кхин жоп ца луш, кIанта меллаша дIатеттича, хиира нанна, Iуспина тоьхнарг хIинца а шен нус Зезаг юйла.

Цу чуьра араедда юьртден зуда, ша несаршца лело догIу гIиллакх а, оьздангалла а йицйина, яхана къакъ-аьлла шен йоккхахйолчу несан хIусаме иккхира.

Марнана чуяьлча, кочера дуьйна гоъ тIе кхаччалц шена тIера ятIийна сийначу басмин коч куьйга хьала а лаьцна, Iадийча санна, макх а елла, цу пенан соне хьостамца дIатоьхначух тера, егош лаьттара Зезаг.

– Сийдоцу зуд, и хIун ду ахь динарг7 Ас бийр бу хьан болх! - аьлла, буйнаш а айбина марнана шена чугIоьртича, тIулгал башха кхин меттах ца елира Зезаг.

Дуьненан марзонах чам байначу кхунна хIинца ша хьаъа йийчи а башха дацара, кху цIен тIера дIа а яьлла, кхечарна шех зулам ца даьлчахьана.

– Ой, нана, эгIийна хьо? Ма еттахьа цунна. Ца го хьуна ишта а цуьнан Iарждина дегI? – аьлла, марненах тасаяла юьйлира йоккхахйолу нус.

– ДIадала, хьо шайтIа а суна гучура. Сан кIенташа шаьш чохь дитича, тоадезара шуна, – аьлла, ластийна шен буйнара аьшкал туьйхира юьртден зудчо цунна.

ГIовгIанца догIучу Хулахулон лекхачу бердан йистера схьайогIучу готтачу акъари тIехь, лаьттах хьалабаьлла цхьа акха, боккха тIулг санна Iуьллу, нохчийн пергIатонна буржал тоха дагахь йиллина Ведана-гIап. Кхузахь бехаш, цуьрриг, шаьш-шайна кIезга а ца хеташ, цIе яьккхина кура нах бу. Хьесап дича хIумма а дукха бац уьш, делахь а, кху гIопехь шайна хетарг лело таронаш ю цаьргахь. Амма, церан тIамах башха кхера а эшац, хIунда аьлча, вовшашна юкъахь йоллучу хьагIой, мотт-эладитаной уьш цкъа а пергIат ца буьту дела. Цхьаъ шайлахь хьалавалахь, буьрканах ловзуш санна, массо а айло цунна кIел ког таса. Ткъа, къинхьегамхой бацо а хьийзо а Дала шайна ишттанехьа схьабелла моьтту царна.

Ишта веха кхузахь хьоланний, Iедаланний чам тайна цхьа иттех да. Царна юкъахь, къаьсттина шен меттиг лаьцна воллу Оба-Хьаьжа. Иза кхузахь, массара а бохург санна, лоруш, сий деш ву. Кхелехь нийсонна къовсавелла тоьлла я герзаца тIамехь меттиг яьккхина-м вац иза. Цуьнгахь дерг тоьпал а кхераме герз дин ду, динан къайлено гIо до къедина шена дуьхьалгIоьртинарг тешийна я кхерийна сацо, и кIелхьаша. «Кхунах кхера», – аьлла, цо айеш ерг шаьлта елахьара хала дацара. «Цунах кхера, хIай Делан лай», – цо стигала пIелг хьажийча, муьлхха а соцу.

Массарна а кхузахь «Делера дика лохуш, сийлахь стаг ву иза», – олура къедина. Делахь а, цкъа а ша эшийна хIума ца дора цо. Мел харцахьа, адамана зуламе и делахь а, цо магийнарг мага дезара, цо емалдинарг дIадаккха а дезара. И дара цуьнца болчу къийсамехь уггаре а аьтто боцург.

И хьанал дош аларх, герз чIогIа тохарх бакъдерг даккхалуш цахилар дара уггаре а чIогIа Гушмазукъин цIийнах даханарг.

Солтамурдера схьа а яьккхина дIайигна Хушуллин Зезаг Iадодан кIантехь йитча, шайн ямартло дукха Iораяьлла хир йолу дела, пурстоьпаца бертаваханчу къедас, йоIе а я цуьнан дега а ца хоттуш, иза МахкатIерчу юьртден кIантана а магийна, Гушмазукъин доьзалан нахаца долу дов кIарг а деш, кхеран мостагIийн гоба алсамъяьккхира.

Вуно дика хаара къедина, Зезаган гIуллакха тIехь Черновца ша йина кхел харц юйла. Делахь а, пайда бацара, шен синна йовхо а лехна, адамал дукха хьал дезча.

Хьозан хIоа санна, къорзачу юьхьа тIехь хьалабаьттIа воьда, боккха мара болу Чернов, ша санначу лохачу нахе терра чIичIаьлла а, дозалла дечохь маттана комаьрша а вара. Ишта чIогIа шен ницкъах тешна и хилар башха бух болуш а дацара. Кхузара нах шеца тIехула тесна еса оьздангалла а лелош, кIеда-мерза бистхуьлуш, гIиллакхехь хилча, эцца гондахьа хьийзачу хьадалчаша ша бохург а дича, шен «боккхачу ницкъах» и ша тешаш хилар бен. ХIетте а ша кхузахь мел сонта динарг а, аьлларг а дуьхьало йоцуш чекхдаларна, шениг бен кху кIоштахь лела лаам бацарах тешнера пурстоп.

Паччахьан омарна корта ца таIо, Гушмазукъа шен воIаций, вешин берашций цхьаьна каторге вахийтичхьана кхузахь массарна а коьшкала хиъна хьийза Чернов, тахана Соьлжа-ГIалара кхуза Ведана, веанчу Нохчийн округан начальникца къамел дичхьана, воьхна висинера.

Веданхойн ахархойх цхьамма уьстагI, вукхо котамаш еъна полковник Дубов шен цIен тIе варах дозалла деш, комаьрша шун хIоттийна, хьийзара пурстоп тахана.

Шена хьалха лаьттачу сийначу ангалин лекхачу пели чуьра чагIарх цхьа-ши къурд а бина:

– Со хIун дохьуш веана хаьий хьуна, Иван Степаныч? – хаьттира полковника Дубовс, таIийнчу бIаьргаш кIелхьара схьа вела а къежаш.

– Дера, хаац, Антон Никонорович, суна-м. Хьайна тхо дезарна, сакъера веана хир ву-кх. Ведана хаза меттиг ма ю, – жоп делира Черновс, кхерзинчу котамашца доккха бошхап хьешана хьалха а хIоттош.

Кхин вист а ца хуьлуш вехха Iийра полковник.

– Дийцахьа ткъа, Антон Никонорович, кхин зе долуш хIума-м дац? – вуха а вистхилира Чернов, хьешан тийна Iарна реза ца хилла.

Юьхьа тІера хийцавелла хІусамда гича:

– Кхин ладам болуш хІума дацара иза-м, – аьлла, шен къамел дайдан гІоьртира хьаша.

– Башха а дац, Антон Никонорович, дийцахьа, – дийхира Черновс.

– Кхузарчу кхело бина сацам а бохийна, Гушмазукъий, цуьнан кІанттий, вешин кІанттий Соьлж-ГІала вуха ма валийна, – элира полковника, ша охьаталйна корта кхин хьала ца айбеш.

Мотт сецча санна, округан начальнике хьаьжжинчохь висира Чернов. Ткъа, шаьш кху чу битарх баккхийбеш, дена хьалха делакъежна жІаьлеш санна, и батош а айбина дІо неІарехьа стоьла йистехь Іачу кхаа-веа нохчочунна юккъера хьалаайвеллачу харачойн юьртдас Іадода, оьрсийн мотт кегбеш хаьттира:

– Господин полковник, и хІун ду? Зеламха а верзийна вуха?

– Зеламха а верзийна, – аьлла, корта таІийра полковника. – И хІунда хоьтту ахь, воха-м ца воьхна хьо?

– Дера ца воьхна, Зеламха хІун яра суна, – элира цо, ша Іачуьра хьала а айалуш.

Оцу Зеламхин цІе дукха а йохуш хезча, шен буйнара кхерзинчу котаман гІогІ охьа а дохуьйтуш, Іадодана юххехь Іачуьра хьалахьаьжна МахкатІера юьртда вистхилира:

– Дийцахьа, Іадод, хІун боху полковника? Цо оцу Зеламхин цІе стенна йоху?

– Ой, ГІовда, ца кхета хьо цо бохучух? – хаьттира Іадора.

Дика хазац суна, – аьлла, корта ластийра ГІовдас, ша цунах кхетташехь, воьхначуьра меттава хан лаха дагахь.

– Вайн кхело бина сацам а бохийна, Гушмазукъа шен ардангца цІа ваийта мегаш ву, ма боху цо, – Іадода аьлча, юха а шен гІовталан кач а айбина, букъ тІе шийла хи доьттича санна, дІатийна ГІовда вехха вист ца хуьлуш Іийра.

Ша бинчу хаамо Ведан кІоштарчу шен гІоьнчийн дог-ойла хаъал чІогІа йохийнийла хиъначу полковника:

– Масала, схьахецахь а, царах-м кхин башха стаг ца вуьсу шуна, – элира. – Гушмазукъа ша, могуш воцуш, кІелвисина ву. Ткъа, цу кегийчех шиъ, шу марша, хІинцале цигахь кхелхина.



2. Зеламха

Шен дагахь цу кхелхинчех цхьаъ мукъана а Зеламха хилахьара, аьлла, хетачу Іадода хаьттира хьеше:

– Господин полковник, алахьа, муьлхарш бу царех кхелхинарш?

И кхелхинарш Гушмазукъин вешин ши кІант вуйла шена хуъушехь, кхарна хІун товр ца хууш:

– Хаац, дера, суна-м, царех уьш муьлхарш бу. Ма-дарра дийцича, вайна хІун башха бу уьш, оцу зуламхойн тоба жимъелчахьана, – аьлла, куьг а ластош, къамел хадийра.

Оьрза-ГІаларчу чІогІачу чагІаро дика кеп а йина, сакъералуш вовшашца къамеле бевлла чохь берш Іадода дуьйцучуьнга башха ладугІуш бацара. «Башха-м, хьо ваха, дара и полковник… Гушмазукъин некъий ма-барра хьайна бовзахьара, хуур дара хьуна иза-м», – аьлла, шен дагахь ойла а йина, Іадода, юххехь Іачу МахкатІерчу юьртдега хаьттира:

– ГІовда, хезий хьуна. Царех кхелхина шиъ муьлха ву техьаІ

– Хьанах?

– Гушмазукъин тобанах.

– Ой, кхалха мукъана а кхелхиний кхарах?

– Кхелхина боху.

– Хьан?

– Полковника.

ЧагІаро цІийбина и боккха ши бІаьрг а керчош, хьалаиккхинчу ГІовдас, катоьхна схьаозийнчу кхелинчу шаьлтана макъара тІе буй а биллина, долийра лерана:

– Господин полковник, со МахкатІера юьртда ГІовда ву… Шек дІа ма валалахь, кхузахь хьан лаамна дуьхьал вистхила стаг вац хьуна… Хилахь, ас дала тохуьйтур ду, ала гІерташ оьрсийн маттахь цхьа гІучІа а бина, юха хаьн тІе катоьхна, баттара шен тур схьаозийра цо.

– Полковник волчохь герзаш ма хьеде. Ахь кхин гІовгІа яхь, и къечІалгаш схьа а яьхна, ас таІІийна чувуллур ву хьо, Іовдал, – аьлла, эцца чувеанчу эпсара ГІовда охьахаийча, арахь еш гІовгІанаш хезира.

– Полковник ша аравалийта.

– И ган лаьа тхуна.

– Цуьнга дан къамел ду тхан…

– КІордийна. Тоьур ду тхан хьийзадар! – бохуш, уьйтІара схьа чу маьхьарий хьекхара.

– И хІун ду? Муьлш бу и гІовгІа йийраш? – ша Іачуьра хьала а гІоттуш хаьттира округан начальника, чувеанчу эпсаре.

– Господин полковник, хьо ган лууш, ярташкара баьхкина ахархой бу уьш, – элира, лерга юххе куьг а дохьуш эпсара.

– Суна хІун дохьуш баьхкина уьш? – оьгІазе бІаьргаш къаржийра полковника.

– Кхузарчу хьакамашна аьрзнаш дохьуш баьхкина, господин полковник.

– ХІун аьрзнаш ду уьш? Хьанна оьшу уьш?..

– Ял шалха яькхина шайгара, боху цара, ца еллачуьнгара етт баькхкина, чуьра кІудал ехьна, меттара истанг даькхкина…

– Тоьур ду, тоьур ду! – аьлла, арарчу наха детта маьхьарий дайа санна, мохь а тоьхна: «хІара хІун ду ахь кхузахь лелориг?» – хатта дагахь волчуха, пурстоьпана тІевирзира полковник. И вара хьуна уьш тхоьга леладайтинарг-м, аьлча санна, хьаьвсина юьртдай а севцира.

– ДІабаха уьш кху гІопера, и гІовгІа кхин сан лерга ма хазийталахь, – пурстоьпе куьг а ластийна, дехьа чу вахара полковник.

– Кху сохьта, – бІаьштиге куьг а айдеш, юьртдай шена хьалхабохуш, араиккхира пурстоп.

Цу аьрзнашций, цаьрцачул башха пурстоьпаций гІуллакх хилла а я белхан бала кхаьчна а ца веанера кхуза полковник Дубов. ТІейогІучу аьхка Соьлжа-ГІали чу хІутту долчу тевнах ведда, шен экам Іамийнчу хІусамненаца цхьанахьа Іаьржачу хІордан йисте садаІа ваха дезара. Масане дара уьш кхин а полковникан йоккхачу хІусамехь оьшурш. Цу гІуллакхашна ахчан якхий харжаш езара. Ткъа, полковникана пачхьалкхан казнера догІу алапа кхуьнан зудчо кучамашний, ІатІаршний дойий чекхдоккхура. Цундела, кху лахарчу хьаькамаша къечу ахархошкара боккхучу болах шена догІу дакъа схьаэца шарахь цкъа-шозза

араволура полковник. Веданахойн кIошта йоккха меттиг хиларна, кхуза ша керла округ юьллу бохуш а, дуьйцура. Иза а дара хIинца Дубов араваларан бахьана: и марш карара балале, кхоччуш цIуббан безара.

Иштта веъча Черновс цкъа а ваьсса ца верзо Iамийнчу полковникана, ша висича стоьла кIелхьара схьа а оьзна, шен тIаьрсикан чамди чу хьаьжча, хIинца а цу чохь Николайн ахчанан йоккха ши туп карийра. И ахча карийча, дагна дикка хьаам хуьлуш, велакъежна шен чамда дIа а къевлина, вахана лекхачу кора хьалха хIоьттира Дубов.

Кертара дIо гена урам тIе а баьхна, и арзана баьккина ахархой лаьккиначу стражникашка хьаьжжинчохь и лаьтташ, чувеанчу Черновс элира:

– Антон Никонорович, и питана дохьуш баьккинарш, ас бериш а шайн меттигашка дIахьовсий хьуна. Ахь са ма гатделахь, вайн гIуллакх ледара хир дац хьуна.

Кхузарчу нехан лаамаш а, дог-ойла а Черновначул дика евза полковник:

Э-эхI, Иван Степаныч, говза вац хьо, – аьлла, пурстоьпан гIуллакхех ца вешаш куьг а ластийна, вахана доккхачу куьзгана хьалха лаьттачу кIедачу гIанта охьахиира.

Цецваьлла хьеше а хьаьжна, пурстоьпа полковникана тIе а вирзина элира:

– И хIунда боху ахь, Антон Никонорович? Ой, ас нийса некъ лело дела ца везий со-м кхузарчу нахана.

– И ца дуьйцу ас, Степаныч, и хьан нийса некъ-м гам а белла, стигала балахьара.

– TIаккха? – кхин а чIогIа цецвелира пурстоп.

– ХIара нохчий вай Сибарех эхийтарххий, тIамехь байарххий къарлур бац, Иван Степаныч, – аьлла, сецира хьаша.

– Суна-м хаац, кхарна кхин хIу дан деза, – хаттаре хилира пурстоп.

И шиъ кхин вист ца хуьлуш, дикка хан елира.

– Царна вовшашна юкъахь цхьа барт ма хилийтал ахь, Степаныч, и ду хьуна коьртаниг, – аьлла, вуха а вистхилира полковник: – Уьш боькъуш, царна юккъе питана алсам тосуш, ахь хьайн меттиг чIагIъяхь, кхузахь вайна луург чекхдаьккхина ваьлла хьо, тIаккха кхерам бац хьуна, – хьоьхура полковника. – ХIинца кхетий хьо? – аьлла, хIусамдега шен сийна жима бIаьрг а таIош, велакъежира хьаша.

Кхин ала дош ца карийна, хьешо бохучунна чIогIа реза хилла, корта таIийра Черновс.

Шениг чакхдаьлчхьана кхин кхузахь гIуллакх доцчу полковника, тохара санна корах ара а воьрзуш, элира.

– Хьоме Степаныч, хIинца ахь и сан нах вовшахтохахьара, новкъа вер вара со.

– Ой, хьо стенна сихвелла? Тховсалера буьйса мукъане а цхьаьна яккха вай, – дийхира пурстоьпа.

– ХIан-хIа, баркалла. Сиржа-эвлахь саца везаш, гIуллакх ду сан. Хьада, сан накъостий кечбе ахь, – юха а схьавирзира иза.

Чуьра араволуш, неIсагIи тIехь саца а сецна:

– Антон Никонорович, цхьа чIогIа дехар ду сан хьоьга, – элира Черновс, лерина шен хьешан бIаьргаш чу а хьаьжна.

– ХIун ду и, Степаныч! Схьаалал.

Ша и муха эр ду ца хууш, лаьттара пурстоп.

– Схьадийца, Степаныч, ас хьайна муьлхха а дехар лур дуйла ма хаьа хьуна, – аьлла, тIе а веана, и хьостуш, хIусамден белша тIе куьг туьйхира хьешо.

– Хьан лай хилла лийр ву со, Антон Никонорович, и Гушмазукъий, цуьнан воI Зеламхий цу каторгера дийна вуха ма верзийтахьа. Цу тIехь гIо дехьа сан, – аьлла, чIогIа дийхира пурстоьпа полковнике.

– Ой, иштта новкъа бу уьш кхузахь? – цецвелира полковник.

– Новкъа хилла а ца Iа.

– ХIета, и дехар делла ду-кх хьуна, Степаныч. Шек ма хилалахь, шарIан кхелах бевр бац хьуна уьш. Кхузарчу Оба-Хьаьжица муха ву хьо?

– Цо-м вай бохург дийр дара.

– TIаккха вайн карахь ма ду и, – аьлла, юха а пурстоьпан белш тIе куьг туьйхира Дубовс, и ара а тоттуш.

– Баркалла, Антон Никонорович, – аравелира пурстоп.

Полковнике и дехар дар Черновна тІе а диллина, нагахь хІокхуо и кхочушдахь, кхунна цІечу дешин цхьа бІе туьма ахча дала тІе а лаьцна, дІаваханера ГІовдий, Іадоддий. «ХІинца-м кхузара новкъавала шайкай хир яра суна», – бохуш, дагахь вокхавера Чернов.

Ша чохь висинчу Дубовна дагадеара хІинца, Уланскин полкан къона эпсар волуш, шен дуьххьара Нохчийчу вар. ХІетахь дуьйна а, хин волу округан начальник, шайн таронашка хьаьвсина кхузахь Терски областан атаманана гондахьа, кІезий санна, хьесталуш хьийзачу цхьаболчу нохчашца гергарло тосуш волавелира. ХІетахь дуьйна схьа а, Петарбухерчу паччахьа кху Малхбузехь лелочу гІуллакхашца къаьсттина ша говза хила тарлуш хетаделира Дубовна.

И меттиг шен чІагІъян гІерташ Дубовс нохчийн меттан иттех дош а Іамийнера, хьаша-да тІеоьцуш а, чохь доьзалхочуьнга къамел деш а, тІехула нохчех тарвала гІерташ кеп а лелайора.

Петарбухера схьайогІучу политикан кепаш, еа юьхь йоцуш, шайн ирчонца гучаевлла хьийзара кхузахь. Иза а шайн ондачу буйнан ницкъ гайта гІерташ дара. Делахь а цу ондачу буйнан политикаца кхузахь хІинцале хийла дас шен корта кагбинера. Цундела, «кху акхаройша хІиллий, тешнабехккий лело беза, хІорш шайн герз шаьшка шайна а доьттуьйтуш хІаллакбан беза», – бохура Дубовн ойлано. Изза хьехнера кхунна Терски областан атамана а, хІара Соьлжа-ГІалин округан начальник вина ша кхуза хьажош.

7

ШаІбан бутт юкъал тІехбаьлча, буьйсанна кхеттане а беттса ца кхета. Цундела, шаІбана беттан 18-чу буса хиллачу девнехь вийначу стагана шена хьан тоьхна хаа а, я и тоьхнарг вевзаш ган а тарлац. Иштачу меттигехь вийначу стеган цІарах кхелехь дина тоьшалла бакъ а дина, цунна тІетовжар нийса дац, аьлла, Гуьржехарчу сардалан Лакхарчу кхелан палатехь дов а дохийна,

хан яккха дІавахийтинчуьра, вуха а Соьлжа-ГІаларчу набахте верзийнера Гушмазукъий, цуьнан воІ Зеламхий, вешин воІ Іисий, шолгІа вешин воІ – Іела Илецкехь кхелхина дІавоьллинера.

Иштта цхьа ямартло а лайна кІелхьарабевлла хІорш, ламанхойн дешан кхелехь, шарІаца хатта дезаш дов ду шуна тІехь, – аьлла, юха а набахти чохь совцийнера.

Бакъдерг мел дукха дийцича а, веданахойн пурстоп Черновий, харачойн юьртда Іадоддий паччахьан гІуллакхехь мел ву шайна паргІато ер йоцийла хиъна Іиса, даге и ла а ца делла, кхузахь кхелхира. Ткъа, массарел тийна Іан Зеламха, уьш массо а лайна, халоно вахчош – чІиранна кечвеллера. Дерриге а дохийнера паргІато цахиларо. Тахана санна, цуьнан хама а хууш, цкъа а ца езнера и къоначу стагана.

ЦхьанаІуьйранна чу а баьхкина набахтин хехоша шена юххехь Іуьллучуьра Іисин дакъа, шаьш и стенга хьо ца олуш, ара а даькхина дІадаьхьчахьана, чов хилла экха санна, къаьсттина дарвелла хьаьвзира Зеламха. Иштта хІара камера чухула дІасалелаш, кхул хьалха валийна, хІокху чохь воллучу Саламбека, лере а таьІна: «

– Воха ма вохалахь, Зеламха, вай дохарх хила гІоле яц хьуна. Дика ойла а йина, паргІато яккха хьовсур ду вай, – шега аьлча, цу «паргІато» бохучу дашах боккха там хилла, ладоьггІинчохь сецира Зеламха.

– «Ванах, и паргІато яккха хьовсур ду вай, бохург», бухахь цхьа дегайовхо хила меттиг а йолуш мукъана элирий техьа цо?» – ойланаш еш вехха лийлира иза, Саламбеке и хатта ца хІуттуш. Бехк а бацара: арахь нисдан дезаш дукха хІуманаш дисинера Зеламхин. Кхин хІумма ца хилча а: – «Варий, хьуо дийна аравалахь, цунна ца луъушехь, вайгара нуьцкъала яькхина дІайигна Зезаг нахехь ма йиталахь», – бохуш, дехарш деш кху чохь кхелхина Іиса тоьур вара…

Цхьана сарахь камера чуьра тутмакхаш цІанонна арабаьхча:

– ДІахьажал, Зеламха, и дІогара пен вайн готтачу хІусаман арахьара агІо бу хьуна. И пен вайга хадалахь, оззийна схьаяьк-

кхина хIара хьаштагIан неI цу кертаца хьала а хIоттийна, дехьадевлчхьана паргIате довлу-кх вай, – элира цуьнга, юххе а веана, Саламбека.

ХIуманна тIехь гIиллакх долуш, шена тIебоьжначу кху балин, собарца, кIорггера тидам беш хIара хиларна, Зеламхех чIогIа бIаьрг буьзнера Саламбекан.

ДIо керта маьIехь чардакх тIехь лаьттачу гIаролах бIаьрг а тоьхна, вухавирзина, цу пена тIехьа а хьажна:

– И пен а хадийна дехьадевлча, гIали чуьра араболу некъ карор буй вайна, Саламбек? – хаьттира Зеламхас.

– Цу керта тIехьашхула и тата а хезаш доьдург Соьлжа ма ду, – элира, шена тIехьа а хьаьжна, тийначу озаца Саламбека. – Цу хица вахана кху гIалех вала-м ши бIаьрг боцчунна а хуур ду.

– Вало, вало! Стенга хьоьжу хьо и бIаьргаш хье тIе а баьхна? – аьлла, тIаьхьашка дIатеттира хехочо Зеламха.

Зеламха оьгIазе вухахьаьжира хехочуьнга.

– Схьаволо, цуьнца ма къийсалахь, – аьлла, Саламбека озийна камера чу валийра шен накъост.

Векъано лекхачу дегIахь волчу Саламбекан горга, Iаьржа бIаьргаш, дуьненна а оьгIаздахча санна, шайн ницкъах тешна генна хьуьйсура. ХIетте а, цуьнан хаъал морзгалмоьнаш аьгначу стаогалле юьхьа тIехь зуламна бехке доцчу адаман ийман а, собар а сецнера.

– Да-нана доцуш байлахь висинчу сан ткъе шиъ шо кхаьчча, девашас зуда а ялийна, эвла йисттехь дакъа а даьккхина, бевваькхира со, – аьлла, дийцира Саламбека шен дахарх лаьцна. – Хало-м дара, делахь а, вахалур волуш таро йинера ас: цIеношa динера, арахь урд леладора, кертахь етт а, иттех уьстагI а бара. Амма, шен ницкъ а кхочуш, со вахийта дагахь вацара тхан юьртда. ХIун дара а хаац. Суна лиънарг цунна гамлора, ас динарг, и Далла хьалха дина ламаз делахь а, цунна хьалха зуламе хуьлура. Иштта, бийа ког гIортийна, со акхаваккха орцахвелира и.

– Ахь дийцарехь, ма тхайчух тера ву и шун юьртда, Саламбек, – элира Зеламхас.

– Дера хIета, иштта-м ву, – бохуш, дуьйцура Саламбека шен гIуллакх. – Кхин цо вуьтург а ца хилла, атамане арз яздира ас цунна. Атамана сан арз пурстоьпе делла, цо тхан юьртдех тоьхна. И сан арз гича карзахваьлла хьаьвзинчу цо кху чу кхоьсси-кх со…

– Цундела, олу хир ду-кх вайнаха: «БIаьвнан деца къийсинарг девнехь ца тоьлла», – элира Зеламхас, доккха са а даьккхина.

Къамелана тIийра а воцуш, тийна, шена гондахьа леларг кIорггерчу ойланца тIеоьцуш и хиларна Зеламха дукхавезавеллера Саламбекана.

– Гуша, – элира Зеламхас, цхьана буса камерехь массо а тутмакх дIавижинчул тIаьхьа, шена юххехь Iуьллучу ден лере а гIоьртина, – сайн аьтто балахь, кху чуьра вада воллу со.

– Хьо эгIа-м ца вина? Муха? – цецвелира да, шен къежъелла Iаьржа, еха маж, гIевлингарчу вертан тIера схьагулйин, буйна а юллуш.

– Лаха кIелдIашхула хIара пен а хадийна, – элира Зеламхас, бегаш бечуха, шен коьрта тIехьа, пенах схьа а гIоьртина боллучу тIулгах пIелг а тоьхна.

Меллаша хьалаайвелла, пене хьаьжинчу дас, кхин а чIогIа цецваьлла, дош ца олуш, корта ластийра.

– ХIан-хIа, Гуша, и чекхдаьлла, – элира кIанта. – Соьга кху чохь кхин сатохалур дац. Нагахь и аре хьайга лалур ю аьлла хетахь, суна тIаьхьахIуттур ву хьо.

КIеззиг ойла а йина:

– Обарг а ваьлла аре лелалур яц соьга, кIант, сайн дегIана дика реза вац со, – элира Гушмазукъас, доккха са а даьккхина. – Воккха хилла, могуш вац.

Вада кечвелларг, билгалваькхина, мила ву ца хаахь а, хIара тховсалерниг пхоьалгIа буьйса яра, рогтIана цхьацца текхий паднар кIел а воьдуш, и пен ахкар цара ца сацош. Схьагуш кхин де а цунах дош хир ду ала хIума дацахь а, лерана ладоьгIчунна цу пенан кIело охкуш ерг онда оьпа ю, аьлла, хетар дара. Кху чохь

болу аьчкан кад а, Iайг а бохийна, «белаш» йинера, рогтIана хуьйцуш лело…

Ша къоро велахь а, и хезаш хилла Гушмазукъа а хIинца кхийтира кху чохь лелочух а, лелачийн коьртехь лаьттарг шен кIант Зеламха хиларх а.

Чуьрчех кхин башха лачкъийна лелош а дацара иза. Мелхо а, массо тутмакх цу балха тIехь гIо лаьцна схьавогIура: цхьаболчара, паднара хьалха а ховший, гIийла илли олура; вукхара, неIара тIехь йолчу волчокехула хехо камера чухьаьжча, неIара хьалха а хIуьттий, йовхарш тохара я къамелаш дан гIерташ, гIовгIанаш йора; массара а бохург санна, цIанонна арабовлуш киснахь, четахь латта арадоккхура. Делахь а, Гушмазукъа гIуллакха тIехь шен са дууш, амална вуно сиха хиларна, цо чомахь болх бан цавитарна кхийринчу Зеламхас, болх гена баллалц, ца хаийтинера и шен дега. Ткъа, хIинца, и хиъначул тIаьхьа, Гушмазукъа сов чIогIа собаре хиларх ца тешаш воккхавечу кIанта:

– Нагахь аравалар хилахь, уггаре а хьалха хIун де ас, Гуша? – хаьттира дега.

– Уггар хьалха цу жIаьлешкара Зезаг схьаяккхалахь, – дийхира дас. – И эхь вайна тIехь а дуьсуш цIа вогIучул, кху чохь валар гIоли ю суна… – Ирча ойланаш даг тIе хIиттина, цхьана минотехь вист ца хуьлуш а Iийна. – Хьайн ницкъ кхачахь, Чернов а велахь, гIийлачу нахана и сонта курбетташ хьербевлла хьийза Iадодан некъий а ма бицбелахь, – элира дас, кху чохь и цхьанна хазарна кхоьруш санна, аз а лагIдеш.

Дикка хан елира, и шиъ кхин вист ца хуьлуш. КIанта шена жоп ца делча, лере а гIоьртина:

– Хезий хьуна? – хаьттира дас.

– Хеза суна, Гуша, хеза, – элира Зеламхас, томкин кIуьрой, мозаший Iаржбинчул совнаха, чохь гIийла богучу чиркхо ишта а кхоьлина гойтучу набахтин тхевне хьалахьаьжначуьра кхин дIаса ца воьрзуш.

ЧIогIа гIелвелла, я ша кIанте динчу весетах тоам хилла, камера чувогIучу неIара тIехула даькккхинчу Iуьргара гIийла схьакъедачу цу чиркха тIера дIавирзинчу Гушмазукъина набаран тар тесна цхьа пхи минот ялале, чувеанчу салтичо, шен хIуманашца ара а ваькккхина, дIавигира Зеламхин да.

Паднарана хьалха, цIенкъахь Iуьллучо, тIетесна верта хьала а айдеш, шен когах куьг Iоьттича, меттавеана Зеламха, чухьаьжинчунна ша меттахь ву моттийта, вертанах йина бог цигахь а юьтуш, паднар кIел вахара.

Тийначу кху камера чохь, цхьа цIеххьана чIогIа ног етта доладеллачу шен деган тата бен, Зеламхина хIинца хезаш хIумма а дацара. Учахь камершна хьалхашхула, дIасалелачу гIаролан когийн татанаш а дIатийнера хIинца.

Керла схьакхетта бутт стиглара къайла а болуш, арахь а тийна, Iаьржа бода хIоьттинера, тап-аьлла, инзаре чIогIа шен къайле хьулъеш, Iалам а набарна дижнера, мерзачу набаран таро тIаьхьара бIаьргаш хьаббеш массо адам а, уьш санна, набахтера чаьлтачаш а, цара къиза хьийзо, декъаза тутмакхаш а цу набаро Iехийнера Зеламхас набахтин пенах доккхучу Iуьргара буха бисина боккха тIулг дIа а теттина, цуьнан юьхь тIе пергIатчу арара цIена хIаваъ кхеташ…

Набахтин кемсарлехь, ша ха дечохь, дIа а тевжина, наб озийнчу эпсарна арахь деш цхьа татанаш шена хезаш санна хетаделира. Кора дуьхьлара мокха гата дIа а теттина, уьйтIа хьаьжначу цунна хIумма а ца гира, цу йоккхачу уьйтIахь, мехкдаьтта даго цхьа фонарь бен, кхин серло луш хIума цахиларна.

Ишттачу меттехь тидам ца баро гIалатвойла хуу эпсар, ара а ваьлла, учахь сецира, Iаьржачу боданах шен бIаьргаш болийта. Мел лерина хьежарх кхин хIумма ца гора. Гуьйренан хьалхарчу беттан шийлачу махо гIали тIехула такхийна хьош Iаьржа, тIуьна мархаш яра, уьш а кхин схьагуш яцара, делахь а, оццул къайлаха йоьлхучу цара, вовшах хьекхалуш, шах-ших деш санна хеталора.

Учара охьа а воьссина, уьйтIахула волавелла, набахтина гуобаькккхина эпсар, кхин зуламехь хIума ца гина, чу а веана, цу шен тохарлерачу декъачу гIантахь дIатевжира.

Сахилча неІаре веана, волчокан негІар хьала а айдина, чухьаьжначу гІароло камера чуьра тутмакхаш багарбича, ткъаннах виъ ца тоьара чохь. Буха а, буха а багарбира. Вацара виъ тутмакх.

Цу ехачу буса кху Іаьржачу тхевна кІел лаьттина и буьрса тем, топ санна, эккхаш, цІеххьана гІовгІа елира набахтин учахула дІасауьдучу нехан, дохучу догІанийн, еттачу неІарийн.

8

Массаьргара а бол боккхуш шен кІоштІахула чекх а ваьлла, цІа вирзинчу полковникана дІахаза кІелхевшина вуно ирча кхаъънаш дара Соьлжа-ГІаларчу кемсарлехь Іоххуш.

И хууш санна, цу шен кемсарле ваха ца сихвеллера Дубов. Набарх воллушехь латийна, еха цигаьрка багахь а йолуш, бехачу некъо гІелвина, хІинца а меттаванза, шен лекхачу аьчка-маьнги тІехь, кІайчу кисийн меттахь, хьешча санна, дегІ а доьхна, ойла еш Іуьллура иза.

Чохь шортта делахь а, ша-шеца а висна ойла йича, хьанал къа а хьоьгуш гулдина хьал кІезиг дара полковникан хІусамехь. Кхунна тІехьа пенах болу гІажарийн боккха куз Йоккха-АтагІарчу юьртдас кхоана беанера, цІенкъара и санна боккха куз а ГІалитІарчу цхьана совдегаро беллера, иштта чудеанера дІо сонехь лаьтта варкъ даьккхинчу гура чуьра доккха куьзга а, дехьа чуьра концертни рояль а. Ишттачу рицкъанах цуьрриг хьожа а ца йогІура округан начальникана, и дахар цуьнан хьекъалца вуно дика тарлора.

Цуьнан хин басахь севцца бІаьргаш даза дисинчу пачхьалкхан гІуллакхан гІайгІа хилла а я хІара цІера ваьллачул тІаьхьа гІали чохь хилларг хІун ду хаа гІерташ а дацара. Дубовна кІезга бала бара Зеламхин а, иштта и шена дика хьошалла динчу пурстоьпан Черновн а, и волчохь ша томана хаза хабар дийцинехь а. Полковникан даго кхин лоьхура: шен цІен тІехь машар а, хьал а, дегІана ховха меттиг а.

Вочу дестечун шуьна тІехь яьжча санна, дегІана екъана, лезанан гІуркх санна, еха полковникан хІусамнана, ницкъ ма-кхоч-

чу къонъяла гІерташ, шен яккхий хьаьрса месаш дІатаеш, схьатаеш, куьзгана хьалха а хьийзина, тахана ялхо ца хьажош, базара ша яхара, шортта дохьуш веанчу майрачунна качъелла, шен даго ма-бохху, шуьна тІехь там бан лиъна.

Тохара езаш ялийнехь а, хІинца и бІаьрга духьалара дІаяларх са ца гатдора майрачо. Делахь а, хІинца цуьнца дерг дІахадо ца тарлора: зама а яхнера, даккхий бераш а кхиънера. ХІетте а шен дегІо балхочу хьайбанан латкъамна хьалха сатоха ца лаара, хаъал маж а къежлуш, хан тоьхначу къонахчунна.

Зуда ара ма-елли, шен буйнара оьзна яьллачу цигаьрканан юьхьиг чимтосурга а тесна, хІара телефонан луьллане дІакхевдича, цуьнан горгали схьабийкира.

– ЛадугІуш ву… Мила-а?.. Вон хеза суна, луьлли чу «хІуп» – алахьа. А-а, Анна, хьо ю хІара? – полковникан йоккха юьхь ерриг елаелла яьржира. – Сол дукха ехар ю-кх хьо… Хьоьга дІатоха со кечвеллачу минотехь ахь хІара схьатоьхна дела… ХІан-хІа, иштта ма ала, Анна. Ас хьо цкъа а ца йицйина… Анна, собарделахь, цхьаъ-м ву тхан чугІерташ. Со тахана балхахь хир ву хьуна, дІакхеталахь. Сан чІогІа къамел ду хьоьца, – луьлла охьа а йиллина: – Мила ву цигахь татанаш дийриг? – хаттар деш, дехьа чу мохь туьйхира Дубовс.

Цхьаммо а жоп ца делира.

– Ой, мила ву цу чувеанарг? – юха а мохь туьйхира полковника, шен меттара хьалагІеттина, маьнги хьалха Іоххучу кІедачу кІархаш чу ши ког а буллуш.

– Хьо хьаьнга кхойкху, Антон Никонорович? Со ю кху чохь ерг-м, – элира дехьа чуьра схьа цуьнан къоро йолчу ялхочо.

– Т-фу, йистхила ца мега хьо, Іовдал, – аьлла, цунна тІе а чевхина, и чуеанарг шен зуда цахиларх воккхавеш вахана доккхачу корах арахьаьжначу полковникана хьалхарчу майданахь дуккха а салтий гира.

Цхьаберш: – «гІулч шуьйра яккха!» – бохуш, тІе а чехаш, болар дан Іамабора царех, вуьш Іамабора цхьамзанаш Іитта. ДІо дІанехьа майданан маьІехь, ши салти вовшашна дуьхь-духьал а

хIоттийна, еха гIашлойн тоьпаш цаьрга цкъа белш тIе йохкуьйтуш, юха когашка хIиттайойтуш хьийзара цхьа къона эпсар. Шегара дIа а эцна, маситтазза и топ муха лело еза эпсаро шена гайтарх, кхеттане а ца кхетара цу шиннах цхьа салти. «Хьай, наьIалт хила хьуна! Ма осала кхиъна тIаьхье ю. Цу марш тIе тIара а тоьхна, и уккал цуьнга хьала ца ойбуьйтуш, гой хьуна цо цуьнца хьоьгу къа» – аьлла, шен дагахь цу эпсарна яппарш а йина, сов чIогIа оьгIазвахана, хьеръяькккхина схьаеттачу телефонан луьлла кхин хьала ца ойбуш, юьхь-куьг дила, дехьа чу вахара полковник.

Массо а кепара дегIана цIано йина ваьлча, комаьрша хIоттийнчу шуьна тIехь, Iаьржачу кофеца конъяк молуш, хIума а йиъна, вахара полковник пачхьалкхан балха.

Балха веанчу полковникана цу Урхаллехь болу шен белхалой, хIинцца тезетара чубирзича санна, кхоьлина хетабелира. Делахь а, цу суьртан дуьхе кхиа ца гIоьрташ, собарца шега хаьттинчу маршаллина иштта шийла жоп а луш, неI йиллина лаьттачу шен йоккхачу кабинета чу велира Дубов.

Къамел дIа муха долор ду ца хууш, тIаьхьа чувеанчохь воьхна лаьтта шен гIоьнча эпсар кхин вистхирг а ца хилла:

– ПаккхIа, схьадийцал, хIун ду кхузахь керла? – хаьттира цуьнга полковника, стоьла тIехь Iуьллу йоккха Iаьржа папка хьалха а озош.

– Господин полковник, селхана Чурт-ТогIерчу гIалгIазкхаша, станицан гуламехь дов а даьлла, шайн юьртда вийна. Ткъа, набахтехь…

– Муха? Муха элира ахь?.. ГIалгIазкхаша шайн юьртда вийна-а? – хеттарш деш, хьала а иккхина, шен гIоьнчин къамел хадийра Дубовс. – И хIун ду, царна хIун ца тоьъна?

И юьртда вуьйш хиллачу девнна бехке верг ша волуш санна, воьхна, муха олу а ца хууш:

– Иштта меттиг хилла, господин полковник, – элира эпсара. – ХIинца а ма-дарра и мича бахьанина хилла хаац. Тахана сатоссуш бахана цига и талла нах.

– Муьлш бу баханарш? – шен буйнарчу къоламан юьхьиг кагйира цо, кехата тIе а таIийна.

– Суьдан пурстоп а, цуьнан талламхо а. Дуьххьара схьабинчу хаамо и дов латта къевсина хилла бохуш дуьйцу…

– Латта, латта! И дерриге а латта церан дац? НаьIалт хуьлда царна, – аьлла, юха а цуьнан къамел кагдеш: – БуритIа, атамане хаийтиний хIара? – хаттар дира полковника.

– ХIан-хIа, Хьан сийлалла, – аьлла, бIаьштиге куьг лецира эпсара.

– Ши-кхо бутт бац хьуна цу пурстоьпе ас цига ладогIа баьхна, – аьлла, дийцира, кIеззиг меттавеанчу полковника. – РегIа кIелхьара и диках долу латта юьртдас шен гергарчарна а делла, нах реза бацара цунна. ГIуо, хьажа и хIун ду, ас бахарх ца воьдуш, хIинца кулла тIе моьлкъа боллучу хенахь ваха-кх хIара цига.

– Хьанна моьттара и цигахь хир дуI – элира эпсара.

– Мотта деза, господин капитан, мотта деза, – элира полковника, цу Iаьржачу папки тIера кхин хьала ца хьожуш, аз а айдина.

Эпсар, сара санна озавелла, кхин вист ца хуьлуш, сецира полковникна хьалха.

Папки юкъара схьаэцначу цхьана кехата тIе хьаьжжинчохь, бIаьргаш хье тIе евлча санна, хьала а айвелла:

– Ой, хIара хIун ду? – аьлла, и кехатан цуьрг, цу эпсаран мера кIел а ехьна, ластийра Дубовс.

– Господин полковник, хIара а селхана, сатоссуш, хилла-кх, – элира эпсара, цкъа а шена ца гича санна, цу кехате а хьоьжуш. – Хьо муьлхачу эвлахь ву ца хууш, цIа ма-кхеччи я ахь цхьана-хьара телефон ма-туьйххи хьоьга дIахаийта аьлла, хьан хIусамнене хаам ма бинера оха.

– ХIусамнене? Мила ву кхузахь округан начальник: со я хIусамнана? – юха а цуьнан дош кагдира Дубовс. КIеззиг вист ца хуьлуш а Iийна: – Муха бахана уьш цу чуьра дIа, набахте йохийна я цуьнан массо а хехо вийна?

– Цхьа а ца вийна, господин полковник, – элира меттавеанчу эпсара. – Паднара кIелхула набахтин пенах Iуьрг а даьккхина,

вай лецначу обаргех СогIоппара Саламбеккий, ШаIми-Юьртара Бисолтий, Шелара Дикий, Илецкийн каторгера вухавалийна волу Гушмазукъин Зеламхий сатасале, чуьра ара а бевлла дIабахана. Ткъа ха деш болчарна Iуьйранна тутмакхаш багарбеш бен хIумма а ца хиъна.

– Харачуьрчу Гушмазукъин Зеламха вахана бах ахь? – ца тешаш юха а хаьттира полковника.

– Бах те.

Цу ирчачу кхаьънаша дог а гIелдина, кресли тIе охьаваханчуьра халла хьалаайвелла, кора хьалха а вахана:

– И дерриге а динарг Зеламха ву, – элира Дубовс, ша-шега луьйчуха. – ХIокху дезткъе итт шарахь цхьа тутмакх ца ведда цу чуьра и Гушмазукъин кIант кху набахте кхаччалц. ХIинца хаьа суна, пурстоп Чернов бакълийнийла. – Некха тIе диллинчу куьйгаца дог а лаьцна, вухавирзинчу цо: – Ведана хаийтиний аш хIара? – хаьттира.

– Цу сохьта хаийтина, – аьлла, духа а шен лерга юххе куьг дехьира эпсара.

– Шела?

– Цига а хаийтина.

Цхьана минотехь вист ца хуьлуш и Iийна:

– Вуно сиха кхайкхий, набахтин начальник схьавалаве суна. Хетарехь, и бевддарш, билгтал, Ведана хьала гIорта тарло. Цига а, Шела а зIе тохий, царех хааделла цигахь хIума ду-дац а хьажа суна, – элира Дубовс, юха кехаташ кего а волалуш.

– Господин полковник, бакъо лохьа вистхила.

– Схьаалал.

– Уьш Соьлжа-юьртахь севцца аьлла хабар а деана, цига баха кечлуш ма бу вайнаш.

– А-хIа, – шена цхьа хIума карийча санна, цецвелира Дубов. – Мила ву цига ваха кечлуш верг?

– Граждански гIуллакхаш лело хьан гIоьнча а, набахтин начальник а.

– Делахь хIета, ас сайх ца кхеташ ма гIуо боху ала цаьрга, – аьлла, омра дина эпсар ара а ваькхкина, ша кабинетехь висира полковник.

* * *

Оццул дукха салтий шайн эвла бахкарна цецбевллера соьлжахой. Тайп-тайпана дуьйцура эвларчу наха уьш иштта дукха бахкаран бахьана. Цхьаболчаша:

– Базаран дийнахь юьртда волчохь сакъера баьхкина хьаькамаш ларба балийна уьш, – бохура. Вукхара:

– ХIан-хIа, билггал вайн эвла цхьа хIонс эцна баханчу обаргийн лар еана, – бохура. – ДIахьовсал, гой шуна, базарна гуо тесна ца Iаш, эвла мел богIу некъ лаьцна цара, – чIагIдора цара шаьш дуьйцург.

– Кхузара-м гIур бац хьуна уьш дIа. ДIо йистера дуьйна дуьйлалой, массеран цIийнах а, божалх а, буьнах а хьовсуш, гатбелаш царна кху юьртан гуо, – омра деш, хьийзара полковник Дубов.

Мел лерина хьовсарх кара хIума ца догIура. Йоккхачу базарахь хIоьттинчу гIовгIано таро йохийнера полковникан. Кхузахь воцуш цхьа а вацара: гихь а, ворданашкахь а баккхалшца баьхкина гIажарий, эрмалой, и тай-махий, неIара хьожа йогIу муьжгийн мачашший яхьаш баьхкина жуьгтий, царна юккъешхула и шайн варраш а лаьхкина хьийза суьйлий, таьлсаш кочахь сагIадоьхургашший. Кхузахь воцуш мила вара? Массарел халаниг, дика тидам болчуьнга а, уьш цхьа а нохчочух цакъаставалар дара.

Жимма а шеко ерг базара юкъара дIаса ца валийта хIиттийна салтий, сихдинна дустучу къорзачу кIадешкий, дIасакхоьхьучу дерстинчу жижгашкий хьаьвссинчохь акъ а бевлла лаьттара.

Дикачу динахь шен гIуллакхана базара ваьлла стаг а сацийна воллура цхьа эпсар шен салташца. Цигахьа тидам бина полковник Дубов лаьтташ базарна гена йоцчу кертара ехачу гIожамашца, жIаьлийн кIур тIаьхьа а баькхкина, тIетаIийна тиллина Iаьржа кхакхан тиша месала куй а болуш, аравелира цхьа сагIадоьхург. Цунна дIанехьарчу кертара иштта жIалешца ирча дов эцна вахара важа…

Хьаькхкина тIевеана полковнике шена сагIина хIума а ехна, хьаьвсина лаьттачохь салтий а битина, кертара-керта воьдуш, эвлан йисте велира хьалхарниг. Вукхо а, иштта нехан керташ-

кахула хьаьвзина тIе а веана, лерина куьг а кховдийна сагIадийхира полковнике.

– ДIаваккха и кхузара, – аьлла, туьха тесна пхьид санна, кхоссалуш куьг ластийра полковника. – ХIара хIун ду, юьртда? Кхузахь-м шун ах юрт сагIа доьхуш лела.

– Господин полковник, бехк ма билла, гIалина дукха гергахь деха тхо, цигара схьаоьху уьш хьаьнга совцалур бу, – элира юьртдас, шолгIа сагIадоьхург дIа а човхош.

– Миччахьара эхахь а, уьш суна тIебаххийта ца богIийла хаа деза хьуна, – оьгIаз а вахана, дIавирзинчу полковникана тIевеана вистхилира цхьа эпсар.

– Муха-а? – мохь белира Дубовн. – СагIадоьхаргийн бедарш а юьйхина, эвлах бевлла-а?

– Иштта боху кхуо, – шена юххехь лаьттачу цхьана лохачу нохчочуьнгахьа вирзира эпсар.

– Сихонца тIаьхьадовла царна. Же, же! ХIун деш лаьтта шу?!

– Салтий, схьадуьло суна тIаьхьа, – аьлла, говра а хиъна, эпсара дIахаьхкира. Царна тIаьххье файтон хаьххина, шен гIалгIазкхий эцна, Дубов а велира эвлах.

СагIадоьхурган бедарш а юьйхина эвлах ваьлла Зеламхий, Саламбеккий некъана аьрру агIор лаьттачу соьлжахойн хьуьна юккъехь тоххара къайлаваьллера, хIинца цу регIа кIел хьоькху шийла мох бен хезаш а, гуш а хIума дацара.

ДаьттIачунна тIе а чIогIа дог даьттIа, вухавирзина Дубов:

– Вир, ас хоуьйтур ду хьуна и сагIадоьхургаш мичхьара схьаоьху-м, – аьлла, тоьхна, соьлжахойн юьртда дIа а ваьккхина, Соьлжа-ГIали чу веара.

9

Набахтера ведда Зеламха арахь ву аьлла хезча, массарел чIогIа МахкатIерачу юьртден кIант Iуспа воьхнера.

Кхин чомахь йистхилла дIа ца хьожуш, Зезага ша кIелвитча, тIе зуда а ялийна цуьнан дог хьаша сацам бина, Веданарчу совдегаран йоIаца ирахьан веъанчохь и шена хезча, йоI а, дуьне а

дицдина, хьерваьлча санна, ведда веара Iуспа пурстоп Чернов волчу.

– А-а, хьо ву хIара, Iуспа. Схьа чу вала. Марша вогIийла. Хьо ма воьхна ву. Схьадийцал, хIун хилла? – хаттар а деш, шена хIумма а ца хуучуха, сакъераделла, тIехула мерза чуийцира пурстоьпа юьртден воI.

– Диканца вехийла, Иван Степаныч. Со-м хьоьца доккха гIуллакх долуш вогIу хьуна, – элира Iуспас, эккхийна валийча санна, воьхначуьра метта ца вогIуш, пурстоьпан кабинетан неIарал чоьхьа а ваьлла.

– ТIаккха, хIун хилла хIинца? Схьавола, охьахаа, – аьлла, вахна ша охьа а хиъна, стоьла хьалхара гIант гайтира Черновс хьеше.

– Хьуна хIумма а ца хаьа, Иван Степаныч? – кхин а чIогIа цецваьлла, хаттар деш, схьабаькхина шен Iаьржачу холхазан куй гоьла тIе а буьллуш, гIанта охьалахвелира Iуспа.

– Дера, ца хаьа. Схьадийцал, хIун ду и? – шек а вацара Чернов.

– Кхин стаг-м вац кху чохь? – аьлла, цхьа хIума лохуш санна, дIасахьаьжира юьртден кIант.

– Ой, вац, дера-кх. Схьадийцахьа.

Ша цхьа йоккха къайле юьйцучуха, пурстоьпан лере а гIоьртина:

– Зеламха арахь вуйла хаьий хьуна? – хаьттира Iуспас.

– Э-сс, и дара ахь хала дуьйцуш дерг. ТIаккха, хилча хIун ду и арахь? – шена и башха а ца хета моттуьйтуш, вистхилира пурстоп. Делахь а, хIинца Iуспина санна цунна а, и набахтера веддарг Зеламха воцуш муьлхха а кхин велара аьлла-м хетара.

– Цхьа кегарий ца лелош-м Iийр вац хьуна иза, – элира шен балхах кхеравеллачу Iуспас.

Iуспин дагахь дерг хIун ду техьа бохуш, кхин вист ца хуьлуш, цхьана эхаминотехь цуьнга хьоьжуш а Iийна:

– Схьахетарехь, билгтал, хьуна цхьа тешнабехк бан гIоьртар ву иза, – элира Черновс, шена цунах гIайгIа хиллачуха. – Ткъа, цо схьабале, ахь… – Хаттаре велакъежна, Iуспегахьа корта а ластош, сецира пурстоп.

Цо дуьйцург схьахазар бен кхин Черновн дог-ойла хаъал хьекъал доцчу Іуспас:

– И дІа муха бийр бара те? – хаьттира. ХІинца а меттаваза шен гоьла тІехь Іуьллу куй хьекхош Іара и.

Шен хьекъалехь, кхин а чІогІа Іуспин хье схьаэца ойла хилла:

– Селхана ма Іийна Зеламха Харачуьрачу кегийчу нахаца, ГІовдиний, цуьнан кІантаний БІахон некъашна дина эхь дуьтур дац ша, бохуш, хесталуш, – аьлла, тІетуьйхира пурстоьпа.

– Ткъа хьайна цо вониг дарна ца кхоьру хьо? – хаьттира Іуспас, лерина Черновн бІаьра а хьаьжна.

– Суна хІун дийр дара цо? Ас цунна дина де а хІума дац. Цунна динарг Іедало дина-кх, шу бахьана долуш, – аьлла, куьг ластийра Черновс.

– Дийцахьа. ХІун де ас? – къиг санна, пурстоьпе хьаьжжинчохь сецира Іуспа.

И цуьнга дІа муха эр ду ца хууш, цхьана минотехь чухула волавелла а лелла:

– Даима бохург санна, эцца Харачохь, шен доьзалца ма хир ву и Зеламха.

– ТІаккха?

– Буьйсанна чувогІуш я ара волуш тергал а вина, топ тоьхна тІекІелъоькхуьйтур вара-кх.

– Топ а яц сан-м, – элира Іуспас, ша муха олу а ца хууш.

– Иза-м ас лур ю хьуна, – дош делира пурстоьпа. – Ас хьайга елла ахь цхьаьнгге ца аьлчахьана.

ХІинца ша хІун ала деза ца хууш, воьхна Іуспа Іаш, неІ а йиллина:

– Господин пурстоп, ахь кхойкху аьлла веана Іаш ву со. ХІун де ас? – элира цхьана стага, шен боккха месала Іаьржачу кхакхан куй неІарал чоьхьа а баькхина.

– Цхьажимма собарде ахь, – неІ юха а тІечагІийна: – ТІаккха, хІун до вайша? – хаьттира, юха а вирзина, пурстоьпа Іуспига.

ХьалагІаьттина неІаре а вахана, цу шен хазачу холхазан куйна тІе куьг а хьокхуш: «Ванах, и цхьана а пхьоьхана юкъа а ца юьтуш, эвла юккъехула нехан мерцхалгаш лехьош лела, бІаьрг баьлла пис яцара хІинцца суна яйнарг?.. Кхуьнга хІунда кхайкхина техьа пурстоьпа?» – бохуш, ойланаш еш лаьттачу Іуспина и ца хезча, юха а:

– Со-м хьоьга луьйш вай. ХІун де вайша хІинца? – аьлла, юьртден кІантана муьшка Іоьттира Черновс.

ХІинцца самаваьлча санна, хьала а айвелла:

– Дех дага а ваьлла, вухакхетар ву со, – элира Іуспас, кхин Черновгахьа дІа ца воьрзуш, чуьра ара а волуш.

Іуспин некъ а хадош, чувеана и месала куй берг, ша кху чохь кхиъча санна, эвхьаза, вахна пурстоьпан стоьла хьалха лаьттачу гІанта охьахиира.

Цу месалчу куйна кІелхьара лерина схьахьоьжучу цхьана бІаьрга чу а хьаьжна:

– Ткъа хьайн цІе йицъеллий хьуна?

– ХІан-хІа.

– Яккхал.

– Къу, - элира бІаьргбоцчо, Іовдало вела а къежаш.

– Хьа-хьа, хьа-хьа… – аьлла, гІантана букъ тІе дІа а сетташ, велавелира пурстоп. – Хьо реза вацахь а, цІе ледара-м, дера, яц.

– Реза ву со-м, господин пурстоп, – элира бІаьргбоцчо, и къамел де а шех ца хьакхалучуха, кхин юьхь тІехь ца хийцалуш.

– Ткъа, и кегий курхалш маца дуьтур ду ахь, Къу? Селхана а арз дина соьга, дІо лахайистерачу совдегаран зудчо, ахь шен котамаш лачкъийна, бохуш.

– Яа сискал сайна сов яьлчахьана, – аьлла, бегаш бечуха, жоп делира бІаьргбаьллачо, кхин шеквоцуш. – Совдегаро хІунда лелайо котамаш, жижиг эца шен шортта ахча хилча?

– Хьа-хьа, хьа-хьа… Дера, хаац суна-м. Ахь хаттахьа и цуьнан зудчуьнга. Амма, и совнаха хІуманаш ахь ца дитахь, ас хьайна йитина меттиг а хаьа-кх хьуна? – аз а хийцина, кхерам тесира цунна Черновс.

– Дера, хаьа.

– Цlе яккхал?

– Набахте.

– Хьа-хьа, хьа-хьа… – гlадвахана, вуха а велавеллачу пурстоьпа: – Къу шен меттиг хууш ву, сонта вац, – элира, цуьнан чутаьlанчу, готтачу белша тlе, и хьостуш, куьг а тоьхна. – Хlара, Къу, Гушмазукъин Зеламха гиний хьуна?

– Дера, ца гина. Ас хlун до цунах?

– Ой, хьан доттагl вац иза?

– Дера, вац, – аьлла шен баьлла бlаьрг гарна кхоьруш санна, кхин хьала ца айлуш, месала куй ластийра цо.

Цхьа кlеззиг ойла а йина:

– И хьайн доттагl вацахь а, Зеламха ган веза хьуна, – элира Черновс. – Хlара, ахь хlун дей.

– Хlун де ас? – пурстоьпе хьаьжжинчохь висира бlаьргбаьлларг.

– И миччахьа велахь а каравай, тховса Зеламха волчу а гlой, со, пурстоп Чернов, цуьнца доттагlалла бен дов дезаш воцийла а, эшначохь цунна гlо дан кийча вуйла а дlахаийтал цуьнга. Цул совнаха, ас цунна цхьа а вон хlума ца динийла а. Цунна а цуьнан вежаршна а, дена а динарг Iедало дина, Харачойн юьртда Iадоддий, цуьнан воIий бахьана долуш. Иза дlаала цуьнга. Ткъа, шен доьзална эхь динарг цо лехахь, иза МахкатIера юьртда ГIовдий, цуьнан воI Iуспий вуйла а хаийта цунна. Кхетий хьо?

– Дика кхета.

– Цул совнаха, ахь массанхьашхула нахана юкъахь гlарадаккха деза: Зеламхане а, цуьнан дега а Iедало бохуш хlумма дацара, уьш ГIовдассий, цуьнан воIа Iуспассий, Харачуьрчу Iадодий, цуьнан воIий битахьара. Уьш бу Iедале хlинца а и лацийта гlерташ арабевлла хьийзарш, боху хабар. Кхетий хьоI

– Дика кхета.

– Ткъа, хlара гlуллакх хьайна хьехна бохург ахь цхьана дегIе алахь, хьайга хlуттудерг хаьа-кх хьуна?

– Дика хаьа.

– Цlе яккхал?

– Каторгехь вахкавалар.

– Хьай, Къу яI. Къу кхеташ-м, хьо ваха, ву. Яхийта хlинца хьайн алаша, – аьлла, бlаьргбаьлларг ара а ваьккхина: Веданахь ша болх бен хийла хан ю, кхузахь цхьаболчу нахаца тасаелла эвхьазлонаш ю шен, цундела, кху кlошгlахь кхин болх бойла шен ящарна, кхузара паргlат а ваккхий, генна кхечухьа балха вахийта ша аьлла, Соьлж-ГIалий, БуритIай дехар язда охьахиира Чернов.

10

Набахтера веддачех шиъ: Дикий, Мусий цу буссехь, кхин Соьлжехь ца соцуш, Дикин йиш-ваша долчу, Шела веанера. Ткъа Соьлжехь висина Зеламхий, Саламбеккий, вайна ма-хаъара, салташа цу эвлан гуо лаьцначу дийнахь, сагIадоьхургийн бедарш а юьйхина, ведда кIелхьараваьлла. Саламбек СогIопша боьдучу новкъа а ваьккхина, Зеламха тахана Дика волчу Шела кхаьчнера.

– Вай, вовшашца дозуш, бертахь ца хилахь, цхьацца воккхуш вовшахдаьхна, юха а хlаллакдийр ду, – элира, шайн къамелаш йисте довлуш, Мусас, шена боьттина цIечу чагIаран кад ах мелла охьа а хIоттош.

– Цул совнаха, хlинца вовшахкъастале, цхьанхьа дахана вай кхаамма хIонс ца яккхахь, шун гlуллакх муха ду-м хаац суна, тхан чохь-м хьаладаа хlума дац, – аьлла, Дика шега хьаьжча:

– Суна бехк ма биллалаш, доттагIий, цкъа Ведана а вахана, цигахь дас сайна тIедожийна декхар кхочуш ца дахь сан дIасаволийла дац шуна, - аьлла, Iодика еш, шелахойн чуьра ара а ваьлла, новкъа вогIу Зеламха, тохара ши шо хьалха шаьш СоьлжаГIаларчу набахте дуьгуш совцийна, са а доIуьйтуш, шайга хи малийтинчу шовдана йистте кхаьчча, малх суьйренна дIабуза гулбеллера.

КIеззиг кхузахь хIоьттина лаьтташ, лерина дIасахьожуш, гондахьа долчуьнга ла а доьгIна, вахана цу шийлачу шовдана хьалха Iуьллучу боккхачу тIулга тIе охьалахвелира Зеламха, деган кIоргтера доккха са а даьккхина.

Цу кIоргтерачу ойланашца сецначу цуьнан хьежаро Iорайоккхура къонахчун кийрара онда гIайгIа; тем байначу цу ойланаша

кест-кеста хуьйцура цуьнан юьхьа тІера бос а. Юха а доккха са доккхуш охьа а таьІна, куьйга кераюккъехь схьаоьцуш цу шовдан чуьра хи а мелла: «Цхьанне а ца гуш кху новкъахула чекх муха вер вара техьа?» – ойланаш еш Іара Зеламха, шена тІехьа цІеххьана цхьа гІийла татанаш хезаш. Вухахьаьжначу цунна шена гуш дерг гІан тарделлера: тІехьа, иштта цецваьлла, хьаьжжинчохь лаьттара цуьнан ваша.

– Ой, Солтамурд, хьо вац и, - вагийча санна ша Іачуьра хьалаиккхира Зеламха.

– Дера, ву, – веана тІе а кхетта, вайначуьра карийна шен ваша хьарччийна маравоьллира Солтамурда.

Хьалха кхин шаьшшимма хІун дийца деза ца хууш, цхьана минотехь воьхна вовшашка хьаьжжинчохь тийна сецира и шиъ. Стиглара охьавоьжча санна, кхузахь ваша а карийна, хазахеттачу Зеламхин дог, садукъдеш, сиха детталора.

– ХІара хІун ду, хьо муха кхечи кхуза? – аьлла, хьалха вистхилира иза.

– Со кху новкъахула хьийза-м хІара шолгІа де ду, – элира Солтамурда, белша тІера ша охьаяьккхина шен зІок-топ юха хьала а оьцуш.

– ХІунда? Кхин хІун хилла вайна? – цецвелира Зеламха.

– Ой, набахтера ведда хьо араваьлла бохуш, хабар а хезна, Веданахь мел волу хьаькам, герз а даьккхина, хьаьдда хьийзаш ма ву.

– Кхин хІума-м дац?

– ХІан-хІа.

– Иза-м хала гІуллакх дацара, – элира, са метта деанчу Зеламхас. – Со-м, цхьа доьхнарг а дина, хьо араваьлла моьттуш, кхеравеллера.

Бе а бехк боцу дов шена тІе а лаьцна, набахте вахана вокхахволу ваша цІа вале шегара нускал а даьккхина Іачу ГІовдин кІенташа шена йина чов а, ша цаьрца ца нисйина чІир а дагахьйоллу Солтамурд вист а ца хилира.

– ТІаккха, схьадийцал, хІун деш бу вайн цІеранаш? – хаьттира Зеламхас.

– ДІаІаш бу уьш-м, – аьлла, гІийла жоп делира цунна вашас.

– Могуш-пергІат буй?

– Могуш а бу.

– Дада муха ву? – шен деда БІахо хаьттира Зеламхас. Ткъа, и цо хаттарна кхоьруш, воьхна вогІучу Солтамурда:

– Иза а дІаІаш ву, – элира, воккхастаг кхалхар, шегара кхунна дІахазарна кхоьруш, лачкъа а дина.

Кхуо лучу жоьпашна реза воцуш Зеламха сецча, кІеззиг вист ца хуьлуш а Іийна:

– Гуша цигахь висира? – да хаьттира Солтамурда.

– Со цу чуьра аравалале цхьа-ши сахьт хьалха, цу набахтера дІавигира иза.

– Стенга вигна хаьий хьуна?

– Билггал хаац. Схьахетарехь, йисина хан якккхийта, БуритІерчу набахте вигна моьтту суна.

– Іелий, Іисий мичахь ву?

Шен хьомечу шичойн цІераш йохуш хезча, легашка шийла къурд а хІоьттина, вист ца хилалуш висира Зеламха.

– И шиъ дийна вац, хьо марша, – халла гулвелла жоп делира Зеламхас, вешига дІа а ца хьожуш.

– Ой, – аьлла, кхин вист ца хилалуш, Іадийча санна, висира Солтамурд. «Ма кІезиг хІума дац-кх тхуна тІедеанарг и сан нускал бахьана долуш», – ойланаш йора къоначу стага.

Шен вешин дагара хууш санна:

– Иштта ду-кх, вайга кхаьчнарг, – элира Зеламхас, кхин хьала а ца хьожуш.

– Ткъа муха хилла, цу шиннан кхалхар? – хаьттира Солтамурда.

– Илецки каторгехь хина а, даарна а чІогІа гІело хилира тхуна. Цу балхо кІелвитина Іела цигахь кхелхира. Іиса, тхо духадалийнчул тІаьхьа, кхузахь набахтехь дІавелира.

– Гуша мукъане а варий лелалуш?

– Хаъал вочуваьллера. Делахь а, тохара санна, ву иза-м, – элира Зеламхас. Жимма ойла а йина, – Зезагера хезний хІумма а? – хаьттира цо.

– Хаац, дера, суна-м, – дIавирзира Солтамурд.

– Iаш мичахь ю и?

– Эцца ша дIайигинчу ГIовдин некъешкахь ю моьтту суна, – элира цо, ша муха олу а ца хууш.

Кхин вист ца хуьлуш дикка хан а ялийтина:

– Хьо астагI лелхаш санна, ма хета суна? – хаьттира, шен вешин боларна реза воцчу Зеламхас.

– Галваьллачохь коган пха керчинера сан. Кхин хилла хIума дац, – аьлла, вешех а лачкъийра Солтамурда шена ГIовдин некъаша йина чов. «ХIинца хIара дара кхунна хааза дисинарг», – аьлла, ност лазошшехь, болар та а деш.

– Иштта делахь-м хIума дац, – и къамел а хадош, дIахьаьжначу Зеламхина, дIо хьалха некъа йистехь, девнаца шед а лестош, цхьана ахархочуьнга дечиган ворда яссайойтуш воллу хьуьнан хехо гира.

– Дац сан хьуна дала сом, и хиллехьара, хIара декъаза де дохьуш, со кхуза а вогIур вацара, – бохура ахархочо, ца ваьлла гIоьртина вордан тIера дечигаш охьа а кхуьйсуш.

– Дацахь дечиг-м, дера, хьур дац ахь. ДIаса а ца кхуьйсуш, гуле дахка уьш охьа, – бохуш, шен буйнара шед а ийеш, тIечехара говрахь цунна гондахьа хьийза хьуьнан хехо. ТIевогIуш хIара шиъ гича: – Ахь пачхьалкана дина зе ас дуьтур ду моьтту хьуна? – къамел хийцира хехочо.

– Иштта ма дийца соьга. Ас гулйинарш хIара яхкалуш Iаьххкина дечигаш бен ма яц. ХIун зе дина ас паччахьана? – бохуш, тохара санна, ца догIучу дагца дечигаш дIаса а кхуьйсуш, ворда яссош воллучу къеначу стагана хехочо шед ластийча:

– Собарде, къонах, къа ца хета хьуна цунах? – духьалвелира Зеламха.

– Хьоьга хIу бала кхочу ас лелочун? ДIавала кхузара, – иштта шед а айина, кхунна а чугIоьртира хехо.

– Соьга кхаьчнарг-м цу къечу стеган берийн бала бу, – элира Зеламхас, кхин аз ца айдеш.

– Мила ву хьо? Схьагайтал соьга хьайн некъан кехат, – тIевирзира хехо.

– Ой, ахь хIун де бах тхоьга, сих ма ло, – аьлла, юкъагIоьртира Солтамурд а.

– Ахь хIун до сайн новкъа воьдучу сан кехатах. Цу хьуьн чохьм ца лаьцна ахь со, – аьлла, шен йоцчу меттехь хехочуьнца и дов гена даккха ца хIуттуш, ваша а эцна дIавахара Зеламха.

11

Кхайкхина валийна, Хушуллин цIийнах ву аьлла, цхьа верас юкъа а озийна, шайн юьртден къедица мах а бина МахкатIерчу юьртдас ГIовдас Зезаг шен кIантатана ерзийна цхьа шо сов хан яьллера. «Хьанна хIун хаьа, реза доцу и шайтIа дIасадала гIортахь а», – бохург дагадеана, терго еш, къайлах ха а хIоттош, мардас шайна къастийнчу хIусамехь Iара Зезаг, цу шена бIаьрга ван ца везачу Iуспица цхьана тхевна кIел. Кху кертара ког арабаккха йиш йоцуш бIарзъелла хьийзара иза. Ткъа, Iуспий, цуьнан да ГIовдий, юьрта юккъехь шаьш нахера нуьцкъала яьккхина Зезаг ялорна дозалла а деш, шайн ницкъ маббу къайлах нах оьхуьйтуш, Гушмазукъин некъашца машар лоьхуш хьийзара. Амма, Солтамурдий, цуьнан йиш-вашассий, тхан нах набахтехь а болуш, и къамелаш дийр дац вай, аьлла, дIахадийнера уьш.

Сингаттамо бIарзйина, ша муьлхачу агIор яла еза ца хууш, якъа а елла, дIаяьллера Зезаг. Делахь а, къоначу йоьIан лаам хIинца а къар ца бинера. ХIинца ша хIуьу дича а, тохарлера деган цIаной, безаман йовхой везачунна хьалха шега юхаерзалур йоцийла хаьара цунна. ХIетте а, стогаллех ца юхуш, шен сих эхь хетарх ша ларъян гIоьртина схьайогIура иза.

И шийла Iожалла мерзачу хин кедал башха ца хеташ тIеэца кечъеллачу Зезага, стогаллица гена воцу Iуспа, къар а вина, шен лаамна кIел сацийнера. Зудчун майра-м аьттехьа а ца хилара цунах, мелхо а, дена хьалха и шен къайладахчахьана, муьлхха а Зезаган лаам кхочушбан кийча лай вара иза. Кхин стогалла йоцчу цо иза, къа хетта а, и хаза нускал ша бохучунна тIедерзаре догдохуш леладора.

Цуърриг а шен дех тера вацара Iуспа. Шуьйрачу белшашца лекха, онда дегI долу МахкатIера юьртда, ша бохург бен ца деш,

цу эвлахь массарна а тоьлла, майра стаг хетара. Ишттачу меттехь ГIовдас нехан дехаршка а, белхаршка а, гIийлачийн гIайгIане а лерган дуьхьиг дIа ца ухьура. Шен кIант а, шаьш а бIаьрга дан Зезагна ца дезийла хуъушехь ишта къизачу, шийлачу шен дагца кагдира цо цу йоьIан бехк боцу къона дахар а.

Тахана а, ша Ведана ваха новкъаволуш, чуьрчарна тIедожийра дас: «Масала, къонах а хилла, цо и зуда кху кертахь ца сацаяхь, со цуьнан да а вац, цунна сайн кIант ву ала бакъо а йитац ас. Иза дIахаийта Iуспига», – аьлла.

Арахь, кхоьлинчу стигла а хьоьжуш, шен гIийлачу ойланаша таIийна, кора хьалха хиъна Iара Зезаг. ХIинца а шен хазалла ца яйина цуьнан горга юьхь, жуьрг санна, макхъеллера, и тийна, эсала, боьмаша бIаьргаш кIоргга чуэгнера.

ЦIеххьана, стигла а къевкъина, стелахаьштиг тоьхча, кхера а елла, хьалаиккхина иза, бисмалла а доьшуш, цу кора хьалхара яхана дIо чоьхьа елира. Кест-кеста кхетачу стелахаьштиго чу серлонан сиз тоьхначул тIаьхьа, Iаржъелла чохь хIинца а серлаялаза яра. Меллаша дехьа чу а яхана, дIо баьрчехь лаьттачу гIанта тIе охьалахъелира Зезаг, шен тохарлерачу ойланашца. Цу ойланаша чIогIа ницкъ бина, я даго цхьа воних хьехарна, хорша еъча санна, ерриге а егайора иза. Дог Iийжара, бIаьргаш а доьлхучуьра ца совцура. Цхьана вонах едда дIалечкъича санна, Iара Зезаг цу маьIехь тийна.

Боларца а, хьажарца а хIинццалц санна воцуш, дихкинчуьра хецаделлачу жIаьлех тарвелла, веана чувелира Iуспа.

– Зезаг, – элира цо аз таьIна делахь а, цхьа вон гIоргIа, кхерам таса дагахь.

И кхерам тергалбина Iаш санна, цIеххьана хьала а иккхина, цуьнгара схьадогIучу вонна дуьхьало ян кечъелла, оьгIазе, майрачуьнга хьаьжира Зезаг.

– ТIаккха, схьаалал соьга хIинца, ас бохург а дина кIел саца ойла ю хьан, я и гома дукъарц санна, сонта суна дуьхьал а гIоьртина, йоIстаг хилла кху чуьра дIаяха дагахь ю хьо? Алал!.. Хьуо йоIстаг йоцу хийла хан юйла хаьий хьуна? –аз айдеччохь къамел хедира цуьнан.

– Сан дог цIена ду. Суна сайх эхь ца хетчахьана тоам бо ас, – элира Зезага, цуьнга дIа а ца хьожуш.

– М-хI, эхь?.. Хьанна оьшу моьтту хьуна хьуо цу хьайн эхьан цIанонца, – аьлла, тIекхевдина ша марайолла и гIоьртича, Зезага дIатеттина Iуспа маьнги тIе кIегар кхийтира.

Цунна тоха дагахь, корехь лаьтта тIаргIа къажбен йоккха ехк а эцна, хьалаиккхина Iуспа, кхин шегахьа и схьа а ца йирзина, везо охьалахвелира.

– Зезаг, – элира цо хIинца гIийло, – со хIунда ца веза хьуна?

– Хаац суна-м.

– Ткъа, хьанна хаа деза и?

Ехха йист ца хуьлуш а лаьттина:

– Цадезарг дагна тIедожалац, – элира Зезага, чуьра араяла дагахь, бIарзъелла а хьаьвзаш.

– Харц ма ле суна, боьха зуд! Моьтту хир ду хьуна, Солтамурдах а кхетта хьуо ехар ю. Цул хьалха кошан барз хIуттур бу хьуна тIехь, вир! – аьлла, юха а схьаэцна и ехк айира Iуспас цунна.

ТIулгал башха, ша лаьттачохь меттах ца хьайра Зезаг.

– Цу маьIехь якъийна хьо ара а кхоьссина, кху деношкахь, сурт санна, хаза нускал далор ду ас хьуна тIе.

– Ялаехьа хьайга ягIахь и паччахьан йоI а. Со йитахьа.

– ХIан-хIа, – элира Iуспас, цIеххьана гIад а вахана, – цкъа и Солтамурд набахте волла деза сан.

Iадийча санна, лаца а елла, ша хIун ала деза ца хууш йисира Зезаг. Цунна и чIогIа новкъадеанийла хиъна Iуспа:

– ХIинца хаьий хьуна и айхьа кхуьйсу цIингаш ас хIунда лов? ХIинца а ца хаахь, тIаьхьа хир ду хьуна, – аьлла, тIевахана, юха а ша марайолла и гIоьртича:

– Ма тохалахь сох куьг, дIавала! –боьхачу хIуманах къаьхкича санна, юха а йолуш, дIатеттира и Зезага. – Ма некъ а бу хьуна карийнарг, делан наьIалт хилла жIаьла. Эхь а ца хетий, цул тIаьхьа дIа а хIоьттина, со къонах ву ала.

– М-хI, некъ-м уггаре а нийсаниг карийнера суна. Ткъа, со къонах ву, вац бохург, – аьлла, и дош ша дIакхаьллича санна, сецира Iуспа.

Деган кIорггера дукха йилхина, гIел а елла, къурдаш деш са а дукъделла, хIинца а, хорша еъча санна, егайора Зезаг.

– ХIунда баллабо ахь хьайгахь и бала, со а хIунда хьийзаво ахь? Цхьажимма къинхетам болуш хила мегар дац, Зезаг, со-х хьо езаш лела, – аьлла, юха а цунна тIегIоьртира Iуспа.

– ХIун деза хьуна соьгара?

– Хьан безам.

– Сан безам?.. Хьуна? – эгIийча санна, хьаьжира иза цуьнга. – Суна де Iарждинчу, сан дахар бIарздинчу хьуна сан безам?.. Эхь а ца хетий, мотт муха керча хьан и ала? ДIахаалахь: суо бахьана долуш нахана зулам даларна кхоьруш бен, бехк а, гуьнахь а доцчу нехан цIий Iано цалаарна бен ас кху цIен тIехь цхьа буьйса ца йоккхийла.

– Сацийта и хьайн бат, ма хьийзаве со. Ас сайх жоп лац хьуна, – элира Iуспас, доьхначу озаца. – Хьо бахьана долуш карахь бер а долуш зуда араяьккхина ас. Ахь алахь, хIинца суо хьуна воьзуьйтург, тоьхна и сайн ваша а вуьйр ву ас. – Ша мича хьоьжу ца хууш, эгIийча санна, керчадора цо и бIаьргаш. – Схьаалал, тоьхна хIара шаьлта чекх-м оьккхуьйтур ю.

«Со я хIара хьерваьлла-кх», бохуш, ша мичахь ю ца хууш, цец а яьлла, эхь а, стогалла а яйначу цу стаге ладоьгIуш лаьттара Зезаг. Мел осал, ямарт велахь а цу шен безам боцчу майрачуьнца адамалла ду моьттуш хиллера и хIинццалц схьа. Ткъа тахана иза а, харт-аьлла дIахеди-кх.

– Зезаг, схьахьажал цкъа соьга, – элира юха а цхьа ирча и сийна ши бIаьрг а карчийна, айвеллачу Iуспас. – Хьо сан хила еза, цу Дала ша суна кхоьллина хьо.

– И иштта ца хилча, лахь, яла а кийча ю-кх со.

– Ахь бегаш бо, я баккъалла а дуьйцу? Со бегаш бан дог догIуш вац хьуна! – аьлла, шен боккха корта ластийра Iуспас. – Тоьар ду хIинццалц схьа ас диттина са! – вахана, экха санна, тIе а кхетта, хьарчийра цо Зезаг. Мел тохаелчи а кхин Зезаг цуьнан карара ца ялалуш, керчара и шиъ.

– Эхь ца хета хьуна, Iуспа, дIавала сан кочара! – мохь белира йоIе.

– Суна стенах хета дезара эхь, сан зуда яц хьо? – хьерваьлча санна, катоьхна легаш а Iаьвдина, цунна тIера бедарш этIо волавелира иза.

– Дала ша а, сан дас а хьуна хьарам ма йина со, дIавала! – аьлла, юха а мохь туьйхира Зезага. Амма, ен санна Iуспас схьалаьцна и дIа ца хоьцура. ЖоммагIа санначу Iуспин боккхачу мера тIе гулделлачу Iожачу цIоцкъамашна кIел, даьтта хьаькхча санна, лепачу бIаьргаш чу цIий хIоьттинера. ДаьIахк Iуьйшучу жIаьлочух цергаш а хьекхош, цо мерах еттачу йовхачу Iаьнаро садукъдинера Зезаган.

И шен шуьйра, йоккха чIениг цуьнан жимачу юьхьа тIе а таIийна, ницкъ ма-кхоччу цу шен тIедачу балдашца Зезаган бат лоьхучу Iуспица безаман Iаьциг дацара, хьайбаналлий бен. Цуьнан дукха чIогIа гIортарна сенъеллачу юьхьа тIера схьаэккха боллу ши бIаьрг шена гича, мел дехарх, къинхетам а хилла цуьнгара ша ер йоцийла хиира Зезагана. Ткъа, мел чIогIа тохаелча а, гIурчош санна, цо схьахьарчийнчу куьйгашна юкъара кхин меттах ца ялалуш, тIаьххьаре а ницкъ кхачийна, йисира иза… Юха а цIеххьана, кора кIел санна, герггахь стелахаьштиг а тухуш, стигал къевкъира.

ТIехьашхула шена букъ тIе цхьа еза хIума тоьхча санна, воьхна, кхеравеллачу Iуспийн куьйгаш, муха доьлху а ца хууш, дIасадахара…

Кхано, кхетамчу а еана, дIахьаьжча Зезагана, цхьа маьттаза вела а къежна, меттахь Iуьллуш шен цIена безам хьаьшна Iуспа гира.

Цхьана боьхачу хIумано къахкийча санна, хьалаиккхира Зезаг цу меттара. Ца йогIуш шена йина хало новкъа еана, елха ницкъ боцуш, къурдаша садукъдинера цуьнан. Ткъа, Iуспа, ша динчух тоам хилла, тохара санна, вела а къежаш, Зезаге хьаьжжинчохь Iуьллура.

Тентакьяьлла Зезаг едда яхана неIарх тасаелира. ДогIа а тухуш дIакъевлина неI, кхуо схьаозийча, меттах ца елира.

– ТIаккха? ГIортал. Схьа ца еллало хьоьга?.. – хаьттира Iуспас, цунах ца вешаш, маьттаза балда а саттийна.

НеІара хьалхара юха а яьлла Зезаг, цхьана минотехь корта охьа а бахийтина, хала ойланаш еш сецира. ТІаккха, меллаша дІа а йирзина, юккъера неІ тІе а чІагІош, дехьара, хьешан цІа чу яхара иза. Ткъа Іуспа Іуьллура, верриг мад а велла: «ХІинца сох яьлла цхьаннахьа а гІур яц иза… Йоьлху, йилхича хІун ду, – бохуш, ойланаш йора цо. – Зударшна иштта диллина ду иза, дуьххьара безаман чам хиъча, къона зуда йоьлхуш хуьлу».

Иштта ойланаш еш кІеззиг хан а ялийтина, цунна тІаьххье дехьа чу вахана Іуспа акъ а ваьлла сецира: цу лекхачу тховх тоьхначу чІагарх тесначу кхуьнан доьхкарх, легашка шерша шад а бина, ирхъоллаелла кхозура Зезаг. ТІегІоьртинчу шийлачу Іожалло кагйина цуьнан и хаза юьхь хІинца цхьанне а ца евзучу яьллера. И доьхка санна озаелла Зезаг, хІинца къаьсттина, тохарчул а еха хетара. Дахарх дІахаьдда, ангалеш санна, цуьнан кІайн бІаьргаш Іуспига, массо а къизачу нахе, харцлуьйчу дуьнене хьаьвссинчохь севццера. Тийначу махо лесто гІа санна, гІийла техкара иза цу дуткъачу бахтара тІехь.

Ша муха, хІун до ца хууш, катоьхна схьаяькхинчу шаьлтанца и бахтар а хадийна, охьаяькхира Іуспас Зезаг.

Са дІадаьллачу кепехь елахь а, хІинца а йовха яра Зезаг. Ведда вахана дехьачуьра зоки чохь шийла хи а деана, хІуп бохуш, багара и диттира цо шен зудчунна.

Делахь а, Зезаг кхетамчу ца йогІура. И денлур ю бохучух билггал хІара догдиллина ваьлча, цхьа тамашена дехха садаькхира Зезага. ТІаккха, цунна хьалха гора а хІоьттина, шен ма-хуьллу и денъян дагахь хьаьвзира Іуспа.

Юха а схьаэцна Іуспас шийла хи а тоьхна, даг тІе куьг хьакхча меттаеанчу Зезага:

– ХІара хІун ду, со мичахь ю? – хаьттира, халла хезаш.

– Хьо могуш яц, Іадда Іиллалахь, – элира цуьнга, хьала а айвелла, ша дІачІагІийнчу неІаре хьаьжначу майрачо.

– ХІара хІун ду, со мичахь ю? – хаьттира, халла айбича, корта а хьаьвзина, юха охьаюьйжира иза.

ТІаккха, меллаша хьала а айбина, яьхьна дІо кора кІел лаьттачу маьнги тІе йиллира иза Іуспас.

Кхузахь а, шен боцчу ницкъаца дІасатохаелла Зезаг, махо айдина гІа санна, юха а тІееанчу хоршано хьовзийра.

Схьаэцна цхьа-ши юргІа тІе а тесна, ша майрачо дІайижийча:

– Солтамурд, ва Солтамурд!.. Ларлолахь! – аьлла, мохь белира Зезаган.

– ГІовгІа ма е! Кхин и цІе ахь яккхахь ас са доккхур ду хьан.

Зезагана и ца хезара.

– Солтамурд… Сан хьоме….

Цуьнан коьртах тоха Іуспас мийра айбича, арахь цхьа вон жІаьла летира. Воьхна, цу жІаьле ладугІуш а лаьттина:

– ДІадала, йовссар! Мила ву хьо? – бохуш, луьйчу шен ненан аз хезча, пурстоьпа шега елла берданка а эцна, уча ваьлла, дІо Іаьржачу маьІе вахна дІатеббачохь сецира Іуспа.

И гІовгІа хезна, цхьа ирча гІан гучуьра самаяьлча санна, хьала а айелла, кІегархиъна Зезаг: – «Ва Дела, кху чуьра хІинца къайла муха ер яра техьа?» – аьллачохь йисира.

Зезагана мичара хаара, кху халчу дахарехь адам хила атта доцийла.

12

Зеламха, шен вешица цхьаьна, сарахь бен цІа ца кхечира. Хьовзош серах бина хІоз лохачу утарми тІера хьала а баькхкхина, дІадиллира Зеламхас шен ден кетІара зІар. Кела чоьхьа ваьллачу цунна ца гира, даима а ша Іийначохь, ргІу хьалха Іаш шен деда БІахо. Цу балхо вохийна, жимма сецира иза.

Тишалла гам а елла лаьттачу лохачу уче хьалха боллура цхьа боккха суьлийн кхор. Замано ца кхоийнера иза а. Дика дагадогІура Зеламхина, жима волуш ша цу тІера мерза кхораш диъна. ХІинца къанбелла и кхор, цхьаьнга арз деш айдина деха куьйгаш санна, шен дерзина, Іаьржа генаш а айдина лаьттара. Учи хьалхашхула тесначу тІерга тІехь юргІанаш а къорза истанг а кхозура. Зеламхина цу сохьта бевзира и Бицин гІирс.

ХІинцца кхузахь бен ца хаийтира Зеламхане цуьнан деда БІахо кхалхаран гІуллакх.

– Маца хилла и? – хаьттира Зеламхас.

– Веданара Соьлжа-ГІаларчу набахте дига шу новкъа даьхначу дийнахь, – шега аьлча, Черновс шаьш цига дахийтарна и велча санна, кхин а чІогІа бІарзвеллера Зеламха. Цул совнаха: – «Лаьцна хьо Ведана-гІопера араваькккхичхьана шен чохь Іен ца юьтуш, пурстоьпа Бици а хьийзийра хьан», – аьлла, кхин тІе а хІара карзахваккха санна, шайн хуьлу эладита дира наха.

Цу балхо кхоччуш таро йохийна, ша муьлхачу агІор ваьлла, хІун дан деза ца хууш, Илецкийн каторгехь Іелий, набахтехь Іисий кхалхарна хІоьттинчу тезетахь Іара Зеламха, пурстоьпера хабар а дохьуш, веана и цхьа бІаьрг баьлла месала куйберг кхуьнан кетІахь сецча.

– Динарг а, кхузара нохчийн хІуманаш шена дика цадовзарна, МахкатІерачу юьртдас галваькккхина дина ша. Ткъа, хІинца дуьйна дІа, хьуна диканиг бен ца лохуш, хьоьца доттагІалла а деза шена, аьлла, Черновс ваийтина со, – элира цуьнга БІаьргбаьллачо, хьалха цкъа салам-маршалла хаьттина, кадам а бина.

– Динарг а тоьур ду суна. Кхин тІе дан дисина хІумма а дац, боху, ала ас пурстоьпе, – аьлла, кхин цуьнгахьа дІа ца воьрзуш, чувигинчу БІаьргбаьллачунна, баьрчехьа а даькккхина, кхо ког болу гІант хІоттийра Зеламхас.

– Дера, хаац суна-м, Зеламха, и Чернов сан хІумма а вац…

– Иза а суна дика хаьа, – шен хьешан дош кагдира Зеламхас, БІаьргбаьллачун пурстоьпаца долу гІуллакхаш дика девзаш ша хиларна.

ХІинца ша хІун ала деза ца хууш: – «Черновс соь дина къамел хиьна техьа кхунна?» – ойланаш еш, кІеззиг тийна Іийра БІаьргбаьлларг.

– ТІаккха, могуш-пагІат дуй шу? – юха а къамел долийра Зеламхас.

– Могуш ду тхо-м. Шу лелий, Зеламха, могуш?

– Диснарш ишгта дІаІаш-м ду тхо, – элира кхуьнан къамеле ладогІа дог ца догІучу Зеламхас. Ишгта а веанчун воьхна хилар гучу Зеламхас, сихвелла цо, кхин схьа а ца боккхуш, шен месала куй коьртахь дІасатеттар тергал а ца дора.

– Халахетарш цхьацца бахьанашца тІедогІу-кх.

– Тхуна-м шорта лаьтта хІорш.

– Делан къинхетам боккха бу, Зеламха, цо динчунна реза хила веза.

– Далла хастам бу, реза ву со-м. Ца хилча а дац дан хІума.

ХІинца а, вовшашка ала хІума ца карош, тийна хІара шиъ Іаш, чуеана Бици, хьеше маршалла-доьналла а хаьттина, юха а дехьачу яхара.

– Кхузахь цІе а, кІур а боцчу оьрсичо динарг-м, цхьанахьашхула ваьлла и дІа а вахана, массарна а дицлур дара, Зеламха, – элира, юха а къамел долош, БІаьргбаьллачо. – Хьан тІаьхьенна тІехтоха дуьсу дерг МахкатІерачу ГІовдин некъаша динарг ду хьуна.

– Иза а нохчийн сонталла ю, – жоп делира Зеламхас. – Муьлхачо дичи а, зулам зулам ма ду. Башха а вац цу тІехь – нохчо а, жуьгти а. Масала, и арахьарчуьнгара даьлча, сихахо а декха деза.

– Иза а харц ма дац хьан, – элира БІаьргбаьллачо, аравала дагахь ша Іачуьра хьала а гІоттуш. – Со-м дукхахдолчунна, хьо цІа веана аьлла хезна, хазахетта схьанехьа ваьллера.

– Баркалла хуьлда хьуна.

– Дала ша кхин тІедогІучу вонах ларвойла хьо. Къа-балех а волийла.

– Дела реза хуьлда.

– ХІа, Іодика йойла шун.

– Собардехьа жимма, сискалх а кхетта гІур ву хьо.

– ХІан-хІа, баркалла, со йиъна ву.

– Ой, цхьажимма ахь собар динехьара, со яла ма йоллура, – элира дехьачуьра схьагучуяьллачу Бицис. – Ма бакъахьа дац, сискалх ца кхеташ, хьо вахча.

– ХІан-хІа, гІоза йоийла. Кхин Іен таро яц сан, – аьлла, и хьаша дІавахча:

– Кест-кеста цу пурстоьпан хІусаме воьдуш гина-кх суна и стаг, – элира Бицис, лерина шен майрачуьнга а хьаьжна.

Зеламхас хІумма а ца элира. «…ЦІе а, кІур а боцчу оьрсичо динарг-м, цхьанахьашхула и дІа а вахана, дицлур дара… ТІаь-

хьенна тІехтоха дуьсудерг ГІовдин некъаша динарг… – бохуш, ойланаш йора ша висинчу Зеламхас. – Ткъа, эхь стенга дахьа деза? – Корта айбира цо. – Иза а, вуьш санна, кху заманан цхьа моттаргІанаш ю-кх», – аьлла, сацийна, кхайкхина схьавалийна шен ваша Солтамурд а эцна, буьйса юккъе яханчул тІаьхьа, говрахь новкъавелира Зеламха.

* * *

Боккхачу некъана нацкъаро ваьлла, цхьана ламанан басахь, хьуьна йистте вахана сецира Зеламха шен вешица. Зеламха ша йоккха латийнчу цІера хьалха хиъна Іара, Солтамурд цунна тІехьа цхьана лекхачу ножах а тевжина лаьттара.

Цхьаммо тІаьхьа а ваьлла, сихха схьалахьош санна, сетташ, довш деха цІога а долуш кхеттачу стелахаьштиго Іаьржачу стиглахь даькккхина сирла сиз а, дІо генахь, цхьанахьашхула чу а кхетта, дІадайра. Геннахь десачу чермех цхьа хІума тоьхча санна, юха а къевкъира стигал.

Шач санна, юькъа лаьтта и лекха хьун а, цхьана хІумано кхерийча санна, сеттина цу шен Іаьржачу бохьаца адамашна тІелестира. Кхузахь, цу нана-пІелгех тера даккхий тІадамаш а тухуш, доладелла догІа а дІо генахула даьлла дахара…

ТаьІано-цІестачу басахь цІаро серлаяькккхинчу Зеламхин юьхьа тІехь, цхьа вон хІума дан дагадеанчу стеган, синтем байна, аьрха ойла лаьттара.

Схьакъедира маьлхан хьалхара зІаьнарш! Іаьржачу хьуьнан тІехьара хьалаайелла йогІура керлачу Іуьйренан цІен-можа серло.

Шена тІехьара схьаэцна, якъаелла жІолмаш тесира Зеламхас гІелъеллачу цІерга. ЦІергахь лелхачу бІаьллинга-дечигаша самадаькккхира цу Іуьйренан тамашена тийна латтар.

– Со-суо вер ву цунна дуьхьал. Хьо кхузахь ІадІелахь, – элира Солтамурда Зеламхе, айвелла дІо дІанехьа новкъа а хьаьжна.

ГІаж Іоьттина цІе а тайина, меллаша дІавирзина, веха шен вешига хьаьжначу Зеламхас:

– ХІан-хІа, и гІуллакх дерриге а ас-айса дийр ду, – элира, кхин дуьхьало ян таро йоцчу озаца. – Юха а жимма вист ца хуьлуш а

Іийна: – Схьахетарехь, и ша вогІур ву, тІаккха хаза ма дац вайшиъ цунна дуьхьал гІоьртича. Ткъа, масала, уьш пхиъ-ялх хилахь, тІаккха а со-суо ларор ву цаьрца. Хьо валлане а гучувала мегар дац. – Юха а цІе тоеш, жимма собар а дина: – МахкатІерачу юьртдега кхана нахана юкъахь кура хабарш ца дийцийта, сан теш хьо хилчхьана тоьур ду суна, – тІетуьйхира Зеламхас, хаъал вела а къежаш.

– Ткъа, масала, цара хьо…

– Цара суна хІумма а дийр дац, – аьлла, юха а вешин дош сацийра цо. – Ас хьайга бохург дел ахь, дохковер вац хьо.

Цу къамелана дика реза воцуш, шен къона горга корта охьа а бахийтина, дІатийра Солтамурд.

– Хала ма хета, Солтамурд, хьуна хаа деза, – элира цуьнга хІинца кІедо Зеламхас, – вайн массеран а обарг довла йиш йоций.

Инзаре хаза, бес-бесарчу эшаршца, бІаьсте къобалъеш хьуьнхахь декачу олхазаршка ладоьгІуш а лаьттина:

– Ткъа и муха хуьлу, – аьлла, хІинцца набарх ваьлча санна, цецвелира Солтамурд. – Ваьшна бина тешнабехк бекхарх вай хІунда довлу обарг?

– Хьуна ца моттахь а, иштта хила тарлуш ду и, сан ваша, – жоп делира Зеламхас, доккха са а доккхуш. – И юьртда-м, Солтамурд, паччахьа ша хІоттийна стаг вай. – И шен дош чІагІдан санна, цІерга хьоьжучуьра шен корта хьала а айбина, леррина вешига хьаьжира Зеламха. – Паччахьца къийса атта дац.

Баргол тоьхна дІахецна бежаш болу Зеламхин Іаьржа дин, иро доьгІначу шен шина лергаца, лаккха корта а айбина, дІо гена дІахьаьжжинчохь сецира. Цуьнга хьаьжначу Зеламхина, вуно генара схьадогІуш, говрашкахь ши гІаларт гира.

– Вало, и вайн говраш а эций, хьуо гун воцчу нацкъарвала, – аьлла, шен ваша дІа а хьажийна, юххехь Іуьллу топ а эцна, дІо лахашхула Ведана-гІопе боьдучу новкъавелира Зеламха ша.

Говрашкахь вогІу шиъ герга кхаьчча, цу шен доккхачу дегІаца сирачу динан букъ а саттийна Іен ГІовда вевзира Зеламхина.

– Салам-Іалайкум, – аьлла шега делла маршалла, байн корта таІош, дІа а эцна, тІехвала дагахь воьду юьртда. – ЦхьакІеззиг собар делахь, ГІовда, суна бехк а ца буьллуш, хьоьца гІуллакх долуш веана со кхуза, – аьлла, сацийра Зеламхас.

Ве а шеквоцуш, шен сирачу динан урх а оьзна, куро вухахьаьжинчу ГІовдина хІинцца вевзира Зеламха. Делахь а, кхин ца вухуш:

– ЛадугІуш ву со, схьадийцал хьайн гІуллакх, – элира юьртдас. Цунна тІехьара схьа цецваьлла Зеламхе хьаьжинчохь висира юьртден писарь а.

Вист ца хуьлуш жимма хан я ялийтина:

– Динара а воьссина, хьайгара герз охьадилла деза ахь, ГІовда, – элира Зеламхас, шен шаьлтан макъара тІе диллина куьг меттах ца доккхуш.

– Ой, и бохург хІун ду? – цецваьлла корта айбира ГІовдас.

Зеламхина цу йоккхачу юьхьа тІе ластийна шед а тоьхна, хаьххкина дІаваха дагахь говрара ГІовда шена тІегІоьртича:

– ХІан-хІа, и хир дац хьуна хІинца, – аьлла, шен вертан тІам дІа а тесна, хьалаайбинчу тоьпан юьхьиг юьртден марш тІе ерзийра майрачу харачохо.

Сел чІогІа ца вешаш Зеламхас и шега аларна тІееанчу мохано кхохкош, кагйина ГІовдин и екъано-ира юьхь хІинца цхьанне а евзар яцара. Юха цІеххьана верриг макхвелла, ца ваьлла, гома вела а къежаш, урх дІа а тесна, шен динара охьавоьссира МахкатІера юьртда.

– Юкъ мукъана ма ястийта соьга, Зеламха, кхана дохковер ву хьо кху балхана, – элира ГІовдас, шен тохарлерчу кураллех цхьа зирх ца биснехь а, деши доккхуш кхелинчу шаьлтан макъара тІе куьг а диллина.

– Дохко со ваккхал хІума ца дитина аш суна, ГІовда. Сихо е ахь, хІинца и тоьлар ду хьуна, – аьлла, вухахьаьжинчу Зеламхина, тоха дагахь, шен букъ тІе тапча а хьажийна лаьтта юьртден писарь гира. Кхин вист а ца хуьлуш, оьгІазе писаре бІаьрг а тоьхна, ГІовдигахьа вирзинчу Зеламхас:

– Ишттачу жІалех жоп а и ца сацийначу дас ло хьуна, ГІовда, – элира, цу шинна юккъера нацкъаро а таьІаш.

Харачочун хьажаро вохийна, я шена хьаштдоцу нехан чІир тІелаца ца хІоьттина, меллаша охьа а яхийтина, шен буйнара йолхазйолу тапча дІо, юьртдас охьадехкинчу герзаш тІе, кхоьссира писара а.

ТІаккха вухахьаьжначу Зеламхас:

– Стешхачу жІаьло туху ка санна, ишттa и тІехьашхула тоха хІокху хьайн дех Іемина хир ду хьуна, – элира писаре. – Эхь ца хетий, ишттанаг динчул тІаьхьа шаьш къонахий ду баха.

«Собарде ахь, тахана я кхана со Ведана-гІопе кхаьчначул тІаьхьа, ас хоуьйтур ду хьуна жІаьла мичахь ду-м», –боху ш, ойланаш еш, воьхна лаьттачу МахкатІерачу юьртдега а хьаьжна:

– ГІовда, бехк ма биллалахь суна, тхан нускал аш цІа даийтичхьана, ас духадерзор ду хьуна хІара цІет, – аьлла, цу шиннан дой а, герзаш а эцна, лам тІе хьалавелира Зеламха шен вешица.

Ишта зулам а доьжна, яьккхира шен хьалхара гІулч Гушмазукъин кІанта цу халачу обарган новкъахь.

13

Тем байна Хулахуло, тохара санна, догІура хІинца а, шен буьрса и шийла тулгІеш а йовдийна. Генара хьаьжначунна дуьненан хІуманийн башхалла ца лоьхуш догІуш хетахь а и шен шуьйра тІамарш а айбина догІура хІара дІо генахь малх кхетта лаьттачу сирлачу аренгахьа, массо къинойн дуьне цІандан санна, детталуш, шен бердаш охкуш, херцош. Ткъа, ма-дарра дийцича, вуьшта а готта харачойн ардаш кхин а гатдеш доьдура иза…

Тахханалц схьа, кху хица къовсавелла техьа хІара, аьлла хеталуш, ишттачу гІовгІанца лелара МахкатІера юьртда ГІовда. Шен ницкъ ма-кхоччу къечу адамашна гІело еш, цаьргахь сингаттам латтош, ишта а ахархошна кІезиг кхаьчна и латта къийдинера цо нахана. ГІовда а гІертара шена марзъеллачу серлонга – хьаькамийн ІиндагІе, церан йовхоне. Амма, тахана-м вогІура иза, кху Хулахулон гІовгІанах кхоьруш, новкъа вогІу стаг а ма кхетахьара-кх дуьхьал аьлча санна, озавелла, тийна. Ткъа, Хулахуло,

кхуьнан дог датIо санна, тахана къаьсттина гIовгIа еш, шен тулгIеш а ловзош доьдура.

Иштта некъана нацкъарваьлла, цу Хулахулона дуьхьалъоьхуш, шен писарца веана пурстоп Чернов волчу кхаьчначу ГIовдас, Гушмазукъин Зеламха коьртехь а волуш духьалбевллачу обаргаша дин а, герз а дIадаькхи шегара, аьлла, хорша еъча санна вега а веш, арз дира.

– Э-й, эхь ца хета хьуна? Хьо-х массарна а хьайн стогалла хестош лелара. И пачхьалкхан герз мукъане а хIунда дахийтина ахь цу къуьн буйна? – мохь хьоькхура Черновс.

Пурстоьпо ечу гIовгIанал а чIогIа МахкатIерачу нахана хьалха шена тIедеанчу эхьах кхеравелла ГIовда, вист а ца хуьлуш, воьхна Iара. «ХIара хабар махках чекхдалале, Зеламханера динний, герззий юха муха дерзор дара техьа?» – ойланаш йора гIаддайна висинчу ГIовдас.

ТIехула дIадуьйцучу хабарца ГIовдина хилларг шена халахета алийта гIертахь а, дагахь: «вовшийн карах делла, сийначу стигала довлахьара шу», – бохура пурстоьпа:

– Ткъа, масса вара мукъана а алахьа уьш? – хаьттира ГIовдига.

– Итт. Итт стаг вара хьуна уьш, сийлахь пурстоп, массаьргахь тоьпаш, тапчанаш йолуш, – аьлла, жоп далан сихвелира, ша дийца дезарг хьалххе дуьйна а Iамийна писарь. Ткъа, юьртда ша цецваьлла Черновга а хьаьжна Iара, писара бохург дерриге а бакъ ду ала гIоьртича санна, пурстоьпа шех кинхетам баре сатесна.

Пурстоьпана, гIенахчул башха, дагахь дацара кхунах къинхетам бан беза бохург. Мелхо а, шех тIех чIогIа тоам бинчу цуьнан аьртачу бетан юьхьига тIехь лаьттара: – «Массара а вовшийн жижигаш даахьара аш. Суна хIун зе хир дара цунах? Айса болх бо а моттуьйтуш, кху гIовгIанна юккъера сайна алсамо саяккха еза ас».

– Оццул уьш дукха хиллехь-м дан хIума дац, – элира пурстоьпа, и бакъ хетта, цIеххьана шен аз а лагIдеш. – Делахь хIета, ма-дарра ас округан начальнике дIадуьйцур ду хIара. Амма, мухха

ас дийцича а, хьуна гIоли йолуш хIара дерзахь тамаш бу-кх, ГIовда.

– Кхин хIун вон даийта воллу хьо суна тIе? – хаттар деш, цецвелира юьртда.

– Хаац, дера, суна-м, – цуьнга ша духа хоттучуха, белш саттийра Черновс.

– Алахьа. ГIо дехьа сан, – бохуш, хьалагIеттина, когара кога тIе хийца а луш, лаьттара юьртда.

– Кхин а вониг хила тарло хьуна, ГIовда, масала, и полковник хьаьстина болх вайшиммо ца бахь, – шен стоьла тIехь лаьттачу дечиган чан кIорнина тIехула меллаша куьг хьаькхира цо. Шена а, полковникана а кхаъ бала безийла хоуьйтучу билгалонна. – Ахь обаргана герз дIадаларна, балхара дIа а воккхуш, хьо цо суьде вала тарло. Иза а цуьнан карахь ду, – аьлла, цхьана маьIница бIаьрг таIийра Черновс.

– Сийлахь пурстоп, хаза къамел дехьа цуьнга. Ткъа, декхар ас вайна тIехь дуьтур дац хьуна, – хьаставелира ГIовда.

– Мегар ду, мегар ду, – аьлла, жоп а луш, юьртдега куьг кховдийра Черновс, кхаьрца долу къамел шен кху сохьта чекхдаьллийла хоуьйтуш. – ХIара гIуллакх дIа муьлххачу кепахь дерзахь а, цу Зеламха бохучу йовсарна тIаьхьавала веза хьо, ГIовда. Хьан-х доккха тайпа ду, Iедал а хьоьгахьа ду, – аьлла, хIара сихха тIеравалахьара-кх шена бохург дагахь, юха а куьг ластийра пурстоьпа МахкатIерачу юьртдега.

Ведана-гIопера юхавирзинчу шоллагIчу дийнахь, Зеламхина шена новкъахь хIоттийна ирча кеп, наха юьйцуш, МахкатIехула а, цунна гондахьарчу ярташкахула а чекхъяьллийла хиъначу ГIовдас шен тайпанан баккхийчу нехан кхел гулйира.

Iаьржачу атлазан юткъа гIовтал а юьйхина, иштта Iаьржачу холхазан куй бIаьштига тIе а оьзна шуьйрачу паднара тIе тесначу къорзачу куза тIехь, оьгIазе хиъна Iара ГIовда. Цуьнан шен кIентий а, вежарийн бераш а тIехIиттина неIарехь лаьттара. Тахана кхарна массарна а дакъа кхаьчначу бохамна уггар бехке Iуспа

вацара царна юккъехь. Схьахетарехь, дена гучувала там ца хетта, къайлаваьлла таро яра иза.

– Сан вежарий, сан бераш, – элира ГІовдас къоро, гІоргІачу озаца, – Гушмазукъин Зеламхас доккха эхь дина вайна… Цунах цхьа бакъахьара агІо лоьхуш, хІинццалц схьа шуьга и ца олуш Іийнера со. Амма, шух къайладаккха таро йолуш хІума дац иза.

– ДІадийца ахь, ГІовда, ма-дарра дІадийца ахь, кегийчарна и хаарх зе дац хьуна – элира, дІо баьрчерчу кІайн маж йолчу воккхачу стага.

– Кхарна и хиъча, бакъахьа хета суна, Товмирза, – олуш, кхин а чІогІа шен корта охьабахийтира юьртдас.

– Вуно бакъахьа хир ду.

– Иштта меттиг иккхича, вайн дай цкъа а сиха ца хилла, амма биц а ца белла, – элира ГІовдас, кІеззиг корта хьалаайбина, хаттаре гондахьарчаьрга а хьожуш.

Иккхинарг дан а дара, хийла чохле гІуллакхаш Іадатехь цхьалхадаьхначу кху баккхийчу нахе а къасталур дуй техьа, аьлла, хала гІуллакх.

– Іедале хаийтича, муха хир дара техьа хІара? Пурстоьпа гІо дийр дацара техьа вайна? – аьлла, чуьра тер а дохош, вистхилира кегийчарех цхьаъ.

– И хІун хабар ду? Иштташ цкъа а ца къастийна вайн дайша пурстоьпан гІоьнца, – элира оьгІазваханчу воккхачу стага. – Иштташ, сан кІант, шаьлтанца къастадо, шаьлтанца!

Юха а дІатийра чохь берш. И шен морса маж некха уьн тІе а гІортийна, ша Черновца дина къамел кхарна дІахаарна кхеравелла ГІовда а, тохара санна, тийна Іара.

– Иштта гІуллакх шаьлтанца къастош хилар-м нийса ду, Товмирза, – элира вукху воккхачу стага. – Амма, Гушмазукъин бераш и чІир вайца а нисйина совцур дац. Уьш суна дика бевза…

– ТІаккха? – цуьнан дош кагдира Товмирзас.

– ТІаккха, церан мостагІий алсам мел хили а, вайна атта хир ду-кх.

– Эхь кху сохьта, сан вежарий, вайна дина, – элира цІеххьана юкъаиккхинчу юьртдас. – Церан нахаца дерг а я тІехиндерг а хаа лаац суна.

– ТІехиндолчун ойла яр новкъа догІур дац хьуна, ГІовда, – элира, оццу, кІайн, еха маж йолчу воккхачу стага. – Со а кхета, кху сохьта эхь вайна дина хиларх. Делахь а, тахана я кхана уьш харачойн юьртден коча гІур бу, иштта, Черновх а тасалур бу уьш. Суна дика вевза Гушмазукъа: цхьа дов ца лелийча, сагатло цуьнан. Цундела, бакъахьа хир дацара церан мостагІий алсам а бохуш, вай ваьшна гІоле ерг лехча? – хаьттира воккхачу стага.

– Цуьнан ойла йича бакъахьа хир ду, моьтту суна а, ГІовда, – элира Товмирзас.

– ХІун ойла, стенан ойла е ас, ва Товмирза? – кхин эвхьаза ца волуш, хала сатоьхна, хаттар дира юьртдас. – Вайн, ГІобан некъийн, сий а къевсина, хьан хІоттор бу моьтту хьуна шен корта нехан шаьлтан кІел?

– Со-м и ала ца гІертий, ва ГІовда. Цхьаммо а хІоттор бац шен корта нахана хьалхара шаьлтан кІел…

– Ткъа, хІун де вай? – ХІун гІо ду вай лоьхург? – хала къурдаш а деш, сиха садеІара юьртдас.

– Иштта ма ала, ГІовда. Вайн дайша лелийна девнаш а ду хІинца а дІадерзаза. Ткъа, цу юккъехула дахана вай харачойн кочалилхича?.. – КІеззиг ойла а йина. – Хаац, шуна дика хаа там бу, амма, соьга хаьттича-м хьекъалехь дац и, – корта ластийра воккхачу стага.

Кху чохь кхеле хевшинарш шен лаамана тІе ца боьрзийла хиъначу ГІовдас:

– Хьо ву-кх вайн, массарел воккханиг. Схьаалал, хІун де вай? – хаьттира, ша цу баккхийчу нахана резацахилар лечкъа ца деш. – Баркалла ала деза-м ца бах ахь соьга цу Гушмазукъин некъашна?

– Ой, иштта хІунда дуьйцу ахь, ГІовда, вай хІунда олу царна баркалла? И ма ца боху ас. Со ала гІертарг кхин ду. – Хаттар дан дагахь волчуха, шена юххехь Іачу кІайн еха мажйолчуьнга хьажира Товмирза. – Муьлхха гІуллакх а, стага шена лиъча, бохам боцуш, маслаІате дерзадо ала гІертий со-м.

– Схьадийцал, ткъа, хІун маслаІат де вай цаьрца? – аьлла, са ца туьйш, карзахвелира юьртда.

Чохь берш, тIедан дезачу цхьана вочу хIумане ладоьгIча санна, дIатийра. Товмирза а, ишттa ойла йина, шен дагахь дерг дIа муха эр ду ца хууш, Iара.

– Цара вайн дин, герз схьаделча, вай церан нускал дIа а луш, дIадерзийча бакъахьа дацара хIара? – чохь тийна латтар дохош, вуха а вистхилира Товмирза.

– Муха? Нускал дIало-о?.. – Цецвелира ГIовда. – Эхь дац ткъа ишттаниг дагадар?

– Цаьрца чIир нисъян а гIоьртина, вайна тIедан тарлуш дерг цул а оьшуш хир ду хьуна, ГIовда, – элира Товмирзас, шен гоьли тIе тIара а тухуш.

– И дара хIинца сан цIен тIе данза диснарг. И ма эхь ду, – аьлла, чов хилла экха санна, хьала а иккхина, чухула дIасаволавеллачу ГIовдас: – ХIан-хIа, и ца деш-м ас шийтта чIир а тIеоьцур ю, – чIагIдеш, шен ворхIе а дех дуй биира.

– Иза а хьайна дика хуур ду хьуна, ГIовда, – элира Товмирзас, кхин сих ца луш. – Амма, ишттачу меттехь, собарца ойла ярх зене дер дац хьуна.

Чохь кхин цхьа а вистхирг а ца хилла:

– Ойла а йича новкъа ма дац, – элира еха кIайн маж йолчу воккхачу стага. – Делахь а, Iадатехь диллинарг цхьаммо а дохор дац я дохийна меттиг а бац. Тахана я кхана шаьш вайна дина эхь цIийца такха деза Гушмазукъин некъаша.

– Цунна со реза ву, нийса бах, – еха маж йолчунна тIетайра ГIовда.

Мел деха дийцича а, кхин барт ца хуьлуш, массарна а товш дерг кара а ца дина, буьйсанна хан яьллачу хена кхеле хевшинарш дIасабаха кечлуш, чувеанчу цхьаммо:

– Делкъехь чуьра араяьлла Зезаг цхьана а меттехь карош яц, – элира.

Суьйранна дIабуза цIийбелла малх, дIо лекхачу ломан дукъа тIехьа а керчина, сийначу духаршца кечъелла лаьтта исбаьхьа

хьаннаш Iаьржачу буьйсано къайлаехира. Цу ломан ирхара охьабогIучу новкъа Харачой-эвла чу вогIура цхьа къона бере, юххе лаьцна кхин цхьа расха дин а болуш. Иза шен ваша Солтмурд, цхьана стагах кхета МахкатIе а хьажийна, цIа вогIу Зеламха вара.

Мархашна тIехьара гучу а баьлла, датон бутт схьакхетча, сийначу хIорда бухара хьалаайбелча санна, баьццаро-Iаьржа гуш дIахIоьттира Харачойн лекха лам.

Архаш юхатоьхна шен дой а совцийна, ша-шега луьйш санна, тийначу озаца:

– Со вина, сан хьоме Даймохк, – аьлла, и лам шена тховса дуьххьара гинчуха, цецваьлла динара охьа а воьссина, сецира Зеламха. – Ма дика ду-кха, хьо цIена хIаваъ Дала массарна а цхьабосса кхоьллина… Къениг а, вехашверг а башха воцуш, массарна а цхьабосса… ХIан-хIа, – элира цо, жимма ойла а йина, хезаш, – хIан-хIа!.. Ши босса делла. Уьш кху арахь токхбевлла лела, ткъа со?.. Со къу санна, тебаш боданехьа гIерта, кхоьллина…

ДIакхевдина схьадаьккхина цхьа хаза хьийкъинчу муьстарган сийна гIа Iаьвшира Зеламхас, сов мерза цунах чам а бокхуш.

Цхьа дош а совнаха ца олуш, тийна, амма, цхьа зил а вуха ца волуш лоьхура Гушмазукъин воIа шен чIиранна догIу хьакъ. Ишта а и деган стогалла, хабар а ца дуьйцуш, шениг кхочушдан хаар берахь дуьйна схьадогIура Зеламхица. Уьш дерриге а схьаэцна цо, берзан майраллица, къизачу Шемалан мурдин харцонашна дуьхьал а латтавеллачу шен дедегара БIахогара. Дуьненан халачу дахаран массо а гIиллакхаш, цуьнан къайленаш Iамайора БIахос шен хьомечу кIентакIантана. Латта муха лело деза а, хьайба цамгилех хIун дина Iалашдан деза а, экхан лорах муха ваха веза а, олхазарийн эшарех кхеташ ладогIа гIортар мел пайдехь ду а, массарал хьалха пхи ламаззий, мархий мел чIогIа лара деза бохурш, шен хьомечу дадас Iамийнера Зеламхина. Шен хенахь уьш дерриге а, лерина ладугIуш, тIеийцира Зеламхас. Хьанна хаьа, тахана ша висча, кху арахь каро а мега цунна уьш.

Шен дой, ледара хиндоцчу меттахь, хьун чохь а дитина, эвла чу волавелира Зеламха. «Сихонца цIа вирзина и Чернов боху боьха йовсар схьа а карийна, цуьнца дерг цхьалха ца даккхахь, стешха пхьагал санна, ведда кIелхьарвала а эхь дац цунна», – ойланаш а еш, вогIура Зеламха. Ткъа, Чернов шен ма-хуьллу чIогIа Веданара вада кечлуш ву бохург, керла йиллинчу Ведан округан начальникаца къамел динчуьнгара хиънера кхунна.

Веана шайн керта кхаьчначу Гушмазукъин воIана цхьана а садолчу хIуманан дахаран билгало ца хааелира. Тахана дуьх-хьара тидам хилира цуьнан кху кертахь ца екачу котамийн а, ца Iаьхачу бежнийн а, ца летачу жIаьлин а, кертахь боцчу элан холин а, цхьа ша-тайпана ахархочун дахаран хьожа кхеташ йоцчу дохнакертан а.

Мичхьара дели ца хууш деана, хIара вевзина, гIийло цIевзина, кхунна хьалха цIога а ластош, хьастаделира доккха къорза жIаьла.

Хьалхарчу цIа чу ваьллачу Зеламхас киснара схьа а яьккхина, сирнакца, тIехь шиша а доцуш, юккъерчу корехь лаьтта лампа латийра. Кху чохь долу массо а хIума, чухула хьердевлла жIаьлеш хьийзича санна, даржийна, дIаса а кхоьссина Iуьллура. Чуьра а, гондахьарчу а йиш-вешех, кху тIаьхьарчу шерашкахь, халачу балхо гIелдина стерчий санна, вортанаш а таIийна лелачех цхьа дегI гучу ца делира.

ХIокху белхан ойла еш лаьттачу Зеламхина, шена тIехьара неI а йиллина чувеанчо, ца девзачу озаца:

– Суьйре дика йойла хьан! – олуш хезира.

– Диканца вогIийла хьо, аьлла, дIавирзинчу кхунна шена хьалха лаьтташ тохарлера БIаьргбаьлларг гира, гIуркх санна веха, цу шен аьтту куьйган нана-пIелг юкъахдихкинчу доьхкарх тесна, кху хIусамдега схьа хаттар дан гIоьртинчуха тийна лаьттара иза. Нохчийн ворхIе а дехь дуьйна схьадогIучу гIиллакхехь, неI а ца гухуш и кху чу вогIуш, ура-атталла жIаьло а ца бира хаам.

– А-а, хьо ву хIара, Месала куй берг, – элира, вуха а вирзина, Зеламхас.

– Со ву, – элира БIаьргбаьллачо, шен месала куй кхин хьала а ца айбеш.

«Ма дика ду-кх и пурстоп вехачу меттиган Iуьрг а, БIаьрг а девза хьо суна схьавеана, – аьлла, дагадеара Зеламхина. – ХIинца-м хуур дара суна цуьнан дагахь дерг а, цунна тIебоьду некъ а». Ткъа, хезаш:

– Со-м кху сайн чуьрчарех ву моьттуш лаьттара. Схьавало, схьанехьа а валий, охьалахло, – элира Зеламхас, цецваьлла кхайкхаза веанчу хьеше а хьаьжна. – Хьуна хаьий кху сан чуьранаш стенга бахана? ХIара хIун кегари бу кху чохь хIоттийнарг?

Ша хIун ала деза а ца хууш, воьхна вист а ца хуьлуш лаьттачу БIаьргбаьллачо, жимма собар а дина, хIинцца набарх ваьлча санна:

– Кхузахь иштта… Хаац суна-м. Пурстоп вара веана, цо…

– И хIунда веанера кхуза? ХIинца мукъане а хIун оьшу цунна сан цIен тIера? – аьлла, хьешана тIевирзира хIусамда.

– Наха дуьйцу-кх… Хаац суна-м, Зеламха, – бохуш, шен юкъахдихкинчу доьхкаран датон мотт ийзош, воьхна лаьттара БIаьргбаьлларг.

БIаьргбаьллачо дечу къамелана а, цу боккхачу куйнан кIелхьара цуьнан схьахьежарна а реза ца хилла:

– Хьуна хаа деза, Месала куй, сан чуьранаш стенга бахана. Схьадийцал соьга и кху сохьта, – элира Зеламхас, гергга цунна тIе а гIоьртина.

– Ой, хIинца со мукъана ма хьийзавелахь. Хаац суна, уьш стенга бахана, – майро вист а хилла, кIегарвелира БIаьргбаьлларг. Иштта йоккхура эвлахь дукхах болчуша месала куйболчун цIе.

Ша хIун до ца хууш, тIекхеттачу Зеламхас, цу тишачу гIовталан кач а лаьцна, бегийра БIаьргбаьллачун месала куй:

– Схьадийца! Ас ца бах хьоьга, хьуна хаа деза, уьш мичахь бу!

ОьгIазваханчу Зеламхин маьхьаро кхерийна БIаьргбаьлларг, Iадийча санна, дIатийра.

Кхайкхаза веанчу шен хьешан макхъелла юьхь а, дегош лахара балда а гича, аз а лагIдина:

– Ткъа, кху кертахь хилларг хIун ду мукъана а ала соьга, – гIетуьйхира Зеламхас.

– Хаац, хаац суна, – элира вукхо, аьрто кхуьнга а хьаьжна. – Пурстоьпана хаа деза иза… Пурстоьпана…

– Пурстоп, пурстоп! КIордийна суна и пурстоп а, цо цIестачу шина шайнах эцна лело хьо тентак а, – элира Зеламхас, БIаьргбаьллачун гIовталан кач дIа а хоьцуш. – Эхь дац сел дайн шен са дохкар. Зудчо пIелгах буллу тIара санна, дIа а, схьа а Iуьттуш, Iехош лелаво-кх хьо цара.

БIаьргбаьлларг, кхеравелла са дIа а даьлла, ша лаьттачуьра меттахвала ца хIуттуш, Зеламхе хьаьжинчохь висинера. Юха, цIеххьана цхьа хIума дагадеъча санна, гIайгIане воьжна хетавелира иза.

– ЦIеста ши шай тоьу-кх хьан синна. Цу шина шайнаца ахь хьайн лергаш дIадуькъи, хIума ца хазийта бIаьргаш хьабби, хIума ца гайта. Э-хI, маржа БIагал яI, эхь ца хета хьуна? И стогалла олу хIума стенга яьхьна ахь? – хаттар а деш, и адам хуьлийла лууш, БIаьргбаьллачун цIе яьккхира Зеламхас.

Ша цхьа чIогIа оьгIазваханчохь, муьлххачун а ладогIа дог догIур долуш, кIорггерчу хьекъале къамел дора Зеламхас. Иза а кхин башха деха ца хуьлура. ЦIеххьана ша ден и къамел а сацийна, БIагална тIе а вирзина, вахана дIо паднаран йисте охьалахвелира Зеламха. ЦIенкъахула чекх а даьлла, пена тIехула хьаладахана цуьнан и деха IиндагI, дац а делла, букар дахана, вуно эрчаделира.

«Хьо бакъ лоь, Зеламха, и стогалла боху хIума ас йоьххина хьуна», – бохуш, ойланаш еш лаьттара БIаьргбаьлларг.

– БIагал, – элира Зеламхас, кхин хIумма а ца хиллачуха, тийна, шен корта хьала а айбина, – охьалахлохьа, хьоьца цхьажимма къамел дара сан. БIаьргбаьлларг, Iадийча санна, тохарчул башха, кхин вист ца хуьлуш лаьттара. – Дийцахьа суна, и пурстоп муьлхачу хIусамехь вехаш ву? И вехачу неIаре вигахьа со, цуьнца доккха гIуллакх дара сан. – Набахти чуьра араваьлчахьана чомахь наб а янза, вуззалц хIума а яаза гIелвеллачу Зеламхас иза, шашега луьйш санна, гIийла элира.

Аьрто хIусамдега а хьаьжна:

– Пурстоп вац кхузахь, пурстоп вац, – жоп делира, кхин Зеламхане дIа ца хьожуш.

– Стенга вахана иза? – ца кхийтира Зеламха.

– Хаац. Кхузахь хIинца полковник Дубов ву.

– Ас хьоьга полковник ца хоьтту, пурстоп Чернов мичахь веха дийца бах. Кхетий хьо?

– Чернов вац кхузахь…

– Ву, дера-кх, муха вац и? Ца го хьуна хьайх цо йинарг? – хаттар а дина, лерина БIаьргбаьллачуьнга хьаьжинчохь сецира Гушмазукъин воI. – Хьо-х ишта а гIийла стаг ву. ХIунда Iехавойту ахь хьуо цаьрга? Ца го хьуна церан вайга боцу безам, набахтеш чу а кхуьйсуш, цара хIаллакбен вайн вежарий, етташ, Iуьттуш Сибарех оьхуьйту бехк а, гуьнахь а доцу нах? Ца го хьуна цара вайна юкъахь тесна и хьагI, эладита?..

БIаьргбаьлларг ладугIуш вацара. Халла озийна, цкъа-шозза йовхарш а тоьхна, тохара гучуволуш санна, гIара-тата доцуш, тийна къайлаваьлла, иза Ведана-гIоперчу хьаькамашка обарг Зеламха цIа веана шен хIусамехь вуйла хаийта ваханера.

* * *

Кхин стогаллех ца юхуш, МахкатIера едда цIа а еана:

– Дуьне доьхча а ГIовдин некъашкахь кхин буьйса йоккхур яц ас, – элира Зезага шен цIерачаьрга.

– Ой, дукхаяхарг, ишта ма ала, ГIовдин некъий хала нах бу: цаьрца къийса таро ма яц вайн, – шега аьлча:

– Со-суо къийсалур ю цаьрца, – аьлла, хадийра Зезага.

– Со воккха вара, могуш а вацара, кхана хIун хуьлу а хаац. Яханчохь тарьяла хьажа ала цуьнга, бохург дас зударшкахула шех тоьхча а:

– Кхузза цIерга оьккхур ю со и ца деш, – аьлла, дена а дуьхьалйирзира йоI.

Дукхахдолчунна, Солтамурде цунна кечбеш тешнабехк буйла хоуьйтур ду ша бохург дагахь долуш, цул деза хIума дуьненахь

кхин шен цахиларна, араяьллера Зезаг. Ткъа, еана хIара Харачу кхаьчча, кхузахь: набахтера ведда веана Зеламха арахь ву, аьлла а хезна, гуттар майраяьллера иза.

Дуьненахь мел долчу хIуманал а дукха Солтамурд везахь а, гIуллакх къийсаме даьллачохь деган йовхо цуьнан воккхахволчу вешех Зеламхех яра къоначу Зезаган.

Зезаг кхана МахкатIера арайолуш, тховса, кхуьнгахь долу хьалде хаа Зеламхас кхуза хьажийна Солтамурд, вуха а вирзина, Харачохь лоьхуш лелара хIара…

Хушуллин, тIулг буттуш дина лекха цIенош, готта урам-некъ эвлах а баьлла, лекхачу бердо хадочу йистехь дара. Хин йисте долчу цуьнан цIийнан лекхачу корашкахула ерриг эвла а, Хулахуло йистера гIайри а гора. Кху тIе лохкура харачоша гIезаш а, эсий а.

Ша цIа еанчу дийнахь дуьйна, буьйсанна доцург, даима диллина латтадора Зезага и кораш, шайн цIен тIе вогIург ган. Ткъа, масала, и вогIург МахкатIерачу нахах хилахь, едда чуьра ара а яьлла, дIо тIехьарчу хьуьна юкъахь къайлаяла дагахь.

Массарел хьалха кхуза Солтамурд кхечира. Гергта кора хьалха а веана: – Нагахь эшахь цхьаьна лийр ду вайшиъ, хIинца цIа ян еза хьо, – Зезаге а аьлла, цхьа сахьт хьалха дIавахара и кхузара.

15

КIирандийнахь Веданан округан начальника полковника Дубовс кхайкхина ша волчу хIусаме хьеший балийнера.

Грозненски округан начальник волчуьра паргIат а ваькkхина, хьажийнера Дубов кхуза – Ведана, Терски областан атамана: – «Паччахьан лаамна дуьхьалгIоьртинарш хIаллакбар тIедожадо ас хьуна», – аьлла, омар а дина. Веданан кIоштара нах а меттигаш а, тохара хьалха хIорш Грозненски округан чуяьхкина хиларна, вуно дика бовзара Дубовна, делахь а мерзачу чагIаран стакан тIехь шен гIоьнчаш хила гулбеллачу нахаца долу гергарло кхин тIе а чIагIдан лиъера полковникна.

Хаза, синкъераме, йоккха Соьлжа-ГIала а йитина кхуза ван шена ца луъушехь, областан атамана ша, дош ца кхоош, чIогIа

хастийча, Iеха а велла: – «Ас, цхьа бутт балале буржолаш тухур ду хьуна цу акхарошна-м», – аьлла, куро дош деллера полковника инарлина, кху новкъа ша волучу дийнахь. Амма, сийсара Зеламха лаца баханарш беса бухабирзичхьана массо а хIуманах чам байна, са ца къералуш висинера керлачу округан керла да.

Полковникан хIусамехь тахана цхьа пурстоп Чернов воцург кху керлачу округехь болх беш волу массо хьаькам гулвеллера.

Цхьа-ши де хьалха, «Iедалх бевдда лела нах кхобуш ю хьо», – аьлла, бехказло а кхоьллина, шен шина бераца цхьаьна Зеламхин зуда Бици набахте а йоьллина, кхузара ведда къайлаваьллера Чернов. Ткъа, ша пурба а делла Черновс и гIуллакх диннашехь, кху чохь тахана наха иза хьахийча, шена цара дуьйцург хIун ду ца хуучуха, цецваьлла кеп хIоттийра полковника Дубовс.

– Лакхара сийлахьниг, бехк ма биллалахь суна, ахь бакъо а елла лаьцна ша Зеламхин зуда берашца, бохуш, къарви-кх со господина Черновс, – элира йоккхачу стоьлан дIанехьа маьIехь Iачу поручика Гриневс, цецваьлла, Дубовга а хьажна.

ЧIогIа реза воцуш, къаьрзано поручиках бIаьрг а тоьхна, кхин вист ца хуьлуш IадIийра полковник.

– Цул совнаха, Лакхара сийлахьниг, цо-м, ахь мага а дина хьажийна ша кхузара кхечу округе балха а, элира соьга, – бохуш, ца соцура кхета дагахь а воцу Гринев.

Кхузахь хIинца хIун аьлла ша кIелхьарвала веза ца хууш, воьхна Iачуьра меттавеанчу полковника:

– Хьо хIунда гIерта, господин поручик, и хьайга ца догIу хIуманаш хаа? Цул совнаха, хьо мича балехь ву ас пурстоьпе динчу омран дуьхе кхиа гIерта а? – аьлла, стигалан басахь и шен бIаьргаш а къарзийна, когашкара коьрте кхаччалц, оьгIазлоно кхехкош, вуьстира полковника и поручик. Воьхна, хьала а гIаьттина лаьтта Гринев, ша хIун ала деза ца хууш, Iад санна оза а велла, сецира.

ТIаккха веана къамела юкъа а гIоьртира, лай санна, хьаставелла полковнике а хьаьжна, неIарехьа лаьтта Харачойн юьртда Iадод.

– Тхан сийлахь полковник, хIара къона эпсар Зеламхина гIо дан лууш лела таро ю , – элира цо, дехкачел кегийра Iаьржа бIаьр-

гаш а карчийна, шена вуно ледара хуучу оьрсийн меттан дешнаш а керчош.

– И хьан гІуллакх дац, – аьлла, Іадодана дуьхьалвирзира поручик.

Къоначу эпсаран ира дош деана легашка а иккхина, гІаз санна, айвелла тап-аьлла дІатийра юьртда. Ткъа, Гринева аьллачо кхин а чІогІа цецваькхинчу полковника:

– Ахь хІун дуьйцу, и хІунда дац цуьнан гІуллакх? – хаьттира поручике, стоьла тІе буй а тоьхна. – Хьоьгара цхьа бакъо йолуш даькхина моьтту суна, господин поручик, МахкатІерачу юьртдена тІера цІет а?

– Иштта гена даккхий ма дийца, господин полковник, со вовзац хьуна…

– ХІан-хІа! Гена ца даькхина, – поручикан дош кагдира полковника. – Со кхуза а вале, Соьлжа-ГІалахь дийцина соьга-м, хьайн къамелаца а, леларца а хьо паччахьан сийлалла аьшнаш еш ву, бохуш. Хьаьнга хьоьжу хьо сел гома? – хаттарца тІевирзира цунна полковник. – Схьадийцал хІинца, хІун ду хьан цу обаргашца дозуш?

– Де а хІума дац, я хуьлийла а дац, – элира Гриневс, шен ницкъ ма-кхоччу собарх ца вала а гІуртуш.

– ТІаккха? ХІун ца тайна хьуна?

Полковника шен гІо лацар хазахетаделла Іадод, тохара санна, айвелла, бага а гІаттийна, лаьттара.

– Суна лиънарг-м вайн Іедална кІелсевццачу гІийлачу адамашца кІеда-мерза хила лаар бен кхин хІумма а дац, господин полковник, – элира дикка хенахь вист ца хуьлуш лаьттинчу поручика.

– ХІун адамаш ду ахь дуьйцурш? Мичахь ду адамаш? – ша цунах ца кхетачуха, хаьттира Дубовс.

– Сийлахьчу паччахьан лаамна кІел севццарш массо а.

Ца вешаш, цкъа маьттаза Гриневга а хьаьжна:

– ХІинца а хьуо Петарбухехь воцийла хаац хьуна, господин поручик?! – элира полковника, аз а лагІдеш.

– Ткъа, Россехь дац вай, господин полковник? Кху Россехь дехачу массо а адамашца цхьабосса къинхетаме хила ца догІу вай? – аьлла, хаттар а деш, гІуллакх билгалдаккха гІоьртира поручик.

– ХІан-хІа, хІан-хІа! – аьлла, цІеххьана цхьа вон мохь а тухуш, дош хадийра полковника. – Кхузахь вайн гІуллакх къушций, обаргашций ду! Кхетий хьо цунах?

Воьхна, ша стенга гІур ву ца хууш бІарзвелла Гринев, вист а ца хуьлуш, стоьла тІера дІа а ваьлла, вахана доккхачу кора хьалха хІоьттира. Тохара тутмакхаш а эцна Соьлжа-ГІала воьдуш Зеламхин хьокъехь Черновс шега аьлларг, хІинца полковника бохург вовшехъэделла, мичхьара догІу ца хууш, пІелгашна юккъе нисделла цІестан шай а сеттош, вехха цу коран рамех тоьхначу ангалин тІоме хьаьжжинчохь виснера иза.

Чохь берш а, полковникан дагахь дерг ма-дарра ца хууш, кхин къамела юккъе гІорта ца хІуьттура. Тохара санна, юха а когашкара дуьйна коьрте кхаччалц вуьстира Дубовс поручик. Амма, шен гІайгІано бІарзвина Гринев кхин цуьнгахьа дІа ца вирзира.

– Лакхара сийлахьниг, берриш а буй техьа уьш къуй, обаргашший? – хаьттира цо, дикка хан яьлча, халла гулвелла, схьа а вирзина.

– Берриш бу, берриш а! – аьлла, тохарлерачул а чІогІа мохь туьйхира полковника, вехна, хІинца а ша хІун дуьйцу ца хууш. – Цу обаргийн орам хадо веана со кхуза, – ластийна юха а стоьла тІе буй туьйхира цо, гІелбеллачу старо санна, шена хьалха лаьттачу чагІаран шишанна тІехь маларо муцІдина бІаьргаш а совцош.

Кху чугулбелла юьртдай, куралла балла бохку Веданара совдегаршший, шаьш къуй бу аларна реза хилча санна, лешха тарбелла, кортош а таІийна, дІатийнера.

Сел чІогІа юьхь йоцуш, оццул ирча шен нахаца боцу безам хьулбан ца гІуртуш, полковника динчу къамело вохийна поручик хІинца а метта ца веанера. ГІорийча санна, лаьтта цуьнан бІаьргаш хІинца кора хьаьлха долчу доккхачу дитта тІехь севцира.

Суьйранна дІабуза гулбеллачу маьлхан зІаьнарша сийначу гІах чекх а евлла, бес-бесара къагийна цу диттан горга бухь хІинца Іаламат хаза, дешеххий, жовхІареххий бича санна, лепаш лаьттара. «Иштта тІеххазачу кху дуьненахь, ша санна, кхоьллинчу адамехь оццул чІогІа къиза де латто лууш адам хилар ма доккха зулам ду-кх», – бохуш, ойланаш йора къоначу эпсара.

Чуьрнаш а хІинца вовшашка цхьацца дийцарш деш Іара. Ша дуьйцург хІинца-м хезачохь ву хІара полковник, аьлла, шена хетаделча, вухавирзина цуьнга шена бехкцабиллар а дехна, аравелира поручик. Кхин ца хьелуш, цунна тІаьххье важа хьеший а дІасабахара.

Иштта, кхин башха полковникана синкъераме ца нисделла де чекх а даьлла, буьйса юьйлира.

ТІулг буттуш, онда йина полковникан хІусамаш Хулахулон лекхачу берда йистехь, хьалхара йоккха уче дІо лахашхула доьдучу хи чу а ерзийна лаьттара. ЦІенойн важа кхо агІо а гІопан паркехь кхиинчу юькъачу бешо дІахьулйинера. Цу цІийнан лекхачу кхаа корехула схьакхетта серло тергал а еш, бода болчухьа тебаш, бердан йистехула цу цІен тІе вогІура цхьа стаг.

Горгачу стоьла тІехула тховх хьалатесна, шишана тІехуларчу баьццарчу фарфоран абажуро гІелйина йогура йоккха лампа. Цунна бухарчу йоккхачу стоьл тІехь лаьттара деса шишанашший, чохь хІума йиъна боьха пхьегІашший, шайна дагадеъ-деанчохь охьакхийсина цигаьрканийн юьхьигашший, десий я маланза чохь чагІар дисаний бокалашший.

Кху «акхачу махка» цхьа кІеззиг хан яккха воьду ша, аьлла, араваьлла полковник, хІуманна экам, коча Іамийна шен хІусамнана Соьлжа-ГІалахь а йитина, са ца гатдалийта шеца шен цхьаъ бен воцу дейтта шо кхаьчна кІант а валош, веана охьахиънера кхузахь. ХІинца а чуьра араялаза лаьттара дукха ийзинчу томкано хІоттийна чаьмза хьожа.

Баьццара бархат тІетухуш кечйинчу тахти тІехь агІор а ваьлла, цхьана можачу папки юкъара кехаташ кегош, Іуьллура полковник. ДІадаханчу дийнал башха хІара буьйса а кхин дика

дохьуш ца еанера; и кехаташ мел кегий а даг тІехь сингаттам алсам болура Дубовна. Цхьаберш Іедална бІов бохуш арабевллера, вуьш да вийнчу мостагІчуьнгахьачул башха кхуьнгахьа схьа ца боьрзура. Ткъа, кІезгах берш, шайн карахь цхьа хІума ду моттийта гІерташ, даккхий хабарш а дуьйцуш, шина юьхье кхунна гондахьа хьийзара. КІорггера ладоьгІча, татин готанал башха, бертахь дІадаха кечделла хІума дацара.

Цу ойланаша гІел а вина, набаран тар тесначуьра, гІенах санна, учара хезначу гІовгІано самаваькхира полковник: арарчу гІароло цхьаьнца къамел деш санна хетаделира Дубовна. ТІевеанчо, хьолтІамал доккха дато сом шега кховдийча, цу сохьта кхетамчу веанчу гІароло, вуно сиха гайтира шега хеттарш дечунна, полковникан хІусаме боьду некъ.

Набархваьлла Дубов меттавале, неІ а йиллина, чувеана, цунна хьалха сецира Іаьржачу чоьи тІехула эпсаран погонаш йолу, юккъерачу дегІахь, хаза, безамехь юьхь-сибат долу къона стаг.

– Буьйса дика йойла хьан, господин полковник.

– Хьо мила ву? – хаттар а деш, цецваьлла чувеанчуьгахьа вирзира Дубов.

– Хьаша оьций ахь?

– Суна цхьанхьа-м гина хьо, – элира оьгІазлоной, кхерамой дегочу балдашца хІусамдас.

– Дагадаийтал, мичахь?

– Дага ца догІу, – элира цо кхин а чІогІа воьхна, кхайкхаза веанчу хьеше а хьаьжна. Шен са кху сохьта цу чу веанчу стеган карахь хилар хааделла полковник цуьнга хьажа а, цуьнан амат дагабан а ца кхиара.

– Суна хьо-м вевза, – элира чувеанчо. – Дага ца догІу хьуна вайшиъ Соьлжа-ГІаларчу набахтехь вовшахкхетта?

Кхоччуш воьхначу Дубовс:

– ДегІастанан полкера поручик Данагаев-м вац хьо?

– ХІан-хІа, со Зеламха ву, – элира кхайкхаза веанчу хьешо, хІусамдена и шен чоь иккхича санна хоьтуьйтуш.

Ши бІаьрг хье тІе а баьлла, хала айвелла полковник гІароле мохь тоха гІоьртича, катоьхна шен шаьлта хьала а озийна:

– Кхин ахь «тIитI» алахь, ас корта цу неIарал ара бохуьйтур бу хьан, – элира легашкарчу озаца Зеламхас.

– Зеламха? Зеламха?.. – ша-шега хаттар дечуха, и цхьа цIе шозза а яькkхина, дIатийра хIусамда. Коьртах хIума тоьхча санна, бIарзвелла хьаьвзинчу Дубовна, шен букъа юккъехула охьадоьдуш зуз бен, кхин хIумма а ца хааделира.

– ХIун гIуллакх долуш… Со волчу? – элира цо, халла, везо вахана ша Iиллинчу тахти тIе охьа а воьдуш.

– ГIуллакх ду сан хьоьца, полковник.

– ХIун ду и?

– Хьоьца а, кху Iедалца а къийса таро яц сан, полковник, – элира Зеламхас, цуьнан бIаьргаш чу а хьаьжна. – Нагахь динехь зулам ас дина, сан доьзал, йиш-ваший ма хьийзаде, шайн цIахь бита уьш, полковник.

Юха а шен букъа юккъехула охьадоьдуш зуз хааделла Дубов, са а дукъделла, кхин меттах ца хьалуш висира. Хахка дахча санна, гIелделлера цуьнан сиха деттало дог, дIасахьаьвсинчу бIаьргашна хьалхара чохь мел дерг доьза дайнера, кхуьнан буйнара кехаташ юккъехь долу папка а охьаюьйжира.

– Ас бохург хезий хьуна? ПаргIатдаха сан берашший, зудий, – элира цунна хьалхха а вахана Зеламхас. – Тховса сатасале цIахь хилийта уьш. И ахь ца дахь, кхана кху хенахь къамел кхечу кепара хир ду вайшиннан.

– ХIаъа, хIаъа… Кху сохьта, – бохуш, эгIийча санна, ша хIун дуьйцу ца хуун полковник чохь а витина, неI юххе тIе а чIагIийна, сихонца къайлавелира кхайкхаза веана хьаша.

16

Селхана буса, кхайкхаза, ша волчу хIусаме а веана, Зеламхас шена хIоттийначу кепана оьгIазваханчу полковника тахана са ма-хилли омра дира: «Цу обарган чубоьллина доьзал ма-торру чIагIбе, набахтехь а, гIопана гондахьа а хила догIу ха кхалха даккха».

Амма: «Иштта хьоьца берта а вахана, пурстоьпо Черновс шена бинчу тешнабехкана дуьхьал Зеламхас хIинцца веана гIопан

бешара лаьцна хьан хьоме кIант вигна, господин полковник», – шега аьлча, букъа юккъехула и тохарлера ирча зуз охьа а доьдуш, шен хьаж тIе хIоьттина шийла хьацар хааделира Дубовна. Кийрахь сийна цIе а яьлла, дог саца гIортарна, тентакваьлла висинчу полковникан багара стомма цигаьрка охьаюьйжира.

Ницкъ ма-кхоччу сиха Зеламха схьа а каравай, цо боххург дийр ду ас, беззачу мехах сан кIант схьало ала цуьнга, – массаьрга дийхира, гIад а дайна, кIелвисинчу полковника.

– Кхин башха мах а ца оьшу цунна-м, господин полковник, шен зудий, берашший ахь цIа дахийтичхьана, хьан воI схьахоьцур ву Зеламхас, – шега аьлча:

– ДIахеца, цIа бахийта уьш массо а, цIа бахийта, – аьлла, воьхна куьг ластийра округан начальника.

Цецваьлла висинчу суьдан пурстоьпо шега:

– Ой, уьш берриге а дIа муха хоьцур бу? Цу чохь къуй а, обаргаш а ма бу, – аьлча:

– ДIахеца. Ас бохург хезий хьуна, господин суьдан пурстоп? ДIахеца! – аьлла, корта а лаьцна, бIарзвелла, дехьа чу вахара полковник, воьхна ша хIун дийр ду ца хууш, лаьттачохь пурстоп а витина.

Ткъа, Зеламха хIинца сиха вацара. Шен аьтто хинболчу кепехь нацкъарваькkхина, полковникан кIант дIа а лачкъийна: – Са ма гатделахь, сан жима накъост, ас кестта хьайн да волчу цIа вохуьйтур ву хьо, – бохуш, Дубовн воI а хьоьстуш, шен хьалхарчу толамах сакъераделла Iара Гушмазукъин кIант.

МахкатIерачу наха: «Шайн юьртден герззий, динний схьа а лой, гIуллакх машарца дIадерзадахьара аш», – аьлла, Гушмазукъин некъашка дехар деш стаг ваийтинера. Ткъа, нахана юкъахь: и сий доцуш хиларна, шайца тар а ца елла, шаьш араяькkхина Зезаг, аьлла, хабар даькkхинера ГIовдин некъаша.

* * *

ШарIехь мах бинчу моллас тахана и Хушуллин йоI Зезаг Солтамурдана а магийна, хийла хенахь дуьйна гIайгIане лаьттинчу

Гушмазукъин берийн хIусамехь жимма серло а кхетта синкъерам хIоьттинера. Лаьцна Гушмазукъа а хиларна, иштта кхин болу сингаттамаш дIабаханчул тIаьхьа дукха хан а ца яларна, доккха ловзар деш меттиг-м ца йира, делахь а, Гушмазукъин цIийнах берш массо а Зезаг шайн цIен тIе йирзина чIогIа сакъераделла бара.

И гIуллакх кхин а чIогIа тIетадора Зеламхин когхIоттаро. Цкъаделахь, куралла вала воллу МахкатIера юьртда ГIовда, герз схьадоккхуш, дин тIера а воссийна шен вешин нускал цIа далийнчу, шолгIа, шен доьзал набахте а хьажийна охьахиъначу полковникан воI лачкъийнчу харачойн Зеламхин цIе хIинца массанхьа а сийлахь йоккхура. Хулахулон боьрахь Зеламхин стогалла хестош иштта хаза даьлла и хабар, цу лекхачу лам тIера керчина, екъачу хьуьн чохь яла а яьлла, махо ядийна яржийна цIе санна, сиха дIасадаьржира йист йоцчу нохчийн аренашкахула.

Тайпанан баккхийчу наха гул а белла, Зезаг Гушмазукъин воIана Солтамурдана юхаялар магош кхиэл йина ялале, чуьра нус а едда, доккха дов хIоьттинера МахкатIерачу юьртден хIусамехь.

– Хьанна хезна и, нохчочо шен цIен тIе далийна нускал духаделла бохуш? – мохь беттара ГIовдас.

– ДIавалахьа дIа, вай хIун дора цу шайтIанах? Дала седадуьхьал йойла иза, – бохуш, баккхийчу нехан кхиэл къобал йора юьртден зудчо, кху шен цIийнан а, тайпанан а сий миччахьа Iоьттина а, шен майрачун хьаькамалла лардан дагахь йолчу.

– Тоьар ду хьуна, хьо сацалахь хIинца, – аьлла, буй ластийра ГIовдас зудчунна дуьхьал. – Муьлхха а шайтIа сацадо къонах волчо. Ткъа, хIинца хIун аьлла вала веза со нахана юккъе?

– Наха-м, ГIо*, пайдабоцурш дуьйцура. Эцца, шайн баганаш а йиттина, совцур бу.

– Уьш совцарх, Гушмазукъин некъаша динчу эхьана хIун дан деза?

– Де а эхь дац хьуна иза. Эцца вешан Iуспина махкахь хаьржина хаза йоI а ялийна, дIадерзор ду, – бохуш, ца къарлора зуда. –

* Иштта йоккхура юьртден зудчо шен майрачун цIе.

Яккхал цIе, мила ву хьан кIанте йоI йоуьйтур йоцуш? – хаьттина, сеттина чухула йолаелира юьртден зуда.

– ДIаялахьа дIа, айхьа хIун дуьйцу мукъана хаьий техьа хьуна? – аьлла, хьала а иккхина, коре хIоьттира ГIовда. Сарахь арабоккхий шен дин дIатосу уьйтIара гоьза беса гича, легашка шад а хIоьттина, висира и кхин вист ца хилалуш.

– И зударий суна дика бевза, ГIо, хаьа суна айса хIун дуьйцу, – элира, дикка хан ялийтина, зудчо.

– Ой, ткъа, эхь мича хьо ахь?

– ХIун эхь дуьйцу ахь? Вай ваьш дIаэккхийна и шайтIа, аьлчахьана чекхдолий иза-м.

– Ткъа, ас-айса муха дицдан деза, суо динара а воссийна, гIаш цIа хьажийна де. Иза а мила бахьана долуш? Зезаг, Хушуллин йоI Зезаг, – элира цо, ца вешаш, юха а. – ХIан-хIа, дош дац хIара, цуьнан дакъа дахьийта дезаш хиллера цаьрга кхузара дIа.

– Ма бехьа, сан хьомениг, оццул чIогIа хьайн дагна ницкъ, и шайтIа бахьана долуш, – аьлла, майра хьаьстира зудчо. – Гушмазукъин некъашна бекхам бан кхуьур ву хьо, паччахьан хьаькамашна гергахьа висчахьана, – элира цо, къайленца ела а къежаш.

Юьртден зудчанна вуно дика хаара ша ала дезарг. Цу «хьаькамашна гергахь висар» дезаш, церан йовхонах ца вала гIерташ садеттара ГIовдас а. «Юьртден мукъ буйнара а баьлла, Iедалан марзонах хадахь, хIун дан деза техьа ас? – хаттарш деш, махо дего гIа санна, детталора цуьнан дог. – Ткъа, эхь стенга дахьа деза? Стогалла?.. И хIунда юьйцу хIинца?! Стогалла хIинца Iедал буйнахь долчуьнгахь ю-кх», – сацийра цо шен юха а тохаелла ойла.

Кхин вист ца хуьлуш, вахана дехьа чохь дIавижначу ГIовдина кхеттане а наб ца кхетара. «Ша гучу а ца волуш, цу Зеламхас шена динчу эхьана бекхам муха бийр бара техьа?» – боху ойланаш хIинца а йора цо.

Дехьачуьра схьахезира, хIинца а цхьацца дезарш деш, йижаза хьийзачу хIусамненан болар. Схьахетарехь, хIара волчу чу ян ца хIуттуш лелара иза. УьйтIара схьа чу жIаьлин гIийла летар а

хазара, дІо цхьанахьара геннара схьахезаш гІайгІанна заькабухІин екар а дара…

Шен бІаьргаш чу куьг а хьаькхна, везо хьалаайвелла, вахана паднара йисте кІегархиира ГІовда. «И оьздангалла ларъян хала хІума ю. Цундела, цхьайолчу меттигашкахь, цуьнан метта цхьацца моттаргІанаш лелийча а тоьар ду, – бохуш, ойланаш йора цо. – Ткъа, мостагІчуьнца къийсам лелочохь?.. Цигахь массо а герз дика ду, къайлах а, къулах а, цІена а, боьха а, и дІатоха аьтто баьлчахьана».

Еана чуелира хІусамнана.

– Ой, хІинца а дІа ца вижна хьо? – хаьттира цо, цец а яьлла.

– Сайна хилларг хІун ду а хаац, вуно чІогІа гІелвелла со.

– Бехк а, дера, бац. Ахь хІунда уьйзу хьайн даг чу оццул хала ойланаш? Хьуна хьалха хІун ю хІинца уьш, и хьерваьллачу Гушмазукъин бераш.

Кхин цунна жоп ца луш, вехха ойланаш еш а Іийна:

– Ишта ма ала, уьш ца бевза хьуна. Уьш-м, хьо яха, бу имам Шемале а ца сецавеллачу БІахон некъий, – элира ГІовдас.

– БІахо а хилла-кх, Гушмазукъа санна, цхьа хьерваьлла стаг, – куро куьг ластийра хІусамнанас.

– Сацийта хІинца, – аьлла, шен зудчанна оьгІаз а вахна, корта ластийра гІелвеллачу ГІовдас. – Хьуна хІун хаьа, и багаеттар бен? – Цхьана минотехь вист ца хуьлуш Іийна, доккха са а даькхина: – Нехан зударий машар бан гІерташ хуьлу, хьо ю-кх даима а чугІерташ. Нахана дІахезча, питана ма ду ахь дешдерг.

Ехха аз дайна тийна а Іийна:

– ХІа, бага а хІинца ас етта, питанча а сох хили, – иштта майра шега вистхилар шена ца дезаделлийла хаийтира юьртден зудчо.

– Ткъа хІун ала деза хьоьга, ахь ца витича? – аз лагІдира майрачо. – Суна де а оьшуш ма дацара и захало а, Іадода теси-кх уьш сан коча.

– Иза а ву-кх хьан ца хилча ца тарлуш верг, – элира зудчо.

– Ас-м хІинца а ца бах цунна хІума, – вухавелира ГІовда. –

Амма, БІахон некъий хьуна ца бевза, суна хаьа ца бевзийла, – аьлла, шениг чІагІдира цо. – Къаьсттина Зеламха ву царех, тийна а волуш, кхераме верх. Цунах а тешна наб кхетийта мегар дац, – аьлла, юха а, тохара санна, вахана шен меттахь дІатевжира юьртда.

ШОЛГІА ДАКЪА

1

И сирла седарчий стиглара дІадовш, малхбалехьара схьа можо-дешин басахь серлонан сиз а кхеташ, массо а мерзачу набарх воьллера Гушмазукъа Харачон эвлайисте кхочуш. Набахтера пргІат а ваьлла, Соьлжа-ГІалара схьаволавелла иза, цхьаннахьа а дукха ца соцуш, ницкъ ма-кхоччу сиха цІа кхача гІертара: ша тІедеххинчу декхарех Зеламхас муьлхарш кхочушдина хаа чІогІа лаара. Де-буьйса ца лоруш сел сиха цуьнан новкъа вар и некъ атта хеташ дацара. ХІан-хІа! Хаара воккхачу стагана дийнан делкъехь, Веданарчу хьаькамашна а гуш эвла чу вар шена маьрша гІуллакх доцийла: Гушмазукъин некъашка кху Харачойн лаьмнаш юкъахь дуьне доуьйтур дац ша, бохуш, маситтазза дозалла динера нахана юккъехь Черновс. Цундела, гушлаьтташехь мера кІел а гІоьртина, ца лаьар-кх воккхачу стагана зулам хилийта. ХІунда хуьлуьйту иза, масала, ца хилийта а тарлуш хилча?

Сатасале гІеттина, Зезаг хи дан а яхийтина, кертахь цхьацца дезарш деш хьийзара Бици. Кел чоьхьа а ваьлла, вогІуш марда гича, буйнара девзиг охьа а кхоьссина, сиха цунна дуьхьалъяхара нус.

– Ой, дада, хьо вац хІара? Дела ва хьо марша, – элира цо, воккхачу стагана мара а кхеташ.

Хаъал вела а къежаш, шен хьоме нус марайоьллира Гушмазукъас, тІаккха, схьаэцна, ведда шена дуьхьалвеана Зеламхин кІант Муги мара а воьллина, цуьнан хаза, горга чІениг а лестош, реза хилла кІентакІант хьаьстира дедас. Гушмазукъин аз къамел деш дегадора. Хийла хало лайначу цу «къеначу берзан» бІаьргаш чохь дуьрачу хин тІадамаш лаьттара.

Кхин эвхьаза дош ца олуш, делахь а, цІеначу дагара елалуш хьаьжна, дуьхьалъеанчу шен къеначу хІусамнене хаьттира цо:

– Керла хІун ду цІахь?

– Кхин хІара ала хІума дац, – элира, жимма йист ца хуьлуш а Іийна, зудчо. Амма, шен йоккхачу стеган хьежар а гуш, къамеле ладоьгІча хиира цунна, дерриге а кхузахь тохара ша набахте воьдуш санна ца лаьттийла.

Чу а веана иза, цу шен хийла йоманаш техкина, хьацаран хьожа йогІучу, тишачу чоьин юх хьала а тосуш, вахана товхана хьалха лаьттачу кхо ког болчу лохачу гІанта охьахиира. Цуьнан малхой, махой къеждинчу дуькъачу цІоцкъамашна тІехь а, мажардоьллачу, готтачу хьаж тІехь а чан Іуьллура, таьІано-мокхачу басахь болу и бІаьргаш сингаттаме лепара, жуьрган басахь, хаза яцахь а, тоьур йолуш, безамехь йолчу юьхьа тІехь, цхьа тамашена, къайлаялаза къизалла лаьттара. И шен кІентакІант Муги воцчуьнга, массо хІумане оьгІазе хьоьжура воккхастаг. Хала дара и иштта хІунда хьоьжу хаа: гІелвелла я кхин Іалашо йоцуш, деса чекхдаьллачу дахаран гІайгІа хилла?..

Схьаэцна шена хьалха Іуьллучу бехачу морзахца товхи чуьра цІе а тойина, Мугига хьаьжира Гушмазукъа. Цу беран хаза лер а тайна, сакъераделлера воккхачу стеган.

– Зеламха стенга вахана? – хаьттира цо, вуха а хьаьжна, йоккхачу стаге.

– Селхана вахарх цІа ванза ву, – элира Хьурмата. – Са ма гатде, тахана я кхана цІа кхочур ву ша, аьлла, вахана иза.

– Солтамурд?

– Иза а цуьнца вахана-кх.

«Делахь хІета, цхьа гІуллакх эцна вахана хьуна и шиъ, – аьлла, сацийра Гушмазукъас шен дагахь. – Зеламха ишт анехьа волавелла лелар ваш».

Учахь, кора кІел, арарчу пеша хьалха пхьегІаш вовшахъетташ йоллура Бици, цунна гІо деш хьийзара цхьа кхин къона зуда. Гушмазукъина ца евзара иза, цхьанахьа-м гинера цунна и хаза, къона зуда. Ткъа, мичахь гина, дага ца догІура.

Гушмазукъа кхузара дІавахана ши шо сов зама яра, хІетахь дуьйна кху цІен тІехь кІезга хийцамаш хиллехь а, массо хІума хІинца кхоьлина хетаделлера воккхачу стагана. ХІокху дайх йисинчу

хIусамехь хIинца кхуьнан къена да БIахо вацара. ХIинца Гушмазукъа везачу ден воI вацара. ХIан-хIа! ХIинца хIара кху лаьтта тIехь дисина къена дитт дара, дарцо лестош онда генаш делахь а, бухара орам а гIелбелла.

Готтачу кора кIелдIахула, дIо гена лахахула, тохара санна, цу шийлачу тIулгаш тIехула, йоккхачу гIовгIанца доьдура Хулахуло, цунна дехьа иштта хаза, айделла лаьттара лекха лаьмнаш. ХIусам а баьццаро-стигалан басахь чу кIир а тоьхна, тохарлерраниг яра. Чу ма-велли хьалхарчу пенаца йинчу паднара тIехь къорзачу басмех тегна кенийн гIайбеш Iоккура, паднара тIехула тоьхначу, Биципс лерина шен куьйга динчу, иштта къорзачу истанга тIехь дIатоьхна якхий сен маIаш яра. Аьрру агIорхьарчу пенаца, аннех йинчу терхеш тIехь, лаьттара кхийра а, фарфоран а пхьегIаш, лахарчу терхеш тIехь а, царна бухахь а чуьйний, цIестий тайп-тайпана еш лаьттара; йистерчу уьнах тоьхначу хьостамах чоьлий, гарзанаш карчо оккло кхозура; царна лакхахь – говран мерзех бина боккха цаца. Цу гIирсана схьанехьа, лахо тоьхначу уьн тIехь кхо-йиъ цIеста кIудал лаьттара.

– Зезаг мичахь ю хIинца? – хаьттира цIеххьана и дагаеанчу Гушмазукъас.

– Вайн цIахь ю-кх, – жоп делира, хаъал ела а къежаш, йоккхачу стага.

– Ахь баккъал бах?

– Дера, бах, – элира Хьурмата. - Сихъелла, дицделлера-кх суна и кхаъ хьоьга баккха.

– Дукха хан юй и цIа йирзина? – хаьттира, хIинца хаъал гуш сакъераделлачу стага, шен буйнара цигаьрка а йитина.

– ХIара шолгIа бутт бу-кх, – жоп делира зудчо.

«Къонах-м, хьо яха, ву Зеламха, – элира Гушмазукъас дагахь. – Коьртаниг хIинцале дина ваьлла, ткъа диснарш дан хIинца тхойшиъ цхьаьна хьожур ву».

– Пурстоп Чернов стенга вахана? – хаьттира цо юха а Хьурмате.

– И пурстоп кхузара дIавахана, бохуш, дуьйцу-кх наха, – элира йоккхачу стага.

– Маца?

– Хийла хан яьлла хIетахь дуьйна-м, – жоп делира зудчо, цхьа хIума шена дагадаийта а гIерташ. – Зеламха цIа веанчу денош-кахь къайлаваьлла, моьтту суна иза.

«Хьай кIилло-яI, билгал, кхера а велла, ведда хьуна и, – аьлла, дагадеара воккхачу стагана. – Ведча а соьгара-м, дера, вер вац».

Гушмазукъа цIа веана, аьлла, хезна лулара а, дехьа-сехьара а нах оьхура кхаьрга. Цара кхуьнга кхелхинчу дех а, вешин берех а кадам бора. Куралла валла воллу МахкатIера юьртда динара а воссийна, цуьнга Зезаг юхаерзаяйтина Зеламха а хаставора дена. Сискал ца кхоош тIеоьций, царна баркалла а олий, кхин къамелана тIера воцуш, соцура Гушмазукъа; хийла харцо а лайна вухавирзина воккхастаг хIинца наггахьчух а ца тешара. И хаалой, дукха ца совцура хIара волчу баьккинарш а.

Иштта тIаьхьо баьккинарш новкъа а баьхна, цхьана сарахь тохарлерчу товхана хьалха хиъна Iара Гушмазукъа. Цуьнан екъано-горгачу юьхьа тIехула йогучу цIеран IиндагIаш лестара. СадаIа дIатийна экха санна, верриг а гулвелла, букар а вахана Iара и. Цуьнан чуузуш гулдинчу дуткъачу балдашца а, горго-аьртачу чIенга тIехь а, хIинца а замано гIелъянза, стогалла лаьттара. Суьдехь а, набахтехь а лайначу халонаша каг ца винера воккхастаг, мелхо а, кхин тIе а оьгIазвохуьйтуш, вахчийнера. ХIинца, дерриг и Iазапаш лайначул тIаьхьа, паччахьан хьаькамех волчу стеган цIе яьккхича а ца магара Гушмазукъа.

Кху лаьмнаш юккъехь вина, вон а, дика а кхузахь ловш, дерриге а шен дахар кхузахь дIадехьнера Гушмазукъас. Дуьненан къайленех цунна хезнарш, хууш дерш а кху лаьмнашна юкъара дIасадовлуш дацара, юьртахь лаьттачу пхьоьханал тIех хIете а, вете а ца девллера. Гушмазукъина дика девзара дайн Iадат. Цуьнга хаьттича, и цхьаъ – дайн Iадат бен низаммий, нийсой лардан ницкъ болуш кхин хIума дацара кху лаьтта тIехь. Масала, хIинца МахкатIерчу юьртдас ГIовдас, кхуьнан кIентан нускал дIа а дигна, кхунна эхь дича, изза эхь ГIовдина шозза юха дан догIура. Пурстоьпа Черновс харц мотт а бина, хIара а, кхуьнан доьзал а

дакъазбаьхна. Ткъа, хIун дан деза? Вен веза пурстоп, тIаккха бен и дIа ца нисло.

Иштта лаха езара нийсо, Гушмазукъин кхетаме диллича. Амма, «ма-дарра дийцича, стаг вер атта гIуллакх дац, – бохуш, ойланаш йора воккхачу стага. – Делахь а, кхечо аьшнаш йийр яц хьан стогалла».

Хала, вуно хала хIоьттинера Гушмазукъин цIийнан дахар. Ша вичахьана а доьналла доцуш я стешха ву шена аларна кхоьруш, схьавогIура иза. И кхерам цунна массо а хIуманал хала бара, шен устазах а, хIора дийнахь ша пхи ламаз дечу Делах а кхин чIогIа ца кхоьрура воккхастаг. Берахь дуьйна а иштта халахетара цунна, стаг шен гIело гойтуш, осала хилча; дукха гинера цунна, эхь а, има а дайнчо, ницкъ карахь болчо, кхин йилбазалла доцуш – дагана кIеданиг тIехьатоттуш, и цо хьошуш. ХIетахь дуьйна схьа деган ледарлой, хIуманан тидам боцуш хиларрий шен бIаьрга дан ца дезара Гушмазукъина.

Чуеана Зезаг, кхин йист ца хуьлуш, мардена хьалха лаьттачу стоьла тIе йовха сискаллий, кIалдаьттий, гIалмакха-чай хIоттийна, юха а яьлла, неIарехь сецира.

Стоьла тIе бIаьрг а тоьхна, кхин вист ца хуьлуш несе хьаьжира Гушмазукъа. КIеззиг ойла а йина, стоьла тIера схьаэцначу чайнан кеда туьхин цинц а тесна, юха а баьхьна, и кад цигга охьахIоттийра воккхачу стага.

– Зезаг, – элира цо, юха а несехьа воьрзуш, – чIогIа хьагвеллакх со, бакъо лой ахь суна хIара чай мала?

Йист ца хуьлуш, корта охьабахийтина, лаьттара нус.

– Мегар дуй? – аьлла, юха а бакъо йийхира цо несе. ТIаккха а йист ца хилча: – Делахь хIун дийр ду ас, – элира Гушмазукъас, доккха са а даькхина. – Ахь бакъо ца елча, сан-м таро яций-ц хIара мала, Iийр ву-кх иштта хьагалвалла.

Шен когарчу, дашо хьаса боккхуш бинчу, Iаьржачу тIаьрсик-кIархашка хьаьжначохь лаьттара Зезаг.

– Алал хIинца, мегар дуй суна хIара мала? – кхозлагIа хаьттира мардас.

Юха а жимма йист ца хуьлуш лаьттина:

– Мегар ду, – элира Зезага, тийначу озаца.

– Баркалла хуьйла, Дала ша ирс долуш йойла хьо, – элира воккхачу стага. ТIаккха схьаэцна чайнан кедара цхьа-ши къурд а бина, баьхьна и кад стоьла тIе охьахIоттийра цо.

Шен несах бIаьрг а тоьхна:

– Дийцал хIинца суна, хьийза-м ца йо хьо кхара? Ларайой? – хаьттира Гушмазукъас.

– Ларайо со-м, дада, реза ю. Хьо лелалой? Могашалла муха ю?

– Далла хастам бу. Иштта, хьуна ма-гарра, дIалелаш-м ву со. Кхана хиндерг Делан карахь ду-кх.

– Дала ша кхана диканиг дийр ду вайна, – элира несо.

– Дала мукъалахь. ТIаккха, хьо юй могуш?

– Могуш ю со-м, дада.

– И дика ду. Ткъа, сан доттагI Хушулла хIун лелош ву? Могуш вуй хIара?

– Иштта, хIокху бохамаша гIелвинехь а, дика дIалелаш ву иза-м, – жоп делира Зезага.

– Кхарна-м сагатдан ца оьшура. Шайн хан кхаьччахьана дIадоьрзур дара хIорш-м, – аьлла, шена тIера цхьа хIума дIатоттуш санна, куьг ластийра воккхачу стага.

– Дала мукъалахь, диканиг хир ду вайна.

– И цуьнан карахь ду. Баркалла хуьйла хьуна, Зезаг. ХIан, дIаяло, паргIат хила хьайна, – элира мардас, стоьлехьа а воьрзуш.

Шен мардегахьа букъ ца берзош, юха а яьлла, дIаяхара Зезаг.

Мел лерана хьежарх шена гондахьа морзах а ца карийна, дIакхевдина товхи чуьра схьаэцна, цIеран кIега кераюккъехь леста а беш, луьйдиг хьарчош йина, чIогIачу томкин цигаьрка латийра Гушмазукъас. Цкъа-шозза баьхьна цуьнан буькъа кIур чу а тоьхна, кIеззиг меран Iуьргах бухабайтира цо. Тохара санна, цуьнан тийначу юьхьа тIехь цкъа гуллуш, юха хьалаайлуш орцахдевлла лелара и къежделла буьрса цIоцкъамаш. Леларх бехк бацара церан. Воккхачу стагана тIехIиттина халонаш хIинца а вуно дукха яра: Черновс хIара шен бераш сийсаздар а ца лайна, къена да

БIахо веллера, вешин ши воI, и Черноввий, юьртда Iадоддий бехке волуш, лаьцначохь кхелхинера, вукху юьртдас ГIовдас, нускал духадерзийнехь а, ша харачойн цIенна динчу эхьана дуьхьал жоп ца деллера. Дукха дара, вуно дукха дара воккхачу стагана хала ойла ян дисинарш.

2

Арабевлла баханчу шен кIентех хIун хилла ца хууш, ойланаша бIарзйина, гIийла богучу кхерча хьалха, боккхачу аьшкалан гIожа тIе а тевжина Iара Зеламхин нана Хьурмат. Ша йиллинчу хенахь цIа ца вогIуш хIинццалц схьа цкъа а ца висинера Зеламха. Ткъа, хIинца хIара доьалгIа де дара и стенга вахана ца хуу. Цундела, тахана дуьххьара шен де доцийла хиира къанъеллачу нанна. Тийна хин тIадамаш оьхура цуьнан охьадаьккина Iоккучу цIоцкъамашна кIелхьарчу Iаьржачу бIаьргаш чуьра. Йоккхачу гIайгIанца ойланаш еш хьоьжура иза дIайовш лаьттачу кхерчарчу цIаре, баханчу кIенташна орцахдаьлла дог, тем байна Iийжара. Даима семачу ненан дагна хIинца а тосаделлера, уьш цхьана кхерамечу гIуллакхана арабевлла хилар. Иштта ду-кх и шен берашка хуьлчу безаман мах хиъначу ненан дог, дан а дой, цул тIаьхьа дахаран гIиллакхаш а Iамадой, диллина царна сагатдан кху дуьнен чу и бераш дIахоьцучу ненан дог. Иштта ду-кх и еха буьйса чекхъяллалц ца юьжуш, кхерчахь цIе Iалашъеш, кхекхий дермат деш, шен куьйга къажбинчу тIергIах машош деш цу берашна тIе а, кога а юхучу ненан дог, миччахьара а гулдой пхьор вовшахтухий, и шен бераш дузийнчул тIаьхьа бен ша ца юуш, массарел а тIаьхьа дIаюьжучу, массарел хьалха гIоттучу ненан дог. И ю-кх лаьтта тIехь вайна дахаран хьалхе а лой, кхин шен цIе ца юьтуш, вай делхарна кхоьруш, тийна кхелха нана…

«ХIун дийр ду ас, цу шиннах цхьаъ чов йина я вийна вахьахь? – бохуш, ойланаш йора нанас… – Ткъа со санна йолу цхьана нехан зуда йоьлхуш йисахь, хIун дан деза? Иза а ма ду, со санна, адам».

Маржа хьо яI, тем байначу ненан дог, хьуна цхьанна хаьа-кх, иштта тIехIоьттинчу дийнан хало!..

Ехха, цу пешара хаьштигаш а даьгна, къегина кIегий дIа а дайна, царна тIе мокха чим лаццалц Iийра Хьурмат пеша хьалха, иштта цу аьшкал тIе а тевжина, ойланаш еш. ТIаккха, пешара цIе, аьшкал хьаькхна, Гушмазукъа вижначу дехьачуьрачу цIийнан пенехьа а гулйина, пеша юххерчу жимачу кора тIехь лаьтта чиркх чу а оьзна, шен майрачун когашка, паднар тIе тесначу истанга тIе, дIайижира иза.

ТIулгаш тIе вижча санна, майрачо, ха а хоьрцуш, узарш деш хезара цунна, хIетте а, дош аьлла, шен даг тIера гIайгIа ца хаийтира цо цуьнга.

* * *

Буьйса юккъе яханчул тIаьхьа хийла хан яьллера. Мархаш хIиттинчу цу стиглахь цхьа а седа ца гора, схьагарехь, массо агIонгахьара а, Зеламхас арадаьккхинчу гIуллакхана, нисйича санна, Iаьржа тIеэанера буьйса. Амма, цу Iаьржачу буьйсано дIакхаьллича санна, тап-аьлла, къайлаелира Зеламхина дукхаеза и Харачо-эвла. ХIинца цу эвлара схьа ца гора дуьненан дахаран цхьа а билгало: богуш чиркх а, адамо ен гIовгIа а.

Ткъа, дIо аьрру агIорхьа, Ведана-гIопехь йогура сирла фонараш а, цигара схьахезара хан йоцчу хенахь сакъоьруш Iачу хьоладайн хIусамаш чохь ека эшарш а, луьйш ен гIогIанаш а. Амма, Харачуьра, и эвла бухаяханчул башха, схьакхеташ серлонан зирх бацара.

Харачуьра схьа муха кхета серло, и серло Ведана-гIопан готтачу кех ара а яькхина, шайн ирчу цхьамзанаш тIехь кхуза яхьаш берш цу къизчу паччахьан салтий хилча. Ткъа, мехкадаьттий, сирниккий кхузахь, сов сутар хиларна, бегочу совдегарийн буйнара бен кхочуш ца хилча.

Хийла хан хьалха дуьйна схьа а шайна тIейоьжначу гIелонний, къеллиний, харцонний, къизаллиний, Дала ша цхьа пурба ца лахь, кIелхьарадовла таро шайн яцарх тешна дехара кхузара адамаш.

Дайн Iадат. И дара церан кхетамехь Iалашдан дезарг. Керла тIедогIург муьлхха а – пайда боцу берийн ловзар хилла ца Iаш, дуьххьалдIа, хьекъалехь гIуллакх дацара. Цул совнаха, иза стага

ша-шена тІейохьу Іожалла яра. Цу шарделлачу дайн Іадатан некъашца цалеларг, царна тІера нацкъар ваьлларг, церан хьекъалехь – сихвелла ша шен Іожаллина дуьхьалвахана ца Іаш, кхиберш а галбаьхна тІепаза байа воьдура.

Иштта, кхин дІа дуьненан дахаран чолхе къайленаш ца хууш, хьекъалан кІорге ца тоьъна, шайн дайшкара девлла гІалаташ довза ца гІуртуш, бІаьргаш а хьаббина, царна тІаьхьагІертара уьш. Иштта дехий, кхин хІума ца гуш лара кхузахьа адамаш.

Син паргІатой, паччахьан набахтей – и ши бІарлагІа яра кхузахь стеган даго, даха лууш, даима а ног еттачу новкъахь хьийзаш.

Муьстачу берамца екъа сискал юууш, шаьш Іахь а, Іай а, аьхка а тІебухуш берг и морса маша бен бацахь а, кога юьйхина муьста неІармачаш лелаяхь а, харачошна а дезара дахар а, дуьненан синкъерам а. Амма, мел чІогІа мацлуш, шеллуш, хала шаьш леларх, дуьненан хьолах Іеха а белла, шайн меттиг, дог-ойла, цу къеллица схьабогІу шайн лаам боххa цкъа а дага ца деанера царна.

Ткъа, хІинца тІе хІара паччахьан керла зама а еана, дас бере луш, оццул дукха хенахь дуьйна схьа хьекъалца, къийсамехь къахьоьгуш гулдина и гІиллакхаш, и Іадаташ, шеначул башха гІиллакх а, стогалла а хІун ю ца хуучу сутарчу Элсин Іадодан буйна деллера пурстоьпо…

Цу ойланаша гІел а вина, тІегІерта наб дІатоьттуш, цкъа гІоттий волалуш, юха охьахууш хьийзара Зеламха. ХІинца Іара иза Харачойн-ламанан басахула богІучу цхьана готтачу некъо голатухучохь, юькъа евллачу бІаьллангийн Іиндагіехь. Хецна дІавахийтича, цо цхьа доьхнарг дарна кхоьруш, тохара санна, Солтамурд шена юххехь а волуш. Зеламхас латийнчу цигаьркин сийна кІур, чІагаршца хьаьвзий ай а лой, цу бІаьллангийн гІаш юккъехь беший бовра.

Тахана хІара доьалгІа де дара Гушмазукъин бераш шаьш а, шайн да а, вежарий а дакъазбаьхначу мостагІашна и деккхалц нахана юкъа ца довла дош а делла, кхин шайн юьрта ца догІу.

ХІан-хІа, Зеламха вогІур а вацара и эхь тІехь нахана дуьхьал, къаьасттина дена дуьхьал. Ткъа и нисдеш, уггаре а хьалха Харачойн юьртден воІ вен везара, цунна тІаьххье пурстоп Чернов а вуьйш.

Иштта дан догІу и дайн къизчу Іадатца, бІаьргана дуьхьал – бІаьрг, лергана дуьхьал – лерг доккхучу къизачу дайн Іадатца.

Наггахь вовшашка декаш хеза хьуьнан олхазарш бен, кхин хІума хезаш доцуш, тийна лаьттара ламанан Іуьйре.

– Дукха Іен дезий техьа вай, и варе хьоьжуш кхузахь? – хаьттира Солтамурда, ша кхузахь вуйла хаийта лууш санна.

– Иза цунна шена дика хаьа, ІадІелахь, – жоп делира Зеламхас.

Юкъ-юкъа дисина кІедочу лайн баьрзнаш санна, стиглахь лелачу мокхо-сирачу мархашна кІел боьдий цкъа къайлаболуш, юха схьакхетий дуьне серладоккхуш, кхозура бовха малх.

– Кхузахула мукъана а вогІур вуй техьа и? – луьйчура ца соцура Солтамурд.

– Кхузахула вогІур ву, кхузахула! Кхин некъ бац цунна, – жоп делира Зеламхас, кхин дІа кхузахь хІара лен ца оьшийла хоуьйтуш.

Кестта, цул тІаьхьа, дІо новкъа схьавогІу стаг гучувелира. Кхин а чІогІа, шаьшшиъ Іачохь гІаш юккъе а воьлла, дІатийра Зеламха шен вешица.

– ХІан-хІа, и вац иза, – элира Зеламхас, доккха са а даьккхина, тийначу озаца.

Шен буйнара, баьццара басар хьокхуш, хаза кечйина Іаса а луьйзуш, меллаша новкъа схьавогІура цхьа воккхастаг. Солтамурдана вевзира иза. И вара Зезаг Солтамурдана магош мах бина молла.

Юха а дІо лекхачу лома тІехула схьакхийтира и можа малх. Сов чІогІа къегинчу цо, бес-бесара лепош, хазбинера Харачойнлам. Хьуьнхахь хІинца кхин а чІогІа декара шайн Іуьйренан дезаршна гІевттина олхазарш.

– Схьахетарехь, хІинца а пурстоьпа дина цхьа рогІера зулам

нисдан Ведана воьду моьтту суна молла, – элира Зеламхас, шайна тIех ваьлла дIавоьдучунна тIаьхьа а хьаьжна.

– Воьдуш хила тарло, – аьлла, ца лууш, жоп делира Солтамурда, цу стагах дозуш цхьа а вон хIума шен дагахь дацарна.

Оцу хенахь веана юха кхин стаг гучувелира цу новкъа схьавогIуш.

– И дIо вогIург ву хьуна иза, – элира Зеламхас, шен вешига тIехьа куьг а ластош, – IадIелахь.

Уьш ший а, кхин меттах хьан ца хIуттуш, дIатийра. Къаьсттина чIогIа цецваьлла, шена гуш дерг цхьа ирча гIан долуш санна, висинера цу юьртден кIантаца берахь дуьйна доттагIалла лелош, цуьнца гIулгех а, лечкъаргех а ловзуш, вон а, дика а доькъуш схьавеана Солтамурд. Цхьана Iай, ша тIехула салазаш хоьхкуш, хи чу воьжча, цу юьртден кIанта, шена тIаьххье шийлачу хи чу а иккхина, ша схьаваькхкхина дагадогIура Солтамурдана. Ткъа, хIинца юкъа мостагIалла а доьлла, кху шиннех цхьаъ дуьнен чуьра дIавала везара. Ма тамашена ирча, къиза хIума ду-кх и, вуно къиза!

И схьавогIург гергакхаччалц, дIо голатухучохь Iуьллучу тIулга тIе и кхаччалц, бохуш, Iара Зеламха. Цо-м и кхин герга а ваийтина сацор вара. Саца а вина, хоттур дара цуьнга: « Хьо мила ву? Кху эвлара тхо хьайл кIезга хета хьуна? Стенах моттаделла хьуна, тхо хьайн леш хила декхарийлахь ду бохург?» – аьлла, масала, – «орца дала», – аьлла, мохь а тоьхна, и Iадодан кIеза дадарна ца кхерахьара.

Наггахь, куро корта хьалаайбой, некъана гондахьарчу хьуьне бIаьрг а тухуш, дегала вогIура и къонах шен новкъа. Цуьнан аьрру буйнахь Iаьржа тептар дара, аьтту агIор хаьн тIе тесначу тапчийн муккъий, юкъах йихкина кхелина шаьлтий чIогIа лепара малхехь.

– ХIей, къонах, собардел, – аьлла, хьала а гIеттина, цунна дуьхьалвелира Зеламха. – ХIинца вайх къонах верг къаста веза. Схьадаккха хьайн герз!..

ЦIеххьана тапча елира. И новкъахь сецна Iадодан воI, цхьа

тамашена дIа а кхоссавелла, охьавуьйжира. Цуьнан буйнара Iаьржа тептар, кхоссаделла дахана, цунна гена доццуш даьржира.

Шен йолхазйолу тапча хумпIара чу а нисъеш, сихха новкъаваьлла, цу стагана тIевахара Зеламха. Цунна тIаьххье ваьлла Солтамурд а вахара.

Хьаса боккхуш йина и хаза маьхьсеш юьйхина ши ког дIаса а тесна, кхин меттах ца хьовш, Iуьллура и къона стаг. Цуьнан некха хьалхара чоьин бустам а кагбеш чекхъяьллера тапчин дIаьндарг.

Дас сайна тIедиллинчу кхаа декхарх шиъ-м кхочушдинера ас, – ойланаш йора Зеламхас. – Ткъа, хIинца мукъана а машар хир бац техьа тхуна юкъахь?.. Чернов мичахь, хIун дича карор вара техьа?»

Кхузахь ша хIинцца динчу зуламо дуьххьара чIогIа кхерам тесира Зеламхин даг тIе. Сирла хьаьжначу малха кIел, тийначу махо бес-бесара кортош а техкош, сийначу бай тIехь лаьттара и хаза зезагаш, цхьана минотана севцинчуьра духа а эшаршка девлира хьуьнан олхазарш.

Оццул къегина лаьттачу хIаваан хазалло кхин тIе а чIагIдора, кхуо кхузахь динарг хьаштдоцу зулам хилар. Зеламхина шена а къаьсттина чIогIа новкъадеанера иза, амма кхечу кепара дерзадойла кара ца еара цуьнан.

Схьаэцна и Iаьржа тептар долчунна улло а диллина, сиха цунна еса деша хIоьттира Зеламха.

Кхин дIа са а ца тохаделла:

– Мел аьлча а, къахета суна-м кхунах, – элира Солтамурда.

И шен даккхий Iаьржа цIоцкъамаш мера дукъа тIе а гулдеш, буьрса шен вешига хьаьжира Зеламха.

– Дан а ду кхуьнан-м къа, – тIетайра Зеламха, – Мухха делахь а, адам ма ду хIара.

ТIаккха, деган кIодалла шена тIера дIакхосса гулвеллачуха, корта а айбина:

– Схьавало сиха, – элира цо, вешигахьа а воьрзуш.

Цигара схьаволавеллачу кху шиммо цхьа ткъех гIулч яккхале:

– ХIей, собарделаш! – хьалхара схьа мохь туьйхира кхаьрга.

Шен ваша тІехьа а лоцуш, некъана нацкъарваьллачу Зеламхина герзаца кечвелла ши дошло гира.

– Шуна новкъа нах дац тхо, – элира Зеламхас. – Оха динарг, шун бала боцуш, тхан-тхешан гІуллакх ду, некъ маьрша бита тхуна.

– Ког меттах ма баккхалаш! – мохь туьйхира вукхо схьа. – Со, массо а хІуманан бала кхочуш, пурстоьпан гІоьнча ма ву.

Шайна хьалха лаьттачу беречух бІаьрг кхетча, цхьа тоьлла стаг а хилла, цу лекхачу динахь Іашверг, ах лаьттах а яхана йоллу къечу стеган тиша утарма санна лоха а волуш, куьйсо хьаьрса маж йолу Черновн гІоьнча хІинца вевзира кху шинна. Ял схьа ца ло аьлла, чу а иккхина, цо шайн лулахочун чуьра цІеста кІудал а, тиша истанг а даьхьна дагадогІура Зеламхина. Делахь а, шен ма-хуьллу гІуллакх очча ца даккха дагахь волчу кхунна цуьнца дов ца дезара. Цундела:

– ДІадахийта тхо, господин пурстоьпан гІоьнча, – элира Зеламхас, – де а шуна зенехь нах дац тхо.

– Букъ берзабе суна, дІадуьлало Ведана-гІопехьа! – кхерам тосуш, мохь туьйхира пурстоьпан гІоьнчас. – И къамел ахь кхин дахдахь, ас топ туху хьуна!

Юха а вуно чІогІа дийхира Зеламхас дІадахийтахьара, шаьш, аьлла, амма, жоьпан метта топ елира. Хьалхъа схьакхеттачу тоьпан дІаьндарго кагбинчу тІулгах тІуьхк Солтамурдан юьхьа тІе кхийтира. Цунна топ тоха гІоьртина Солтамурд саца а вина, юха а чІогІа дийхира Зеламхас дІадахийта шаьш, аьлла. Амма, жоьпан метта юха а тоьпаш евлира, царах цхьаммо Зеламхина яйн чов а еш.

Ша боьхучу машарх дош ца хилча, Зеламхас, схьа а яьккхина, тапча тоьхна и пурстоьпан гІоьнча, цуьнан буйнара топ генна дІа а йохуьйтуш, нисса Іункар говрара вожийра. Цуьнан челакх говр вон дІа а кхоссаелла, едда яхара. Важа бере а хаьххкина цунна тІаьхьа вогІавелира.

– Солтамурд, хьуна кхузахь хІумма а ца гина, хьуна хІокху гІуллакхах хІумма а хаац. Кхетий хьо ас бохучух? – элира, ницкъ

ма-кхоччу чІогІа кху зулам юкъахь шен ваша ца хилийта лиъначу Зеламхас.

3

«ХІинца а хьо цхьаъ – берзан дакъа, хьо кхечи-кх соьга», – ойланаш йора, юха а буьйсанна ханъяьллачу хенахь Харачойн-эвла чу ван дезначу Зеламхас.

Аьккенан беттан Іаьржа буьйса цхьа инзаре тийна лаьттара, бода болчухьа, керташна юххехьа а тебаш, Зеламха вешица шайн керта вогІуш. Серех дуцуш дина тиша зІар дІа а теттинакел чоьхьа велира и шиъ. Тишалла раз а яьлла лаьттачу керта хьокхан буьххьехь йоллуш шен мера кІел говра коьртан туьта гира Зеламхина.

Чубаьккина шен кІентий гича, сакъераделлачу Гушмазукъин бІаьргаш, цІеначу хи чохь дилина Іаьржа хьечаш санна, ден куралличца лепара. Ша къонах хиларе хьаьжжина, къамел дукха ца деш, ден собарца, сакъераделла тІеийцира цо шен къоьнгий.

– ПІаккха, схьадийцал, муха ду шун гІуллакхаш? ХІун деш лийли шу кхузахь? – хаьттира цо цаьрга, тохара санна, вахана цу лохачу гІанта, товхана хьалха охьа а хууш.

Хьан вийна ца хууш, велла Іуьллуш юьртен кІант а карийна, иштта, еза чов йина, вала воллуш, пурстоьпан гІоьнча а ву, бохуш, арадаьлла хабар селхана делкъехь кхаьчнера кху чу а. Цул совнаха, и зулам динарш Гушмазукъин бераш ду бохуш а дуьйцура. Цундела, кхин къамел ца дахдеш, доцца, и болх бинарг ша ву, элира Зеламхас дега.

– Ткъа, хІун дийр ду вай, сан бераш, – элира, кІоргтера ойла а йина, Гушмазукъас. – ХІинца цхьаммо юьхьа дуьхьал а, я тІехьашха а тІех ца тоха мега вайна. Коьртаниг ашшимма дина, ткъа, Черновца дерг, хаза цхьаьна ойла а йина, тІаьхьо кхочушдан хьовсур ду вай.

– Иза а вайгара ваьлла цхьаннахьа а гІур вац хьуна, Гуша, ахь са ма гатделахь, – элира Зеламхас, таІош.

– ХІан-хІа. ХІинца ас де а са ца гатдо. Цу тІехь вай сих лур дац я дицделла а Іийр дац, – элира воккхачу стага. – Амма, тахана

я кхана Iедало и гIуллакх вайга хатта тарло. Цунна вай хIумма а ца хууш хир ду.

– Ткъа, масала, IадодагIарах стаг вагIахь? – хаьттира Зеламхас.

– Цаьрга-м ала мегар ду, и вай нисйина вешан царех йоллу чIир ю. Цу тIехь хIинца гIуллакх машарца дIадерзийта а олуш, – кIеззиг ойла а йина, жоп делира дас.

– Тамаш бу-кх, Гуша, цара и дахь.

– ХIунда бах ахь?

– Iадод кура стаг ма ву, – элира Зеламхас. – Ша тоьлла бен и дIадерзийта луур дац цунна. Юьххьехь дуьйна а вай нах хета Iадодана цалаар бахьана долуш харцхьадаьлла доьдуш дац хIара дерриге а?

Цхьана минотехь хала ойла еш, кхин вист ца хуьлуш сецира чохь мел верг.

– Ткъа, масала, бехк-гуьнахь доцчех дегабаам бина, цара уьш лецийтахь – и ма ду гуттаре доьхнарг, – аьлла, ша-шега луьйчуха вистхилира Зеламха. – Уьш а бевр ма бу тIаккха, вай санна, дакъаза.

– Суо шул жима велахь а, цхьа-ши дош ала лаьара суна, – элира, хIинццалц схьа вист ца хуьлуш, неIарехь лаьттачу Солтамурда.

– Алал, – лерина кIанте хьаьжира да.

Цхьа доьхнарг ма дийцахьара-кх кхуо мукъа а, бохуш, ладоьгIна сецира Зеламха.

– Юьртден кIентан цIий ас сайна тIелоцур ду, – хIумма а дац, суд а суна яйта, Сибарех а со вахийта…

– М-хI, ма сиха кечвелла хьо, – Солтамурдан дош кагдира дас. – ХIара обарг ваьлла, ткъа, хIинца хьо Сибарех вахча, ас хIун дан деза, со стенга вахьа дохку шу? – ХIинца оьгIазе хьаьжира иза шен жимахволчу кIанте. – Цулла а, ахь хIун дей, хьайга бохург а деш, IадIел хьайна, – хадийра цо шен къамел.

Иштта чIогIа оьгIазвахана да шега вистхилча, кхоччуш и ца тайна, дегабаам бира Солтамурда. Бехк а бацара цуьнан и иштта

халахетарх. Ма-дарра дийцича, хIара дов дерриге а Зезаге кхуьнан бахана безам бахьана долуш доладеллера. Цундела кху балха тIехь муьлхха а бала шена тIелаца кийча вара Солтамурд. Ша бахьана долуш кхечунна бала бан ца лиъна, хIара дов кхин ца кIаргдан ма лачкъийра цо массарех а, тохара ГIовдин некъаша МахкатIерчу хьуьнхахь шена йина чов.

Шен вешин дагара хууш санна, хIинца цунна хьаам бан лиъна, кIеда вела а къежаш, Солтамурде хьаьжира Зеламха. «ХIумма а дац, вохий ма хилалахь, сан ваша, вониг хир дац хьуна со дийна а волуш» – бохура цуьнан беркате схьаьхьаьвсинчу бIаьргаша.

Чуеана нана, йист ца хуьлуш, кхарех массарех бIаьрг тоьхна, яхана дIо паднаран дIанехьа маьIехь тIекIел доьттичу истангашна юккъера схьадаьккхина, шен тай-маха чохь долу бохча а эцна, араелира.

Ткъа, ша иштта къаьхьо вистхилар Солтамурдана ца тайнийла хиъначу дас:

– ХIара гIуллакх иштта хIуттуш хилча, вай цхьана а хIуманна даре дийр дац. Кху гIуллакха тIехь со къедех дагавер ву.

– Гуша, – элира Зеламхас, гIаддайна вела а къежаш, – бехк ма биллалахь суна, амма ахь тахана къедига аьлларг, кхана гуттар маьттаза а даькккхина, юьртдех дIатоьхна карор ду-кх хьуна. Къеда а, юьртда а цу полковникан Дубовн ялхой буйла ца хууш ву хьо?

– Ткъа, хIун де вай хIинца? Схьадийцал ахь, – аьлла, шен даккхий цIоцкъамаш гулдира Гушмазукъас.

Юха а цхьана минотехь, массо а кхин вист ца хуьлуш, дIатийра.

– Боршиган ШахIидца областан начальник волчу а вахана, ахь инарлица дийцича дIадерзалур дацара техьа хIара, Гуша? – юха а чуьра тем Зеламхас бохийра. – И дан хьажахьа, Гуша, и инарла ШахIидан гергара стаг ма ву.

– И хьан бах?

– Наха дуьйцу-кх, и Михеев ШахIидца гергарло долуш ву, бохуш, – элира Зеламхас.

– ХІан-хІа, – элира Гушмазукъас, жимма ойла а йина. – Боршиган некъий ца бевза хьуна. Шуна харцахьа хетахь а, ас хІара гІуллаккх, цкъа ма-дарра, къедига дуьйцур ду, шега йийцина нехан къайле сийсазъян Далла хьалха бакъо ма яц цуьнан.

Дена дуьхьал кхин вистхила йиш йоцуш, таро йоьхна Зеламха, корта охьа а бахийтина, дІатийра.

Гушмазукъин доьзална тІехІоьттина гІуллакх, Зеламхиний, цуьнан дений ма-моттара, атта дацара. Полковник Дубов чІогІа декхарийла ваханера Іадодний, ГІовдиний хьалха, Гушмазукъин доьзал хІаллакбан тІелоцуш, Черновгахула шортта цаьргара кхаъ а эцна.

Тохара Соьлжа-ГІалин округан начальник волуш дуьйна а, шен деган воллица, ямарт а, къиза а ву, бохуш, гІараваьлла вара полковник Дубов. Ма-дарра дийцича, кху Дубовс хьеха а хьоьхуш, динера Черновс ша Гушмазукъин некъашна дина зулам.

Зеламхас чов йина пурстоьпан гІоьнча лазартнехь кхелхина аьлла, шега хаам бича, кхайкхина схьавалийнчу гІопан гарнизонан начальнике:

– Кхин дІаса ца доккхуш, кхана дуьйна дІа цхьана баттана харачошна таІзарна церан эвлахь латто салт кечбан беза ахь, – элира Дубовс.

– Къелла балла бохкучу цара муха кхобур бу техьа уьш? – полковникан дагара хаа гІоьртира гарнизонан начальник, ша цига и салт хІотто кийча воллушехь.

– Уьш да болун бежана а, котам а ейта цаьрга цигахь. Ткъа, масала, церан даьхний ца тоахь, нахана тІера цІока яккхийта! – аьлла, аз айдира полковника. – Царна гІело мел хили а дика ду, дІахьажабе бІо. Кхетий хьо?

– Кхета, господин полковник, йоккхур ю-кх вай цу обаргашна тІера цІока а, – жоп делира, бакъо а ехна, дІаваха хьалагІеттинчу гарнизонан начальника.

4

Вехха хьевелира Гушмазукъа юьртан къеда волчу ца воьдуш. Цу къедин вонах шекволуш а я цунах ца тешаш а дацара. ХІан-

хІа! Схьахетарехь, гуобаькхина тІедаьхкинчу кху чолхечу дахаран хеттарша бІарзвинера воккхастаг.

Делкъахан хиллалц, масийтта шо хьалха уьйтІара комарийн дитт хадийна йисинчу, йоккхачу юьхка тІехь, цхьацца ойланаш еш, хиъна Іийра иза. Шена хьалхахІиттинчу цу чолхечу хеттарех цхьа къаста а ца делла, хьалагІеттина кех велира Гушмазукъа.

Тоъал комаьрша, хаза велавелла, хьошалла деш тІеийцира къедас иза.

– Де дика хуьлда хьан, къеда! Дала има а, беркат а ма эшадойла кху чохь! – элира хІусамдега чувеанчу Гушмазукъас. – Могашалла муха ю хьан, ларавой хьо?

– Далла хастам бу. Дика воллу со-м, Гушмазукъа, шуьгахь хІун хьал ду? – хаьттира хьеше къедас.

– Баркалла. Иштта дІагІерта-м гІерта тхо, къеда.

– Бакъахьа ду, вуно бакъахьа ду. Бераш дуй лелаш, дукха са-м ца гатдо хьан цара? – хаьттира къедас. Гушмазукъин доьзалан меттиг шена вуно дика евззашехь, цІенна гІиллакхана.

– Уьш а, хьуна ма-хаъара, дІалела, къеда, – дог ца догІуш жоп делира воккхачу стага.

И нохчийн хьалхарчу рогІехь лела оьздангаллин хьаьркаш чекхдевллачул тІаьхьа ледара доьдура кху шиннан къамел. Гушмазукъина ца хаьара, ша деанарг стенна тІера дІадоло деза, ткъа, къеда цуьнга хьоьжура.

– Ялташ муха ду кху шара арахь, Гушмазукъа, ялташ? – хаьттира къедас, воккхастаг кхин вист хирг а ца хилла.

– Ялташ дика хьалакхиъна, къеда, кІеззиг догІанаш хилахь, доьзалшна таро ялла хьаьжкІа лахьор ю вай.

– Дала мукъалахь!

Йовхарш тухуш, кІеззиг собар а дина:

– Иштта оцу берашца дерг, къеда, хьуна ма-хаъара, жимма галдаьлла ду-кх сан, – аьлла ша-шега луьйчуха вистхилира воккхастаг.

– И хаьа суна Гушмазукъа, дера, цу доьзалца дерг дика ма ца нисделла хьан, – аьлла, цуьнан къамела юкъа гІоьртира къеда.

«Билгал хаьа хьуна цунна хIинца оцу юьртден кIант Зеламхас вийнийла», – бохург дагадеана, воккхастаг цхьана минотехь кхин вист ца хуьлуш а Iийна, тIаккха хозуьйтуш:

– Иштта хIинца цу тIехь хьоьгара гIо оьшуш веана-кх со, къеда, – аьлла, чекхвелира Гушмазукъа.

– Сан дан таро ерг хилла ду-кх хьуна, Гушмазукъа, цу тIехь. Схьадийцал.

– Элсан некъаша, тхо осала хеташ, чуьра а даьккхина нускал дигна тхан, цу тIе кхин бехк а, гуьнахь а тхан доцуш, тхоьца дов а даьккхина, тоьхна тхан Ушарма а вийна охьахевшира уьш. Ткъа, оха цу шина эхьах эхь шайна декхча, кхоаца пурстоп Чернов а эцца, тхо набахте дохкийтира цара.

– Иза а хаьа суна, – элира юкъаиккхинчу къедас.

– Ткъа, гой хьуна, къеда, цу девнна арадаьхначохь, кхин шиъ а тхох каторгехь вайна.

– Дала гечдойла царна, Дала уьш бирзина меттиг а декъала йойла, – аьлла, доIа а дешна: – Амин! – элира къедас.

– Амин! – элира цунна тIаьххье Гушмазукъас а. – Дела реза хуьлда хьуна… тIаккха, гой хьуна, – бохуш, къамел дора воккхачу стага, – хIинца и воьалгIаниг тхан, цу тIехула обарг а ваьлла, дакъаза вели. – Юха а йовхарш тухуш жимма ойла а йина, – иштта хIинца тхаьш оьшуш и хIоьттинехь а, цунах машар хуьлийла лиъна, хьоьгара орца дезаш араваьлла-кх со, – аьлла, чекхвелира Гушмазукъа. Ткъа, Зеламхас Iадодан воI вер, шена хууш, ца элира цо къедига, иштта а шаьш оьшуш и дов дирзина хеташ.

– Гой хьуна, Гушмазукъа, Зеламхас тоьхна пурстоьпан гIоьнча вийна, цу тIехула тIе, Iадодан кIант а цо вийна, бохуш, дуьйцу наха, – элира къедас, ша хьийзочуьра совцийна суьлхьанаш кераюккъе а гулдеш. – Цу балхо чIогIа оччадаьккхина шун гIуллакх.

– ХIунда? – хаттарца цецвелира Гушмазукъа. – Тхох кхоъ вийна, церан оха вийнарг шиъ бен вац. Ткъа пурстоьпан гIоьнча кхузахь вийца оьшуш а вац. И хьан лору?

– Ой, и хIун хабар ду, пурстоьпан гIоьнча муха ца лору? Шун гIуллакх галдоккхуш уггаре а коьрта дерг и ма ду, – элира, кхин схьа а ца воьрзуш, корах арахьоьжуш Iачу къедас.

Къаьсттина Гушмазукъина хало еана, кхин цхьа а вист ца хуьлуш, ехха хан хIоьттира кху чохь. ЧIогIа ца лиъера воккхачу стагана къедера ямартло йолуш хIума шена гойла. Делахь а, тахана кху чохь къедас шега ден къамел догцIена ца хетаделира цунна. Даг тIера дIа ца долура: «Къеда а, юьртда а – ший а цхьана цу полковникан Дубовн ялхой бу хьуна» – шен кIанта алар.

– Ткъа, шена гечдар доьхуш, Зеламха хIинца вайна керла веанчу округан начальникана тIевеъча, муха хир дара техьа, – цIехьана вистхилира къеда, шен ницкъ ма-кхоччу хьеше ца хьажа а гIуртуш. – И вайн керла начальник дика стаг ву, бохуш, хезна суна. Хьанна хаьа, геч а дина, цо пергIатваккха а мегий иза-м.

Шена а дагахь дацара къедина, цу керлачу начальнико Зеламхина гечдийр ду бохург, делахь а, шен Iедалца дерг ца телхичахьана, кхечуьнан гIайгIа цахиларна, дIадуьйцура, Гушмазукъин воI лаьцна Сибарех вахьарх я ирхъолларх шега дан вон доцу дела.

– Хьанна гечдийр ду боху ахь? – хаьттира, цунах ца кхеташ, Гушмазукъас.

– Муха хьанна? Зеламха ца вуьйцу вайшимма? – элира, кIелдIахула воккхачу стаге а хьаьжна, юха а шен суьлхьанаш хьовзо волавеллачу къедас.

Цу къедин и къамел шеца цхьа ямартло йолуш ду, бохург, мотгаделлачу Гушмазукъас:

– Ткъа, цу полковника цунна гечдийр ду бохучунна, юкъара хилалур вуй хьо? – кхин юьхь ца еш, майрра хаьттира къедига.

– Стенна юкъара? – цунах ша ца кхеттачуха, цецвелира хIинца къеда.

– Зеламхина цу полковника гечдийриг хиларна. – Къедига хьаьжжинчохь висира воккхастаг.

– ХIан-хIа, и ма дийцалахь соьца, – аьлла, куьг ластийра къе-

дас. – Аса-м иштта сайна хетарг боху, ткъа, и дар я цадар шун шайн гІуллакх ду.

– Ахь хеташ бохург, ва къеда, тхуна гергахь де бохург ма ларало, – элира аз а айдеш, Гушмазукъас. – Сан кІанта паччахьан хьаькам хазахета ца вийна, и пурстоьпан гІоьнча шен некъ бохо гІоьртича, цо гІийлачу нахана вуно дукха зуламаш дарна вийна…

– Ой, иза ца вийча а ма волура и, – юха а юкъаиккхира къеда.

– Волура, дера-кх, – жоп делира воккхачу стага, масала, ахьа а, хьо санна болчара а, нахана хуьлчу ницкъашка ла а доьгІна, уьш бакъахьа новкъа дерзийнехьара-м.

Цкъа девне вала дага а деъна, тІаккха собаре хилла:

– Ишттачу меттехь сатухуш хила веза, Гушмазукъа, – элира къедас. – Дела а собар динчуьнгахьа волу.

– Ткъа, мел детта деза и са?

– Мел оьшу а.

– Хьанна? Пурстоьпана бохий ахь?

– Цунна а бах, – аьлла, гомо шен хьеше хьаьжира къеда. – Массо хьаькам Дала ша шегара хІоттийна ву, Гушмазукъа.

– Ткъа, масала, цу Дала цхьа харцхьараниг, ямартверг хІоттийча хІун дан деза?

– Дала динчунна реза хила веза, – хадийра къедас.

Цхьана а гІуллакха тІехь харц хІума ца ловш, стогаллех вуьзина волу Гушмазукъа, цу шен кІоштахь массарна а дика къонаха хетавелла, гІиллакхехь лоруш схьавогІура. Иза иштта наха ларар цунна харц дерг цадезар, иза майра хилар, цо догцІенна ламаз а, марха а лелорна, адамашца гІиллакхах цавохар дара. Башха а дацара цунна, хьаьнггара хилчи а, харц дерг ца лара Гушмазукъас.

– Ткъа, Дала а ца боху, ва къеда, адамашца адаме востара хила? – хеттарш деш, къарвала дагахь а вацара воккхастаг.

– Дера, боху, – аьлла, цецваьлла, шен хьеше хьаьжжинчохь висира къеда. – Делахь а, массарна цхьабосса ма ца делла Дала и рицкъа кху дуьненахь.

– Цундела, гІийла нах хьийзо а, байа а магийна хир ду-кх Дала?..

Собар а кхачийна къеда:

– Хьайна иштта дика хууш хилча, соьга хІунда хоьтту ахь уьш? – Іачуьра хьала а айлуш, Гушмазукъина чугІоьртира. – И шайн дов а, кхин со юккъе ца хьекхош, шаьш дІадерзаделаш.

Кхин вист а ца хуьлуш, цецваьлла: «А-хІа, хІинца вевзи суна, хьо ма-варра», – цуьнга ала кечвелча санна, виснера воккхастаг. Кхин дІа дацахь а, и харц хилар тергал ца деш, хІинца къаьсттина, юьртдегахьа къедас озабезам бойла, хиира Гушмазукъина.

– Ткъа, дийцал суна хІинца, хІун нисдина аш и ши стаг а вийна, стенна Іаний аш бехк боцчу нехан цІий? – бохуш, туьха тесна пхьид санна, хьалакхийсалора къеда.

«Бехк боцчу нехан цІий?.. – чІогІа Іаьткъина, даг тІе хІоьттира Гушмазукъина и диъ дош. Делахь а, къедица къийсавала ца лууш, ІадІийра иза. Мел аьлчи а, Дала шегара цунна тІе ваийтина векал вара и къеда кху дуьнен чохь, цуьнга хаьттича. ХІетте а, тохара санна, шен кІентан дешнаш дага а даьхкина, ша кхуза хьаштдоцуш веана хиларх, кхийтира воккхастаг.

ЦІехьана цхьа сиха йогІучу говран бергийн тата хезира арара схьа. Къедин кІант баьхкинчу хьешашна дуьхьал аравелира. Чернов дІаваханчул тІаьхьа кхуза ваийтина, керла пурстоп Бек Сараев веанера.

– Суьйре дика йойла хьан, тхан сийлахь да, – элира чувеанчу пурстоьпа. – Муха воллу хьо, могашалла муха ю?

– Марша вогІийла хьо, господин пурстоп. Далла хастам бу, цо сайна делларг тоьаш схьавогІу со.

– И дика ду.

– ТІаккха, хьо хІун хилла вели тхо долчу агІор? – хаьттира къедас, лерина дуьхьалвахана Сараевн куьг а лоцуш.

– ГІуллакхаш ду сан, къеда, кху Харачохь, вуно дукха гІуллакхаш ду, – элира пурстоьпа. – А-а, хьо волчохь-м хьаша а хилла, – шена хІумма а ца хуучуха, Гушмазукъина тІе а вирзина, цецваьлла кеп хІоттийначу Сараевс: – Суна цхьанхьа-м гина хьо, – элира, шена и ца вевза сурт а хІоттош, лерина воккхачу стаге а хьаьжна.

– Гина, дера-кх, иза-м хьуна, господин пурстоп, Зеламхин да Гушмазукъа ма ву и, – элира къедас.

– Ой, – хьажахьа, ван а, дера, ву, – кхин а чIогIа цецваьлла. – Ассалам-Iалайкум, хIинца дуьйна девзаш хир ду вай. ТIаккха, хIун ду шу долчохь керла?

– Ва Iалайкум салам, – декъо жоп делира Гушмазукъас, ша вист ца хилча, бакъахьа а ца хетта. – Керла кхин де а хIума дац, иштта, аш тхаьшна деллачунна реза а хилла, дIаIаш ду-кх тхо.

Гомо воккхачу стаге а хьаьжна, вист ца хилира Сараев. Кхин къамел ца хIуттуш, чохь мел верг а цхьана минотана дIатийра.

– Къеда, – аьлла, и тер массарел хьалха вистхиллачу Гушмазукъас дохийра. – Со веана хийла хан ю, бехк ма билла сел дукха ас хьуо хьийзаварна.

– Бе а бехк буьллийла яц, Гушмазукъа, хьо-м гIуллакх дохьуш веана.

– Къеда.

– ХIун бах ахь?

– ХIета, хIинца суна кхин гIодойла яц-кх хьан? – хаьттира, тIаьххьара а, гIаддайначу воккхачу стага.

– ГIуллакх хьуна хьайна ма-гарра ду-кх, Гушмазукъа, – жоп делира къедас. – Суна хала ду шух бехке верг къасто.

– Шун къамелана новкъарло-м ца йи ас? Бехк ма биллалаш суна, – къедегахьа вирзира пустоп, кхарна хьалха ша чIогIа бехкала вахна кеп а хIоттош.

– ХIан-хIа, де а новкъа хIума дац, – аьлла, схьахьаьвзира къеда. – Гушмазукъа, иштта цу шайн гIуллакхана сагатдеш, сох дагавала веанера.

– Бакъахьа ду, вуно бакъахьа ду. Къедас вониг хьоьхур ма дац, – аьлла, хьалха цкъа воккхачу стагехьа а вирзина, юха къедина тIевирзира пурстоп.

– ХIара-м реза ваций-ц, господин пурстоп, ас магочунна, хIета, – Iоттар йира къедас.

– Стенна? – кхара дуьйцург хаа лиира пурстоьпана.

– Шена гечдар а доьхуш, Зеламха ша полковникана Дубовна тIевеъча, муха хир дара техьа, бохург, хьахийнера ас кхуьнга.

– Бехк ма биллалахь суна, къеда, хIара пурстоп хьалха а волуш, хIинца юха а хоьтту ас хьоьга: «Цу Дубовс Зеламха паргIатвоккхур ву, аьлла, юкъархила тарлой хьуна? – хаьттира Гушмазукъас.

Къедассий, пурстоьпой, кIелдIахула вовшашка а хьаьжна, шиммо а цхьаьна бохург санна:

– ХIунда ца тарло иза? Вайн керла начальник дика стаг ву ма боху, – элира.

Цу шиммо вовшашка бIаьрг таIош гина ГIушмазукъа, цхьана минотехь Iадийча санна, воьхна сецира. Хала сатоьхна:

– Шена гечде аьлла, Зеламха вогIур вац хьуна, къеда, полковникана тIе, – элира цо, кхин цаьрга дIа а ца хьожуш. – Ас сайн кIанте а иштта эр ду хьуна… Iодика йойла хьан, къеда, хьан а, пурстоп.

Воьхна, ша хIун ала деза ца хууш висинчу къедас:

– Диканца гIойла хьо а, Гушмазукъа, – элира, халла.

Шена тIаьхьа, хаалуш тоьхна, неI а чIагIийна воккхастаг араваьлча:

– Я-рабби, хьанах дегайовхо ю техьа цу нехан? – цец а ваьлла, ши куьг дIасадахийтира Сараевс. Корехула ара Гушмазукъина тIаьхьахьаьжжинчохь лаьттачу къедас, кхин дIа вист а ца хуьлуш, шен белшаш саттийра.

Царна оьгIазвахана араваьллачу Гушмазукъас, Зеламха схьа а карийна, цуьнга:

– Хьайна хьайн даго хьоьххург делахь, сан кIант, цу нахаца вайн машар хуьлучуьра дIадаьлла хьуна хIара, – элира ша цIакхаьчча.

5

Iуьйранна шайн балха баха кечбеллачу харачошка рузбан маьждиган майдана кххайкхира. Кхузахь хIинцале Веданара еана салтийн взвод лаьттара. Хьерахь санна, ечу адамийн гIовгIано яькхина хIара ширачу маьждиган майда схьаоьхучу адамех юьзнера. Гулбелларш, хIинца мукъана а хIун ду техьа шайна деа-

нарг бохуш, хьаьвссинчохь тийна лаьттара. И тер дохийра, цхьа орца даккха санна, цIеххьана тоьхначу эскаран вотанаша. Цкъа лагIъеш, юха чIагIъеш, ехха йиттира уьш.

Ламанан Iуьйренца сов сирла кхеттачу малха кIел и болатан цхьамзанаш а лепош, цхьана зуламна чухьалха кечбелча санна, буьрса, тийна лаьттара салтий могIаршка хIиттина. Цу вотанийн гIовгIано хIинца Iадийна хир ду хIара адам аьлла хеттачу хенахь, дIо маьждигна юххехь лаьттачу юьртден хIусаман йоккхачу неIарх араваьллачу полковника Дубовс куьг айдича, командира омра а дина, севцира и вотанаш еттарш. Ткъа, полковник гергахьа а веьча:

– ДIанисло! – аьлла, мохь туьйхира командира салташка. ТIеваничу Дубовс, куро куьг а ластийна, шен мере олуш санна:

– ПаргIатхила! – элира салташка.

Харачойн юьртдас Iадода, ша цаьрца берахь дуьйна хьалакхиъча санна, эвхьаза салам-маршалла хаьттира эпсаршка, и цхьа полковник воцург, уьш массо а шена тахана дуьххьара бен гуш боццушехь. Къедас, Далла хьалха ша массарна а везахиларе хьаьжжина, шен сий а Iалашдеш, гIеххьа корта а таIош хоттура цаьрга и салам-маршалла.

Шен кIант Зеламха кхузахь тахана цахиларх воккхавеш, кхин вист а цахуьлуш, дIо тIехьа, ахархошна юккъехь лаьттара Гушмазукъа. Юха, цIеххьана тохавелла, хьалха а гIоьртина, шена вон хуучу оьрсийн маттахь цхьана къоначу эпсаре:

– Господин эпсар, хIинца хIунда даьхкина шу тхан эвла? – хаьттира воккхачу стага.

– Хьуна стенна оьшу и? Хаац суна, – оьгIаз а вахана, жоп делира эпсара, кхин Гушмазукъе дIа а ца хьожуш.

– Суна хьо-м вевза. ДагадогIий хьуна, айхьа тхо набахте дигна? – хеттарш деш кхета дагахь а вацара важа.

Цец а ваьлла схьавирзина поручик Гринев, цхьа хIума дагадаийта а гIерташ, Гушмазукъе хьаьжжинчохь висира:

– Со вевза хьуна? – хаьттира цо.

– Дера, вевза. Хьо дика стаг а ма ву, – жоп делира Гушмазукъас, къоьжа чо баьллачу шен дехачу мекхашлахь кIеззиг вела а къежаш.

И, косказаш санна, шен беха ши ког а такхийна веана, кху шинна хьалхха сецира бIаьргбаьлла БIагал.

– А-а, Гушмазукъа, хьайн доттагI карийна-кх хьуна, – элира БIаьргбаьллачо, къу санна, гома цу шен цхьана бIаьргаца бокхачу кхакхан куйна кIелхьара Гриневга а хьаьжна.

– ДIадала кхузара, хьожайохуш лела йовсар, – элира оьгIазвахначу поручика. Кхин дош ца олуш дIавирзинчу Гушмазукъас, БIаьргбаьлларг волчу агIорхьа туй а кхоьссина, шен къамел сацийра.

Иштта, кхин цхьаммо а ца дийцира воккхачу стагана хIара салтий Харачойн-эвла хIунда баьхкина. Делахь а, кху балхах кхиа гIоьртинчу Гушмазукъин дог Iийжара, тезетахь санна, тийна лаьттачу шен юьртахошка хьаьжча, уьш гIийла а гина, кхин а чIогIа гIайгIа юьйжира воккхачу стеган даг тIе.

И майда дIалаьцна адам схьагулделча, шена дош даларе а ца хьоьжуш, вистхилира полковник Дубов.

– ХIай харачой, – элира цо, – хIинццалц схьа шуьца хилла маьрша къамел эххар сайн кхачийча, цхьа-ши дош ала дагахь гулдина ас шу тахана. Шун эвларчу наха обарг а бевлла, Iедалан низам сийсаз до, къоланаш до, маьрша нах бойу, паччахьан балхана новкъарлонаш йо. И гIуллакхаш бахьана долуш, кху эвла шуьга таIзарна кхабийна салт хIоттабо ас тахана дуьйна. Масала, цу обаргашца къийсам латто аш тхуна жигара гIо ца дахь, кхин а чIогIа таIзар дийр ду ас шуна.

Кху полковникана жоп дала дагахь волчуха, тIехьара цхьаммо-м хала озийна йовхарш туьйхира. Гушмазукъина девзира и аз – иза Зеламха вара. Шех дийна хIума доцуш, тIекIел йоманаш техкина тиша гIовтал а юьйхина, бIаьргаш тIе таIийна, иштта тиша, Iаьржачу кхакхан куй а тиллина, тIехьарчу могIарехь лаьттара иза.

Ткъа, къена Гушмазукъа, дош а дехна, баккхийчех цхьаъ я къеда кхузахь вистхиларе сатесна лаьттара; кху гIийлачу адамашна таIзар дан воллучу кху полковникана цо наьIалт кхайкхадаре догдохура. ХIан-хIа, иштта ойланаш йолуш лаьттачу кхунна

дуьхьал бовла дагадеъча санна, дош дехна вистхиллачу цхьамма а, шимма а юьртдена тІаьххье:

– Тхо шун ламана кІел севцина, ницкъ боцуш, гІийла адамаш ду. ХІун дийр ду? ГІаддайна-кх тхан, – элира. Ткъа, бисинчара а, шайн дагахь кхин делахь а, цара бохучунна реза ду шаьш, аьлла, кортош таІийра.

Кхин собар а ца тоьъна, дош дехна, вистхила дагахь хьалха гІоьртина Гушмазукъа, тІехьахула тІевеанчу цхьана къоначу стага:

– Воккхастаг, сонта ма хилалахь: вай дерриге а хІаллакьхир ду хьуна, ахь, сих а велла, кхузахь цхьа доьхнарг алахь, – аьлла, куьг а лаьцна юхауьйзира.

– Шуна хІун моьтту, хІинца кхин дІа а ас хІара шайн сонта забарш ловр ю моьтту шуна? – бохуш, шен къамел дІадора полковника. – Муьлхха а, шух кху юьртдена дуьхьалваьлларг, ас, и газан маІа санна, хьовзош саттийна, кагвийр вуйла, ца хаьа шуна.

Юха а лерина шена гондахьа лаьттачаьрга хьаьжира Гушмазукъа. Леш санна, кортош охьа а дахийтина, шайн куралла лачкъийна, стогаллина къола а дина, лаьттара нах. «Шайн стогалла ларъян гІерташ церан дайший, дедайший-м, Дала шайна тІевожийна имам Шемал а вуха ма туьйхира, – бохуш, ойланаш йора Гушмазукъас. —Ткъа, хІинца кхарна юккъера вера вац техьа цу юьртдегий, цунна тІехьа лаьттачаьргий и шалха, осала къамел сацадайттал доьналла долуш къонаха? ХІара хІун ду, вистхила а, мохь тоха а, халахета а бакъо яц техьа нехан кху дуьненахь? Стенга яхана техьа хІинца и иллешца хестон нохчийн стогалла?..»

– ХІара-м шинаран цІога ду хьуна, воккхастаг, кхул ирчаниг гур ду хьуна кестта, – элира, цецваьлла лаьтта Гушмазукъа тергалвечу, оцу къуоначу стага.

Воккхастаг вист а ца хилира. Делахь а, шена гондахьа лаьттачу кху харачойн чов хилла куралла мукъана а гур яцара техьа шена, аьлла, юха а оьгІазе дІасахьаьжира иза. Ткъа, уьш, тохара санна, хІинца а бІаьргаш охьа а дахийтина, шайн дайна сий вовшашна гарна кхоьруш лаьттара.

– ХІара салтий шун тоьлаш йолчу хІусамаш чохь бехар бу, – дуьйцура полковника. – Шайн уггаре а цІенчу метта бийшабелаш хІорш, уггаре а мерза даар кхарна латто деза аш. Шайн чохь а, арахь а долу хІума аш кхарна кхоадахь мегар дац шуна, кхарна деззарг дІалолаш. Ткъа, кхарна бакъо ло ас шайна луьург шух ян…

ЦІеххьана, цу лаьтта бухара хьалаваьлча санна, веана Зеламха майданахь лаьттачу нахана юккъе дІахІоьттира. И кхуза муха кхаьчна ца хууш боьхна лаьтта нах, хІинцца цхьа ирча хІума хир ду-кх кхузахь бохург дагадеана, ойланаш еш бисинера.

Полковнике вистхила дагахь волчуха, цунна хьалха а веана сецна Зеламха Гушмазукъина а ца вевзара мегарг.

«Церан дерриг бежнаш а дайийта, уьш ца тоахь, нахана тІера цІока а яккхийта», – аьлла, полковника бохуш, цу БІаьргбаьллачо де хьалха шега дина къамел дагадеанчу Зеламхин буйнахь, кхетта стелахаьштиг санна, къегина тапча цІеххьана елира…

Полковникан и боккха корта, хадийча санна, охьа а бахна, цуьнан хьажа юккъе хиллачу чевнах мела цІий схьатуьйхира… Цхьана эха минотехь, Іадийча санна, боьхна бисначу нахана юкъехь лаьттина полковник, веана шена хьалха иккхинчу юьртден белшах а тийсалуш, охьавуьйжира. Тохара схьагучу волуш санна, сиха, мохо вадийна ваьхьи техьа и аьлла хеталуш, къайлавелира Зеламха. ТІаккха бен салташа шайн тоьпаш хьала а ца айбира.

Полковник а вийна дІавоьдург сацо ца гІуртуш, дена а аьлла юьртдена чугІоьртира гарнизонан начальник.

– ХІун деш лаьтта хьо, Іовдал, – аьлла, мохь туьйхира цо, – схьалацийта цаьрга, - нахана тІе шен буйнара шеда кхаж а хьажийна, – и стаг вийна воьдург!

Коьртах хІума а тоьхна, хІинцца ша набарх ваькхича санна, меттавеанчу Іадода:

– Схьалацалаш и жІаьла! И къайлавалахь, шайна хиндерг хаьий шуна! – мохь туьйхира, боьхна лаьттачу нахе.

Дистина догІучу хечул башха, уьш ала гІертарг хІун ду ца хууш, гІовгІанаш йора наха а, хьаькамаша а…

Иштта, и хьаькамаш боьхна хилар бахьана долуш, аьтто а баьлла, Зеламхина тІаьххье эвлах бевлира цуьнан йиша-вешех мел волу боьршаниг. Биций, Зезагца шен бераш а эцна, хьуьнах яхара.

6

Харачошка кхабийта, цигахь цхьа взвод хиллал салтий а битина, вийначу Дубовн дакъа а дохьуш, лаьцна цигара шена караеанарг а валош, Ведана веара гІопан гарнизонан начальник. Цу балхо чІогІа аьшнаш вина, ша хІун дийр ду ца хууш, бІарзвелла хьаьвзина пурстоп Бек Сараев шолгІачу дийнахь хаьххкина Харачу веара, и «ирча паччахьан зуламхо» дийна лаьцна, я баькхина цуьнан корта Ведана бан тІе а лаьцна.

Паччахьан хьаькамашна хьалха базбала лууш бершший, пхийтта милиционеррий вовшах а тоьхна, Зеламхина тІаьхьаваьллачу Бек Сараевс цу шен боьхачу ардангаца йоккха гІовгІа эккхийтира Хулахуло хи лелачу готтачу боьрахь.

Цу пурстоьпан арданга юккъехь уггаре а чІогІа карзахваьлла хьийзара харачойн юьртда Іадоддий, МахкатІерачу юьртден кІант Іуспий. Царна хьалха а хІоьттина:

– Схьалеца уьш!.. ЦІе таса цу обаргийн цІенойх!.. Кертара даьхни а, ялта а, схьадаккхий, Ведана-гІопе дІадахьийта! – бохуш, омраш деш, Харачой-эвлан готтачу урамашкахула хьаьдда лелара пурстоп ша а.

– ХІара гІуллакх вай собаре дича, бакъахьа хетара суна, господин капитан, иштта сиха вай чугІертахь бехк а, гуьнахь а доцу нах кху зуламна юккъе озорна кхоьру со, – аьлла, Сараев собаре хилийта дагахь, вистхилира поручик Гринев.

– Ахь хІун элира-а?.. Стомара хьайна динарг дицделла хьуна, господин поручик? – хаттар а деш, мохь туьйхира Сараевс. – Схьахетарехь, хьо хІинца а хІетахь човхорах меттаваза ву.

– Бехк ма биллалахь суна, господин капитан, ас-м иштта гІуллакх вай деш хилча, сардалх я БуритІерачу инарлах дага а ваьлла, царех цхьаьнгара ахь пурба даькхчча бакъахьа хеташ бахара и, – юха а шен дагахь долчух пурстоп кхето гІоьртира Гринев.

– Пурба?! И хІун хабар ду. Пайда мел боцчунна а хІинца пурба доьхуш, церан хан йойуш лелар вара хьуна со!

– Ас-м вай вешан законан сий дича бакъахьа хеташ бохура иза. Мелла аьлчи а, вайн оьрсийн сийлахь император вац и законаш хІиттош верг?

– Хьан гІуллакх дац, господин поручик, со Іамо гІерта! Цулла а, вало, гІой дІо юьртдена гІо де ахь, – аьлла, поручикна чугІоьртинчу Бек Сараевн юьхь керчина кхин тІе а эрчаелира. «Ас хоуьйтур ду хьуна законаш мичахь ду-м!» – дагахь буй бира капитана поручикна.

Бек Сараевс динчу омарна кІел а сецна Гринев ваьлла дІо харачойн чоьнаш кегош лелачу Іадодна гІо дан вахара.

Кхузахь а, тохара санна, массарел чІогІа карзахваьлла Іуспа хьийзара. Хьердаьллачу жІаьлех тера, ахархойн хІусамаш чу а лелхаш, къинхетамза царна чуьра аралоьхкура цо берашший, зударий, цомгаш наххий.

– Эйт, маржа яІ, полковник Дубов воьчул и Іуспа вийнехьара ма бакъахьа дара-кх Зеламхас, – бохуш, тийначу аьзнашца, шаьш вовшашлахь луьйца боккхуш, къамелаш дора ахархоша, кІелдІахула Іуспигахьа бІаьрг а бетташ.

Цу Харачохь гІаж такхо доьналла долуш шена мел карийнарг а лаьцна, оцу ардангаца араваьлла Сараев гондІарачу кІотаршкахула волавелира. ТІекхаьч-кхаьчначух каетташ, тоьпаш кхуьйсуш кхузахь а йоккха гІовгІа эккхийтира пурстоьпа.

– Хьайн вир яІ, сох ведда кІелхьара вала дагахь хир ву и хІинца?

– Дуьне-м гатделла хьуна цунна.

– Вала меттиг-м, дера, юьтур яц ас цунна кху махкахь, – бохуш, майра дозаллаш деш хьийзара Сараев, генаро шен стунваша хуьлуш волчу Іуспина ша боккха болх хетийта гІерташ.

– Иза-м цхьа топ ма-кхоьсси ваддал бен доьналла доцуш къонаха вара. Бовзара суна Гушмазукъин некъий-м, – бохуш, шен невцо дуьйцург тадеш, къамел дора Іуспас а.

Кхузахь а кхин Зеламхин лорах ца кхиъна оьгІазвахана и пурс-

топ, боккхачу некъана гена воццуш вехачу хьуьнан хехочунна тIевирзира.

– Ца гина бохург хIун ду? Кху сохьта схьайийца суна уьш болу меттиг? – кIа диъча санна, хьовзийра цо хьуьнан хехо.

– Хаъане а хаац суна, господин пурстоп, уьш мичахь бу, – лаьттара кхеравелла хехо.

– Ой, ткъа, хьуьнан хехо вац хьо? Ас и са доккхур ду хьан, схьадийца уьш стенга бахана!

– Хаац, господин пурстоп, ахь со вийчи а хаац.

Мел дукха тIечехарх, кхин цу хьуьнан хехочо пайдехьа хIума а ца дийцина:

– Кхузахь, кхин дIаса ца волуьйтуш, сацавелаш хIара, – аьлла, хехо милиционерашца уьйтIахь а витина, чувеана Сараев хехочун йоIана коча вахара.

Ткъа йоIа:

– Охьа а хаий, паргIатхила, – аьлла, шена гIант хIоттийча, кхин ла ца дугIуш тIекхетта цо цу йоIах куьг туьйхира.

Шех хьерча и ваьлча, ласттийна цу пурстоьпан марш тIе тIара а тоьхна, чуьра араиккхира хехочун йоI. И эхь муха ловр дара ша, аьлла, цунна тIаьххье аравелира пурстоп а. Шен йоIа мохь хьоькхуш а хезна, цуьнан сий ларон дагахь диг а эцна, дуьхьалваьлла хьуьнан хехо, обарг Зеламхин коьрта гIоьнча ву аьлла, тоьхна вийра пурстоьпа.

Цу дийнахь Харачохь цхьа а гIатта де долуш къонаха ца виснера. Эвлахь мел верг а кхелхина техьа хIорш, аьлла, хеталуш дIатийнера массо урам а, керт-ков а. Наггахь араволий, IиндагI санна, гIож тIе а тийжаш воьду гун къена стаггий, мацалла мотт баькхкина, хьаьдда хьийза жIаьлий бен схьагучудолуш хIума дацара. Харачошкара даьхна даьхний, ялтий, гIаж хьаькхкина, буха хIума ца дуьтуш Ведана-гIопе дIадаьхьнера.

Уьш дерриге а дIахезна Зеламха, ша бахьана долуш нахана зулам эккхарна, гуттара бIарзвеллера. Де а цаьргара даьлла хIума а доцуш, шеца генара гергарло хилар бахьана долуш, адам хьийзадар ца лайнера Зеламхас.

Ведана-гIопе вухавирзинчу Бек Сараевс Терски областан начальнике инарла Михеевга кехат яздира: ша терго ян езаш йисинчу округехь обарг Зеламхин коьрта гIоьнча вийна, вуьш берриге а чубоьхкина ша, бохуш, эхьаза ша-шен хестош. Лерина кечвинчу стаге и кехат сиха БуритIе, инарле дIадахьийтира цо. ХIара гIовгIа яьллачохь, дика тохавелча, цхьа хIума тилкхаздаьлла а, кху Веданан округехь коьрта хьаькам ша вуьсур вацара техьа бохург тарделла, лерина хьаьвзира капитан Сараев.

Пурстоьпа Харачохь лецна баккхий наххий, зударий, берашший сихонца набахтин метта кечдинчу Ведана-гIоперчу эскаран божалш чохь латтадора. Набахте а ца тоьъна, божалш чохь кхебира Бек Сараевс и гIийла адам, кху округе керла хIоттийна начальник полковник Тархан Тудоевич Гулаев Ведана кхаччалц.

Ша нахаца дика ву алийта дагахь, шен хьалхара ког и лецнарш паргIатбохуш баькхкира Веданахь полковника Гулаевс. И цамгийлаша гIелбина зударий, берашший, къена наххий шайн йохийнчу хIусамашка юхаберзийра цо. Царна тIаьххье юха эвла баьхкира Харачуьра бевдда хьуьнах бахана нах, ГIушмазукъин йиш-ваша а тIехь.

Юха и нах леца дагахь, пурстоп чугIоьртича:

– Хьераваьлла хьо? Уьш-м ас, Зеламха лаца мIера тIе тесна нIаьний дай. Иза эвла лестийта, бакъахьа дай уьш-м Харачохь бехаш хилча, – аьлла, сацийра капитан полковника.

– Хьажахьа, сан сийлахьниг, ас хIинцца бен тидам а ца бира хьуна цуьнан, – элира Сараевс, къайлахо шен хьаькаме а хьаьжна, – баркалла хуьлда хьуна, и хьехам суна барна.

– Иштта ма ду иза. «БIе шарахь Iемаш вахахь а, Iовдал лийр ву хьо», – олуш хезний хьуна?

– Дера, хезна.

– ТIаккха. ХIинца ахь хIун алий харачошка, – бохуш, юха а къамел дора полковника. – Ас сайна царех къахета боху ала, цундела шайн гIуллакхан гIайгIа бан цхьа-ши бутт хан ло ас царна. Шайна хIун тоьлу бохучуьнга ладогIа деза цара: шийлачу Сибарех бахар, я зуламхо лаьцна схьа а велла шайн цIахь Iар?

ТIехьаьжча тийна а, нахах схьаийна ву аьлла хетахь а, тийначух ма теша бохучунний дайна, шен кийрахь дог Iаьржий, экха санна, къизий вара полковник Гулаев. Масийтта шарахь паччахьан охранкехь жигара, къайлах болх беш хийла кху Кавказан ламанхойн дикачу кIентан са доккхуш жигара дакъалаьцнера цо.

Гушмазукъий, Солтамурддий вуха а эвла верзийна, цу шен дассий, вашассий шен зуламечу гIуллакхаш тIехь цхьа а дакъа ца лаьцна аьлла, паччахьан хьаькамаш ницкъ ма-кхоччу чIогIа тешо гIоьртира Зеламха.

Дуьненна а оьгIазвахана Гушмазукъа хIинца жимма вовеллера. Ткъа, хIун до цу оьгIазлонах а даима лелийна? Цу Iаьржачу оьгIазлоно, хьагIо текхош хIара нах, массо а бохург санна, стогаллех а, оьздангаллех а баьхнера, массо а вовшех кхера, стешха Iамийнера. Шен цIийнан дола дан, шен дагахь дерг махкана хьалхха дIаала къонаха ца хIуттуш тIебоьжначу цу кхерамо, коьрте а баьлла, адам харцахьарчу новкъа хIоттийнера; эхь а дайна, наха лелочу сийдоцчу хIуманийн барам а бацара; шайн хазачу мехкарийн, хьомечу несарийн догIмаш духкура цара, дегIан дезаро коьртера хьекъал эшийнера.

Тохара хьалха, Гушмазукъа жимстаг волчу хенахь, ца гуллора иштта пхьоьханаш. ХIинца а дагадогIу Гушмазукъина, шайн юьртда Iадоддий, Веданара совдегаршший санна хилла нах, мел осала, мел кIезга лоруш хилла наха шайлахь. ХIетахь цу тайпа наха бага хьала ца гIаттайора. Ткъа, хIинца, дерриге а цара дуьйцу, дерриге а цаьрга хоттий къастадо. Эхь-бехк лардан лууш, собаре кхевдинарг а цара галвоккху, юьхьIаьржо а цара йо, бакъдерг, базара а даькккхина, цара духку.

Тохара хьалха юрт гулъеллачохь хьекъале аьлларг а, хаза, синкъераме аьлларг а хазарх наха пайдаоьцура. Ткъа хIинца? ХIинца синош кхерамна а доьххкина, харачойх цхьа гIаларташ бен ца дисна. ХIинца хIуьтту пхьоьханаш, ялхочун маттахь пурстоьпан лаамаш нахана дIакхайккхо, юьртдас хIитто моттаргIанаш ю…

Цу ойланашца, бIаьстенан охана дан ваха дагахь, нох тодеш Iара Гушмазукъа ргIу кIелахь. Шен дена гена воццуш, вордан Iаьрча тIехь, Солтамурд а воллура дукъан дукъарц тобеш.

«Хаац хьуна царна хIинца а мел къиза де шайна кечдеш ду, – бохуш, ойланаш а еш кху керта вогIура Зеламха. – Хаац, лаьцна Iедале со дIа хIунда ца ло аш, бохург, бахьана а хIоттийна, тахана я кхана вовшахтоьхна шаьш Сибарех хьовсор дуйла. И ца хууш, хIорш-м, шек а боцуш, дезарш деш Iай-ц… ДIаала ас и кхаьрга? Округан начальникана тIе а гIой, шайх къинхетам бар деха цуьнга, ала ас кхаьрга? Ткъа, полковника лергах а хьокхур ма дац обарган дас я вашас дина дехар, уьш белхарх цуьнан мекхан чо а лестар ма бац. Я воккхастаг гIур ма вац, ша вийча а цунна корта тоха. И ца деш, паччахьан хьаькамашна шен дагара ца хоуьйтуш, уьттаза Сибарех гIур ма ву иза… ХIан-хIа, со-суо вахача бакъахьа ду полковникана тIе. Соьга ладогIа а мегий цом, ткъа, ца догIахь, нахана ша динчу вона дуьхьал жоп дала-м дезар ду…»

Цу ойланашца, шайн цIийна тIехьахула а ваьлла, Зеламха бешахула шен дена тIе веара. Цунна тIаьххьий веана Солтамурд а кхуза схьахIоьттира.

ХIан-хIа, эрна моьттура Зеламхина инарлин Михеевн планаш ца евзаш Гушмазукъа ву. Воккхачу стагана дика хаьара, шен кIант бахьана а дина, Харачуьра цхьаболу нах шийлачу Сибарех бахийта дагахь Михеевс лелош дерш. И дагара дIа ца долуш, оьгIазвахана хIинца а Iаржвелла Iара Гушмазукъа. Цуьнан хьажа юккъе хIоьттина шед, веш бича санна, юьхьах боьллера, и сирла ира бIаьргаш гIайгIано хьаьшнера. ХIинццалц схьа кхин дуьхьало ца еш, Зеламхин массо зуламе хIуманаш лайначу цунна – Гушмазукъина – тахана дуьххьара дагадеара: «Къар а велла Iедална кIел сецча хIун дара техьа, сой, сайн кIанттий бахьана долуш нехан нах ца белхо», – бохург.

Лерг дижийна Iеха а велла, Зеламха шайна тIелестийта, шаьш эвла чу дитинийла а хаьара Гушмазукъина-м. Уьш дерриге а хууш: «кху балхана кIелхьара муха вер вара техьа, и керла веана полковниккий, тхешан юьртда Iадоддий хIун дина Iехор вара техьа ас?» – бохуш, ойланаш еш, даима а лерг сема латтадора воккхачу стага.

Делахь а, мел дукха ойла ярх коьрте догIург: «цу паччахьан хьаькамашна гена волуш, дIо ГIажарех я Туркох дIаваха веза кхузара», – бен кхин хIума дацара. И дара тахана шен воIе цо аьлларг а.

– Ой, Туркох бах ахь? – аьлла, цецвелира Зеламха. – Даймохк а битина, цига мича бахьаненна ваха веза?

– Ткъа, хIун де вай? Цул аьтто а болуш вайна дитина хIума-м дац. Вай бахьана долуш хIара ерриг а юрт хьийзайо. Кху деношкахь вовшах а тоьхна, цхьаберш Сибарех хьовсо дагахь бу уьш…

«ХIинцале иза а хаьа-кх кхунна», – дагадеара Зеламхина, ткъа, хезаш:

– Ца хаьа, дера, суна-м хIун дан деза? Со-м дуьненан маьIе ваха а реза ву, суо бахьана долуш нах ца хьийзийчахьана… Делах суо ца кхерахьара…

– Ца кхерахьара хIун дан воллура хьо? – хаьттира дас.

– Айса-сайна а тоьхна вала воллур-кх, – жоп делира воIа, кхин ойла а ца еш.

– Эхь ца хета хьуна и ала, Делах ца кхоьру хьо? – аьлла, дов дира Гушмазукъас цунна. – И ахь ала ца догIура, дицделла хьуна айхьа со Iамийна: «нагахь, хьуо валлал холчахIоттавахь, и хало хьайна еш верг, велахь», – бохуш?

– Тоьар бу, Гуша, и байанарш, тоьар бу, – аьлла, аз айдира Зеламхас.

– Собарде, цкъа со вистхилий валийта, - аьлла, сацийра и дас. Цхьа моха тIееъча, оьгIазвоьдий бердах эккха санна, бIарзлой хьовзара Зеламха. Цу хенахь цуьнца къийса ца оьшура, и хууш волу Гушмазукъа, кхин вист ца хуьлуш, тап-аьлла, дIатийра.

Даима санна, хIинца а кхин вист ца хуьлуш Iара Солтамурд.

– Масала, Туркох доьлхуш хилчи а, цхьана ханна бен гIур дацарий вай-м, – аьлла, дехха кху чохь лаьттина тер дохийра дас. – Цхьана ханна, цхьаболчарна ваьш дицдаллалц, тIаккха цIа догIур ду-кх.

– Нагахь цхьана ханна доьлхуш хилча-м, со-суо ваха а мегар ду цига, – резахилира Зеламха. Со шайна новкъагIертачуьра дIаваьлчахьана, цара шуьга башха хIума а эр дац.

– Иштта хила а тарло, – ойла йира воккхачу стага. – Амма, хьо цхьаъ водахь а, вай кхоь а водахь а, иштачу некъана шортта ахча оьшу.

– Ахча бах ахь?

– Дера, бах, – элира Гушмазукъас. – Туркох вайна гена а, хийра а мохк ма бу, Зеламха, вайга кхойкхуш цигахь Iаш стагга а вац.

– Къацахетаршна дуьсийла и ахча а… Мичахь лаха деза и хIинца? – ша-шега къамел дечуха, хаьттира Зеламхас.

– Долчохь, - аьлла, даша юкъаккхира да. – Цхьа хьолада йийсаре а валийна, мехах вухаверзор ву-кх.

Цецваьлла дега а хьаьжна:

– Ткъа, и шен тIорказ вайна схьаделла кечвелла хьолада мичахь ву? – хаьттира Зеламхас.

– Теркал дехьахь веха Архип Месяцев. Цуьнан ду, бах, дахьа меттиг а боцуш шортта ахча.

– И хьанна хаьа?

– Цигахь шайн жаш дажош Iачу наха дийцина соьга… – жоп делира Гушмазукъас.

Цхьана минотехь кхин вист ца хуьлуш, чохь мел верг а дIатийра.

– Теркал дехьа а вахана, и лело аттта дац, Гуша, – элира Зеламхас. – Нагахь цига воьдуш хилча а, юххе баха, тешам а болуш, нах ма оьшу.

– Ткъа, со вац хьуна юххе вала, Солтамурд? – оьгIаз а вахана, реза воцуш, кIанте хьаьжира воккхастаг.

– Шуьшиъ-м ву, велахь а, ши-кхо стаг къезга ма ву цу балхана, – аьлла, жимма ойла а йина, – Ма-дарра дийцича, Гуша, цу хIуманашна юкъа хьо ийзо лаац суна, – элира Зеламхас.

Цецваьлла ла а доьгIна:

– Мича хIуманашна юкъа? – хоттуш, бIьргаш айбира воккхачу стага.

– Айса лелочу девнашна юкъа.

– Ой, и хIун хабар ду? – гуттар цецвелира Гушмазукъа. – Со-м, хьоьга а ца хоьттуш, пурстоьпа озийна царна юкъа.

– ХIинца вайна схьакарош и пурстоп а вац, Гуша, ткъа, хьо, хьайн ламаз-марха а лелош, цIахь Iийча бакъахьа вара…

Кхуззахь собар кхачийнчу Гушмазукъас:

– Сацийта хIинца, тоьар ду хьуна! – мохь туьйхира шен кIанте. ТIаккха, цхьа хIума яйча санна, гондахьа а хьаьжна, вуха а Зеламхина тIевирзира да. – И хIун ду, маца дуьйна доладелла вайн кIезо борз Iамаеш?

Селхана Солтамурда а, хIинца Зеламхас аьллачунна гергга догIуш хIума аьллера дега. Цундела, ша харцахьа а лелла, вокхачо таIзар динчу берах тарвеллачу Гушмазукъина чIогIа новкъадеанера и.

Цунна и новкъадеанийла хиъна Зеламха, кхин дега вист ца хуьлуш, сецира. Хийла хан хьалха дуьйна а иштта схьадогIура иза: цхьа а собар доцу сиха Гушмазукъа, жимма а шен цIенна халахетар динарг вен гIуртуш, Зеламха и сацо гIуртуш. Амма, цу хIуманаш тIехь хIинца а кIанте кIезга ладугIура воккхачу стага.

Кхин вист ца хуьлуш, хьала а гIеттина, догIан мархаш санна, кхоьлина аравелира Гушмазукъа.

– Гой хьуна и? – хаьттира шен вешига хIинццалц тийна Iийначу Солтамурда. – Селхана цхьа минот яьллехь суна еттара цо: «цу девнашна юккъе а ца гIерташ, хьайн могашалла Iалашъехьа», ас шега хIунда олура, аьлла.

И нах Сибарех бахийта дагахь лелачарна новкъарло яран ойланаш еш Iачу Зеламхас:

– ХIумма а дац, – элира, хIинцца набарх ваьлча санна, корта хьала а айбина. – Кхано ваставелчахьана, ша кхетар ву. Цо хIуъу аьлчи а вай собар дан деза, да ву иза.

* * *

Шен да волчу яхана Зезаг цIахь яцара. Бици сара хIинцца чу. ЙогIушехь яхана цIестачу кIудалара юьззина хи а доьттина, чуьйнан гIуммагIа пеша тIе хIоттийра цо. ТIаккха сискалгIа чохь цIенкъахь лаьтта доккха текх, схьа а эцна, сиха дехьа чу даьхьира. Юха еанчу Бицис, пеша тIехула кхозучу дакъийнчу жижигах доккха цхьа-ши дакъа схьа а эцна, уьш ен чу а тесна, тIе хи а доьттина, и яй пеша тIе хIоттийра.

Бици а еанера, шен ден цIа яханчохь цара дечу хьехаршкий, девнашкий шортта ла а дегIна. Ден цIерачара мел дийцинарш бакъ дара: Бицина хала хилар а, Зеламхас схьалаьцначу некъо тIедан вон бен, цхьа а дика цахилар а, кхунний, кхуьнан доьзалний цу некъо ирча халой, Iожаллий лехьор а. Бицин хIинца а ткъе итт шо ца кхаьчна, хIетте а хьажаюккъий, бIаргийн кIелошший мажар а йоьлла, шен хенал йоккха хета иза. Цу бохамаша гIелйина Бици могуш яц, цо кест-кеста йовхарш а еш, некхе а, даге а кадета. Амма, кху тIаьххьарчу итт шарахь шен деган гIайгIа кIезга йина Бицис. Цуьнан дог – доттагIчун могашалла ю, муьлхха а хало ловш, цIерга а иккхина, яга кийча ю и цу доттагIаллин дуьхьа. Къаьсттина, кху тIаьххьарчу хенахь, шен цхьа декхар Iалашдеш схьайогIура иза, и декхар: Зеламхин теммий, могашаллий тергалъяр дара. Иза а, важа а Iалашдора цо цунна шен собарца, мел аьлчи а ца хиндолу, цIенна оьшурш цуьнга ца далхош.

Иштта, мел халоно ша хьовзорах, йоьхна цунна хьалха ца хIуттуш, кестта и майра цIа а вирзина, доьзалца ша маьрша ехарг хиларх хIинца а тешам банза, собаре схьайогIучу Бицис дикка йохайора Зеламхин даг тIе хIоьттина хийла ирча гIайгIа.

– Гуша дIаваха? – хаьттира Солтамурде чуеанчу Бицис.

– Ваха те.

– Ой, со-х, дакъийна жижиг а тесна, шуна галнаш еш йоллура. Ма вон вахийти аш и дIа.

– И ца вевзаш ю хьо? – хаьттира Солтамурда. – Оха аларх и соцар-м вацара. Хаац, ахь аьлча цо хIун дийр дара-м.

– Ас-м, хиънехь, сацор вара и.

– Хуур дара-кх цкъа Гушина дагадеъча, – аьлла, хаъал велакъежира Зеламха.

– Цунна ца товш дерг-м аш ца дийцича мегар ма дара, – элира Бицис Зеламхе, кIедо, дехарин мукъамехь.

Зеламха кхин вист ца хилира, делахь а, шен дагахь: и ца деш, массо хIума лайна, схьа, дера, вогIу со-м», – бохура.

Іуьйре. Цу сийначу стигал хьала а гІоьртина лаьттачу Харачойн-лам тІе таьІано-кІайн мархаш яьхкинера; гуш лаьтташехь серла а йолуш, кескаш еш дІасакхоьссина кІайн киса санна, айелла яьржина уьш. ХІаваэхь иштта сурт хІоьттича, «бовха малх а хьожуш, тийна хаза де хир ду вайна тахана», олура кхузарчу наха. Амма, хІаваэхь хуьлучу хийцамашка хІинца кІезга ладоьгІура харачоша, къегина сирла де хІинца царна наггахь а ца догІура. Цхьана хенахь керташкахь шортта даьхни а, хьийкъина бошмаш а йолуш, хазачу хьуьна юккъехь, исбаьхьа гІишлошца, лаьттина харачойн эвла хІинца, цІе а тесна ягийча санна, тишъелла дІаяьллера.

Иштта а, буьртиг дІабен мел мега лаьттан кийсиккий, хаза мел йолу йоІІий къуьйсуш вовшийн карах бала бохку хІорш, хІинца, обарг Зеламха бахьана долуш, кхуза схьаоьхучу салташий, паччахьан къизачу хьаькамаший хьийзабора. Зеламха дарехь кхузахь ца веха хийла хан яра, делахь а, цара и тергал ца дора, шайна, пайда а болуш, цхьа белхан моттаргІанаш лело бахьанаш хилчхьана.

Дубов веран бахьанаш таллар тІедиллина кхуза ваийтина талламхо, шен ницкъ ма-кхоччу чІогІа и гІуллакх толлуш, Терски областан начальнике инарла Михеевга баккхий хаамаш беш вара. Дубов веран гІуллакх ма-дарра хаа лаьара Гуьржехарчу сардална а, иштта Петарбухерачу хьаькамашна а.

«И паччахьан воккха зуламхо дийна лаций я вей дІаваккхий хаам бе тхоьга», – бохуш, омарш деш, кест-кеста кехаташ оьхура кхуза цаьргара.

Ткъа, кху ДегІастанера схьа а ваьлла, ламанхочун доьзалхо ша хиларе хьаьжжина, Тархан Гулаевна дика девзара кхузарчу нехан гІиллакхаш а, хьеша-деца хуьлу оьздангалла а. И шена хааре терра, гІоргІо-стоммачу озаца олура цо:

– И обарг гена ца ваьлла шуна.

– Мичахь хила тарло и, Тархан Тудоевич? – бохуш, хоьттура

цуьнга, хІинцале кхузахь вовшах а тоьхна, Зеламха лаца араяькхинчу отрядан хана начальник винчу Бек Сараевс.

– ХІоккхузахь, шен нахана юккъехь ву иза, олий, хІилланца и шен дуткъа, бос байна лахара балда цергашца хьала лоций, боккха буй стоьла тІе тухура полковника. И онда буй иштта стоьла тІе тохар, дукхахдолчунна шен амал гойтучу гІиллакхаца а дара керлачу начальникан.

Полковника Гулаевс иштта и дийцарна, и «паччахьан воккха зуламхо», даима бохург санна, Харачохь шайна хьанала бехаш Іачу ахархойн керташкахула лоьхура массара а.

Барзах уьстагІий санна, обарг Зеламхех кхоьруш бала бохкучу Ведан-гІоперчу хьаькамаша а массо хІумманна бехке харачой бора. Кхузахь «буьрсачу» Харачохь гІенах а гора царна корта баькхина Іуьллу пурстоппий, вийна шайн уггаре а «тоьлашха волу» юьртдай, Зеламхин ира шаьлтий. Гушмазукъин Зеламхех хьожамода мел хьакхаелларг массо а Сибарех вахийта дагахь волчу Гулаевн омарца, жимма а Іедалца нийса вац аьлла хеталуш верг, билгал а веш, дІаязвеш доладеллера. Маттаца эвхьазавала луучунна, мотт тоха шортта меттиг яьллера. Харачойн эвларчу нахах, ЭлсановгІеран некъех воцург, муьлхха а маьттазвоккху хІума лахьош, де-буьйса ца лоруш, арабевллера уьш. Бек Сараевний, цуьнан ардангерачу йовсаршний хІинца шортта болх баьллера.

Ткъа, уьш ма-дарра девзаш, шел хьалха обаргаш бевлла лелачу Іахин Тимаркъин, Таймин Биболтан некъаш дика девзина майра харачо, гІийлачу ахархойн хІусамашкахь ша лоьхур вуйла а хууш, шен ницкъ ма-кхоччу царех къаьхкина, ваьлла, гена лам чу вахара. Кхузахь, лам чохь, жаІуйн гІийлачу гІотошкахь синтем болуш меттиг карийра Зеламхина. Цуьнан стогаллех дозалла а деш, баккхийбечу жаІуша дог резахилла тІеийцира и шайн сийлахь «гІоьнча».

Вуно эвхьаза паргІат а волий, кхарна юккъе охьахоий шен керлачу накъостийн дог-ойла Іамаеш, сакъоьрура Зеламхас. Ткъа, гІийлачу жаІунна дукха ма ца оьшура, цуьнца дог цІена а хилла, цунна ша адам ду, бохург, моттийтичхьана.

Массар бохург санна, олура цара, дечиг-пондарх мІара а тухуш, илли:

Заманан харцоно гІовттийна,
Доьлху вай, къоначу ойланца,
ПаргІато кароре сатесна…

И, дуьненан харцоно карзахваькххинчу къоначу стеган бала балхош, илли а олий:

– Дийцахьа тхуна, Зеламха, йогІур юй техьа цкъа а вай паргІатдевлла зама? – хоьттура обарге жаІуша.

– ЙогІур ю, кестта йогІур ю, – олий, уьш тешо гІуртура обарг, – цхьацца воккхуш тухуш, цу паччахьан хьакамех вай кескаш тийсийтахь-м.

– Эйт, маржа Зеламха яІ, иштта и паргІато яккха нах гІерта вуно дукха хан ю хьуна, – элира цуьнга воккхачу жаІуьно. – Цхьаъ вийна дІаваькххича, паччахьо, вала а вой, цул а воних хІоттаво.

– ХІан-хІа, уггар воних вен веза, – элира Зеламхас, шених чІагІдеш.

– Ткъа, кІайчу паччахьана цул а воних, дера, караво.

Массо а хир вац вала лууш, – аьлла, жимма ойла а йина, куьг ластийра обарга. ТІаккха, схьаэцна дечиг-пондарх мІара а тухуш, шен узам бира Зеламхас:

Шийла ю хьо, Іожалла, къуонахчун елахь а!
Делахь а, со хилла даима хьан эла…

ТІехьаьжча мел буьрса белахь а, берехьчул башха хІилла доцуш, догцІенчу цу наха, Зеламха шайн хІусаме моссаза веа, тухий, тоьлла уьстагІ бобра. Иштта кхин йилбазалла доцу уьш, бераш санна, синош а дохуш, цо мел дахдарх, «турпалчу обарган» къамеле ладоьгІуш Іара.

– Вовшах а тохий, дІадигахьа тхо хьайца, Зеламха, оха тхешан синош кхоор дац хьуна къовса оьшучохь, – элира цуьнга воккхачу жаІуьно, белш тІе куьг а диллина.

Чохь латийна кхин чиркх а боцуш, кхерчахь йоккха йогучу цІера хьалха Іачу царна вовшийн юьхь-сибат дика гора. Ерриге а елаелла схьахьаьжинчу воккхачу жаІуьн юьхьо цуьнан дагахь дерг бохура. Иштгачу нахана юккъе кхул хьалха а нисвеллера харачо. ХІетте а, тахана дуьххьара кхузахь бен ойла ца йира Зеламхас шена хьалха хІоьттинчу халонан. ХІинццалц схьа кхунна муха ду ца хиъна цхьа тамашена дахар дара хІинца схьахІоьттинарг. ХІокху дуьненахь адамна массо хІуманал дукхаезачу серлонах а хаьдда, ша цхьа бух боцчу бердах воьдуш санна хетаделира цунна. Шений, паргІатчу серлонний юккъехь доккха Іин гира Зеламхина, мел чІогІа гІоьртичи а, хІинца кхуьнга шега цунах дехьавала тІай а тиллалур доцуш.

– Гулдийр ду ас, массо а вовшахкхетар ду вай, цхьажимма хан еза цу балхана. Ла а доьгІна, меттиг йоккхур ю вай, – аьлла, кІелхьаравелира, дукха адам вовшах а тоьхна, паччахьан хьакамашца къийсам латтор муха хила деза ца хуу обарг.

– Дукха хан ю хьуна и меттиг яьлла, Зеламха, – элира воккхачу жаІуьно ЗІокас. – ХІара бала Іаьткъина хала Іа хьуна тхо, иштта цхьана гІовттаре сатуьйсуш.

ПаргІато къевсина лата кийча шаьш, массо а хІинца цу стага, бакъдерг лаха, схьагулдийриг хиларх тешна, цу чохь мел верг реза вара ЗІокас бохучунна.

ХІинца а дика йоккхура наха обарган цІе. Ткъа, цу нехан хабарша токхвеш, майра ваьлла Зеламха а, ша схьалаьцначу цу инзаре халачу, тІаьхье къайлахчу, новкъа дІаоьхуш, хІинцале вуно гена ваьллера.

– ЗІока, – элира Зеламхас, воккхачу жаІуьне. – Мел аьлчи а, хІинца шуна тІехь висина ваьлла со.

– ТІаккха?

– ХІара ахча дІа а эций, суна кхо жий, цхьа кай эцахьа. Ткъа, уьш шайн жа юккъе а хецийта соьга, уьш дажош а, Іуналла дечохь а ас гІо лоцур ду шун.

– Ой, Зеламха, и хІун ду, ахь хІунда оьцу уьстагІий? Вайна эшначу хенахь шортта цу арахь ма ду уьш, – элира ЗІокас, цецваьлла шен хьеше хьаьжна.

– И сан лаам бу, ЗIока. Айса юун сискал мелла а хьанал къахьоьгуш яа лаьа суна. ДIаэцал ахь, вайн кертара накхарш а доьхкина, Гушас суна дина дакъа ду хIара.

– Мегар ду хIета, – элира ЗIокас, соьмаш, эхасоьмаш охьадохкуш, IаIийна детин ахча Зеламхера дIа а оьцуш. – Делахь хIета ас сайгара а бели-кх хьуна совгIатна цхьа жий.

– Баркалла, ЗIока, ишта а хала воллучу ахь хIунда ло и суна?

– Иза сан лаам бу, Зеламха, – элира воккхачу жаIуьно, – Делан денна боьхуш лелачу юьртдена я писарна лучул, хьуна балар гIоле хета суна и.

– СагIа-м хир бу кхунна белларг, – элира тIехь лаьттачу къоначу жаIуьно.

– Дера хир бу.

Шеца уьш сов дика хиларна, воьхна, ша хIун ала деза ца хууш виснера Зеламха. Кхуьнга хьавссинчохь вуьйш а биснера.

– Аш хIунда ло царна уьстаг? – хаьттира обарга, и тер дохош.

– Ткъа, хIун дийр ду оха? – доккха садаькхира ЗIокас. – Цхьаъ вогIу пурстоп веана олий, вукхо боьху къедина оьшург бой. Дукха-м, дера, бу уьш даима дIадоьхуш берш, буьгур бац цхьаммо а тоьлашха болу жий я ка бен.

– Ой, аш ма луо.

– Ца белча кхин а вон-м дера, хир ду тхуна, – элира, корта а ластийна ЗIокас.

– ХIунда? – цецвелира обарг.

– Шалха ял йоьхуш, Делан денна кирне гIуо, бохуш, садаIа а, дола а вуьтур вац тIаккха юртдас. Цхьаннан метта шиъ-м бокхур бу.

Жимма ойла а йина:

– Шу шаьш ду бехке, уьш шайгара дIалуш, баха Iамабарна, – аьлла, куьг а ластийна, къамел сацийра Зеламхас.

– Ду, дера-кх, – жоп делира ЗIокас. – Юьртда я пурстоп вочу хIуманна бехке хила тарлуш а ма дац. И шен докъазалла легашка а гIоьртина, юха а доккха садаькхира воккхачу стага.

«Ас аьлларг халахийти техьа цунна?» – бохуш, воьхна, ойланаш еш Зеламха Iаш, чувеанчу цхьана къоначу жаIуьно:

– Хьо хоьттуш веана цхьа стаг ву-кх цу арахь, – элира обарге.

– Мила ву и? – аьлла, топ схьа а оьцуш, хьалагIеттира Зеламха.

– Суна-м вовзац. СагIопшара Саламбек ву ша, боху-кх цо.

И цIе йоккхуш хезча, хазахетта Зеламха, ЗIокин воI хьалха а волуш, сиха аравелира. ХIинцца даькхинчу жижиганний, ширачу жан-нехчинний чохь хьожа лаьтташ ЗIокин готта хIусам а йитина, царна тIаьххье ара вуьйш а бевлира.

* * *

Керла веана хьаша тIе а эцна, уьш массо а, бахана, ЗIокин цIийнан шерачу бедана истангаш а тесна, охьахевшира. Баьццаро-сийначу серлонца схьакхеттачу батто къилбехьарчу ламанан басахь лаьтта жан гIотанаш а, дIо лакха тIера даккхий чхараш а, къорочу гIовгIанца догIучу хин берда йистехула кху тIе богIу готта некъ а хаалуш къагийнера.

ТIаьхьо кечдина суьйренна пхьор кхуза арадеара кхарна ЗIокин кIанта. ТIехь шиша а доцуш, гIийло богу чиркх а беана кхуза схьахIоттийра. Делахь а, Зеламхас;

– Цулла-м дIо беттан серло гIолий ю шуна, – аьлла, и юха чубехьира.

– ЗIока, тхойшиъ и ас хьуна йийцина хало цхьаьна лайна ши стаг ву, – элира Зеламхас, накъосташна Саламбек вовзуьйтуш. – Набахтехь а цхьаьна ваьллина тхойшиъ, цу чуьра ара а цхьаьна ваьлла.

– Хало аш цхьаьна лайнехь, и гергало ду хьуна, Зеламха, – элира воккхачу стага. –Дала вовшех безам ма бойийла вайн.

– Баркалла хуьлда хьуна, ЗIока, – аьлла, схьавирзинчу Саламбека, – тахана схьавогIуш Шелахь Дика ган гIоьртинера со, Зеламха, – элира. – Со кхета а веш, цхьаммо а ца эли-кх соьга и мичахь ву. Хьуна гиний и цул тIаьхьа?

– ХIан-хIа, – жоп делира Зеламхас. – Кхин тидам боцуш и хиларна, вуха а лаьцна оццу набахте а воьллина, цигара Сибарех вахийтинчохь доьза вайна-кх Дика.

– Ахь баккъал бах? – цецвелира Саламбек.

– Дера, бах. Иштта Муса а ма вейтина салташка, цуьнан чIирхоша мотт а тоьхна.

– Дала гечдойла царна, – элира, доцца доIа а дешна, ЗIокас.

– Амин!..

– Ма ца моьттура суна Дика иштта тидам боцуш хир ву, – аьлла, халахетта, и шен горга корта ластийра Саламбека.

– Суна а, дера, ца моьттура, – чIагIдира и Зеламхас, жимма ойла еш а Iийна. – Адамах ца тешчи а таро яц, тешчи цхьаъ хуьлу. ГIуллакх лерг сема хила везаш ду-кх, къаьсттина, айхьа халахетийтинарш хьаькамийн гергара нах белахь.

– Царех тасалахь-м дуьне дуучуьра ваьллийца, – элира СагIопшарчу обарга, гIаддайна вела а къежаш.

«И ду-кх сох дахнарг а, – ойла йора Зеламхас. – Масала, хIинца тхох тасавелларг юьртда вацахьара, тоххара там а бина, дIадирзина хир дара иза. Ткъа, хIинца тхо шен Iедалца хьийзош, цу юьртдас садаIа а, садола а ца дуьту».

– Тасавелча аьлларг а делира кхин хIума, – элира юха а Саламбека, – дуьххьал дIа ваьш адамаш хета бахар доцург.

– И ала а вайн бакъо-м яц, – вистхилира ЗIока. – Нагахь хьайн дош лардан тхан юьртдена хьалха хьо гIортахь, ял шалха йоьхушший, киранашка хоьхкушший бIарзвийр ву. Ткъа, и нийса дац ала хьо волахь, Iедална дуьхьалваьлларг хир ву. Цундела, цуьнга дIавистхила стагга а ца хIутту.

– Хилча, цуьнга сан некъ бойтур бу-кх, – элира, цаваьлла вела а луш, Зеламхас.

Саламбека а изза дийцича: «Я-рабби, хIара дерриг дуьне хилла-кх иштта харцхьадаьлла доьдуш», – бохуш, ойланаш ечуьра хьалаайвелла, туй а кхоьссина, шен кIанте хьешашна меттанаш тадайта, элира ЗIокас.

* * *

Кхин башха наб ца еш, Iуьйранна сатоссуш Зеламха Саламбекаца цхьаьна новкъа волучу хенахь, массо хIума дижначуьра

гIаттаза дара, гIотошкара даьхни лардеш Iохку жан-жIаьлеш доцурш.

Шен гIуллакхана ДаьргIа а воьдуш, хьешашца новкъа вокхастаг ЗIока а ваьллера.

– Ша да верг шайн хетийла шуна; нагахь, гIо эшначу меттехь и шега ца хаийта бакъо яц шун, – бохуш, къамел дора цаьрга воккхачу стага.

– Тхоьца гергарло лело къаьсттина хала ма ду, ЗIока, – элира Зеламхас, – делахь а, ахь и лелор дуйла суна хаьа хьуна.

– Эшначу меттехь айса шуна гIо дича, цунах воккха веш хир ву-кх со, Зеламха, – жоп делира ЗIокас. – Ткъа, иштта меттиг яьллачохь сайга ца хаийтича хала а хетар ду.

– ХIинца дуьйна дIа хьо тхешан да лоруш хир ду-кх тхо.

– Со воккхаве-кх цунах, – элира жаIуьно. – Саламбек, иштта хьоьга а бах хьуна ас и.

– Баркалла, ЗIока. Дика хета суна, кхузахь Зеламхин иштта накъостий болуш.

– Хьуна а ду тхо иштта. Хьо генара веана хиларна, къаьсттина чIогIа, хьоме хьо ву тхуна.

Малх гIушлакхе а баьлла, олхазарш эшаршка девлла хьийзара, Зеламха шен накъосташца цхьаьна ДаьргIа эвлан йисте кхаьчча.

– Кхузахь вай дIасакъаьстар ду, ЗIока, – элира харачойн обарга. – Хьо цIа гIо, тхойшиъ аьтто агIор верза везаш ву.

– Ой, ахь хIун дуьйцу, Зеламха? Цхьана сахьтана чудуьйла, ас дукха хьедийр дац шу.

– Баркалла, – элира обарга, воккхачу стеган Iодика а еш. – Амма, сан цхьа дехар ду хьоьга, ЗIока.

– Схьаалал.

– Тхойшиъ Харачу кхочур вац. Ахь хIун дийр дара аьлча, Солтамурд а гина, цуьнга ас лама Ишхойн-эвла вола боху, эр дарах.

– И кхочушдина карор ду-кх хьуна.

– Ткъа, харачошка, дохий ма хила, нагахь царех цхьа дегI Сибарех хьажадахь, ас Веданахь цхьа а хьаькам чомахь Iойтур вац. Царна динчу цхьана вонна дуьхьал ас полковникана шалха

доьккхур ду. ХІан, марша гІойла хьо, диканца вовшахкхетийла вай!

8

Тахана пурстоп Бек Сараев, шена гондахьа баьхна шортта дошлой а болуш, муха вогІу ца хууш, веана фаэтонахь схьахІоьттира Харачу. Де хьалха кхуза, тохарчул а алсам, салтий бахкийтинера. Юьртдас Іадода кху эвларчу нехан керташка дІасабекъна уьш, тохара санна, шайна таІзарна бахкийтина моьттуш, ахархоша тІеийцира и салтий.

Бек Сараевн фаэтон маьждиган майданахь сецча, хьала а гІевттина, цуьнан фаэтонна гуо бира наха. Шена ца луъушехь хьалаайвелира Гушмазукъа а, цунна юххехь Іаш верг а. Цу пурстоьпан гондахьа болчаьрга хьаьжначу Гушмазукъин бІаьрг, хІетахь санна, хІинца а поручик Гриневна тІехь сецира. Цунна тІеваха дагадеана иза, юьртден лере а гІоьртина, къамел деш пурстоп шена гича, цо вуьйцург ша вуйла хиъна, муха волу ца хууш, цу майданара сихха къайлавелира.

Юьртдега ша вистхилла ма-велли, дІа а вирзина, нахе къамел дан волавеллачу пурстоьпан а тидам ца хилира Гушмазукъа къайлаволуш.

– ХІай харачой, цу шайн обаргех кхоьруш са схьадала доллу шун, – элира Бек Сараевс, гондахьа бІаьрг а тоьхна.

Цо бухучух шаьш ца кхеттачуха, тийна лаьттара нах.

– Кхоьру, дера-кх, вуно чІогІа кхоьру шу царех! – аьлла, тІе а чІагІдира цо шен дош, нахана и «кхоьру», бохург, къаьсттина ца тайнийла хууш.

– ХІан-хІа, иштта ма ала, господин пурстоп, ца кхоьру тхо царех, – элира, дІо нахана юккъера схьа цхьаммо. – Шуьга а, тхоьга а ла ца дугІуш, хала нах бу уьш. Цу тІехь ахь тхуна тІехбеттам бан эшац.

– А-хІа, и мила ву, мичхьара схьалуьйш ву и майра харачо? – хаттар а деш, когабуьхьар хІоьттира пурстоп. – Мичахь ву хьо? Схьагучувалал!

Цхьана-шина секундехь цу майданахь массо а хІума дІатийра. И дохош, цІеххьана веана хьалхахІоьттира, тІедуьйхина мокхачу машин тиша чоа а долуш, иштта тиша Іаьржачу кхакхан куй а тиллина цхьа воккхастаг.

Нахана юккъехь лераш хезира:

– ЗІока.

– ЗІока ву и.

– ЛадогІа, ЗІока ву вистхила лууш…

Кхин а пурстоьпана герга а гІоьртина:

– Тхо башха майра а дац, господин Сараев, – элира воккхачу стага. – Делахь а, тхешан лазар дІа ца дийццал стешха а дац тхо.

ЧІогІачу орамашца хІоьттина наж санна, онда лаьттара ЗІока цу нахана юккъехь. Цуьнан, тІулгах юттуш йича санна, шуьйра, лекха белшаш, малхой, мохой чахчийна цІестан басахь юьхь, барзо санна шуьйра гІулч а йоккхуш, тийна болар, стомма аз, – массо а уьш къонахчун битамаш бара. И къамел ша деш кесткеста айбой, пурстоьпах бІаьрг тухура ЗІокас. Пурстоьпана тІехьа лаьтта гІалгІазкхий а бара цецбевлла, лерина воккхачу стаге бІаьрг тухуш.

– А-хІа, – элира юха а Бек Сараевс, – хаттар дан луучуха, юьртдега а хьожуш. Ткъа, юьртдас, пурстоьпан лере а гІоьртина:

– Зеламхин гергара стаг ву и, господин пурстоп, – элира, воьхна, ша муха олу а ца хууш.

– Эй, гІалгІазкхий! – мохь туьйхира Сараевс, – дІалаца и воккхастаг!

Юьхь тІера бос байна, оьгІазвахана Сараевгахьа хьаьжира ЗІока, делахь а, цу гІалгІазкхийн буйнахь меллаша кІегарвелира иза.

– Соьга ла ма догІа, шаьш хІиттахь? – элира Сараевс. – Ас хоуьйтур ду шуна хьаькамаша бохучуьнга ла ца доьгІча хиндергм. Тахана цхьаберш бохуьйтур бу Сибарех, ткъа масала, тІаккха а шу ца кхетахь, кхана биснарш лоххур бу цига. – Цхьана хІуманна ойла ечуха, жимма собар а дина: – Яхал, Іадод, тахана хІара Харачу а йитина, шайн доьзалшца Сибарех баха безачу нехан цІераш, – аьлла, юьртдегахьа вирзира пурстоп. Цхьаьннан

а, шиннан а, пхоьалгIачун а, уьтталгIачун а цIе яькkхира юьртдас.

– Iалибеков, Гацаев, Кюриев!.. – бохуш юьртдас мохь а бетташ, тахханалц цара сикалш яош кхаьбначу салташа, шайн доьзалшца цхьаьна, хIусамаш чуьра арабохура и ахархой.

Уггаре хьалха пурстоп ша а тIехь, кхузахь мел верг хIинцихIинций цхьа сихониг юкъа а иккхина адамо гIовгIа яккхарна кхоьруш гIорийча санна, лаца а велла виснера. Ткъа, нах, оьгIаз а бахана, гIайгIано таIийна тамашена тийна лаьттара. Кху шайн Даймахкара дIабахийта кечбинарш а бацара кхин башха бистхуьлуш. Ткъа, бухабуьсуш берш-м къаьсттина чIогIа дIатийнера. Къизачу харцоно, кийрара дог а шелдеш, шайн стогаллех а, маттах а баьхнера уьш.

И лецна нах ларбан хIиттина салтий бара-кх кхузахь цу нахехь йолчу гIайгIин кIезга бала болуш, вовшашца бегаш а беш, къамеле бевлла хьийзаш. Хийла хан хьалха дуьйна схьа шайн доьзалех а, йиш-вешех а къаьстина, херехь бехачу царна башха новкъа ца еънера и нехан гIайгIа.

Амма, гуш лаьтташехь шайна бечу ницкъана оьгIаз а бахана, гIовтта дагадеанчу ахархойн кийрахь сийна цIе йогура. Царех муьлхха а, цхьанцхьа дIа а кхетта, къийсамехь вала кийча вара, ша айдинчу куьйго шена юххерачунна зе дарна кхоьруш ца хилча. Омар дIадичахьана массо а хIума герзо нисдо моьттуш болу салтий ца кхетара, хьаькаман омарна кIелсовца кхарна цалаарх. Цундела лоьхкура цара и гIийла наххий, зударий, берашший шайн хIусамаш чуьра сел догшийла, къиза ара.

Ткъа, Сибарех бохуьйтучийн лулахошна, кхин схьаолуш хIума дацахь а, шайн дагахь вуно чIогIа новкъа дара царна и ницкъ беш, амма, гIо дан таро яцара цу тIехь. «ХIай Дела, хьо хIун деш ву техьа? Цу декъазчу нехан гIо хIунда ца до ахь? – дагахь кхойкхура уьш, – бехьа къинхетам, – дехарш дора. Масала, хIара гIуллакх Зеламхина хаахьара, иза-м вогIур вара сихонца кхуза орцах. Я, тоххарехь цу Дубовн метта, хIара пурстоп Сараев мукъана хIунда ца вийра техьа Зеламхас?».

Лецна нах, берриш вовшах а тоьхна, лаьххкина эвлаюккъехула а баьхна, Ведана-гIопе боьдучу новкъа бехира.

– Нани, вай стенга дуьгу хIокхара? – аьлла, хаьттира кхера а елла, йоьхна йисинчу цхьана йоIстага шен нене.

– Хаац суна, нанинг, хаац, – жоп делира нанас. – ХIумма а хир дац, нанинг, дукха йохий ма хилахь, суна юххера дIаса ца яла а хьажа.

– ХIай нах, алийша, вай стенга дуьгу хIокхара? – хаьттира, аз айдеш, цунна юххерачу кхечу зудчо.

– Сибарех дуьгу, ва зуда, шийлачу Сибарех дуьгу, – мохь туьйхира цхьана собар дайначу къонахчо. – ХIинца хаьий хьуна, вай стенга дуьгу? – нахе орца даккхаре шен хаттар хирриг.

– ГIур дац тхо Сибарех!

– ГIур дац тхо!..

– Кхузахь дайа тхо! — аьлла, маьхьарий а довлуш, цхьаболу зударий охьаийгира. И новкъа деана, цергаш а хьекхош, собар лаха гIоьртина божарий тийна лаьттара.

– Тоьар ду тхан хьийзадар! Бохуьйтур бац оха тхешан нах хIаллакьхила!..

– Шаьш иштта майра делахь, Зеламха схьалаца! – аьлла эпсаран мохь а къарбеш, хIинца маьхьарий туьйхира гондахьарчу наха а.

Мохо ластийна дуькъа синтарш санна, цхьана минотехь техкира карзахе адам.

– Духадовла, духадовла! ДIадовла кхузара! – мохь а тоьхна, чугIоьртира пурстоп.

Кхин а чIогIа маьхьаьрий туьйхира гондахьарчу наха, амма, уьш мел дукха деттарх дан орца дацара. Шодмаш а етташ, тоьпийн баххаш а Iуьттуш, дIатоьттура салташа гIаддайна хьаьвзина зударий, берашший.

ЦIехьана цу кегарий юккъера схьаделира ЗIокин буьрса аз:

– ХьалагIовтта, хьалагIовтта! Эхь ма де вайна, – аьлла, мохь туьйхира воккхачу жаIуьно, охьаэгна Iохкучу нахана тIе а вирзина. – Вайна там бац мостагIчунна хьалха иштта осала довла. Вайх кхарда меттиг ма баккха кхарна. ХьалагIовта, ца бах ас шуьга!

– ХIай-хIай, иштта Iамабел ахь уьш. Ткъа, хьуо а хаза тхоьга ладугIуш хила хьо, – бохуш, тIехьара схьадеш къамел хезира ЗIокина. ДIавирзинчу воккхачу стагана шен ардангаца тIехьа лаьтташ пурстоп вайра.

Цхьана минотехь дIатийна массо а кху шинге хьаьжжинчохь висира.

– Т-фуй, наьIант хила хьуна, боьха жIаьла, – аьлла, и тер а дохош, ЗIокас шен оьгIазе ира ши бIаьрг хьовзийна цу пурстоьпан дегIах чекхбаьккхира. – ДIадала суна хьалхара, йовсар!

Цхьа акха хьайба санна, шена хьалхара дIакхоссавелла пурстоп, катоьхна белш лаьцна шена тIе а озийна, цуьнан кочара хумпIарца схьалаьцна тапча охьаяьккхира ЗIокас.

– Салтий, гой шуна хIара бунт… бунт! – мохь белира кхеравеллачу пурстоьпан. – ДIалаца, сацавелаш и обарг!

Хала тохабелла, и тIаьхьабевлла нах кIегар а тоьхна, лецнарш царех хадийра салташа. Цу кегарий юккъера тохавелла воккхастаг, ша лаьцначу гIалгIазкхийн буйнара а ваьлла, муьлхачу агIор вели ца хууш, ведда вайра.

Лецнарш берриш, шайн доьзалшца цхьаьна, Ведана-гIопехьа лаьхкира.

Харачошна иккхина и зулам дуьйцуш арадаьлла хабар, Солтамурд варе хьоьжуш Зеламхий, Саламбеккий Iачу Ишхойн-эвла а кхечира.

И шена ма-хеззи, Харачу ван кечвелира Зеламха.

– Иштта меттиг хилча, со а вогIу хьоьца, – аьлла, тохавелира Саламбек. – Хьо цхьа вохуьйтур вац ас цига.

– ХIан-хIа, – элира Зеламхас, – ахь вай Теркал дехьа дахарна кечам бе, леллачаьрга хаттий, цигара некъаш довза а гIуртуш. Со кестта вухавоьрзу хьуна, – кхин къамел ца дойтуш, ма-боьдду шен дин Харачу хьажийра обарга.

И лецна нах Ведана-гIопера арабахале я цигара дIа СоьлжаГIала боьдучу новкъахь шена карабаре сатеснера Зеламхас. Иштта ша царна тIекхачахь, шена бевза къонахий вовшах а тоьхна, уьш кIелхьарбаха дагахь сихвеллера иза. Ткъа, Саламбек, сихо стаг волу дела, собар а кхачийна, цо цхьа доьхнарг дарна кхоьруш, ца ваийтира Зеламхас шеца.

Зеламха Харачу кхаьчначу хенахь, Сибарех бохуьйтуш болу лецна нах, Иркутске дIахьовсо кеч а бина, СоьлжаГIаларчу набахтехь бохкура. Шен йиш-вешех, цхьа нана йоцург, кхин стаг ца карийра цунна Харачохь. Иза а Бек Сараевс цхьа ког коша а бахана йолу дела дIахецнера, мел тиша белахь а, кара ца вогIу обарг чу леста и бен кхузахь латтийта дагахь. Цул совнаха, масала, Зеламхех шен цхьа хIума тосалахь: «ас хьан къена нана, ца лоцуш цIахь ма йитира», – майрачу обарге ала а шен хилийта.

Шен ненера хиира Зеламхина: Бици, берашца цхьаьна, нехан гIоьнца, Дударган некъаша къайлаяьккхинийла а, Зезаг шен дас Хушуллас дIайигнийла а, Гушмазукъа Солтамурдаца обарг ваьллийла а.

ХIинца и обарган хала дукъ къоначу Зеламхина тIехIоьттина ца Iаш, къанвеллачу Гушмазукъига а кхаьчнера.

Цкъа мукъана ас бохучуьнга ладогIахьа, кIант, – элира нанас Зеламхе, и араваьллачуьра саца а вина. – Ахь лелочух вуно кIезиг кхета со. Ткъа, цкъа мукъана а ойла ян мегар дац ахь хьайн а, хьайна гондахьа лелачийн а. Наб яц хьан, чомахь хIума ца йоу, садаIа сахьт-зама хьоьга ца кхочу… Цхьажимма мукъана а сацахьа.

– Ткъа, хIун де ас, нана, иштта дакъа кхаьчна-кх соьга? – элира кIанта. – Со муха соцур ву оццул дукха вайна наха бина ницкъ а битина, цул совнаха, екхаза йисина вежарийн чIир а йолуш? ХIан-хIа, нана, ишта ма ала соьга, ма сецаве со. Цулла а, суна Делера аьтто беха, со толаве ала, – дIатийра воI.

Къена Хьурмат халачу ойланаша лаьцна, тийна лаьттара. Юха, цхьа цIеххьана набарх яьлча санна, тIееъна кIант мара а воьллина:

– ДIавало, Дала гIо дийр ду хьан, – элира цо, шен марара Зеламха дIа а хоьцуш.

9

Хан яьллачу хенахь вогIий, и бераш а хьостуш, дехха къамел хуьлура обарган шен хьомечу хIусамненаца. Цу шен майрачун

ницкъболу куьйгаш массанхьа а онда гIортор хеташ, цхьана а хIуманах оза ца луш, сапаргIат хуьлура Бици а, Зеламха шена юххехь хилча. Маьрша а ваьлла, хьанал къахьега ша шен доьзална тIеваре сатосий, догцIена хьожура и Бицин бIаьра. Амма, схьахетарехь, хIинца цу дийне сатосуьйла ца йиснера. Цундела, Зеламхас тховса а къамел дира Бицига, цхьана ханна шаьш Туркойн махка даха дахча муха хир дара техьа, аьлла.

Туркойн махкахь ирс долуш вехар ву ша бохург-м, Зеламхина шена а, гIенахьчул башха, дагахь дацара. Цигахь а хилла цIа баьхкинчу нохчаша: «вуно къиза ву, оьрсийн кIайчу паччахьал оьшуш вацахь, цуьрриг тоьлаш вац туркойн паччахь-султан», олий, вон вуьйцура иза а, цигара Iедал а. ХIетте а, тахана шена и харачойн ягийна керташший, чудиттина цIеношший гича, кхузара дIа а ваьлла, цхьанхьа къайлавер ву ша, аьлла, нигат динера Зеламхас. «Суо бахьана долуш нахехь хIара Iазап муха латтадойтур ду?» юх-юха а ша-шега дагахь хоьттуш, бIарзвелла хьаьвзира обарг. Иштта, хIара обаргалла а дитина, мел тиша белахь а цхьанхьа хаьналчу балха тIе вахалур вацара техьа ша, бохург а дара лелош. Ткъа, масала, кхано цхьа хан дIаяьлча, ша виц а валийтина, Даймахка а воьрзуш.

– Хьайнчаьрга дийциний ахь, вай Туркох даха дагахь ду бохург? – хаьттира Зеламхас, кхин шен зудчуьнга дIа а ца хьожуш.

– Дийцира, дера-кх, – жоп делира Бицис.

– ХIун боху кхара?

Цецъяьлла шен майрачуьнга а хьаьжна:

– Айхьа ойла ехьа: дай, наний шайн бер оццул гена, дуьненан маьIе дIахьажо реза хир ду, аьлла, хетий хьуна? – хаьттира Бицис Зеламхе.

Шена некъана оьшург таьлсаш чу юьллуш йоллучу зудчуьнга а хьаьжна:

–-Ткъа, хIун де вай? – хаьттира обарга, ойла йина, корта охьа а бохуьйтуш.

Къайлах, кIелдIахула бIаьрг туьйхира Бицис шен майрачух.

– Со Зеламхица вон а, дика а цхьабосса декъа дехарийлахь ю, элира ас сайнчаьрга, – аьлла, йистхилира иза. Жимма ойла а

йина, юха: – Даха дезахь Туркох а цхьаьна гIур ду-кх вай. Суна, мичча вай дахчи а, башха дац, вай цхьаьнахилчахьана, – элира цо. – Со-м обарг а яьлла, араер яра, ахь хьайца дIайигахьара:

«Хьай дукха яха хьо, стогалла-м хьаха ю Бицигахь шортта» – аьлла, ойла йира обарга. Ткъа, хезаш:

– Иза а мегар ду, Бици, со хIинца воьдучуьра вухавирзичахьана хьо а, Зезаг а сайн тобанах тухур ю ас, – элира цо. – Реза юй хьо цунна?

– Дера, ю, елакъежира Бици. – Суна башха ма дац, вай цхьаьнахилчахьана.

– Билггал хаьий хьуна, Гуший, Солтамурдий Ишха-эвла ваханийла? – хаьттира Зеламхас, чоа тIедуьйхина, шен юкъ а йоьхкуш.

Билггал хаац, – жоп делира зудчо. – Амма, вайга веана цхьа воккхастаг вара. Цу пурстоьпера и герз даькккхинарг ву-кх и. Цо-м элира цаьрга: «шуьга хьоьжуш Ишхахь Iаш Зеламха ву».

– Гушига-м, дера, ца хьежнера со цигахь, – элира обарга, жимма ойла а йина.

– Дера хIета, уьш кхоь а цига вахана-м, моьтту суна.

– Муьлш кхоь а?

– И шиъ а, цаьрца и воккхастаг а, – жоп делира Бицис, дика дIадихкина таьлсаш уча а дохуш.

* * *

Вухавеана Зеламха Ишхойн-эвла кхаьчча, кхузахь массо а Теркал дехьа ваха везарг вовшахкхетта ваьллера. Гушмазукъа хилла ца Iаш, ЗIока а вара кхузахь.

– Муха хета хьуна, Зеламха, мегар вуй со хьан тобанна юккъехь? – хаьттира жаIуьно, цецваьлла висначу обарге, и шен ойлане дирзина севцца Iаьржа бIаьргаш хьала а айдеш.

Когашкара дуьйна коьрте кхаччалц и вустуш, лерина воккхачу стаге а хьаьжна. Кхин дош ца олуш, корта таIийра харачойн обарга. Делахь а, массарна тIе а вирзина:

– ХIара вай схьалаьцнарг атта гIуллакх дац шуна, – элира цо. – Кху тIехь массо а шен лаамехь хила веза. Шен ницкъ а кхочуш,

кхин ян таро а йолуш, обарг вала а мегар дац. ХІунда аьлча, кху новкъа хІоьттинарг доьзалххий, пархІатонан синтемаххий хадарна. – Массарех бІаьрг а тоьхна, – цундела, цкъа хьалха ойла е аш кху белхан…

– Кхин хІун ойла ян еза оха, Зеламха, – аьлла, кІентан дош кагдира Гушмазукъас, – вай ойла ярх тадала дисна хІума дац кхузахь, сан кІант. Полковника Гулаевс ойла а йина, лаьххкина ара ма даьхна вай. Ойла йина оха, тоьар ду хІинца!

Дена дуьхьал вистхила лиънера Зеламхина, цул совнаха, и шеца цу Теркал дехьа вогІийла а ца лаьара цунна. Амма, дарехь воккхачу стагана дуьхьалвала ша цахІоттарна, АтагІарчу Аюбан говра тІе а вахана, цуьнан нуьйран тІехьара бухка схьа а лаьцна:

– Вай бан беза некъ хала а, гена а бу, – элира обаргийн тхьамдас. – ХІара бухка мал ца бахь, говр хІаллакйийр ю ахь. – Юха кІеззиг вист ца хуьлуш а лаьттина: – Соьца Саламбеккий, Солтамурддий, Аюббий, ЗІокий, Эсий вогІур ву, – аьлла, тІетуьйхира цо. – Вуьш массо а пархІатхила мегар ду.

– И хьан сацийна иштта? – чІогІа оьгІазвахара Гушмазукъа. – Со воцуш цхьана а дегІо ког боккхур бац цига, – аьлла, уггар хьалха шен говр яькхира Зеламхин дас Теркал дехьа, хьолада Архип Месяцев вехачу агІор боьдучу новкъа.

* * *

Шортта хьал а долуш, ког хецца ваха таро елахь а, цуьрриг а самукъадаьллий, пархІаттий ца Іара Месяцев кху йистйоцчу гІизларан арахь. Даима бохург санна, даг тІехь кхерам лаьтташ, тахана я кхана баьхкинчу обаргаша лаьххкина даьхни дуьгур ду я кхуо а, кхуьнан дас а мел гулбина чуьра гІирс хьур бу, бахара шен чІагІонах тешам кІезга хетачу цо.

Цундела, дІо генарчу арахь богІуш и дошлой гича, ша да волу герз вовшах а тоьхна, шен чохь чІагІвелира Месяцев. Уьш герго кхаьчначу хенахь, турмал хьаьжначу кхунна царна хьалха ваьлла вогІучун белшаш тІехь эпсаран погонаш яйра. Делахь а, хьанна мичара хаьа, кху хенан эпсарш муха нах бу бохург, дагадеъна,

корашна а, неІаршна а дуьхьал хІуманаш туьйхира Месяцевс. Амма, ков дІакъовла дагахь, ведда царна дуьхьалвахана Месяцевн ялхо, дошлошна хьалха хІоьттина вогІучун белшаш тІехь гІалгІазкхийн эскаран есаулан погонаш яйча, воха а воьхна:

– Господин есаул, шу тхоьгахьа догІу?.. – аьлла, куьйгаш охьа а хецна, сецира.

Ткъа, и дошлой Месяцевн керта баьхкича, хІусамден доккха жІаьла, гІаддахана узарш а деш, кху кхайкхаза баьхкинчу хьешашна хьалха хьаьвзира, месала цІога а лестош. Цу балхо чІогІа вохийра хьолада, ша уьш муха тІеэца беза ца хууш. ТІаккха а, неІ йиллина, аравала ца хІоьттира Месяцев. Мелхо а, церан яххьаш тІехь цхьа тешамбацар хааделла, ша хІун леладо ца хууш, буйнара гапча а юьйлина, хьалхачуьра дІо дехьачу вахара иза.

– ДІаелла неІ! – оьгІазе мохь тухуш хезира цунна арара схьа.

– Господин есаул, шу муьлш ду, хІун деза шуна соьгара? – хаьттира Месяцевс, хорша еъча санна, вега а веш.

– И хІун есаул ю ахь юьйцург? ДІаелла неІ, и хабар кхин дахдахь, ас хьуо кхолларх дохковоккхур ву хьо.

Месяцевн цІенойн лакхарчу гІаттан корашкахь йоьхна хьаьвзира цхьа-ши зуда. Схьа а къедда, цу сохьта къайлаелира и шиъ. ТІеюьйхина цхьа йоца коч бен хІумма а йоцуш, дедда балкон тІе делира жима бер. Иза цхьаммо-м, дадийна, цу сохьта чудигира. ДІо генарчу чуьра схьахезира зударийн белхар. Воьхна, ша лелориг ца хууш, хІинца тур а даьккхина, хьолада цу йоккхачу залан дехьа маьІе велира.

– ДІаелла неІ, ца бах ас хьоьга! – аьлла, маьхьарца мийра тоьхначу Саламбека неІ кхоьссина дІаяхийтира. Кхеравелла, бІаьргаш а бетташ, кхин бага гІатто са доцуш лаьттара хІусамда.

– Охьакхосса хьайн буйнара тапча! – мохь туьйхира Зеламхас, – ас цу коьртах хІума туху хьуна.

ЦІеххьана дуьхьало ян дагадеъна цу тапчийн лаг озо гІоьртира Месяцев, делахь а, сов чІогІа кхеравеллачу цуьнан пІелг, лога тІера дІа а баьлла, логана гондахьарчу хІазарна тІехь лаьттара. Цундела, мел озийча а, тапча ца йолура. Ткъа, и гинчу

Зеламхас ласттийна цу куьйгах хIума тоьхча, тапча кхоссаелла дIаяхара цуьнан буйнара.

Юха а кхин къар ца луш:

– ТIе ма гIерталаш суна! – аьлла, кIегарвелира Месяцев.

– ГIовгIа ма е, – элира цуьнга Зеламхас. – Оха хIумма а дийр дац хьуна… Схьавало аравала, тхоьца дIаван веза хьо.

– ВогIур вац со, – аьлла, куьйгаш а ластийна, Месяцев кор долчу агIорхьа хьаьдира. Амма, Саламбека цхьа ирча мохь а тоьхна, когаш хадийча санна, кхин дIа ца вохуьйтуш охьахаийра иза.

– Схьадийцал, хIусамнана юй хьан? – хаьттира Зеламхас.

Месяцевс жоп ца делира.

– Хьоьга ца луьй со, зуда юй хьан?! – хаьттира цо юха а.

– Ю те. Ахь хьун до цунах?

– Мичахь ю иза?

– ЦIахь яц, элира хIусамдас, ша дIаловчкъийна шен доьзалш болчу дехьа чу ла а дугIуш.

– Делахь хIета, охьаяздел цуьнга кехат, – элира Саламбека, шен буйнарчу тапчийн юьхьиг цунан мера кIел а хьош, – ши эзар туьма вовшах а тохий, нагахь хьо юха ган шена лаахь, сихонца тхох кхета, алий.

– Ца яздо ас, – элира Архипа.

– Яздийр дац ахь? – хаьттира Саламбека.

– ХIан-хIа.

– ДIаязде! – мохь тоьхна, мийра балийтира цунна Саламбека. ТIаккха, схьа а лаьцна, ластийна цо и стоьл тIе бертал вахийтира. – ДIаязде! Кху сохьта ахь и ца яздахь, хIокху цIийнах сийна цIе а тесна, хьо а, хьан зуда а дIадуьгур ду оха. Кхетий хьо?

Кхеравеллачу Месяцевс, ши эзар туьма ахча а дахьаш, шена тIаьхьа нах бахкийта аьлла, сихонца кехат яздира. Цуьнгара схьаэцна и кехат деша а дешна, чувеанчунна гун долччу, стоьл тIе, охьадиллира Аюба.

– ХIа, хIинца кхин зама ма яйал шайна, – элира Зеламхас, ши куьг а дихкина, Месяцев уьйтIа ваькхича. – ДIо божалара дикачех цхьа-ши говр а якхий, сихонца новкъадовлал шайна.

– Орца дала, ма вигийта со кху обаргашка! – аьлла, мохь туьйхира Месяцевс, боьхна лаьттачу шен ялхошка а хьаьжна.

– Ма хьекха мохь, – Саламбека мийра туьйхира.

– Со вогIур вац, вогIур вац! ГIо де суна! – бохуш, юха а мохь хьоькхура цо.

«Цхьана хIуманна чIогIа бехке вацахьара, господина есаула дIавуьгур вацара и. Билгтал цхьа вон хIума дина шуна цо», – ойланаш еччохь боьхна биснера хьоладен ялхой.

* * *

Хасун-юьртарий, Соьлжа-ГIаларий, ГIизларерий зIенаш еттара, массо а гондахаьрчу яртийн канцелярешкахь телефонаш хьийзайора:

– Некъ хадабе цуьнан… Ма вахийта обарг Зеламха. Дийна я вей сацаве иза, – бохуш, хьаькамаша омарш дIасакхоьхьуьйтура.

Ткъа, Зеламха цу хенахь нацкъаро Iоххучу акхаройн некъашца, гечош доцчохь хиш а хедош, воьдура.

Буьйсанна садаIа Гезлойн хьуьнхахь сецира и шен накъосташца цхьаьна. Кхузахь са а даьIна, Iуьйранна новкъабевлла уьш хьуьна юккъехула дIабоьлхуш, Бенойн юьртдас Буцуса шен нахаца йинчу кIелошна тIеIоттавелира обаргашна хьалхаваьлла воьду Зеламха.

– Шуьца дан къамел ду сан, – аьлла, накъосташца тIевеана Буцус, тешнабехкаца Зеламхин коча а вахана, кхузахь кIур оькхуьйтуш летира уьш. Ницкъ ма-кхоччу чIогIа шен мостагIчух тасавеллачу Зеламхин бIаьрг кхийтира, ча санна майра летачохь, мостагIчо шаьлта а тоьхна, охьавожийнчу шен дех Гушмазукъех. Цу сохьта майрачу обарган бIаьрг тилабелла, къайлавелира воккхастаг. Цунна герггахь леташ вара Саламбеккий, Солтамурддий. Дукха чIогIа оьгIазваханчу Зеламхина хIинца хезаш хIума дацара. Боьхачу экхано санна, мохь а хьоькхуш, шен мостагIчо Буцуса шена туьйсу кхерам хазара майрачу обаргана. ТаIийна и майра харачо шена кIел а вахийтина: «У-ух, харачойн Зеламха, хIинца схьабаькхкхина хьан корта полковникана тIе а

баьхьна, ас сайна галий дуьззина деши оьцур ду», – мохь хьоькхура Буцуса.

Иштта чIогIа цу шен мостагIчух леташ, хьерчаш волу Зеламха, цуьнца цхьаьна, керчина дIо генна Iинах вахара. Кхузахь а цу къизачу Буцусан буйнара ца валавелира Зеламха. Ший куьг букъа тIехьа хьовзош, чIогIа лаьцнера и бенойн Буцуса. Майрачу обарган ницкъ байна куьйгаш Буцусан некха кIел дара. Шен тIаьххьара ницкъ гулбинчу Зеламхас, паргIатчу пIелгашца оззийна цу шен мостагIчун шаьлта а яьккхина, оццу паргIатчу пIелгашца лаьцна и шаьлта а хьаькхна, Буцусан лаг хадийра. И мела цIий дIа тухуш, хьакха санна, верстина и бенойн юьртда кхунна тIера керчина охьавахара. ТIаккха, хьала а иккхина, шен да лохуш хьаьвзира Зеламха.

Цу Iин чуьра ведда хьала а ваьлла:

– Во-о, Гуша-а! – мохь туьйхира Зеламхас.

Сел чIогIа орца доккхуш цо тоьхна и мохь, зурманан санна, аз а дахлуш, дIабахара цу хьаннашна, лаьмнашна юккъехула. Дахана дIо генарчу баса а кхетта, и аз сецча, цIеххьана шен ден говр терсаш хезира обаргана.

И хазахетта, ша муха воьду ца хууш, ведда и говр терсачухьа вахара Зеламха.

Гушмазукъин говр корта охьа а бахийтина лаьттара, говрана хьалха, хIинца а шелдалаза, Зеламхин ден дакъа Iуьллура, цунна гена воццуш, иштта, садаьлла Солтамурд Iуьллура…

Дай, ваший веро ягийна обарган юьхь, оьгIазе макхъелира. Дог, накха шина декъе а боькъуш, кийрара схьадаьлла, дIадаха гIерташ санна детталора, Iаьржа бIаьргаш охьадаханера. Делахь а, хийла шена тIехIиттинчу халонашкахь гулйиначу къонахчун стогаллица собар а дина, дуьхьалвелира майра харачо цу йоккхачу юьхьIаьржонна. Атта хIуманаш кIезга гинчу цуьнан буьрсачу дагна карадора муьлххачу бохамна дуьхьалдаккха собар.

Амма, тахана майрачу обарге деана вон кхуьнан тIаьххьара собар кхачо гIоьртира. ХIинца шена тIееанчу оьгIазлонца, муьлххачу кхерамна дуьхьал а хIоьттина, вала кийча вара иза, масала, цу Iожаллица, мелла йина а, тахана хIара зулам шена

динчарна, дуьненан коьрта безам шегара баькхинчарна новкъарло шега ялур юйла хиъча.

Кхин дIа ойла ца еш, кхоссавелла говра а хиъна, шен дай, ваший вийначарна тIаьхьавелира Зеламха. Мел гIортарх царна тIаьхьа а ца кхиъна, Iадийча санна, сецна кIеззиг новкъахь а лаьттина, вухавирзина и, веана, тохара санна, шен ден докъа тIе хIоьттира. Корта охьа а бахийтина лаьттачу кхунна тIебаьхкира дийна бисина кхуьнан накъостий: Саламбеккий, ЗIокий, вихкина говра тIе хаийна Месяцев а валош Аюббий. Аьрру настарна чов хилла волчу ЗIокас хаийтира шайн баьчче, кхузахь гена воццуш вийна Iуьллуш Эса а хилар.

– Нагахь, стогаллина тIе ирс кхетахь, иштта къевсина арахь далар кхочург хир ду-кх вайга а, – аьлла, доккха са а даькхина: – Схьалацал, Саламбек, цхьанхьа нацкъар баха вай хIорш, – элира Зеламхас накъосте, белша кIел куьг дахийтина ГIушмазукъин дакъа хьала а айдеш.

Кхузара дIа регIан дукьа тIе а бевлла, ЖугIарта-эвла йистехула дIабоьлхура уьш. Иштта хIорш дIаоьхуш дукха хан ялале, басах хьалаваьлла воьдучу Саламбекан говр, ши лерг а айдина, цхьана хIуманах къаьхкина, юхаелира. Шелара схьабогIучу некъехьа а вирзина, ладуьйгIира обарга: цхьа татанаш хетаделира цунна. Делахь а, тохара санна, хьуьнан генаш лестош хьоькху мох боцург, кхин схьахезаш хIума дацара.

ТIаьхьабогIучаьрга, схьадало, аьлла, вист а хилла говр дIайолаялийтира Саламбека. Амма цхьа иттех гIулч а яьккхина, «кхузахь цхьа зуламе хIума-м ду», бохург дагадеана хIара ойла йина валале, цIеххьана топ елира. Массо а хIорш дIа а тебна, шайна дуьхьалдаьлларг хIун ду хаа гIоьртира. Iаьржачу буса схьагуш хIумма а дацара. Хьуьна юккъехь ден къамелашший, кегдечу серийн татий хазара.

– Шу муьлш ду? – хаьттира цIеххьана цигара схьа, кху буьйсанан тер а дохош.

И хаттар дешшехь:

– ТIетоха тоьпаш! – аьлла, мохь туьйхира цигахь.

Цкъа а, шозза а, кхузза а тоьпаш евлира. ТІаккха дІатийра.

Чов хилла ЗІокий, Аюббий, лаьцначу Месяцевца цхьаьна, декъий а эцна, юхавелира. Ткъа, Зеламха, Саламбекаца цхьаьна, шайна тІегІертачарна герзаца дуьхьло а еш, царна тІаьхьа теІара…

10

Іаьржачу мархашца цхьана бодано къайлаяьккхина и стигал, айкхдолуш санна, кхеттачу стелахаьштиго цІеххьана гучуяькхира. Юха а кхийтира стелахаьштиг. Юха а гучуелира стигал. ТІеттІа чагІлуш къилбаседехьара схьайогІура къевкъинчу стигалан ирча гІовгІа. Дерриг дуьне, цхьана ницкъо схьа а лаьцна ластийча санна, дегадора. Кхераделла бераш нанойн кучан яххех хьерчара, цецдевлла севцинчу церан даккхийчу бІаьргаш чохь цхьа ирча кхерам латтара.

Сиха Іаржъелира. Сарахь, кхокхин хІоаш санна, якхийра къора а тухуш, раздаьлла даккхийра догІа деара. Ишта а чохь Іаьржий, шийлий йолчу Гушмазукъин некъийн чоь тахана кхин а чІогІа Іаржъеллера. Синтем байначу кху чохь массарна а пхьоррий, наббий йицъеллера. Ткъа, цІеххьана тховса кху чохь иккхинчу белхарна орцах оьхурш, дика ца хІуттуш, кхоьруш, юха а хьуьйсуш, богІура.

Шен кертахь кхузара и белхар а хезна еанчу лулахочо хилларг хаьттича, шайн массо а вийна, церан декъий ду чохь Іоххуш, элира мохь хьоькхуш лаьттачу Зеламхин йоІа Муслимата.

– Хьенан декъий, муьлш бу уьш? – хаьттира цецъяьллачу лулахочо.

– Ваша а ву, дада а, да… – аьлла, дош а хадош, Іадийча санна, кхин а чІогІа мохь белира йоьІан.

Йоьхна, ша хІун дийр ду ца хууш, юхагІоьртина лулахо корах чухьаьжира. ГІийла чиркх богучу цу чохь, лаьттан цІенкъахь Іохкучарна юккъехь лулахочунна можах Гушмазукъа а, кІайчу холхазан куйнах Солтамурд а вевзира. Ткъа, корта дІа а карчийна Іуьллу Іаьржа куй берг, схьагарехь, вевзина-ваькхина Зеламха

вара… Хабарна тІийра йолчу лулахочо ара а яьлла, цу сохьта даржийра: «Гушмазукъин цІен тІехь мел волу боьрша стаг, Гушмазукъа ша а тІехь, вийна», аьлла. Цо ара а даькхина нахе кхаьчна и хабар, мохо айдина, гуьйренца доьжна можа гІа санна, цу сохьта гондахьарчу ярташкахула, кІотаршкахула даьржира.

И хиъначу нахах, цаьрга кадам бар шайна тІедоьжна аьлла хеташ берш, массо а обаргийн керта тезета баха сихбелира. Царех дукхахберш кху сохьта, буса, оьхура, дийнахь шаьш цига боьлхуш хьаькамашна гарна кхоьруш. Зеламхица гергарло ду шайна аларна кхоьруш, Ур-атталла веллачух кадам бан а ца хІуттура уьш.

Гушмазукъин доьзална и бохам баларх йоккха ял хиллачу Элсин некъаша цу сохьта даьхьна и хабар Ведана-гІоперчу хьаькамех туьйхира.

– Белларш дІабухкучарна новкъарло ма елаш, – элира Іадоде полковника.

– Ой, масала, уьш дІабохка арабевллачара Іедална дуьхьал цхьа гІам-гІим дахь? – аьлла, тохавелира шен ницкъ ма-кхоччу нахана дуьхьал харцхьараниг лоьхуш волу Іадод.

– Хьераваьлла хьо, Іовдал, хІун гІам-гІим дийр ду беллачара? – элира, вела а къежаш, округан начальника.

– Кхаьрга ахь хеттахь-м ву хьуна, господин полковник, кхузахь мел верг бунт эккхийта кеч а велла Іаш, – элира гомо пурстоьпе а хьаьжна, цІеххьана вистхиллачу Гриневс.

Иштта шайн къамелана юккъе и эккхарна реза воцу полковник Гулаев, оьгІаз а вахана, поручике хьаьжира. Ткъа, Гриневн къамелах ца вешаш, цунна тІе а вахана, Бек Сараевс:

– Господин поручик, обарг Зеламхас хьоьга мерза маршалла даийтина ма боху, бакъ дуй и? – хаьттира поручике.

Ластийна шен марш тІе тІара тоьхча санна, воьхна, вуха кІегарваьллачу Гриневна, и шен даккхий мокхачу басахь бІаьргаш а карчийна, пурстоьпана дена ала дагадеара. ТІаккха а, собар дина:

– Хьоьгахула даийтина хир ду-кх цо иза, – элира поручика, шен ницкъ ма-кхоччу и аьшнаш вар дезаш.

ОьгIазвахана, верриг макхвелира Сараев. Иза а собар дан гIоьртира, делахь а, хьекъал ца тоьъна:

– Дика ду, – элира пурстоьпа, поручикана кхерам а тосуш. – Кестта хуур ду вайна и хьаьнгахула даийтина-м.

– Хууш Iелахь, пусар дац хьан, – аз айдеш, жоп делира Гриневс. – Амма, цхьаъ ма дицделахь: хьайца къамел деш верг оьрсийн эпсар хилар. – ТIаккха Гулаевга а вирзина: – Бехк ма биллалахь суна, господин полковник, – чIогIа неI а тоьхна, аравелира поручик.

– М-хI, хьажахьа хIинца, – элира цецваьлла висинчу Сараевс, – цу мезийн ардангана тамана деса къамелаш ден хIара а ву-кх хIинца оьрсийн эпсарех тарвала гIерташ. ХIара хIун ю? Пайда боцу либерал.

Чохь мел верг дIатийнера. «Ткъа, хIинццалц схьа хьо хIун деш Iара?» – бохург, кхуьнга хатта дагахь волчуха, пурстоьпе хьаьжира полковник.

Цуьнан хьажарх дика ца кхеттачу Сараевс, тоъал вуо а велла:

– Тархан Тудоевич, бехк ма билла суна, билгтал ала хаац суна, амма, схьахетарехь, цу обаргашца цхьа зIе йогIуш ву-кх и поручик, – элира.

– Кхин хьо ца долуьйтуш, тахана рапортца яздел соьга и, – элира, оьгIазваханчу полковника, шен экаме кIайчу куьйган буй стоьл тIе а тухуш. – Ас кхузара вир санна, лоллур ву иза.

– Хезаш ву, сийлахь полковник, – резахилла, корта таIийра пурстоьпа.

Юха а цхьана минотана дIатийра чохь берш. Шен и къежбелла боккха корта стоьл тIе охьа а бахийтина Iара полковник, тем байна пурстоп доккхачу кора хьалха хьийзара. ГIелъелла говр санна, кога тIехь хийца а луш, воьхна, цкъа Гулаевга хьожуш, юхавоьрзий Сараевга хьожуш, неIарехь лаьттара юьртда Iадод.

– Ткъа, хIинца ахь мукъана алахьа, хьуна хьайна гиний уьш белла Iохкуш? – хаьттира чуьра тер дохош, цу балхах шекволчу пурстоьпа.

– Ой, гина, дера-кх, – харц тоьшалла дира Iадода.

И юьртден къамел тешам боцуш а хетта:

– Байинарш билгтал уьш бу-бац хьажарх зе дац, – элира полковника пурстоьпана тIе а вирзина. – Хьанна хаьа, Зеламха ву аьлла, цара кхин стаг дIавуллий а. Юха а хаттал ахь и беношка.

– Ас-м хаьттина и, господин полковник.

– ТIаккха?

– Шайн бIаьргашна хьалхха, лиэташ, Буцусан карах Зеламха велла хиларна тоьшалла до-кх цара, – элира Бек Сараевс. – Цул совнаха, СагIопшара Саламбеккий, кхин цхьа цавевзачех шиъий воцург, цхьа а царех дийна кIелхьара ца ваьлла а, боху.

– И дика ду. Делахь, кхин цкъа а ладогIарх зе дац хьуна, – элира полковника, Iадодехьа куьг а ластош. – Дукха царна хьалха а ца гIерташ, къайлахо ладогIал хьайна ахь а цига.

– Бакъахьа ду, сийлахь полковник, иза а ас дийр ду хьуна, – аьлла, дош делира юьртдас, Гулаевн кабинета чуьра ара а волуш.

Цигара араваьлла юьртдай, пурстоппий веданхойн къеда Оба-Хьаьжа волчу хIотта воьдура.

– Кхераеллачу зудчо хIуьу дийца тарло хьуна, – элира Сараевс Iадоде. – Беной а дика бевза суна, уьш а деса дозалла дан кийча бу. Кхузахь кхин ца хьелуш, тховса цIа а гIой, хьуо хьажал хьайна цу байинчарна юккъехь Зеламха ву-вац.

– Соьга цара бакъдерг эр ма дац, господин пурстоп, и гIуллакх ас бIаьргбаьллачу БIагална тIедуьллур ду.

– Иза а мегар ду. Амма, вуно сиха цунах бакъдерг а хаий, и сох схьатохал хьайна, – аьлла, и кхунна тIедиллира Бек Сараевс, ша дIакъаьсташ.

* * *

Iадод Харачу кхочуш цхьаболчу нехан чохь чиркхаш латийнера. Сирла стогарш догура Элсин Iадодан шен чоххьий, цуьнан йиша-вешин чоххьий. Ткъа, хIинца а хезаш, белхар лаьттачу Гушмазукъин гергарнаш болчу чохь, тохара санна, Iаьржа яра.

Кху деношкахь, дуьххьара бер а хилла, могуш йоцуш, шена вуно хала доллушехь, массарел чIогIа йоьлхура къона Зезаг. Сол-

тамурдана винчу жимачу кIантаца цхьаьна, Бицис я къеначу Хьурмата ца бичи кхин гIайгIа бан стаг воцуш, хIинца ша йиснера иза. Хьанна оьшура обарган зуда, цу тIехула тIе обаргана динчу беран нана? Цхьанна а ца оьшура. ХIинца ден дагахь а шелбеллера цхьаъ бен йоцчу йоIе лаьттина бовха безам: цунна а ца езара обарган тIаьхье…

Ма-хуьллу гIоьртина шен гIелонна даре дан ца лууш, бIаьрга сара кхетча санна, бIарзъелла Бици а хьийзара, дукха йилхина, бIаьргаш а цIийдина. Ткъа, кхеран къена марнана Хьурмат, кхарна массарна а там бан гIерташ, собар гулдина, тийна лелара. Цуьнан майрий, воIий мархин баттахь, багахь марха а долуш, вийнера. Багахь марха а долуш, араваьллачу стагана тIе зулам догIур дац, бохучух тешна йолчу Хьурматана къаьсттина хала дара и лан.

ХIинцале буьйса юккъе яхнера. Гушмазукъин хIусамехь къаьсттина чIогIа Iаьржа лаьттара: догIано тIадийна коран бIаьргаш-м дара, бежанан ахкарган пардо санна, сиро хаалуш. Амма, чохь, кошах тера, тийна-тийна лаьттара. ДIо дехьа чохь, ша яьлла яхана, гIийла тийжа Хьурмат йоцург, кхин хаалуш хIума дацара. ХIинца иза а дIатийнера. Бици а, Муслимат а тоххара сецнера. Зезаг а ца елхара. Бехк бацара, хIинца уьш совца хан кхаьчнера. Мел белха безара уьш? Белхар а цкъа кхачалуш ма хуьлу: цIийделлачу бIаьргашна кIел севцца дуьра хин тIадамаш, дакъа а лой, и гIайгIа юьхь-сибатца шен хийцамаш бой, даг тIехь ма соцу…

ДогIано тIадийна Iаьржа мекхаш охкийна, учахь цхьа стаг лаьттара. И стаг кху цIен тIе буса хан яьллачу хенахь къайлах вогIура, иштта къайлах, нахана кхин дукха ша ца гойтуш, дIа а воьдура.

– Зеламха, – элира цу стаге хIинцца тIевеанчу Аюба, – Месяцев дIавоьхуш, ахча а дохьуш, нах баьхкина, хIун де вай?

– Ахча мел деана цара?

– Ши эзар туьма.

Кхин вист а ца хуьлуш Зеламха ойла еш сецча:

– ХIун де ас? – юха а хаьттира Аюба, буйнарчу тоьпа тIе и якъо чоьин тIам а хьоькхуш.

– Шен зудчуьнга кхин пхи бIе туьма тIедоьхуш кехат язде, боху ала ас Месяцевга, – элира Зеламхас, – дикка ойла еш лаьттина. – Да а, ваша а, накъост а вийна… вайн кхаба безаш дуккха нах бисина ала цуьнга. Цундела, айса хьалха аьлларг хIинца дохоза валац со, – аьлла, тIетуьйхира майрачу обарга.

– Дика ду, – элира, дIаваха тохаваллачу Аюба.

– Собардел, – аьлла, сацийра иза Зеламхас. – Месяцевс и кехат муха яздо хьо хьуо хьажалахь. Ткъа, Саламбеке, хIинца шаьш долчуьра, ас кхечухьа довла боху а ала. Цуьнан гергара нах бу Бумта-кIотарахь, цига гIуо шу. Нагахь, оьшуш меттиг ялахь, со жан гIотешкахь хир ву шуна. Уьш мичахь ю а Саламбекана хаьа хьуна.

Аюб дIавахара, Зеламха а, кхин дукха хан ялале, цунна тIаьхьхье кех велира. Кхузахь дагадеара майрачу обаргана, дукха хан йоццуш Аюба шега дина къамел: «И белла нах схьа а баьхна, царна юккъехь билггал Зеламха ву-вац хьовса омра дина Бек Сараевс», – бохуш, дийцира цунна хIетахь Аюба.

«ХIинца цу балхана хIун дан деза? – таро йоьхнера харачочун. – Муха кегадойтур ду, ткъа, цу боьхачу жIаьлешка беллачийн декъий?.. Уьш хIун дина кхерор бара техьа?.. Царна тIе БIаьргбаьлларг вахийта веза… ХIан-хIа, цунах дош хир дац. Иза нийсаниг дохьуш вогIур вац. Ас царна суо дийна вуйла хаийта деза», – ойланаш а еш, чов хилла ЗIока Iуьллучу жан гIотешкахьа дIавахара Зеламха.

ХIусамдай, хьеший новкъа а баьхна, садаIа дагахь дIатевжинера Бици. Амма, тIеттIа самаюьйлуш, цхьаъ вукхул ирча гIуьттучу ойланаша наб тIе ца юьтура. Карзахдаьллачу хьекъалца гIуьттура и хала ойланаш. БIаьргашна дуьхьал хIуьттура дуьненахь даха гIерташ тасаделла дохку адамаш. Тховса хезара цунна церан лер а, гIаддайна аз а, ханна ирс кхаьчна ден беларш а… Гора цунна церан бIаьргех оьху хин тIадамаш а.

Цу ойланаша бIарзйина Бици, шен берашца цхьана маьIе дIа а тевжина, сиро гучу коран бIаьргашка хьоьжуш, Зеламха

дагавеъна Іара… Берахь дуьйна а цуьнан хьоме доттагІа, юккъерачу дегІахь, Іаьржачу мекхашца, кІайчу юьхьа тІехь, буьрсачу цІоцкъамаш кІел тІаьІано-мокха, комаьрша бІаьргаш а долуш волу шен хьоме доттагІа. Кху лаьтта тІехь цуьнан цхьаъ бен йоцу гІортор. «Мичахь ву техьа и кху сохьта? Гой техьа цунна сан а, шен берийн а гІайгІа?..»

ЧІогІа лиъне ра Бицина шен дагахь дерг а дуьйцуш, хІинца цуьнца цхьаьна хила!.. ХІан-хІа, кху сохьта и хила тарлуш дацара. ДІо гена лам чохь, ширачу кешнашкахь, дикачу нехан гІоьнца, дай, ваший, накъост Эсий дІа а воьллина, тезет чекхдаллалц ца соцуш, кхуьнга а хаза, дика вистхила ца тарлуш, вахара и обарган бакъо лаха.

Иштта шена оьшурш дагаоьхуш, зударийн гІийлачу ойланца еха Іиллира Бици: дукха дацара, вуно дукха дацара цо шен синна лоьху диканаш. Уггар чІогІа цуьнан дагна хІинца новкъадеанарг: шен сил а чІогІа, массо а хІуманах и Зеламха Іалашвеш лаьттина Гушмазукъа тахана цуьнца вацар дара.

Бици гІеттича, Іуьйренан малх схьакъеддера. Бераш дийшина Іоххура, иштта гІаттаза, йижина, Зезаг а Іуьллура. Тохара шен Іуьйр-ламаз а дина, суьлхьанаш хьийзош Іара къена Хьурмат а. Чохь тийна лаьттара. ЦІийна тІехьарчу урамехула дІасалелачу нехан гІовгІанаш йоцург хезаш хІума доцуш, уьйтІахь а иштта тийна дара.

Шен чохь хи цахилар дагадеъча, цкъа Зезаг гІатто а йоьлла, юха и ца хьееш, катоьхна цІеста кІудал а эцна, яьлла ша яхана хи дохьуш еара Бици. Хи а деана, чохь цІе латийна, чай кхеххийна и яьлчи а, схьа ца веанера кхеран кертахь кхелхиначарна тезета хуу и Іеламха. Геннара кхеран гергара а волуш, цуьнан метта веанчу кхечо элира:

– Сийсара лаьцна и Ведана-гІопе вигна.

– Стенна лаьцна мукъана хаьий хьуна? – хаьттира цецъяьллачу Бицис.

– Билггал хаац. Схьахетарехь, цу дІабохуьйтучаьрца цхьаьна Сибарех хьажо дагахь лаьцна, моьтту суна, – элира керла веанчо.

– И мукъана хІунда вохуьйту техьа цига?

– Дера, хаац, ша кхузахь тезетахь Іарна ца вахийтахь кхин и стенна вохуьйту суна-м, – аьлла, дуьненах а чам байна, куьг ластийра цу стага.

ЦІу балхах ца кхетта йоьхна лаьттачу Бицис:

– Кхуьнан нене ма алалахь иза, – аьлла, дийхира воккхачу стаге. – Ишта а, мисканна, хала ду хІорш лан.

– Хьаьнга, Зеламхин нене бахий ахь?

– Бах те.

– ХІан-хІа, эр дац, - резахилира воккхастаг.

– Нагахь цо хаттахь, могуш воцуш цІахь висина, ала ахь.

– Мегар ду.

Шен кочадеанарг, мел хала делахь а, лан Іеминчу Бицис кхечеран бала хала ловра. Шех а, шен доьзалах а нахана гІайгІа ца хилийта гІерташ, дийнахь сарралц охьа а ца хууш, вуно хала къахьоьгура цо, массо хІума ша дора: керт охкура, йоьра, гехь хьуьнхара дечиг дохьура, доккхура, арара ялта чудерзадора, Іаьнна кечам бора. Ткъа, сарахь, массо дІавижинчул тІаьхьа, охьахуий, тІаргІа къажбора, урчакх хьовзайора, цо маша беш еттачу ахкаран тата сатассалц новкъахь хезаш хуьлура.

11

Іуьйранна хьалагІеттина Зеламха, шена некъ а боккхуш, мелларша дІавоьдура цу юькъчу хьуьнахула. Цо шен шаьлтанца цхьа каде цоьсту и къона синтарш а, коьллаш а, ша-шаха цунна хьалхара дІаюьйлуш санна, атта охьаоьгура. Цкъа кхузара, юха дІора, гІовгІанца тІемаш а тухий, акха олхазарш гІовттура, кхуьнан боларо кхерадой, нагтахь гІоттий экха а додура.

Гуобаькхина цунна хьалха а, тІехьа а юькъа хьун лаьттара. Къона дитташ вуно дуькъа девллера. Царел даккхийнаш – вуно нилха, шортта дІаса а къаьстина, шайна яккхий майданаш а лаьцна лаьттара. Кхузахь и дитташ а, массо а хІума санна, хІара латтий, дІо лакхара малххий къевсина дохкура. Ницкъ алсамо кхаьчна тоьлларш къоначех а хьалаайделлера, амма, церан меттиг а, кхин башха тешам болуш яцара.

Кху дуьненахь дахаран корматаллех кхетта, халчу некъийн гІиллакхаш Іеминчу баккхийчу нахаца къийса кегийчарна санна, йоккхачу хьуьн чохь кегийчу дитташна а къийса хала долу таро ю . Шайн дахарх йист а яьккхина, дахкаделла охьадеттаделлачарий я дарцо кагдиначарий бен кхузахь шайн меттиг лаамца къоначарна дІа ца лора. Къевсина, шена гондахьарнаш эша а дина, тоьлла хьаладахча санна, айделла лаьттара дІогара дуткъа къахьшту. Цуьнан лекхачу шерачу гІода тІехь схьагуш, дІо лакхара сийна бохь бен, цхьа га а я гІа а дацара. Цуьнга кхаьчна рицкъа дерриге а цо даькккхинчу дегІе даханера, хІуъу дина а айделла малхе кхача и гІортарна. Къона къахьшту цу шен лаамна дикка герга кхаьчнера. Амма, даккхийчу баххьашца онда тхов а тиллина дІахІиттинчу къеначу дитташа, кхин шайл хьала а далийтина самалха-м ца даькккхинера цуьнан. Изза Іазап дара кхечу къоначу дитташкахь латтош дерг а: хІан-хІа, уьш ирахь а лаьтташ довлалур дацара и кегийнаш церан когаш кІелхьара хьала.

И акха хьун тІехьа йисира. Буьйсанна диллина тхи хІинца а охьадожаза лаьттара, Зеламха цу хьуьн юккъера схьа а ваьлла, цхьана жимчу хин йисте кхочуш. Цо ког баькккхинчохь тхи а дужий, сирло-сийна буц гучу а йолуш, къаьсташ лар юьсура. Кхоссавелла цу хил сехьа а ваьлла, дІасахьаьжначу обаргана жан гІотешка лам чу хьалабоьдуш гІашлойн некъ гира. Ша цІа кхаьчча санна, дегІана вайлуш, хазахийтира Зеламхина и байча.

Цу новкъа дІаоьхуш вахана обарг Чермойн-лам тІе велира. Цу лам тІера дІа аьрру агІорхьа боьрахь, когаш кІел тесна бамба санна, дуькъа дохк Іуьллура; цІеххьана дІахьаьжча цу кІоргачу боьрахь диллинчу лайх тарлора и дохк. Лакхара схьакхеттачу малхо охьа а таІийна, гондахьарачу лаьмнаша дІаса ца долуьйтуш сацийна лаьттара иза.

Кху лекхачу ламанан буьххьехь, тІулгаш юккъехь, Іаламан къелла сов чІогІа гора. Оццул хьийкъина еъначу кху гуьйрено а ца дуьйхинера кху лаьттана цхьа а духар. Юкъ-юккъехь хІара чхарнаш лилхинчохь, догІан Іовраш хІиттинчу меттигашкахь,

хала хьаладевлла цІен-Іаьржа петІаматаш, кхин лекхадовла ницкъ ца кхочуш, синтарш санна, гІийла кегийра пепнаш бен, бацах хІума дацара кху лома тІехь. Амма, кху тІехь а церан дахар дохо цхьана а хІуман ницкъ ца кхочура махе а, дарце а, цхьана а шелоне а ца хадалора кхузахь церан тасаделла орамаш. Оццул лакхахь, стигал кІел, шийлачу тІулгаш тІехь, шек а доцуш лаьттара уьш. Схьахетарехь, кхузахь а Іаламо ницкъ берг, тоьлларг хоржуш, хІара лакхе хазъян тІелаьцна таро яра.

Кхузахь кхин схьагуш адаман лар яцара, ша наггахь хаалуш, кху лакхахь ехачу акхачу гезарийниг йоцург.

Цу акхаройн новкъа ваьлла охьавогІу Зеламха, гІовгІанца, сиха догІучу Басан берда йисте кхечира. Цу готтачу тІулгийн лаьмнашна юккъера схьадаьлла и хи, кхузахь а собар доцуш, тІулгашна тІехула кхийсалуш, шена дуъхьалгІоьртинчух леташ, сиха догІура.

Цу Басан берда йистехь эцна ламаз а дина, доІа деш Іара Зеламха. Цеххьана схьаиккхина хил дехьарчу хьуьна юккъешхула, екъа дечигаш а кегъеш, йоккхачу гІовгІанца сиха дедда догІура цІен-бордахчу басахь къона лу. И гинчунна моьттур дара цунна тІаьхьадаьлла цхьа эзар шайтІа догІу. Шена дуьхьал нисъелла цхьа а хІума ца гуш, кхоссаделла хи чу а иккхина, и шен хаза корта лекха хьалаайбина хих а даьлла, сехьарчу хьуьна юккъехь къайладелира лу.

«Ванах, хІун ю техьа оццул чІогІа и кхерийнарг, борз ю техьа я адам ду техьа?» – бохуш, цхьана иттех минотехь ойланаш еш Іийра Зеламха. Амма, луна тІаьхьадаьлла кхин цхьа а хІума гучу ца делира.

«Да а, ваша а, тоьлаш болчех, цхьа накъост а воцуш виси-кх со хІинца… Ма хала хир ду-кх суна, – бохуш, ойланаш йора жан гІотешка кхаччаволлуш схьавогІучу Зеламхас. – Дала суна тІе ма дожадойла и, масала, хІинца цу чевнах ЗІока кхалхахь кху дуьненан пагІатонца йогІу зІе тІаьххьаре а дІахеда-кх сан».

ТІе латта а тесна динчу цІийнан лохачу неІара хьалха лаьтташ Аюб гира обаргана.

– Ой, хьо ма сиха кхаьчна кхуза, – цецвелира Зеламха. – Схьадийцал, кхин зе долуш хилла хIума-м дац?

– ХIан-хIа, – вела а къежаш, жоп делира Аюба.

ХIара схьаала ца хIуттуш хIума дуй техьа кхуо деанарг, аьлла, юха а лерина шен накъосте хьаьжира харачо. Ткъа, цуьнан шега схьахьежар сакъераделла а, пергIат а гича, тем хилира цуьнан дагна.

Диг хьокхуш шардинчу кхаа уьнах вовшахтесна и готта неI дIа а йиллина, чуваьллачу Зеламхина, дIанехьа маьIехь, кора кIел, стоммачу истанга тIехь, татанца чу а уьйзуш, кедара йовха чорпа муьйлуш Iаш ЗIока гира.

– Э-хIей, Зеламха вац и. Марша вогIийла хьо, ма дика болх бина ахь веана, – аьлла, хьалагIатта гIоьртира воккхастаг.

– IадIелахь, Делан дуьхьа IадIелахь, ЗIока, – аьлла, сиха тIе а вахана, маракхийтира цунна харачо.

– Шек дIа ма валалахь, со-м товелла хьуна хIинца, – элира ЗIокас, и мара а вуллуш. – Схьавоьл хIоккхуза, суна юххе охьахаал. ДIаэцал жижиг, хIинцца схьадаьккхина, довха ду хьуна хIара, – жижиггий, галнашший чохь долу кхийра хедар Зеламхина хьалха теттира ЗIокас.

– Баркалла хуьлда, ЗIока, со-м башха меца а вац.

– ДIаэца, дIаэца, – аьлла, гIогIах йоккха жижиган потт хьешана хьалха теттира хIусамдас. – Хьо Харачуьра-м ца вогIу?

– ХIан-хIа, сийсара садоIуш, хьуьнхахь сецнера со.

– И хIун ду? – цецвелира воккхастаг. – Хьо хIунда Iа садоIуш хьуьнхахь?

– Кхин къаьхкина ца Iийра, иштта дIа сайна атта хеташ сецира со – элира Зеламхас. – ТIаккха, дийцал, чов муха ю хьан?

– Чов-м вуно дика дIайоьрзуш лаьттара, – аьлла, велакъежира хIусамда. – Шек ма валалахь, юха а Теркал дехьа вахалур волуш ву хьуна хьан къанвелла доттагI. – ЦIеххьана, луьйчуьра а сецна, юьхьа тIехь хийцавелира иза. – Амма, Гушмазукъа вайх къастаро вохийна, хIинца дика меттаваза ву со, чIогIа новкъа деана суна и, – элира ЗIокас.

– ХIун дийр ду, ЗIока, Делан кхиэл ю-кх иза, – тийна вистхилира Зеламха. – Цу тIехь цхьаъ ду вайн дагна хьаам беш: шайна дуьхьал бекхам а беш уьш балар.

– Иштта-м дара и, – юха а ойла еш сецира воккхастаг. ТIаккха Зеламхигахьа а вирзина. – Хьо кхин цатам хилла-м вац? – хаьттира цо.

– ХIан-хIа. ХIунда бах ахь?

– Хьо цхьа гIийло хетавеллера суна. ДIаэцал, хIума кхаллал хьайна. ЯрагIи! – шен кIанте мохь туьйхира цо, – схьаял цигара Зеламхина йовха чорпа.

– Са ма гатделахь, ЗIока, кхузахь оьшуш хIума дац вайна, – элира обарга, хедар чуьра жижиган дакъа схьа а оьцуш. – Шуна кхин хабар-м ца хезна кхузахь? – хаьттира Зеламхас, Аюбехьа а вирзина.

– Ца хезна. ХIунда бах ахь? – араволучуьра сецира Аюб, харачочуьнгахьа хьаьжна.

Чувеъна ЯрагIи, боккха чаймолу кад буьззина ша еана йовха чорпа Зеламхина хьалха а хIоттийна, юха дехьа чу велира.

– Бек Сараев ву боху-кх, и вай дIабоьхкинарш схьа а баьхна, царна юккъехь со ву-вац хьажа гIерташ, – вистхилира Зеламха, кхин цхьангге а ца хьожуш.

– И хIун хабар ду, – цецвелира воккхастаг. – Ой, ткъа, Делах мукъана ца кхоьру хIара?

– Шайн аьтто лоьхучохь Дела а вицво хьуна цара, ЗIока, – элира Зеламхас. – Цу тIехь суна дика бевза хьуна уьш.

– Дера, цаьрга и леладайта-м мегар ма дац, – аьлла, лерина Зеламхе хьаьжира Аюб.

– ХIун дина? – ойлане сецира воккхастаг.

Цхьана минотехь массо а вист ца хуьлуш дIатийра.

– Селхан буса вахана полковнике и ала дагахь хиллера со, – аьлла, тер дохийра Зеламхас. – Цунах а сан дош ца хилийти. ХIинца дисина кхин хIума дац, ша полковнике кехат ца яздахь. – Жимма ойла а йина. – Аюб, – аьлла, къоначу обаргехьа вирзира иза, – схьабаккхал и хьайн йозан гIирс, дIаяздел цу полковнике.

Таьлсаш чуьра йозан гІирс схьа а баькхина, шекъанца язден мекха лаьцна перо шен хечин гоьлах хьаькхна, даржийна тептар гоьл тІе а диллина, кечвелира Аюб.

– ДІаяздел, – элира Зеламхас. – ХІай, паччахьан полковник, хІара кехат хьоьга яздеш верг, ахь дІавоьллина лоруш волу харачойн Зеламха ву.

Лахара балда кІайчу цергаца а лаьцна, и шен хаза горга корта кІеззиг аьрру агІор а таІийна, гІоьртина и дІаяздира Аюба.

– ДІаяздел цуьнга кхин а, – элира харачочо. – Со Зеламха дийна ву, ткъа, дийна хІунда висина аьлча, и закон ца лардеш харц луьйш берш цу лаьтта буха бахийта висина. Масала, хІинца оха дІабоьхкина и кхелхина нах цу кешнашкара ахь хьебайтахь, и бехк а, гуьнахь а доцу зударий, берашший ахь кхин хьийзадахь, ас хьо хьуо а кестта цига дІавохуьйтур ву.

Кехат яздечуьра саца а сецна, кхин вист ца хуьлуш, корта хьала а айбина:

– Иштта яздан оьший техьа цуьнга, Зеламха? – хаьттира Аюба.

– Ас хьайга бохург дел ахь, дІаязде! – аьлла, оьгІаз а воьдуш, аз айдира харачойн обарга. – ХІай полковник, масала, цу лаьтта буха ваха хьайна ца лаахь, бехк а, гуьнахь а доцуш айхьа лецна нах, пергІат а бахий, шайн хІусамашка бухаберзабе. Цу тІе, и ахь арабаьхна эпсарш оццул чІогІа майра белахь, зударий, берашший Іадда а дитий, со лаха ала цаьрга. – Корта охьабахийтина, кІеззиг ойла еш а лаьттина. – ТІетохал кхин а, – элира Зеламхас: – ХІара кехат айхьа доьшуш дика ойлаелахь, полковник. Нагахь ахь и ца дахь, ас бохучуьнга ла а ца дугІуш, дІаваха хьо гІортахь, законна дуьхьал хилларш бахханчу гІур ву хьо. Мичча валарх, муьлххачу Іуьрга воларх карор ву суна хьо. И хаалахь. ХІара кехат яздинарг обарг Зеламха ву.

Шен дагна лиънарг полковнике яздайтина ша ваьлча: «Ас яздайтинарг хьуна муха хета?» – аьлла, цуьнга хатта дагахь волчуха, воккхачу стагехьа вирзира Зеламха.

– Яздан догІуш дерг яздайти ахь полковнике, Зеламха, – элира воккхачу стага. – Хьо полковник вац, хьо хьуо ма-ярра боьха хьакха ю, алий, тІетохахьа цига.

– ХІан-хІа, ЗІока, и ца оьшу, – элира харачочо. – И полковник ша хІирех ву моьтту суна, цара хьакха ца йоу.

– Делахь хІета, боьха вир ю хьо, алий, яздехьа, – бохуш, ца къарлора ЗІока.

– ХІара кехат Шела а хьой, цигара дІа Веданарчу полковнике Гулаевга кхачо долччуьнга дІало, – аьлла, Аюб дІа а хьажийна, шен рогІана жа дажо ваха кечвелира Зеламха.

– Жа тІе а вахча бакъахьа ду, – элира цуьнга ЗІокас. – Цигахь хьайн хІинцале шортта даьхни кхиънийла хаьий хьуна?

– Ахь баккъала бохий, ЗІока? – хазахетта хаьттира Зеламхас.

– Дера, боху. ПІхий а жий шала-м бехкина, – жоп делира воккхачу жаІуьно. – Иза а хьо-хьуо беркате хилар ду хьуна.

Жа тІе ваха Зеламха чуьра араваьлча, веана Саламбек схьакхечира, Месяцев вухаверзош белла мах а бохьуш.

– Мел ду хІара? – хаьттира харачочо.

– Ши эзар шовзткъе итт туьма.

– Кхунах кхоалгІа дакъа байшна дІадекъа деза, – элира Зеламхас, ахча Саламбекана хьалха охьа а дуьллуш. – Важадерг вай вешан накъосташца нисса декъа деза.

Хаъал воьхначу Саламбека:

– Ткъа, Туркох дахарна хІун до вай? – аьлла, хаьттира, цецваьлла шен накъосте а хьожуш.

– ХІинца со а, ас бохург дахь, вайх цхьа а Туркох гІур вац, – элира Зеламхас. – Кхузахь, вешан Даймахкахь дисар тІедоьжна вайна, масала, вайна и хаахь.

Некъо гІелвина Саламбек кхузахь садаІа а витина, Зеламха жа тІе вахара.

12

КІадвелла Саламбек, ЗІокин когашка истанг а тесна, дІавижира. Букъ тІера беза тІулг охьакхуссуш санна, воккхавеш дІадаьккхира цо тиша чоий, иштта тиша, ченаша юьзна тІаьрсигийн маьхьсешший. И шен даккхий ахархочун куьйгаш коьрта кІел а дехкина, аркъал вижина Іуьллура СагІопшара обарг, кхин бІаьрг

ваьшта ца буьллуш, кIурзой, мозаший Iаржбинчу цIийнан лохачу тхевне хьаьжжинчохь.

И тиша готта неI схьа а йиллина чувеана ЗIокин жимахволу кIант, дена юххе шийлачу хих юьззина гIуммагI а хIоттийна, хьеше кхин оьшуш хIумма дуй? – аьлла, хаттар а дина, юха аравелира.

И ши кIанттий, шай воцург кхин доьзалхо вацара ЗIокин кхузахь. ХIара жимахверг цIахь а витина, ЯрагIи Зеламхица жа тIе ваханера.

Оццул чIогIа гIелвеллачу Саламбекана кхин наб ца кхетара. Кест-кеста ха а хорцуш, воккхачу стага гIийла узарш деш хазара СагIопшарчу обаргана.

Цкъа набаран тар а тесна, юха цу сохьта самавелира Саламбек. Меттахь кIегар а хиъна, лерина ладуьйгIира цо. Чохь вуно тийна дара. Лам тIера схьахьоькху и цIена мох, хийрачу неIарехула, тIуьна а, готта а йолчу кху чу кхочура.

– ГIан-набарехь цхьаъ тарделла хир ду суна, – аьлла, бага гIаттийна дехха са а даькккхина, шен истанга тIе дIатаьIира иза юха.

…Терски областан начальника инарла Михеевс а я оьрсийн паччахьа а шех къинхетам бийр бу бохург, гIенахчул башха дага ца деанера Саламбекана. ХIан-хIа! Цунна вуно дика хаьара, цу тангIалкхех кхозуш ша гича бен, инарла Михеев шех Iебар воцийла. ХIетте а, ши де хьалха Бумта-кIотара шена тIаьхьаеанчу шен зудчуьнца Фатимица ша къамел дичахьана, шен балхе ладоьгIуш, чIогIа сагатдора обарга. СагIопшарчу баккхийчу наха, хьайн майрачух а кхетий, тхан хабар дIатоха цунах, аьлла, араяькккхинера Фатима цу дийнахь.

– «Дийна я вийна обарг Саламбек аш тхоьга схьа ца лахь, ас СагIопша лаьттина меттиг юьтур яц шуна, цу эвлахь мел верг лаьцна Сибарех а хьажор ву. Цу балхе ладогIа а, цунах суна жоп дала а пхи де-буьйса хан ло ас шуна», – аьлла, схьахьедина Михеевс СагIопшарчу нахе. И хабар хьох тоха яийтина со вайн эвларчу наха, – аьлла, дийцира Фатимас шен майрачуьнга Саламбеке.

Цу дийнахь дуьйна а, масала, со Туркох вахна къайлаваьлчи а, чомахь баха буьтур бац-кх уьш бохург дагадеъна, ойла йоьхнера обарган.

Зеламха бахьана долуш, ишта тIедожийнарг кхочушцадарна, харачошка хIоттийнарг а кхузахь гинера цунна.

– Ахь-айхьа мукъана ехьа кху белхан ойла, – элира кхин дан хIума доцуш кIелвисинчу Саламбека шен зудчуьнга. – Со муха вуьжур ву, бежана санна, вахана суо церан уьрса кIел?

– ХIан-хIа, Саламбек, ишта ма ала, хьо вуьйр вацийла цара-м, гIийлачу сох, вайн кегийчу берех къинхетам бийр бу инарлас, – бохура, кхоччуш гIаддайначу Фатимас. – Цара хьо Сибарех хьажор ву, ткъа, со берашца хьуна тIаьххье дIайогIур ю цига.

– Вуьйр-м вац, – элира Саламбека, ца ваьлла вела а къежна, шен таьIано-хьаьрса цIоцкъамаш хьала а айдина, – тило хьалатосу хьайба санна, ирх-м уллур ву.

И аьттехьа а ца дуьтура цецъяьллачу Фатимас. Шен майрачух а ца тешара зуда, инарла ишта къиза стаг ву аьлча. «Ой, инарлас хIунда уллу сан майра ирх? Цо хIун вон дина инарлина? Цунна хIунда ца хета сан кегийчу берех къа?» – бохуш, ша-шега хеттарш дора йишйоьхначу Фатимас.

Амма, дагна къар ца луш, юха а:

– ХIан-хIа, – элира, хезаш, обарган зудчо, – вайн эвларчу баккхийчу нахана дош ма делла инарлас, хьо ирхъуллуш кхиэл ца яйта.

– Инарлас делла бах ахь?.. – аьлла, вуха а велакъежначу Саламбека, гIад а дайна, шен боккха корта ластийра. – Дика ца бевза хьуна, зуда, и паччахьан инарлаш…

– Ой, ишта ма ала, Саламбек, инарлас муха дохор ду ша юьртана делла дош? – хаьттина, шен сирло-сийна бIаьргаш, цецъяьлла хьала айдина, елха озийра Фатима. – Нахах а ца тешаш, муха дехар ду вай кху дуьненахь?

– Хьо бакъ лоь, Фатима, ишта ваха хала ду, нахах теша веза, – вистхилира майра. – Ткъа, шайн дош шалха лелочу хьаькамашна хIун дан деза?

Дикка хан елира цу шиннех кхин цхьа а дист ца хуьлуш.

– ХІан-хІа, и хила тарлац. Ма ала иштта, ма ала, вуьйр вац хьо цара!.. – хезира Саламбекана, сама а волуш, шен зудчо тоьхна мохь.

Юха а, тохара санна, меттара хьалаайвелла кІегархиира Саламбек. Тийна деш узарш дара хІинца а хезаш. И узарш ЗІокас дора. Нахана гучохь, кхин шен лазарна арз ца деш, тийна Іазап токхуш схьавогІучу цо, хІинца цхьанне а ца хеза моьттуш, дора узарш.

Вуха а шен метта дІатевжира Саламбек, амма, дагахь лаьттачу сингаттамо наб тІе ца юьтура. ТІаккха дагадеара цунна, сихонца СагІопша а вахана, цу инарлас хьийзош ца буьтучу шен эвларчу наха бохучунна кІелсаца. «Ткъа, Зеламхас хІун эр ду техьа? – бохург, дагадеара цунна. – Цо магор ма дац суна дарехь цу мостагІийн каравахар… ХІан-хІа, и ма-дарра цуьнга дІаца-дийцар, гІолий ю моьтту суна… Доьзална сагатдо ас, цаьргахь хІун хьал ду хьажа воьду, эр ду-кх цуьнга».

* * *

ШолгІачу дийнахь, сарахь, шен дагахь дика реза воцуш Саламбек новкъа а ваьккхина, Зеламха ша ЭгІаш-эвла боьдучу новкъа велира.

Хьуьна юккъера ара а ваьлла, цхьана лекхачу гу тІе ваьллачу цунна дІо лакхахь, хин йистехула текхана схьадогІуш цхьа ши гІаларт гира. Уьш берзалой яра. Стенга йоьлху техьа уьш? «Схьагарехь, уьш а шайна рицкъа лаха эвла чу йоьлху таро ю», – ойланаш йора Зеламхас. Харачочунна герга а яьккина, шайна гучу стагах кхераелла я цецъевлла, тап-аьлла севцира берзалой. Цхьа хаза схьакхеттачу батто хаъал детий даьккхина баккъаш а гуш, ехха лаьттира уьш цу обаргана хьалха хІиттина. Боьршаниг – екъано, лекха, мацаллина чож чу а кхетта яра, стенборз, цул лохочу дегІахь, цу боданера схьа шен даккхий бІаьргаш къерзош лаьттара. Схьахетарехь, шаьш муьлхачу агІор яха еза ца хууш, тилаелла лаьттара уьш кхузахь. Амма, кестта цу шинне тІе кхин йиъ борз а кхетта, ерриш цхьаьна угІа хІиттира уьш. Хьалха шаьш

юьйлалуш меллаша, гІийла угІура, тІаккха, тІеттІа аз айдеш, чІогІа угІура.

ХІинцале хийла шена хезначу цу берзалойн сингаттамечу угІарх воьллехь а, моссаза хези а новкъа дара Зеламхина церан угІар. «Мацалла угІу-кх уьш, – ойла йора. – Ткъа, берзалой а мацъеллехь, зама ма хала еъна-кх».

Цкъа царна топ йожо дагадеара обаргана, тІаккха а буьйсанан тер ца дохо, патарма а кхоийна, сецира иза.

ЦІеххьана угІучуьра севцина и берзалой, юха а йирзина, цу беттан серлонна кІел детин басахь гІийла къега и шайн баккъаш а эцна, кхин гІовгІа ца еш, меллаша йорт эцна, хьуьн чу яхара.

Цу гу тІера охьа а воьссина, эвла чу вогІу Зеламха, шен дагахь дерг диц а делла, хІинца хаъал дагна вас хилла вара. Цхьа тамашена харцахьа хийтира цунна, кхин хІун, мила ду а доцуш, цІеххьана ваьлла Саламбекан дІавахар. Цу балхах дика ца кхеташ ваькхира цо и новкъа а, шен дагахь цунна дика реза а воцуш.

Кху арахь хІара латта а, дІора стигал а, цу стиглара седарчий а, майрачу обарге ладоьгІча санна, тийна лаьттара. ХІинца Зеламхин дагахь шен ненаца хила дезачу къамелан ойла яра: хІун аьлла, хІун дийцина там бийр бара техьа цуьнан дагна, бохуш, ойланаш йора кхуо.

Уьнах къеделла, эвла йистерчу кхеллеш тІехь дІакхийсина Іохкучу жІаьлеххий, бежанеххий йогІу цхьа вон хьожа а кхеташ, эвла чу веара обарг. ХІинццалц схьа эвларчу жІаьлеший, арарчу берзалоший дІасахьора и эрна кхочу «хІонс», ткъа, хІинца, къаьсттина кху шарахь, даьхни дукха а делла гулъеллера цигахь и талхаш.

ЭгІиш-эвлахь Гушмазукъин геннара гергарло долчу цхьана нехан чохь, ханна сецна Іара харачон обарган наний, доьзаллий. Тохара ша дийна волуш цо аьхка шена нацкъаро Іан, йоккхачу бешахь йина хІара хІусам Зеламхин балхана аьтто болуш яра, амма, кхуза а буьйсанна бен вогІийла дацара обарган.

Меллаша веъна цІийна тІехьара тІечІагІийна кор туьйхира Зеламхас. Чуьра кхин стаг ара а ца ваьлла, юха а туьйхира. ТІе-

юьйхина Іаьржа бедар а йолуш, Бици араелира. Зеламха хьалха а ваькхина чуяханчу цо, арара неІ юххе тІе а чІагІийна пешан туьнкалга тІехь лаьтта чиркх чууьйзира.

– Нани стенга яхана? – хаьттира цо Бицига.

– Кхин соьга ла а ца доьгІна, бешахь йижна-кх, – элира бехкалаяхначу зудчо. – Ма тамаша бу хьо кху керта вогІуш цунна цагар.

– Ахь хІунда йижийтира и арахь? – оьгІазвахара Зеламха.

– Дера, цо ша бохург бен дан-м ца до, – жоп делира пеша тІехь пхьегІаш вовшахъетташ йоллучу Бицис.

– Арахь буьйсанна шийла хуьлу. Ткъа, хІара-х ишта а яц могуш.

– Иза а, дера, баьхна ас цуьнга. Шена некъ бовзахьара и-м хьуна тІаьхьа хьуьнах а йогІур яра. Сан ирсана, и ца бевзаш Іакх, – аьлла, доккха садаькхира Бицис. – Хала дуй цунна-м хІорш дерриг лан, нана ма ю иза.

Тийна Іа Зеламха вист ца хилира. Цунна дика хаьара Гушмазукъий, Солтамурддий вийчахьана шен нана чІогІа сингаттаме йоьжнийла, даима шен кІантана юххехь хирг, и мичча яха а кийча юйла.

– Кхузахь массара а бохург санна хоьтту соьга, хьо Гушица цхьаьна дІавоьллина бохург бакъ дуй бохуш. Цхьамма-шимма кадам а бина, – элира Бицис.

– Ткъа, ахь хІун олу?

– Юхий, айса хІун ала деза ца хууш, бакъ ду и, олий ІадІа-кх.

– Кхин ма алалахь и, – элира, де а бахьана доцуш оьгІазе аз а хуьлуш, Зеламхас.

– ХІунда? – цецъелира зуда. – И арадаькхича мукъана а, цхьажимма садоІуьйтур дацара техьа цара вайга?

– ХІан-хІа, доІуьйтур дац, вайга хьовха, цу белла дІабоьхкинчаьрга а, цкъа сан шийла дакъа шайна галлац, – элира обарга, когара схьаяькхина шен маьхьси ченах егийна юха тІе а юхуш.

– Дала ма доуьйтийла царна и де.

– И вай дІабоьхкинарш схьа а баьхна, цаьрца со ву-вац хьовса кечлуш бу боху уьш-м.

– Ваттай, Дала ма да и, хьербевлла уьш? – элира Бицис, майрачунна хьалха юург а хІоттош.

Шен багарчу жижиган цуьрга тІе гала а кхоллуш, Іаьвшина ваьлча, чорпех цхьа-ши къурд а бина:

– Бераша йиъний? – хаьттира Зеламхас, шена тІехьа паднар тІехь дийшина Іохкучу царех бІаьрг а тухуш.

– ХІинцца буза а бина, бийшийна ас уьш. «Мама, дада цІа хІунда ца вогІу?», – бохуш, соьга хеттарш а дина, хала вижна Муги, – дийцира Бицис.

Тохара санна, гІаддайна, кІеззиг ша-шена вела а къежна, кхин вист ца хуьлуш, ІадІийра Зеламха. Бици нана чуяло а яхийтина, вахана и, арахьа лерг сема а дуьтуш, шен кІант Іуьллучу гІайби тІе дІатевжира.

КІеззиг набархваьлла жима Муги:

– Дада, – аьлла, шен ден чоин кач а лаьцна, цуьнан некха тІе а керчина, дІатийра.

– Муги, хьайн дена гІоьнча маца хир ву техь хьо? – аьлла, хьаьстира и Зеламхас.

– Со-м хІинца воккха хилла, дада, – бохура, дика набарх а валаза волчу кІанта. – ХІара лохьа суна, дада, – элира цо, ден хьалхарчу доьххарх йоллучу тапчин мукъ а лаьцна.

– Хьуна вай говр эцчахьана, хІара а дІалур ю-кх ас, – элира дас. Амма, шен дагахь: «Дала ша, хІара герз а эцна, хІинца ас идочу новкъа валарх Іалашвойла хьо», бохура обарга.

Шен нана чуеъча, каде хьала а иккхина, вахана цунна маракхийтира Зеламха. ТІаккха йигна цо и, баьрчче а яькхина, шена юххе охьахаийра.

– ХІун хьал ду хьоьгахь, нани, йоха-м ца йоьхна хьо? – хаьттира обарга нене.

– Дера, ца йоьхна. Со стенна юхур яра?

– ХІумма а дац хьуна, нани, хІара бохамаш, вайга санна, нахе а кхаьчна. Собар долуш хилалахь.

– Далла хастам бу, цо деллачунна реза ю со, сан кІант, – элира Хьурмата. – Цо лахь собар а хир ду, дикачун дакъа а кхочур ду. –

Лер паргIат делахь а, шен ма-хуьллу собарх ца йоха гIерташ, шена ницкъ беш дора йоккхачу стага къамел. – Ламазаш до ас, сан кIант, хIинца суна диснарг и ду, – бохуш, къамел дора Хьурмата, тохара санна, кхин ца юхуш. – Хьуна гIо доьху ас Деле. Со теша, сан дехарш дIакхочур ду цуьнга, цо гIо дийр ду хьан.

– Кхочур ду, нани, кхочур ду. Дела реза хуьлда хьуна, – элира кIанта. – Ца го хьуна, цо аьтто беш схьа ма вогIу со.

Кест-кеста шен хьомечу майрачух бовха бIаьрг а тухуш, пеша хьалха дезарш деш йоллура Бици. Цуьнан цу бос байначу, сингаттамечу, хийла билхинчу бIаьргийн хин дуьра тача лаьттинчу юьхьа тIехь, хIинца жимма хаалуш, елакъажар сецнера; делахь а, хIинца а дикка гора цуьнан даг тIе йоьжна и гIайгIа.

– Далла хастам бе ахь, Зеламха, и къинхетаме ву хьуна, – бохуш, Iамавора нанас шен кIант.

– И беш схьавогIу со-м, нани, – аьлла, жоп делира обарга, тохара санна, хIинца а арахь махо ечу гIовгIане ла а доьгIуш.

– Цо Iалашвийр ву хьо, кегийчу кхеран дуьхьа а, – аьлла, шена тIехьа Iуьллучу Мугин коьртах куьг хьаькхира Хьурмата. – ХIан хIинца паргIатъели со, хIинца дIайижча дика наб кхетар ю суна, – элира цо, хьала а гIеттина. – Аша а садаIа шайна.

ГIелъеллехь а, башха йижа а лиъна дIа ца йоьдура йоккхастаг, доьзална тIевеъначу кIантана паргIато лоьхура.

Нана араяьллачул тIаьхьа дукха ца хьелуш, дIаваха кечвелла Зеламха вуха а шен кIантана тIевахара. Жима Муги, ша а витина да дIавоьдийл хиъча санна, шен кегий Iаьржа бIаьргаш схьа а диллина, кхин набарх ца волуш, тохара санна, ден чоин кочах тасавелира. Схьагарехь: «Дада, тхо а дитий, дIа ма гIохьа, – ала гIерта таро яра кIант. – Кхана кхуза а веъна, Веданарчу пурстоьпа, мамина тIечехаш со а кхерор ву, иштта Муслимат а, Эминат а елхор ю».

Кху шен берех куралла еш, воккхавехь а, дагахь сингаттаме волуш, дог къевлина, шен кIанте хьаьжжинчохь сецнера да. ХIетте а, хийла Iожалла хьошуш схьавогIучу цу харачойн обарган Iаьржачу бIаьргаш чохь довхачу хин тIадамаш севццера;

мохой, малхой таьIано-борзанан баса ялийнчу цуьнан юьхьа тIехула охьа а беъна, хин тIадам обарган шаьлтан Iаьржачу маьIан макъара тIе буьйжира.

ТIеяьхкинчу халонашна латкъам хьаьнга бийр бу ца хууш, дукха ницкъ хилла дог Iийжара. Ткъа, дика ладоьгIча бан а бацара латкъам бан меттиг, хьаьнга бийр бара и? КIанте? Жима ву. Зудче? Цуьнга хIун эр ду, хьаьнца къевсина хIун меттиг йоккхур ю цо? ХIан-хIа, иза а, ша йисначохь, елха а йилхина дIатуьйр ю. «Эшац, хIумма а эшац, машар боцург, сан кIантана, – аьлла, ойла йира обарга шен кIентан. – Дала ма кхачадойла цуьнга сан де, ма лойла цуьнга чIиранна айдан, соьга санна, хIара герз!.. Ткъа, дуьненан дахаро и цуьнга кхачадахь?..»

ХIан-хIа, дас ойланца а тIе ца лоцура, шен кIанте шега кхаьчна де кхочийла лаар.

Иштта воьхна ойланаш тIеэцарна ша-шена оьгIаз а вахна, сиха аравелира Зеламха.

СадаIа яхана Хьурмат а йижна яцара. Арара кху цIен тIе догIург тергалдеш, учахь хиъна Iара иза.

– Хьо дIавоьду? – аьлла, хоттуш и сацон дагахь йолчуха, кIантана дуьхьал елира нана.

– Сан кхин Iе йиш яц, нани.

– Да ма ватIа цуьнан, кIеззиг мукъана а чохь совцийла хир яц техьа вайн? – хаьттира цо, кIанте дIа а ца хьожуш.

– Со вешшехь, и суна ца кхоьллина, нани. Сан социйла хир яц, – элира Зеламхас, белша тIехула куьг дахийтина, нана мара а юллуш.

– Хьуна хIунда ца кхоьллина? Ткъа, хIун лоьху ахь?

– Бакъдерг, – аьлла, лерина нене хьаьжира обарг.

– Цхьаннахьа а доцу бакъдерг хьуна мичахь карор ду?

– Суна карор ду хьуна и, нани, – аьлла, дIаваха гIоьртира обарг.

– Собардел цкъа, – аьлла, юха а сацийра и нанас. – Ас бохучуьнга ла мукъане а догIал. – Жимма ойла а йина: – Хьох цхьаъ бен вац, ахь хIун дийр ду дуьненна а дуьхьалгIиртина? – хаьттира Хьурмата.

– Нани, – элира Зеламхас, и санна, ойла еш а лаьттина, – суна-м хаьа хьуна суо тоьларвоцийла а, сайга ирс кхочурдоцийла а. ХIетте а кху хенахь обарг хилла вахар сийлахь хета суна.

– ХIунда? – цецъелира Хьурмат.

– Дагна эшам а болуш, хало ловш вехачу стагехь адамалла алсам хуьлу дела. И хьоладай, тIехула къегина хилахь а, чухула догъ Iаьржа а, цIармата а хуьлу дела, – элира Зеламхас. – Маьрша къахьега суо ца вуьту дела, цаваьлла воьдий, ас шарахь цкъашозза дарехь до къола. Ткъа, цара и дела денна до, хIинца сан вухаволийла яц, нани… Байина вежарий, да, де да, накъостий… Масане ду уьш… – аз таса а делла, тап-аьлла, дIатийра Зеламха.

Ненан бIаьргех а хи делира. Iийжачуьра кIеззиг меттадеана цуьнан дог духа а, кIанта хьадина, лазаделира.

– Сан кIант, – йистхилира нана, уьш мукъана ма дийцахь. Даима лело хала дай уьш-м. И зуламаш вайга а кхаьчна, вайга санна, нахе а кхаьчна… Иштта ма ду, сан кIант, хIара харцдуьне.

13

Обарг Зеламхас яздина кехат шега дIакхаьчча, кхин тIе а оьгIазвахана полковник Гулаев гуттар чIогIа карзахваьллера. Цу сохьта омар дира цо: харачойн обарган доьзал лаций сихонца набахте балабе, аьлла. Зеламха кхузара дIавахана пхи-ялх сахьт далале, ЭгIиш-эвла кхечира Бек Сараевн стражникаш.

Амма, дикачу нехан гIо хилла, бераш а эцна, едда Биций, Зезагтий, ший а цхьаьна, лечкъина яхана къайлаелира.

ТIаккха кхайкхина схьавалийнчу Сараевна чIогIа дов а дина, обарг Зеламха вийна, аьлла, ша хьалха бина хаам боха а беш, инарле Михеевга дахьийтинчу кехат тIехь: «И харц хаам сайга барна харачойн юьртда балхара дIаваькхина ас», – яздинера Гулаевс. Делахь а, онддачу хенахь Iадод хьийза а вина, Сараевгахула цуьнгара кхоана шортта ахча а, ткъа уьстагI а баькхина, вуха-м хIоттийра цо Харачойн эвлахь юьртда изза Iадод.

– Цхьа зирх къинхетам ма белаш цу азиатех, бохуш, шена гондахьа бевллачаьрга мохь беттара, Гулаевс. – Суна дика девза и йовсарш; шаддий, тоьпан дIаьндаргтий бен дарба дац царна.

Къамел иштта дахь а, ахча алсам долчух, и азиат хиларх, къинхетам бан меттиг карайора полковникна. Ткъа, и ца хилча, цу шен къизачу ойланца: «Зеламхин гIоьнчий бу хIорш», – бохуш, бехк а, гуьнахь а доцчу нехан ярташ ягош, уьш Сибарех оьхуьйтуш, ирхъухкуш волавелира Гулаев. Инарла Михеевга ша мел дохьуьйтучу кехата тIехь: «Ас Iуналла дечу округехь мел хуьлу зулам а, къола а обарг Зеламха коьртехь а волуш ду. Кху округехь болчу нахана тIехь таIзар алсам латто бакъо ло суна», – бохуш, яздора полковника, и таIзар алсам даьллачохь, гIад-амал а дой, кхаъ кховдораш дукха хуьлийла хууш.

«Эйт, маржа полковник яI, хьайл хьалха цу хьайн меттехь лаьттинчу полковник Дубовна хиллачуьнга ла хIунда ца дугIу ахь? – бохуш а яздира цуьнга Зеламхас. – Ма хьийзабе бехк боцу нах, Iадiе, цу нехан белхар гIур ду хьох». Делахь а, шен меттигах тоам хиллачу полковника цу къамеле лерган дуьхьиг ца ухьура.

Шега дехар мел ди, шен дагахь: «хинца-м вала меттиг ца битинера ас цунна», – моьттуш чугIертара полковник.

– И эладита а даькхина со Iехий аш, соьга инарла а Iехавайти аш, неIалт хиларш, – бохуш, иштта шена гондахьаранаш хьийзабора цо.

Хийла хан хьалха, кхин башха цхьанне а зуламе воцуш, обарг а лелла, хIинца хьанал шен цIен тIе вирзина вехаш Iен воккхастаг Мехка, лаьцна чу а воллийтина, ма хьийзаве иза, цхьа а бехк бац цуьнан, Зеламхас боххушехь, тIеман-аренан суд а яйтина, и ирхъоллийтира Гулаевс: «Некъаш дохку инженер Турченко вуьйчохь Зеламхица цхьаьна хилла хIара», – аьлла, бехке а вина.

* * *

1909-чу шеран март баттахь, шен омарца инарла Михеевс, Терски областехь, боьха мел верг схьа а гулвина, таIзархойн отряд вовшахтуьйхира: «Нохчийн махкара Зеламхин хьожа-мода кхетта меттиг хIаллакьяй дIаяккха», – аьлла, тIе а дуьллуш. Цу отрядан командир хIоттийначу подполковника Вербицкийс си-

хонца инструкци язйира: обаргашна гуобинчу меттехь, уьш болчу чу а ца гІуртуш, гуо лаьцна совца беза салтий, мацалло и обаргаш эшабаллац: царна дІатуху топ хье юккъе я бІаьштига тІе бен хьажо мегар дац» – бохуш. Цул тІаьхьа Зеламхига шега кехат яздира полковника:

«ХІай, обарг Зеламха, кху боккхачу Оьрсийн мехкан еа а маьІехь нахана вевза хьо, амма, цІе боьха йоккху хьан, – яздора Вербицкийс. – Тешнабехкаца дукха нах байина ахь. Къонахчо тІе эткан кІажа а хьовзийна, ша берна кхоьруш бедда лела лаьхьа санна, коьллаш юккъехула ведда а лелла, хІинца хьайх къинхетам бе бохуш, йиттина кхерийна жІаьла санна, дехарш деш угІу хьо. Стаг вац хьо? Эхь ду хьуна и. Тхуна хьайгара хІун оьшу бохуш хоьтту-кх ахь? Тхуна хьан Іожалла оьшу. Амма, суна хаьа, нохчашна юккъехь майра къонаха ву бохуш цІе яхна хьан. Цундела, ас, гІалгІазкхийн эскаран эпсаро, хьуна и лаахь, хьайна тІера эхь дІадаккха меттиг ло. Нагахь, боьршачу стеган шарбал а лелош, хьуо къонаха велахь, хьайн герзаца суна дуьхьалхІоттавеза хьо.

Цундела, масала, хьайн и делахь, хьайн эхьий хьажжий, меттиг а, хан а йиллий, хьуо я хьайца безза накъостий балош лата вола сох. Ас оьрсийн оьздачу эпсаран дош ло хьуна, айса аьллачунна тІера ца воха: хьоьца болччул бен сайца нах ца хилийта а, хьоьгахь дерг бен кхин герз схьа ца эца а, – бохуш, дІаяздора Вербицкийс. – Ткъа, масала, иштта дарехь сох лата хьо ара ца валахь, мел чІогІа дІалечкъарх, суна кара а вийр ву хьо, тІаккха соьгара къинхетам а ма лехалахь. ХІунда аьлча, дийна караваГІахь, хьо ирхъуллург хиларна.

Схьагайта хІинца, ва обарг Зеламха, нахана хьуо майрачу нохчашна юккъехь майра къонаха хилар. Язде соьга. БуритІе, подполковнике».

Кхин хье ца долуьйтуш духа жоп делира Вербицкийна Зеламхас: «Хьо реза велахь, суо волуш а хьох лата ван кийча ву со, – аьлла. – Хан а ахь йиллинарг ю вайшинна, меттиг а хьуна бакъахьа хеттарг ю хьуна». Амма, шена йиллинчу хенахь Зеламха

веданхойн акъари тІе веана схьахІоьттича, шена гуо таса Ведана-гІопера Вербицкийс арадохуш эскарш гира харачойн обаргана.

– Хьай неІалт хила хьуна, боьха йовсар, – элира, и болх гича, Зеламхас. – «Эхь а ца хетий, оьздачу эпсаран» дош а делла, тешнабехк лело.

ХІетте а, башха чІогІа оьгІаз а ца вахара харачо Вербицкийна. Шен дагахь «кхин хІун дер дара и санна волчуьнгара» сацийра обарга.

Шена хІуъу аьлчи а, кхин марса ца волуш, ІадІара и. Оццул чІогІа ша сийсазвеш Вербицкийс кехат арадаьккхича а, зуламе ца велира. Шен синна бен цакхочург дукха лайра цо. Амма, бехкгуьнахь доцу Веданара воккхастаг Мехки ирхъолларрий, ша бахьана а деш, гІийла зударий, бераш делхадаррий, нехан хІусамаш йохаяррий ца лайра Зеламхас. ХІан-хІа, уьш лан ницкъ ца тоьура харачойн обаргехь. Хир хаьддера. Цундела нигат дира цо царна дуьхьал бекхам бан. И хьанах дахийта деза, аьлла, ойла йича, цхьаъ билгалваккха атта дацара. Делахь а, харачочуьнга хаьттича, Бек Сараевна хьалхара а, Вербицкийна хьалхара а жоп дала декхарийлахь верг полковник Гулаев вара. Цо аьллера воккхастаг Мехки, харачойн обаргана хІуьттаренна, ирхъолла а, Зеламхин доьзал лаца а, гІийлачу нехан хІусамаш ягае а, и бехк боцу нах Сибарех бахийта а, цамгийло кІелйитина Хьурмат аьшнаш е а…

* * *

Ведана-гІопан кевнал чоьхьавала къаьсттина хала дара, хан йоцчу хенахь. Чувеъначул тІаьхьа аравала а дацара цуьрриг атта. Гуобаькхина и буьрса лаьмнашший, акха хьаннашший, хІор ког дІабаькхинчохь кхерам туьйсуш, оьгІазе лаьттара. Кху гІопан беа пена юккъера цхьа жимма гена ваьллачохь, тоьхна вен я коча муш а тесна йийсаре такхо тарлора. Кху гІопа чохь а дацара, садайначул тІаьхьа, дика маьрша-м. Буьйсанна кхузахь а, массо кор-неІ къовлий, дихкинчуьра жІаьлеш достий, чубулу.

Кевнашкахь а, бІаьвнашна тІехь а ха алсам доккху. Нагахь цхьа хІума эккхахь орцахъяла кийчча латтош йолу салтийн взвод дІа ца юьжу. «Ла-до-о-гІа!.. Ла-до-о-гІа», – бохуш, вовшашка сема буйла хоуьйтуш, хехоша детта маьхьарий бен, буьйсанна кхин хезаш хІума ца хуьлу кхузахь.

Шайн шортта хьалдолчу дайн хІусамашкахь, кхин башха къа а ца хьоьгуш, сакъера Іеминчу эпсаршна, кхосса озийна Іад санна, кхузахь булабелла Іен дукхахенахь дуьйна кІордийнера. Цундела, царна, сиха догІучу сирлачу Хулахулон лекхачу берда йисттехь, хийла хан хьалха, хьийкъинчу беша юккъехь дика ресторан йинера. Цу лекхачу къахьштуна кІел, деха гІанташ а хІиттош, садаІа охьаховша йина меттигаш а яра. И гІанташ садаІа охьахиъначунна дехьа йистера хаза хьун а, лаьмнаш а гун долчу кепара, берда йистехула хІиттийнера. ДІо лахахь, берда кІелдІахула, раз хьокхий а тухуш, аьчкан кІохцалан сара буьйцинера. Дехьа йистера берд а, ишгта лекха хьалбаханера. Цу берда тІехь, хьуьна юккъерачу паргІатчу майданашкахь, хьийкъинчу бацалахь, мохо бес-бесара кортош а лестош, хаза зезагаш лепара. Цигара схьа, йиъ бІе гІулч сов гена делахь а, Ведана-гІопан чоь, куьйга кераюккъехь санна, дика гора.

Халачу ойланаша а дукха меллачу чагІаро ша гІелвича, денна бохург санна, кху беша садаІа вогІура полковник Гулаев. Кху берда йистехь лаьттачу гІанта а хоий, дІо бухахула, седа санна, сирла доьдучу хе а, хил дехьарчу хьуьне а, лаьмнашка а хьоьжуш: «Дера, мел дукха дийцича а, цу лаьмнаш тІехь паччахьан Іедал хІинца а дика чІагІдала ма деза», – бохуш, ойланаш а еш Іара полковник.

Тахана а ишгта веана кхуза охьахиънера шех бІаьрг буьзна волу, кхузара и Іедалан да. Вуззалц Іуьйранна хІума а йиъна, араваьлла хІара, кху довхачу дийнахь кабинетехь ца Іен, жимма кхузахь, махехь, садаІа дагахь, схьанехьаваьллера. Боккхачу ножа кІел хІоттийначу гІантахь аркъалвахана Іачу полковникана тІехьахІоьттина лаьтта цуьнан адъютант, Зеламха вийна боху, хабар ара муха даьлла дуьйцуш вара.

– И эладита кхоьллинарш беной бу хьуна, господин полковник, – бохуш, Іадодера шена жимма тІакмак йожарна, ша дуьйцучух Гулаев тешо гІертара адъютант.

– Тера ду ишгта долчух. Беноша дуьххьара деш дац ишгтаниг-м, – аьлла, сийно-стиглан басахь стоммачу цигаьркан буькъа кІур багара чІагаршца дІа а хецна, оьгІазе лаьмнашка хьаьжжинчохь Іаш волчу полковника адъютанта бохург тадира.

– Зеламхех кхерабелла цкъа бевдда дІа а бахана, Буцусан дакъа кІелхьардаккха бухабаьхкинчу беношна, вийна Іуьллучу Буцусана гена доццуш, Зеламхех терочу стеган дакъа гина хилла…

– Ткъа, Іадодан хІун гІуллакх дара цу хабарх вай тешо гІерта? – хаьттира полковника, адъютантан дош а кагдеш, шена йина и харцо хІинцца гучаяьлча санна, оьгІаз а вахана.

– Цу тІехь Іадод галваькхинарг, господин полковник, и белхар шена хезча, Гушмазукъин некъийн керта а еъна, церан корах чухьаьжна зуда ю.

– Тфу, наьІалт хила цу хабарна, – аьлла, оьгІазвахана, туй кхоьссира Гулаевс. – Эхь дац и, кхераеллачу зудчо дуьйцучух тешна, цу тайпана хІума арадаккхар. Жима хІума ма дац иза. ХІинца а, инарлина хьалха и дІа муха дерзор ду ца хууш, воьхна ву-кх со…

ЦІеххьана топ елира. Сихо шен корта хьала а айбина:

– И бегаш вайца беш-м бац? – хаттар а деш, топ яьллачу агІор вирзира полковник.

Цу минотехь шолгІа яьллачу тоьпан дІандарг полковникан бІаьштига тІе кхийтира.

Ша хІун дийр ду ца хууш, бІарзвелла дІасахьаьвзира адъютант. ТІаккха воьхначу цо, катоьхна тІекхетта веллачу Гулаевн корта хьала а айбина, орца даьккхира. ДІо хил дехьарчу берда йистера, йиъ бІе сов гІулч генара тоьхна полковник вожийна дІавирзина обарг Зеламха, кхин боларна сих ца луш, хьуьн чу вахара.

– Оццул генара сел нийса и муха тохаелира хьоьга? – хаьттира Зеламхе, цу балхах кІезга тешачара.

– Ой, подполковникан Вербицкин хьехам кхочуш ца бича волурий со? – аьлла, бегашийна санна, жоп делира царна харачойн обарга.

14

Шен цIенна эхь а долуш даг тIехь лаьттинарг, шена кхочушдан лиъначш а, дена хьалха нигат деш тIеэцнарш а – шадерш кхочашдира Зеламхас. Цо, МахкатIера юьртда ГIовда кхерийна динара а воссийна, цуьнан кIантера схьадаьккхина шен вешин Солтамурдан нускал цIа далийра. И эхь дазделла ГIовда, цул тIаьхьа дукха хан ялале, дог а даьттIа, кхелхира. ТIаккха цо, и Зезаг дуьххьара ден цIера яккхарна, тоьхна Харачойн-эвларчу юьртден воI вийра. Цул тIаьхьа, дукха хан ялале, шена а, шен йиш-вешина а тIехь харц таIзар латторна, тоьхна полковник Дубов тIекIалъэккхийтира цо. Пурстоп Чернов, пашбукъ санна, цунах кхеравелла, ведда лелара. Ткъа, Зеламхига хаьттича, и къонахчунна верал а ирча эхь дара. Цу массарна а тIехула, бехк а, гуьнахь а доцу гIийла нах хьийзабарна, уьш Сибарех эхийтарна, ирхъоккарна, дукха хан йоццуш тоьхна цо полковник Гулаев а вийна, «нийсо лохуш, нехан гIоьнча ву Зеламха», аьлла, махке шен цIе яккхийтира.

ХIетте а, шена тIера сингаттам дIа ца баккхабелира харачойн обарге: доьзалца ирс долуш а ца хилира иза, цу массо а хIуманал хьалха ша лехна дуьненан пагIато а ца кхечира цуьнга. Цундела, махко цIе а яьккхина, тахана шен сий айделлачу дийнахь, шел декъаза стаг цхьа а ца хетара цунна; гIаж буйна а йоьллина, эвла юккъехула нахера хIума йоьхуш лелачу сагIадоьхургах хьаьгнера обарг Зеламха. Цо хIор баьккхинчу толамна дуьхьал богIий цхьацца сингаттам бужура обарган цIен тIе.

– Стиглара леча санна, пагIат ву-кх хьо, Зеламха, – олий, шех хьогий, вистхуьлучуьнга:

– ХIинца а кочахь муш-м бац, – олура цо, дог ца догIуш вела а къежий.

Иштта дуькъа, тIекIелхIиттинчу дуьненан дахаран чолхечу гIуллакхаша гIел а вина, цул совнаха, гондахьарачара хьийзош а

ца витина, Пачхьалкхан думин Председателе кехат яздинера Зеламхас. Ма-дарра цIена даре деш, ша обарг ваьккхина бахьанаш а дийцина: «Суо вен гIерташ сайна тIаьхьабевллачарна кIелхьаравала гIуртий вер-ваккхар а хуьлу сан, мацаллина кIел ца виса нагтахь къола ца дича а ца волу со, къаьсттина со, хIунда аьлча, суна тIехула лецна набахте боьккиний, Сибарех эхийтиний, дай тIера дIа а баьхна, байлахь бисина доьзалш вуно дукхахиларна, – бохуш, яздинера харачойн обарга господин Председателе. – Кхин тIедан гIо доцуш, цхьа висина, тахана я кхана, айса я наха динчу зуламна дуьхьал воь со, бохуш, лела со кху акхачу хьуьна юккъехула, – аьлла, яздира Зеламхас. – Суна дика хаьа, хIинца пагIатчу дахаре вухаверза а, и санна, сайх къинхетам байта а айса меттиг ца битанийла. Амма, сан дагна дика хьаам хир бара шуна, халкъан векалшна, со а, со санна, сан да а, вежарий а, кхиболу накъостий а бешшехь обаргаш ца бинийла хаахьара».

Нагахь, шен кехат халкъан векалшна юккъехь дийцаре дилла таро яцахь, и, зорба а тоьхна, нахе кхачийта, цхьанхьа газетан редакце дахьийтар дехнера Зеламхас.

ХIан-хIа, Зеламхин кехат халкъан векалшна а ца гайтира я редакце а ца дахьийтира. Амма, подполковника Вербицкийс санна, харачойн обарг аьшнаш веш, инарла Михеевс ша-м яздира газета тIе кхунна дуьхьал кехат.

«Зеламхас ца аьлчи а, хаьа суна, нагтахь йолчу меттигашкахь, пачхьалкхан балхахь, законехь боцу некъ лелош нах нислойла, – яздора инарлас. – Кху областехь закон а, низам а лардан хIоттийна коьрта стаг суо хиларе хьаьжжина, уггар хьалха закон талхийнарг а, даллий, паччахьний дуьхьалваьлларг а ас обарг Зеламха лору… Цундела, массарначул хьалха, къиза таIзар цунна шена тIехь дан деза».

Кхин ве а цу шен гIайгIане ладогIа лууш стаг цахилар вуно новкъа а деъна, ЭгIиш-эвлахь цу гергарчу наха шен доьзална чохь Iен деллачу ото чохь, цамогуш Iуьллучу шен нанна хьалха Iара хIинца обарг. ХитIахь бераш а лийчор ша, цига яьллачуьра

хьуьнхара декъа дечиг а лахьор ша, аьлла, хIара шен ненаца а витина, яхана Бици цIахь яцара. Шен дена гучаяла яхана Зезаг а юха ца йирзинера.

Цамгаро кIелйитина Хьурмат чIогIа гIийла хиларна, цуьнан дагна вас ца ян, цо мел аьлларг тодеш, шен дагера бала цуьнга ца буьйцуш, Iара воI.

– ХIун боху, Зеламха, хьаькамаша, кху балех ца довлуьйту цара вай? – хаьттира нанас.

Шена хIумма а ца хезначуха, вист а ца хилира Зеламха.

– Дийцахьа суна, хIун хилла ахь паччахье яздинчу кехатах? – хоьттуш, ца соцура йоккхастаг, оццул чIогIа цамгаро ша хьаьш-шиншехь.

– ХIун бохур дара цара, нани, – элира, ца ваьлла воIа. – Вайна хуьлчу халоно царна новкъарло ма ца йо. Мелхо а, вайна новкъарло еш верг церан гергара хуьлу-кх.

– Иза-м хаьара суна, ткъа, хьо марша воккхий цара? – хаьттира юха а, шен гIелбелла бIаьргаш хьала а айбина, нанас.

– Воккху, дера, со кара а вахана, шайн уьрса кIел вижахь-м. – Ша дуьйцучух ца кхеташ Iуьллучу нене а хьаьжна. – ТIаккха массо а хIуманах паргIат ма волу со, – аьлла, тIетуьйхира обарга, ца догIучу дагца, велакъажа а гIуртуш.

– Иза а, Дала мукъалахь, Делан карахь ду, – аьлла, доккха са а даьккхина, ойла еш сецира Хьурмат. – Нийсо Делехь ю, иштта харц кхиэл цо йойтур яц цаьрга хьуна тIехь.

Кхин вист ца хуьлуш, цу халчу ойлано хьаьшначохь сецира Зеламха. Цкъа-делахь, и хабар очча а даьккхина, нанна хала-хетийта ца лаьара цунна, шолгIа-делахь, Делан ницкъах а чIогIа тешара иза. Амма, цара бохучух а тешна, ша каравахначул тIаьхьа, и къиза инарла, обарг Зеламха ирхъолла ша я ма олла, бохуш, Деле хоьттуш воллур воцийла хаьара цунна.

– Ас бохург хезий хьуна, Зеламха, и кхиэл Делан карахь ю хьуна, – аьлла, ехха йист ца хуьлуш а Iийна, юха а шениг чIагIдира йоккхачу стага. – Амма, хIуьу хилахь а, ахь Iедалца машар лаха беза.

– Муха, муьлхачу новкъа? – хаьттира цецваьллачу воIа. – Аш бохург а дина, ас кехат яздича, нани, ца хеза хьуна, инарлас суна дуьхьал ден къамел?

– Инарлас хIуьу дийцахь а, Iедалца машар хила беза, сан кIант, машар дика бу, – элира Хьурмата, доьжначу озаца, юха а доккха са а даьккхина. – И Iедал-м Дала ша хIоттийна дай. – Жимма са а даьIна. – Айхьа ехьа ойла, – элира нанас: – Хийла воккха обарг хилла Нохчийчохь хьол хьалха а, цхьа а шен Iожаллех ца кхелхина царех. И, «обаргийн юрт ца хилла», атта олуш ца хилла вайнаха.

Кхин вист ца хуьлуш, тийна Iара Зеламха. Хьанна хаьара, цуьнан бIаьргашна хьалха хIинца хIун сурт хIоьттина: хийла гIело гуш, шен декъаза дIадаханчу дахаран я цкъа а ца хиллачу обаргийн юьртан сурт?

ХIинцца набарх ваьлча санна, корта хьала а айбина дIавирзинчу цунна, кIайбелла ши бIаьрг чу а карчийна, яла са озийна шен нана гира. Юьхьа тIера цIен бос бодуш, макхвеллачу Зеламхин букъа юккъехула охьа шийла зуз дахара. Халла, садоккхуш къурд а бина:

– Нани… нани! – аьлла, тохара берахь санна, дехаре озаца шозза шен нене кхайкхира обарг. Леш йоллучу нанас кхин жоп а ца делла: – Я-син вал къоръа-нил хьаким.., – аьлла, еса деша волавелира харачо. Цуьнан доккха белхан куьг Хьурматан шийлачу хьаж тIе дуьйжира, меллаша дехьначу пIелгашца Iаржделла негIарш тIе а тадина, шен ненан севцина бIаьргаш дIахьабдира Зеламхас.

КХОАЛГІА ДАКЪА

1

Хаза къегина схьакхеттачу батто хІинцца дукха хан йоццуш сийно-Іаьржа лаьттинчу стиглара седарчий хаъал къайладехира. ГІовгІанца догІучу Басс-хин лекхачу берда йистехь, цу даккхийчу тІулгашна юккъехь, бІаьргана халла бен ца гуш, латтара, тІулг буттуш йоьгІна, цхьа гІийла хІусам. ПхьуьйР-ламаз а дина, цу цІийнан шерачу тхов тІехь, суьлхьанаш а хьийзош, гуора хиъна Іара воккхастаг ЗІока. Беттан сирлачу буса, хала хаалуш, къегина гуш диллина цІен-можа сир а долуш, воккхачу стагана хьалха кхийра гІуммагІа латтара; тІехьа Іоххура, кевстиг санна, якъаелла неІармачаш.

Тийна Іара воккхастаг. Тохара санна, тийна лаьттачу цу арахь, цхьана эшарехь, дІо генара схьахазара цаьпцалгаша екаш ден зов. Сел хаза, бертахь бечу церан цу узамо набарна техкавора. Цу бетсирла сийначу стигална кІел лаьмнийн басешкахь гондахьа лаьттачу, дайх йисначу бІаьвнийн гІаларташ а хІинца дика гора.

Чов а йирзина, хІинца талуш вогІура ЗІока. ХІетте а, кхин де а дог паргІатдала ца дуьтуш, тІейирзинчу ойланаша бІарзвинера воккхастаг. «МостагІий дукха бу-кх цуьнан, – бохуш, ойланаш йора цо Зеламхин. – Ас-айса мосазза баьхна цуьнга: цу хьайн нохчашца мукъана ма къийсахьа… Ткъа цо, кхин шек а воцуш, шениг дуьйцу: «И «вайниш» нехачел а оьшуш бу хьуна, ЗІока. И «вайниш» вуно чІогІа кхераме бу. Вай вешан бу олий, царех теший букъ берзабо, ткъа цара вайна уггаре а доьхнарг до…» Дера, цу тІехь бакъ луьйш хила а ма мега Зеламха, – хеталора воккхачу стагана. – Кхераме ма бу и нах. Цара ца аьлча, мичара, муха хиъна Іедална хІинца сан Зеламхица долу гергарло? ХІанхІа, хала ду хІинца адамех теша», – чІагІдира ЗІокас, ша волчу хьалабогІучу новкъахь цхьа цІеххьана говран бергийн тата долуш шена хезаш. Цу готтачу тІулгийн новкъа, ленаш тоьхначу бергийн

декачу татанца, гІоьртина, хІара волчу хІусаме хьалайогІура и говр.

УьйтІахь жІаьла летира. ХьалагІеттина ЗІока, катоьхна шен неІармачаш а туьйдина, тхов тІера охьавоьссира.

– ДІадала цигара, йовссар, – аьлла, жІаьла а човхош, суьлхьанашца кетІа велира воккхастаг.

«Ой марша вогІийла хьо, Зеламха», ала хІара кечвеллачу хенахь, кхул хьалха а иккхина, тІевеанчо:

– Суьйра дика йойла хьан, хІусамда, генара веана хьаша оьций ахь? – хаьттира кхуьнга, говр юха а оьзна.

– Диканца вогІийла хьо. Хьаша цавуссург хІусам ма яц, схьа чу яийта говр, – элира ЗІокас, кевне тоьхна зІар а доьллуш.

Охьавоьссина, шен говран урх хІусамдега а луш, воккхачу стеган куьг лецира хьешо. Сиха чуьра араиккхина ЗІокин жимахволу кІант веара хьешана дуьхьал. Катоьхна шен дегара говран урх дІа а оьцуш, цо а хаьттира хьеше маршалла.

Хьалхаваьллачу хІусамдас, кІажийн метта бахтарш а тухуш, лохуо йоьгІна неІ дІа а йиллина:

– Чувала, – элира хьеше.

Чу ма-велли кхозучу чуьйнан ена кІел йоккха цІе йогура. Цу хІусаман лохачу тхевна кІел кхихкинчу дацауьстагІан жижиган безамехь, мерза хьожа лаьттара. Аьтту агІор, жимачу кора кІел черташна тІехула теснера мокхачу тІергІан истангаш, царна тІехь кхо-биъ кенийн гІайба Іуьллура, модаша буьзначу басмин чкъоьргаш а тІехь. Ткъа, аьрру агІорхьа, маьІехь, лахуо тоьхначу уьн тІехь, доккха текх дара, сискалгІин дуьйрашца тиша цаца а чохь. Царна гена йоццуш, хи чохь кхийра гиба а лаьттара. Товханна тІехула, дечиган хьостамех дакъалуш уьстагІан жижигаш а кхозура.

Могаш-паргІато а, цІерачийн хьал-де а хаьттина:

– Хьайн лаамна араваьлла хьо я цхьа гІуллакх иккхина лела? – хаьттира ЗІокас хьеше, баьрчехьа ваьккхина и охьа а хаош.

– Кхуза шун луларчу эвла писарь хила хьажийнера со, – элира хьешо, шен юкъ яьстина паргІатваьллачул тІаьхьа, кІеззиг воьхна, хІусамдега а хьожуш.

– Писарь хила хьажийнера бах ахь? – цецвелира воккхастаг.

– Бах те. Алахьа ткъа, харцахьа веаний со? – хаьттира хьешо, схьагарехь, цу шен къамелах ша а ца вешаш.

Ша хIун ала деза ЗIокина ца хууш, дикка хан елира.

– Писарь-м тхуна чIогIа оьшуш стаг ву, – жоп делира цо, ойла а йина. – Кхузахь цунна бан шортта болх а карор бу: цхьанна дехар язда дезаш хуьлу, вукхуьнан дехьа-сехьа кехат дахьийта меттиг йолу, схьадеанарг деша а деза. Масане ду уьш. Ткъа, уьш дерриге а, писарна бен ца хууш, тхуна хала гIуллакхаш ма ду.

– ХIета, и болх бан реза а ца хилла, кхузара дIавоьду-кх со, – элира хьешо.

– И хIун ду? Хьо хIунда вац, ткъа, цу балхана реза? – хаьттира воккхачу стага, вахана товханара цIе а таеш.

– Кхузахь, са бIарз а делла, хьеравер волу дела, – жоп делира хьешо, хIинца хабарна шарвелла. – ХIан-хIа, соьга балур бац кхузахь болх, – корта ластийра цо.

Ойла а йина:

– Сингаттаме меттиг-м, дера, ю хIара, – вистхилира воккхастаг, гIуллакхах дика ца кхеташ, хьеше а хьаьжна. – Делахь а, кхузахь бина болх эрна ца бов хьуна, нагахь, кхузарчу нахаца тарлуш хьо дIаводахь.

– Цаьрца хIун дина тарвала веза?

– И атта гIуллакх ду, – элира ЗIокас, шен буйнара гIаж кхерча Iоьттина цIе марса а йоккхуш. – Цара бох-бохург а деш, шайна юккъе вас йоларх ларвелчахьана, тарвелли ву-кх хьо цаьрца.

– Цара бох-бохург дича, хьаькамашна хIун дан деза ас?

– Хьаькамашна бах ахь?

– Бах те.

– Хьаькамашца гIуллакх дац хьуна кхузарчу нехан, – аьлла, ца вешаш, велакъежира воккхастаг. – И хьаькамаш цабовзар гIолий хета кхузарчу адамашна.

– Э-э, и, хьо ваха, ду соьца цатарлундерг, – аьлла, воьхна, шен цхьаъ бен боцу бIаьрг туьйхира хьешо. – Хьаькамаша бохучунна тIера вер вац со.

– Делахь хIета, хьо бакъахьа воьду кхузара дIа. – КIеззиг ойла

а йина, тIетуьйхира цо. – Иштта и хьан дог-ойла яхьаш цхьаъ вара тхан кхуза веана.

– Ткъа, хIинца стенга вахана и, хIун хилла цунах? – хаьттира хьешо.

– Де а диканиг, дера, ца хилла, – жоп делира воккхачу стага, шен гIовталан лакхара ветанаш дIа а дохуш. – Тоьхна наха вийра-кх иза.

– Мила? – И шен цхьа бIаьрг хьалахьажийра хьешо.

– И писарь.

– ХIунда?

– Суна мичара хаьа и, – аьлла, куьг ластийра ЗIокас. – Амма, и хIунда вийна хаа лууш кхуза хьаькамаш баьхкича, цу писаран дакъа ца карош уьш бехха лелла, дага-м догIу суна.

– Карийрий, ткъа? – хаьттира хьешо, и дакъа дайча цхьа далатухуш санна, акъ а ваьлла.

– Карийра иза-м, тIехь корта а боцуш, – жоп делира воккхачу стага. – Ткъа, и корта стенга бахана пурстоьпа шайга хаьттича: – корта бан а бацара цуьнан, господин пурстоп, элира наха. – Нагахь, шен корта хиллехьара, и кхуза вогIур а вацара.

Дехьачуьра веана ЗIокин кIант, терхи тIехь лаьтта текх-цаций эцна, дIавахара.

ЗIокас дуьйцучух дика ца кхеташ, цец а ваьлла, Iара БIаргбаьлларг: «И хIун ду Iовдалчу ламароша писаран корта баькхина бохург?» – хоьттура цо шен дагахь.

Шена хIумма а ца хуьчуха, кег а деш, хIилланца къамел дора БIаьргбаьллачо хIинца, кIелдIахула воккхачу стаге а хьоьжуш.

– Обарг Зеламхица-м бийр бацара хьуна цара и бегаш, – элира БIаьргбаьллачо, ша и цхьа чIогIа говза, шен меттехь олу моьттуш. – Цунах-м паччахьан хьаькамаш а ца хIуьтту тIитI-дIа ала, хIетте а вай цуьнан гIо а ца до.

Кхин вист ца хуьлуш, леррина шен хьеше хьаьжира ЗIока. Кхузахь цIеххьана дагадеара цунна, и бIаьрг баьлла стаг вуьйцуш шен Зеламхица хилла къамел.

– Хьуна-м дика вевза хир ву обарг Зеламха, – элира хьешо, ша цуьнан башха тидам ца бечуха.

– Хезна суна, иштта обарг ву бохуш, – вистхилира воккхастаг, тохарчул и бенцахетаралле хуьлуш.

– Ой, обарг Зеламха ца вевза хьуна? – цIеххьана воьхна, цецвелира БIаьргбаьлларг.

– ХIан-хIа.

– Ой, ган а ца гина хьуна иза?

– Дера, ца гина. Суна мичахь гур вара иза?

Воккхачу стагана Зеламха цавовзарх тешча, кхоччуш воьхна: – «Хьажахьа, хIинца кху дуьненан маьIIе а веана, ас лелориг цхьа а пайда боцуш дай-кх сан», – аьлла, ойла йира БIаьргбаьллачо. Ткъа, хезаш:

– Хьуна ца вовзахь а, кху дуьненан еа а маьIIехь цIе йоккхуш обарг ву Зеламха-м. Зеламха ца вевзаш мила ву? Сан-м иза генаро гергара ву, – бохуш, воккхачу стаге хьаьжжинчохь виснера БIаьргбаьлларг.

– Зеламха вуьйцуш-м суна а хезна, – шийло вистхилира хIусамда.

Кхин дIа ша хIун ала деза ца хууш, воьхна Iара БIаьргбаьлларг. Тохарчул башха, хIинца а ша муха олу ца хууш:

– Хьо воцург кхин ЗIока бохуш стаг вуй кхузахь? – хаьттира цо хIусамдега.

– Ой, бу, дера-кх, кхузахь-м шортта ЗIокагIар, – аьлла, ца вешаш велакъежна жоп а луш, цуьнан дагахь дерг хаан дагахь, кIелдIахула хьеше хьаьжира хIусамда. Хьокха кийра бахча санна, вогIа а велла, воьхна, ша муьлхачу агIор вера ву ца хууш Iара хьаша.

Чувеанчу ЗIокин воIа, хIетта кечдина жижиг-галнаш хIоттийра БIаьргбаьллачунна хьалха.

2

Аьхкенан бовхачу махо, юькъачу хьуьнан бос керча баьццара гIа дегош, тийна «шуш» дора. Къегина айбеллачу малха кIел хIаваэхь бес-бесара лепаш полларчий а хьийзара. Тап-аьлла

лаьтта и аре а яьккхина дека олхазарш бен, кхин хезаш гIовгIа яцара. Кхин схьагуш цхьа а сингаттам боцчу цу арахь Зеламха цхьаъ вара, гIайгIане воьжна, хала ойланаш еш. И зулам лелош верг вийна дIаваьккхичхьана кху дуьненахь нийсо хIотталур ю бохучух дог тешна схьавогIучу цо, тахана дуьххьара: «ХIинца хIун дан деза, хIинца муьлхачу агIор ваха веза?» – хала хеттарш дора ша шега.

Де а кхин схьалаца бахьана доцуш тIебоьжначу цу къизчу новкъахь дай, вежарий, накъостий хIаллак а хилла, цхьа висначу Зеламхин, хIинца нана а кхелхина, даг тIера сирла чиркх байнера. Цу гIайгIано вула а вуьйлина, виснера иза хIинца. Шена а, шен йиш-вешина а тIехь латтон гIелонаш, шен цIе сийсазъяккха дагахь хьаькамаша лелораш хIинца дика гора цунна. Нийсаниг лаха, гIийлачун дегайовхо ларъян дагахь араваьллачун коча богIу бала а хIинца дика бевзира цунна, шен дайша хьегначух а хIинца дика кхийтира иза: цу дахаран халчу новкъахь цхьа а цара дIадолийнарг вовшах ца кхеташ, етташ, Iуьттуш, къизаллица къийсалуш, кхин бакъо ца карош, шайн доьзалш а, шаьш а мацаллех ларбала гIоьртина чекхбевлира уьш…

Тахана Зеламха зударшца цхьаьна хьуьнхахь вара. И хезча, наха хIун эр ду ца хууш, воьхначу обарган шуьйрачу хьажа тIе, берцан буьртиг санна, луьста хьацар туьйхира. Цу ойланаша гIелвина хьала а гIеттина, шен тишачу чоьин тIам хьаькхна, и хьацар дIадаьккхира обарга. Амма, цуьнан таьIно-цIеста басахьчу юьхьа тIера оьгIазло хIинца а дIа ца яйнера. Уьш кIелхьара баха дагахь, зударий, берашший далош кху хьуьн чу варна ша-шена реза вацара Зеламха. ТIаккха а: «Луъург хуьлда кхунах, сох а бевлла стенга гIур бу хIорш? ТIедоьжна даьлла-кх хIара суна, чекхвала веза», – ойла а йина, сецира обарг.

Юха а, и чоьин тIам хьаькхна, шен юьхь а якъийна, гондахьара массо а хIума схьалахьо дагахь волчуха, леррина дIасахьаьжира обарг: гуо баькхкина лаьтта юькъа, хьийкъина хьун, цу хьуьнан юккъера ирзу, цигарчу бацалахь ловзу цуьнан кегий бераш. Тахана дуьххьара, шайца безам боцчу нехан вочу бIаьргашна

хьалхара девлла, кхузахь хIара паргIато карийна, очакх а аьккина, цу тIехь яахIума ян гIерташ йоллучу Бициний, Зезагний гуотуьйсуш, сакъераделла ловзара уьш. Кхин сингаттам боцуш, оццул ирсе церан ловзар гича, хаъал вовелла, Зеламхин а самукъаделира.

Бицин дагахь лаьттинарг а хIинца кхочушхиллера – тахана иза шен майрачуьнца яра. ХIумма а дацара кхерч а, тхов а, гIирс а боцчу хьуьнхахь хиларх: кхузахь, шен майрачунна юххехь хилчахьана Бицина тхов а, йовхо а яра. Цундела, шега шортта ницкъ кхаьчна аьлла хетаделла, дегIана яйн йолаеллачу цо, дийнахь сарралц охьа ца лахлуш, болх бора. Ерриге а шен паргIат зама шен майрачунний, берашний дIалуш, обарган боьхна гIирс хьалахIотто гIерташ, къахьоьгура цо. Жимачу беро туьйране санна, лорре ладогIара Бицис шен майрачунна тIехIуьттучу кхерамечу гIуллакхашка. Иштта хала делахь а, дагна цхьа тоам болуш дахар нисдаларна, Бици, нагахь эшначохь, хIинца шен са дIадала а кийча яра.

Ткъа, боьршачу нахаца и дуьненан дахар кIезга девзина Зезаг Зеламхица эвхьаза яцара, цуьнга йистхила дезча а юхура иза. Шен деган йовхо лохуш дакъазаваьллачу цу стеган сий дан гIоьртий, ша йистхуьлучохь а, йолалучохь а галйолура Зезаг. ХIетте а, оццул аьрха, кхераме долчу дахарца схьавогIу иза, шен гергара волуш чIогIа хазахетара къоначу зудчунна. Бехк а бацара, буьрсачу нахана юккъехь буьрса дахар дадийна вогIу и стаг кху лаьтта тIехь цуьнан онда гIортор яра. И цкъа а Зеламхас ша цунна даре дина я хIума аьлла лелош а дацара. ХIан-хIа, шен Солтамурдехь болчу догцIенчу безамна Зезага ша иштта дIа леладора иза.

Йисте яьлла, цхьана юьхка тIе охьа а хиъна, Зезаг и шен гIийла ойланаш еш Iара. Шераш а дIадахнера, хийла хало гуш бала а хьегнера Зезага. Амма, Солтамурдехь лаьттинчу безаман хIинца а бос ца байнера. Иза цо, массо а хIуманах ларбеш, шен даг чохь чIогIа Iалашбинера; цу къоначу безамо кховдийнчу ницкъ болчу куьйгаца, цуьнан йовхонца ехара Зезаг хIинца а…

ТIе а вахана, шен кIанте:

– Со ловзуьйтий аш шайца лечкъаргех? – хаьттира Зеламхас.

Шега дас и аларх а ца тешаш, воккхавеш, резахилира Муги. Кест-кеста да тола а толуьйтий, бIаьргаш а хьаббой:

– Дада, дада! ДIалечкъина ваьллий хьо, лечкъина ваьллий? – олий, мохь тухура Мугис, шен бIаьргаш схьабелла сихлой.

Ткъа, да, кхин дуьхьал вист ца хуьлуш, цхьана кулла юккъе воьдий:

– ХIут-хIут, хIут-хIут! – олий, водий, вукху кулла тIехьа лачкъара.

Шен берашца цу ловзарх сакъераделлачу обарган, даг тIехь хьаам а хилла, дика самукъадаьллера. Массо хIума а дицделла, бер санна, цаьрца ведда лелачу цунна ца гира шена тIевогIу воккхастаг ЗIока.

– А-а, хьажахь хIинца, хIара а хилла-кх ахь Iамо бIо, – аьлла, велавелира ЗIока, шен белша тIера беза мохь охьа а кхуссуш.

– Ой, ЗIока, хьо вац хIара? Марша вогIийла, – аьлла, цIий а велла, куьг лецира обарга воккхачу стеган. – Бехк ма биллалахь, кIеззиг сайн бералла дагаеана воллура со.

– И де а зе долуш хIума дац, – элира ЗIокас. – ХIара герз царна-м ца дехнера ахь? – хаьттира цо, ша беанчу мухьа юкъара цхьа топ схьа а йоккхуш.

– ХIан-хIа, цаьрга герз дала хIинца а хьалхе ма ду, ЗIока, – аьлла, кIедо велакъежира обарг. – Кхин а ма бу сан гIоьнчий, хIара герз лело хаа дезаш.

– Бийцахьа, муьлш бу уьш? – цецваьлла, дIасахьаьжира ЗIока.

Зезаг! Схьайоьл ше а, – аьлла, дIо дIанехьа Iачу несе а, очакх тIехь яахIума ян гIерташ йоллучу Бицига а схьакхайккхира Зеламхас.

ТIебаьхкинчу зударша, маршалла а делла, хьалде хаьттира хьеше. ТIаккха, схьаэцна, Зеламхас шен дех йисина топ Бицига елира, Солтамурдан хилларг – Зезаге кховдийра.

– ДIаэцал хIара, – элира обарга несе. – Обаргийн зударшна, сискал ян хаарал совнаха, нийса топ кхосса а, динахь тIахъаьлла лела а хаа деза.

Шега кхийдо топ схьа а эцна, йоьхна, цIий а елла, Зезаг нац-къаръелира. Ткъа, Бицис:

– ХIорш ахь схьаяларх пайда ма бац, тхуна кхосса ца Iамийча, – элира, леррина шен буйнарчу тоьпе а хьаьжна.

– Иза-м ца Iамийча дер дац, цкъа юучун гIайгIа бейша вайна, – аьлла, куьг ластийра Зеламхас.

Вахана цхьана боккхачу кхура кIел, кIедачу бай тIе охьахиира обарг ЗIокица. Де вуно довха доллушехь, боьза куча тIехула, аьхна бумзин гIовтал а юьйхина, цхьа вета дIа ца боккхуш, Iара воккхастаг, схьабаькхина Iаьржа кхакхан боккха куй гоьл тIе а биллина.

– Зеламха, цкъа-долчунна чIогIа воккхаве со хьох, – элира ЗIокас, лерина накъосте а хьаьжна.

– ХIунда?

– Кху хьайн балхана хIумма а воьхна вац хьо. Бакъахьа делира ахь цу зударшка и герз, – жоп делира воккхачу стага. – Хьанна хаьа, хьо тIехь а воцуш, шаьш ма буьсу уьш. Дуьхьал дина зе а доцуш, иштанехьа валар – ши Iожалла ю.

– Со а ву-кх, ЗIока, иштта хеташ, – аьлла, доккха садаькхира обарга. – Селхана цхьа минот ца яьллехь, кху сайн ардангаца хьо волчу дIа ма вогIура со, – элира цо, дIанехьа ловзуш лелачу шен берашкахьа корта а ластийна.

– ТIаккха, хIунда ца веара хьо?

– Вуьшта а айса хьо дукха хьийзавен дела. И хьан цIа духийла ца лууш…

– И хIунда дуьйцу ахь? – аьлла, цуьнан къамелана юкъаикхира воккхастаг. – Хьоьга хало еъча, хьох вада дагахь леладо ткъа ас хIара гергарло?

– Баркалла хьуна, ЗIока, и вуно дика хаьа суна. Делахь а, суо бахьана долуш нахана лелхачу сингаттамаша бIарзвина со.

– ХIун сингаттамаш бу уьш? – оьгIазе шен накъосте хьаьжира воккхастаг. – Сайн дагахь дерг боху ас, Зеламха, и сан цIа – хьан цIа ду хьуна, сой, сан цIай кхоийна хьо дIасавалахь, мегар дац хьуна.

– Ишта-м, дера, дара и, делахь а…

– Кхин цхьа а «делахь» дац хьуна, – аьлла, обарган къамел сацийра воккхачу стага. – Ахь и дийцахь, со чIогIа оьгIаз гIур ву хьуна. Кхетий хьо?

– Кхета, – элира харачочо, тIесанчу шен несера, кхийра хедар дуьззина шайна деана кхехкийна жижиг схьа а оьцуш.

– Иштта ала ахь, – аьлла, шениг чIагIдира ЗIокас. КIеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, юха а элира цо: – Селхана цавар-м бакъахьа нисделла хила а тарло хьан. Селхана со волчохь цхьа хьаштдоцу хьаша вара.

– Мила вара и? – хаьттира, хаъал цецваьллачу обарга, схьаэцна воккхачу стагна хьалха диках долу жижиган дакъа а дуьллуш.

– И ахь суна вийцина БIаьргбаьлларг вара-кх.

– Ахь хIун дуьйцу, бIаьрг баьлла БIагал веанера хьо волчу?

– Дера, веанера.

– Цуьнан хIун дисна цигахь?

– Хаац суна-м. Тхан луларчу эвла писарь хьажийна ша бохуш, дийцира цо соьга-м.

– Со а хиттина хир вара жIаьло? – элира Зеламхас, шена и башха а доцчуха.

– ЧIогIа хиттира, – элира, вела а къежаш, ЗIокас. – Хьо шен гергарло долуш ву бохура, оха массар хьуна гIо хIунда ца до, ала а гIертара.

– Цунах а со кхета хьуна, – аьлла, йистехьо хIоттийна чорпин кад, схьаэцна, ЗIокина хьалха беара обарга. – Гергара-м, дера, вацара сан и, дуьххьал дIа хьо шех тешийта дийцина-кх, жIаьло.

– Шек ма валалахь, – элира воккхачу стага, – со-суо а иштта кхийтира цунах. Цундела, вуьйцуш-м хезна суна и обарг Зеламха, амма, сайна бIаьрга гина-м вац я цуьнан гIуллакхех хIума хууш а вац со, аьлла, витира ас и.

– Хьажахьа цу балхе, – аьлла, тIаьхьо, и халахетта, доккха садаькхира харачочо.

– Ткъа, юьртан писарь хиллал йоза-мотт хаьа цу жIаьлина? – хаа лиира ЗIокина.

– Йоза-м хаьара цунна, – вистхилира Зеламха. – Да дийна волуш оьрсийн йоза-мотт а Iамийна, и кхелхинчул тIаьхьа, цунах мел дисинарг а кхаьллина, ахча мел долчун лай хилла хьийза и хIинца.

Вистхила дагадеанчу воккхачу стагал хьалха а иккхина:

– Дуккха а нах вовшах а тохий, йоккха отряд гулъе, бохуш, хьийзаво ахь со, – элира Зеламхас. – Ткъа, хIинца, и санна, цхьа жIаьла вайна юккъе нислахь? – хаттаре ЗIокига хьаьжира обарг.

– ТIаккха? – ца кхийтира воккхастаг.

– ТIаккха вай, цхьа пайда а боцуш хIаллакьхир ду-кх.

Цецваьлла накъосте а хьаьжна:

– Дукха адам вовшаххкеттачохь ишттанаш а нисло хьуна, Зеламха, – элира ЗIокас. – ХIун дийр ду ткъа, цхьаъ жIаьла хир дара бохуш, массарех ца тешаш муха вехар ву дуьненахь? Вочух ларвала веза…

Арахь, тохара санна, тийна лаьттара. Олхазарш а, схьагарехь, йовхоно гIелдина декачуьра севццера. Цу тийначу арене ладоьгIна сецча санна, и шиъ вист ца хуьлуш а дикка хан елира.

– Дера, ЗIока, хала ма ду нахах теша, – аьлла, и тер Зеламхас дохийра, дIавирзина, дIо генна ара а хьожуш. – Дукха хан йоцуш цхьа стражник веанера суна, «обарг а ваьлла, хьан гIоьнча хила лаьа суна, дIаэцахьара ахь со», – аьлла. – Ой, и хIун хабар ду, цIехьана обарг вала стенна дагадеана хIуна? – ас хаьттича: «БIаьрга бан ца беза суна и паччахьан хьаькамаш, – элира цо, – хьаьнгара а кхаъ оьйцуш, хьанна а тешнабехк беш, боьха нах бу уьш». – «Делахь хIета, бакъахьа ду, – элира ас цуьнга, – суна вевза ишттa цхьа боьха стаг – шелахойн пурстоп, тохий иза а вей, схьавола, ас тIеоьцур ву хьо».

– ТIаккха, веарий? – хаьттира ЗIокас, шен жижиго хьандина куьйгаш пезагех а хьоькхуш.

– ХIан-хIа. ЖIаьло жIаьла муха дуьйр ду. Обарг вала дагахь долуш ма ца дуьйцура цо иза.

Юха а, цхьана хIумане ладоьгIча санна, дIатийра и шиъ. «Маржа, дуьне, яI, ма боьха а кхуллу-кх ахь боьханиг», – ала дагадеанера воккхачу стагана, делахь а, IадIийра, ишта а шеконаш лехьочу Зеламхин дагна чов ца ян.

– ХIорш дIо лам чу бигна, цкъа нацкъар а баьхна, тахана кхузахь хуьлуш, кхана кхечанхьа гучуволуш, – цхьана меттехь ца соцуш, волалур ву-кх, – элира Зеламхас, зударий, берашший долчу агIор куьг а тосуш. – Цу жIаьлешна сайн лар ца яйахь, чIогIа тIаьхьабевлла уьш суна.

– Уьш-м, хIета, цига а кхочур бу хьуна, – элира ЗIокас. – Ишттa лелча витахьара хьо цара.

– Ца витахь, витахь, цхьа доьгIнарг дийр ду-кх, – жоп делира обарга. – ЗIока!

– ХIун бах ахь?

– Кхана кхуза Аюб вогIур ву хьуна.

– ТIаккха?

– Кху тIедогIучу пIераскан дийнахь вайн накъосташка массаьрга а ас Чиллана-ирзехь хила боху алий, хабар дейша цхьаьний.

Цецваьлла накъосте а хьаьжна:

– Баккъал бохий ахь? – хаьттира сакъераделлачу воккхачу стага, обаргийн тхьамдина цхьа ондда гIуллакх дагадеанийла хууш.

– Бах те, – жоп делира обарга. – ГIуллакх ду вай дан дезаш. – Цхьана минотехь ойла а йина. – Цхьа кхин а алалахь, Аюбе, – тIетуьйхира Зеламхас: – ГIизларехь вехачу эпсаре Вербицкийга: «Вайшиъ вовшашна кху деношкахь ган веза, со вогIу ларве, кхахьпа-эпсар», алий, ас сан цIарах кехат язде бахара. Варий, ас хьайга ма-аллара: «кхахьпа-эпсар» алий, яздайталахь цуьнга, – аьлла тIедожийра обарга воккхачу стагана.

«Дан дезарг хIун гIуллакх ду? И эпсар муха ган веза?» – аьлла, ца хаьттира цуьнга ЗIокас. Ишттa гIуллакх ша дина валлалц Зеламха хабарна тIера воцийла, шена дика хаарна. Цундела:

– Мегар ду, уьш дина карор ду-кх хьуна, – аьлла, доцца хадийра воккхачу стага къамел.

Цу минотехь, гена йоццуш, цхьа цIехьана топ елира.

– Хьажахьа хIинца цу шайтIано лелориг, – элира дIавирзинчу Зеламхас, едда яхана, и ша кхоьссина топ диттах кхеттийла хьоьжуш йоллу Бици а гина.

Дитта тIе пIелг а Iуьттуш, шен нене къамел деш, диттана гуотуьйсуш, Муги а хьийзара.

– Ас Делан дуьхьа доьха хьоьга дов ма делахь царна, – аьлла, дийхира воккхачу стага. – Ахь-айхьа ма делла цаьрга и герз, цундела, и кхосса Iамо гIерта уьш. Схьавалол, гIо дийр ду вайшимма царна. – Хьала а гIеттина, зударий болчухьа дIаволавелира ЗIока.

Цкъа-шозза шаьлта тоьхна дитта тIера кевстиг охьа а яькхина, цу кIайчу метте кIоранца зил а баькхина:

– Схьайоьл хIинца, Зезаг, – элира Зеламхас, и шен нус цхьа бIе гIулч юха а яькхина. – ДIагайтал хIинца царна айхьа цу паччахьан эпсаран хьажа тIе топ муха тухур ю.

Йоьхна, ша хIун дан деза ца хууш, буйнарчу тоьпе хьаьжжинчохь лаьттара Зезаг. Цуьнгара схьаэцна и топ цунна муха хьажо еза а гайтина, вухаваьллачу Зеламхас:

– Хьажа а яй, лаг оза хIинца, – элира.

Меллаша хьала а айбина, цкъа-шозза топ йожийра Зезага. Амма, цхьа а хьежочу ца кхийтира.

Бицис топ нийса тухура.

Юха а шен несера схьаэцначу тоьпан, лерина хьаьжна, Iалашо а нисйина:

– ДIаэцал, Зезаг, хIинца хIун хуьлу техьа, – элира Зеламхас несе.

ХIинца а, тохара санна, хIаваэхь шок а тухуш, кхин лар ца юьтуш дIаяхара тоьпан дIаьндаргаш.

– Йитахьа и, ма хьийзаехьа! Мохь туьйхира ЗIокас обарге. – Эрна патармаш хIунда дойу ахь?

– IадIелахь, ЗIока, - элира Зеламхас, – хIара ца Iамийча-м йиш яций. ДIаэцал, Зезаг, йожаел кхин цкъа.

Юха а Зезага тоьхначу тоьпо зил ца бира.

Нацкъарваьлла, бай тIе охьа а лахвелла, шен Iаьржачу сатийнан тишчу хечин киснара кисет схьа а яькхина, чIогIачу томкийн цигаьрка хьарчийра ЗIокас. ТIаккха, мокхазах цIе а яькхина, латийна доггах чуоьзначу цигаьркан кIур мела мерах дIахийцира воккхачу стага.

Кхин ца къарлуш, хIинца а Зезагана топ кхосса Iамон гIерташ воллура Зеламха.

– ДIаэцал хIара иштта, цкъа суна а гуш хьажаел, – элира цо несе, чохь патарма боцуш, юьйлина топ цуьнга дIа а елла. И топ Зезага йожош, тидам беш, цуьнга а хьаьжна, вахана, шен киснара схьадаькхинчу йовлакхца, леррина Зезаган аьрру бIаьрг дIа а бихкина:

– Кхоссал хIинца, – элира обарга.

ХIинца кхоьссинчу кхааннах шиъ хьежжочу тIетуьйхира Зезага.

– ХIай-хIай, иштта хилал хьо, – хазахийтира Зеламхина. – Айхьа и топ хьажош, аьрру бIаьрг хьаб а бай, аьтточуьнца лаца Iалашо.

– Деллахьа алахьа, хIинца хьо воцчунна, хьанна хуур дара цо и топ хьажош бIаьрг ца хьаббойла, – цецваьлла, шен кIайбелла корта тахкийра ЗIокас. – Доккха хIума дац и кхосса царна Iамо дагадар.

– Ой, и харцахьа-м ца хета хьуна, ЗIока? – хаьттира обарга.

– Дера, ца хета, мелхо а, бакъахьа хета-кх. Цкъа цхьанахьа хьуна хьайна карор ма ду и, – элира воккхачу стага. – Цхьа кхин а ма хаьа хьуна суна, – аьлла, тIетуьйхира цо, са а даькхина: – эшначохь цара, шек боцуш, тIе а тухур ю-кх иза.

3

Эрштойн лекхачу ламан басахь, йоккхачу хьуьна юккъехь Iуьллу цхьа жима кIотар а цунна тIе боьду гIашлойн боккха некъ а набарх ца баьллера, шен доьзалца Зеламха цу кIотарна герга кхаьчначу хенахь. Къайладовла кечделла стиглара седарчий а лаьттара, вовшашка дIасадовла вай бохург хоьттуш санна, бIаьцаш еш. Махо лесточу диттийн гIаша ден тата доцург, кхин цхьа а гIовгIа яцара арахь.

ТIейоьттина обарган доьзалан сал-пал йолу и говраш, цу тIулгIийн новкъа, мерах хар а деш, берг тесна гIоьрттина йо-

гIура. Цу говрашна тIейоьттинчу хIуманашна тIехула цхьанна тIехь Муги Iара, вукхунна тIехь – Зезаган жимачу кIантаца Энисат. Вуьш массо а гIаш богIура.

Сатосуш лаьттара. Вирбицкийн отрядерачу бандаша, хIинца юха а ша бахьана долуш харачошна къиза ницкъ бар хезна, чIогIа догдоьхна велахь а, схьагарехь, башха сингаттаме вацара Зеламха. Селхана юха а баьккина, етташ, Iуьттуш, церан хIусамаш, ков-керташ дагош, Гушмазукъин некъех хьожа-мода хьакхаелларг цхьа а Iийна меттиг ца юьтуш, харачой хIаллакбина цара, бохуш, дийцинера обаргана.

Бицин, къаьсттина, чIогIа таро йохийнера цу хабаро.

– Ваттай, адамо дуьйцу хIума дуй и, – бохуш, берал башха, цу балхах ца кхеташ йиснера обарган зуда. – Оццул хала къа а хьоьгуш, вай дина цIенош хIунда дагийна цара?

– Вай хьоьгучу къин бала болуш лела моьтту хьуна уьш? – аьлла, Бици цунах цакхетар новкъа деъна, куьг ластийра обарга.

– Ой, юха цIа дирзича, вай стенга даха деза? – цецъелира зуда.

Цу балхах кхин шен хIусамнана цакхетарг хиларх тешначу Зеламхас, гIаддайна вела а къежна:

– Хьалха цкъа юха дерза ма деза цига, хаьий хьуна? – хаьттира.

* * *

И кхоьлина Iуьйре хIумма а екхна ца еанера Терски областан начальникан инарла Михеевн таро йолчу хIусаме. Селхана шена хиллачу цатамо дохийна дог меттадаза, сатоссуш гIеттина веанера инарла балха. Вахана схьаэцна, Гуьржехарчу сардало даийтина кехат юха а дешна, кабинета чухула дIасаволавелла лиэла инарла, ши куьг тIехьа а диллина, вахана цу доккхачу кора хьалха сецира.

Вехха лаьттира инарла цу шен балечу ойланца, дIо генарчу лаьмнашкий, босбайначу хьаннашкий, иштта шелонна гIа а макхделла, дерзано уьйтIахь дашош лаьттачу дитташкий хьаьжжинчохь. Аьхкенан бовхачу малхой, гуьйре герга гIортарна буьйсанна хIуьттучу дахкарой къона бос а бехьна, хIинцале маждала доладеллера дитташна тIера гIаш. Нагтахь хьокхий махо генна дIасакхоьхьура уьш.

Гуьйре герга а гIоьртина, и гIа дужуш, хьаннаш къийлар инарлина хIумма а новкъа дацара. Мелхо а, и гIа а доьжна, хьаннаш цхьалхаевлла шена гича: «Обаргашна ловчкъа меттигаш карор яц, церан бенаш духур ду», бохуш, воккхавера иза. Цундела, кху Терски областан начальник ша хилчахьана, массарна а сингаттаме хеталун гIа дужу зама Михеевна синкъераме хетара.

Инарла вехачу кел чоьхьа ма-велли, аьрру агIорхьа маьIехь, лекхачу бIогIама тIехь, махо леста а еш, йоккха фонарь кхозура. Цунна гена боцчу гоьзанна гондIашха, селхана дуьйна дIабахаза, олхазарша кега а бина говрийн пхьаьжаш лаьттара. И сурт гина, оьгIазваханчу инарлас: «ХIара хIун ду? Кху кертара ялхой а хIинца соьга ла ца догIа дагахь бу техьа, и керт хIунда ца цIанйина цара?» – ойла а йина, шен стоьла тIе вахана, дехьачу тухучу горгалин нуьйда таIийра.

Дежурни эпсар чувеара.

– ХIокху сохьта керт цIанъяйта цу жIаьлешка, – аз а айдеш, омар дира инарлас.

– Кху сохьта цIанйойтур ю, сийлахь инарла, – аьлла, лерга юххе куьг а дохьуш, дIатоьхна хьокха санна, ша лаьттачохь сецира эпсар.

– ХIун ду хьан соьга хатта? – схьавирззинчохь сецира инарла, эпсар лаьтташ гича, шекваьлла. – Схьаалал.

– Ведан округан начальник ву, сийлахь инарла, веана, хьо ган лууш дехьачохь Iаш.

– Ой, полковник Моргания ву цигахь?

– Ву те.

«Са а тасале, хIара хIун хилла веана техьа кхуза?» – аьлла, воьхна висинчу инарлин дагна, ша цуьнга кхайкхина хилар карла а даьлла, тоъал хьаам хилира.

– Схьачуваийта, – аьлла, омар дира инарлас, везо вахана йоккхачу йозан стоьла хьалха лаьттачу гIанта охьа а лахлуш.

– Іуьйре дика йойла хьан, Спиридон Петрович, – элира Михеевга, лерехь чІогІа хаалуш гуьржийн аз а долуш, чувеанчу полковника.

– А-а, хьо ву хІара, марша вогІийла, Арчил Таймазович, – аьлла, хьала а гІеттина, дуьхьалваханчу инарлас куьг делира Моргания га. – Схьавало, схьанехьа вала, охьахаа, – элира Михеевс, шен йоккхачу стоьла дуьхьал лаьтта кІеда гІант а гойтуш, хьеше.

Инарла шен метте охьахаъалц собар а дина, охьахиира полковник.

– Хьо маца веана? – хаьттира инарлас, шена хьалха Іуьллу сийна папка схьаэцна стоьла йисте а юьллуш.

– Сийсара буьйса юккъе яханчул тІаьхьа схьакхечир-кх со, – элира полковника, гІанта тІехь дика дІа а нислуш.

– ТІаккха, садаьІин ахь?

– Дика паргІат хилира со-м, – жоп делира полковника.

– Дера, ма-дарра дийцича, ас-м ца йо хьуна кху тІаьхьарчу хенахь адамашха тера наб, – аьлла, шен кІедачу креслин лекхачу букъах дІатевжира инарла. – ТІеттІа лелхачу кху бохамаша санм самалха ца долуьйту.

– Эшац хьуна, Спиридон Петрович, и хІуманаш сел чІогІа даг тІе леца, – элира полковника, вонах инарла ларван ша орцахваьллачу кепара, куьг а ластийна. – Цхьаьнгте а цанисделларш ахь муха совцор ду? Цундела, хьайн могашалла Іалашъе, кІелвиснарг цхьанна а ца оьшу хьуна.

Йовхарш а тоьхна, киснара схьадаьккхинчу кІайчу йовлакхца бат а цІанйина:

– Иштта-м ма дара и, делахь а, Іалац со, – элира инарлас. – КІеззиг ойла а йина, тІетуьйхира цо: – ХІара гІуллакхаш халий, чолхий дуйла хаьа суна, хьоме полковник. ХІетте а, Іалац-кх. Муха мегар ду, хІорш вайна тІе а дехкина Іачу паччахьана ямарт хила? – хаттар а деш, цуьнан дагахь дерг хаа гІоьртича санна, полковнике хьаьжира инарла.

– Бакъ лоь хьо, Спиридон Петрович. Маггане а мегар дац цуьнан тешам сийсаз бан, – элира Моргания, и шен стомма

деза дегІ кхин меттах ца хьадеш, хьалаайдинчу Іаьржачу бІаьргашца инарле а хьаьжна.

– Нийса лоь, вуно нийса лоь. Уггар хьалха цуьнан тешам Іалашбан беза, – тодора Михеевс полковника аьлларг. Шел лакхарчу хьаькамо бохург дан, адамна тІера цІока а йоккхур йолуш хІара хиларна тайра инарлина обарг Зеламхица къийса ВеданагІопе округан начальник вина Моргания хьажор а. – ТІаккха, схьадийцал хІинца, хІун ду шун цигахь керла? Мичахь ву обарг Зеламха?

– ХІара ду ала, кхин керла хІума дац цигахь, Спиридон Петрович, – аьлла, дІатийра полковник, Зеламхас кечден керла зуламаш дІа а дийцина, ишта а таро йоьхна хьийзачу инарлин дог цадохорхьама.

Полковника дечу къамелана дика реза а ца хилла:

– Схьадийца ахь, Арчил Таймазович, дерриге а ма-дарра схьадийца соьга, – элира Михеевс. – Хиндерг хІинцале хилла даьлла хьуна, ала гІоьртича санна, куьг а ластийна. – Вон мел дерг лан со Іемина ваьлла, дукха хан ю. – Жимма са а даькккхина: – Диканиг башха дукха вайн агІорхьа хуьлуш а дац, – элира цо.

Тохарчул башха меттах ца хьовш, кІеззиг ойла а йина:

– Кху сохьта, дукха гучуваьлла, доккха хІума леладац Зеламхас, – жоп делира округан начальника, инарле дІа а ца хьожуш.

– Кхин хІун леладайта воллу хьо цуьнга? – полковникан къамела юкъаиккхира инарла. – Цо динарг-м, дера, тоьар ду кху дуьненна а.

– Иза а бакъ ма бах ахь, – аьлла, доккха садаьккхира полковника. – Тархан Тудоевичах къахета-кх, кхин хІумма а ца хилчи а, и тоьар ду.

– Дера, дика накъост ма вара полковник Гулаев, кхоам бара цуьнан Зеламхас воьйла, – и халахетар юха а деана даг тІе хІоьттина, корта ластийра инарлас.

– Іаламат диканиг вара, – аьлла, чІагІдира Моргания. ТІаккха, инарлера бакъо а ехна, цигаьрка а латийна: – Зеламха шен доьзалца кхуза, шу долчухьа ван дагахь ву, бохуш, ма хезна тхунам, Спиридон Петрович, – элира полковника.

– Муха элира ахьа-а? – дахдеш хаьттира цецваьллачу инарлас. – И хIунда вогIу тхо долчухьа?

– Билгтал хаац. Кху агIор, Галашка, ван кечлуш ву боху-кх иза, – жоп делира Моргания. – Амма, тамаша-м бу, цигахь хьанал болх а беш маьрша ваха дагахь и гIертахь, хIунда аьлча, тхан агенташа дуьйцург бакъ делахь, шен йоккха тоба вовшах а тоьхна, ГIизлар-гIаличу лата безам болуш и ву бохуш, хезна тхуна.

Кхин а чIогIа цецвелира инарла.

– ГIизлара чу хIунда лета хIара?

– Къола дан.

– Иза а бакъ ма бах ахь, – аьлла, везо ша Iачуьра хьалагIеттина, юха а тохарлерачу кора хьалха вахара инарла. Керт хIинцале чIарх-аьлла цIена цIанйинера, дерза а сецна, арахь гIийла малх кхеттера.

Меллаша юха полковник волчухьа а вирзина:

«Башха а дац шена, муьлххачу новкъа гIой а, Зеламха вей дIаваккхий хаам бе шега, кхин шуна детта са дац шен», аьлла, кехат даийтина-кх соьга сардала, – элира Михеевс полковнике. – Масала, кху деношкахь и гIуллакх аш цхьалха ца даккхахь, шу цхьана а хIуманна пайде дац, аьлла, паччахье хаам бо ша боху.

Юха веана шен гIанта охьа а хиьна, стоьлан гIутакх схьаоьзна цу чохь Iуьллучу кIайчу пакете хьаьжира Михеев. Пакета чохь Iуьллура: «Терски областехь Iедалан гIуллакх вуно чIогIа ледара даьлла, и тодеш бечу балха тIехь цхьа а адам ма кхоаде, эшахь Сибарех а бахийта, ирх а охка, сийна цIе тасий бага а бе», – бохуш, Гуьржехарчу сардала инарла Михеевга яздина кехат.

Стоьлан гIутакх юха тIе а тетина:

– Алахьа ахь, Арчил Таймазович, хIун дан дагахь ву хьо цу балхана? – хаьттира Михеевс. – И обарг Зеламха схьалаца ойла йолуш мукъана а дуй шу?

– Тхо бахий ахь?

– Бах те, – леррина полковнике хьаьжира инарла.

Цхьана эхаминотехь, корта охьабахийтина, ойла а йина:

– Ведан округехь садаIа меттиг буьтур бац-кх оха Зеламхиний, цуьнан накъосташний, – аьлла, жоп делира полковника. –

Цул совнаха, ас доьху хьоьга Несаран округан начальникана тIедожор: ас ша волчу хьажийна стаг Нилха-эвла писаран болх бан вахийтар. Денна бохург санна, Зеламхас лелош дерш хаа, чIогIа оьшу вайна цигахь вешан стаг хилар. ШолгIа доьху ас хьоьга ГIизларе Вербицкийга хаам бар, обарг Зеламха и волчухьа гIорта дагахь ву, алий. Кхин хIун дара? КIеззиг ла а доьгIна: – Ас дош ло хьуна, нагахь Зеламха ГIизларе гIортахь, цигахь болчарна сайн хуьлу гIо дан а, – элира полковника, ша Iачуьра хьала а гIоттуш.

Цу сохьта шен гIоьнче чу а кхайкхина, Зеламхин хьокъехь ГIизларе Вербицкийга зIе яхьийтира инарлас. ТIаккха полковникана тIе а вирзина:

– Несарера эла Андреков кху сохьта схьакхача декхарийлахь ву, – элира Михеевс, – цу писаран гIуллакх, хьо хьалха а волуш, кхузахь тIедожор ду-кх вай цунна.

– Дика ду, баркалла хьуна, Спиридон Петрович.

– Кхин хIун де вайшимма? – хаьттира инарлас полковнике, шен гIоьнча ара а валийтина. – Ма-дарра аьлча, суна-м бакъ ца хета хьуна, Зеламха ГIизларе гIорта ваьхьар ву аьлча.

– Хьанна хаьа и, Спиридон Петрович? – белшаш саттийра Моргания. – Вайна дагахь мел доцург а деш схьавогIу иза-м.

– Хила а тарло иза-м, – шеквелира инарла. – Делахь а, тамаша бу-кх цу тайпана Вербицкийн неIаре гIортар Зеламхина дорах-м дисахь. – Стоьла тIехь Iуьллучу гIутакхара схьаэцна стомма цигаьрка а латийна, чуоьзна цу цигаьркин кIур кIеззиг мерах дIа а хецна, цунна куьг а ластош: – Арчил Таймазович, ас-м хьоьга кхечу гIуллакхана кхайкхинера, – элира инарлас.

– Со ладугIуш ву-кх, Спиридон Петрович, – аьлла, инарле хьаьжжинчохь дIатийра Моргания.

Тохара ша дIанехьа йиллина папка юха шена хьалха а оьзна:

– Несаран округехь мел болу юьртдай тахана делкъанна кхузахь хилийта аьлла ас, – элира инарлас, – и шен мазакъбоьлла буй меллаша стоьла тIе а тухуш. – Царех цхьаболчара цу СагIопшарчу обарган Саламбекан са кIелхьарадаьккхина ца Iаш, цунна гечде алий, паччахье дехар де, бохуш, ца вуьту со. Ткъа, хьуна вуно дика ма хаьа, и ас дийр доцийла. Тахана цаьрга со: пхи де



хан ю шуна, я Саламбек схьало суна, я шайн доьзалшца цхьаьна Сибарех даха кечло ала воллу. И дийр а ду ас царна.

– И хьуна дика дага-м деана, Спиридон Петрович, – элира полковника. – Цара обарг Саламбек схьалур ву хьуна, – охьахийра полковник.

– Кхин хIун дийр дара цара?! – аьлла, и ша чекхдаьккхина ваьлча санна, шен хьалхара дашо ши церг гучу а йоккхуш, велакъежира инарла. -–Даима кхерош, Iазапна кIел латтор бен молха дац царна.

Шен буйнара цигаьрка, стоьла тIехь лаьттачу чимтосурга чу дато кедан йисте а Iоьттина, дIаяйина, дика ойла а йина:

– Кхераммий, мацаллий царна тIехь латто езийла хуу-м дукха хан яра, – элира Моргания с. – Ткъа, хIинца ас хIун дан деза кхузахь?

– Ахьий?

– Ас?

Юха а шена хьалхара и сийна папка дIа а теттина:

– Арчил Таймазович, ахь Несарахь дукха болх бина, – элира инарлас, – суна хетарехь, цигахь массо а вевза хьуна, церан вон мел дерг а хаьа хьуна. Цундела, царех ас уггаре хьалха хьовзо безачу вочийн цIераш яхахьа суна.

– Дика-м, сан сийлахьниг, царех цхьа а вацара, – жоп делира полковника, цхьа хIума дагадаийта гIертачуха, ойла а йина. – Тохара вайн Бурсака-эвлахь хилла ГIоба санна, дика юьртдай хIинца бац хьуна. Делахь а, къаьсттина вонаш хьовзо хьуо валлахь, СурхохитIаххьий, Эрштаххьий, Нилхаххьий болх беш болчу юьртдайн цIераш яха ахь.

– Ой, ткъа, цу агIорахьа ваха гIерта ца бах ахь Зеламха а? – хаьттира инарлас.

– Бах те.

– А-хIа…

Цу минотехь чувеанчу дежурни эпсара, бакъо а ехна:

– Господин инарла, ахь схьакхайкхина юьртдай, цхьацца хьаькамашший, гул а белла, хьоьга хьуьйсуш бу, – элира ког когах тоьхна, лерга юххе куьг хьош, дIа а хIоьттина.

Инарла Михеев шена гондIабевллачаьрца шолгIачу этажа тIера охьа а воьссина, адамех юьзначу зала чу велира. ТIаккха иза а, цунна юххеранаш а, дIо дIанехьа баьрчехь, алон басахь тIе исхар а тесна лаьттачу стоьла тIе охьахевшира. Овкъара басадахана дуькъа цIоцкъамаш муцIадоьллачу бIаьргашна тIе а даьхкина, бос байна, эрчаяьллачу инарлин юьхьа тIехь синкъерамах хIума дацара.

Цу гIийло схьакхеттачу малхо, залан даккхийчу ангалин корах чекх а баьлла, къежбеллачу юьртдайн яххьашший, кхелина герзашший къагийнера.

Инарла Михеев хIинца оьгIазе хьоьжура: кху чохь цхьа а чомахь вистхила ца вуьтура, юьртдайша аьл-аьлларг, юкъа а лелхаш, кегдора, ша олучуьнца, ницкъ ма-кхоччу чIогIа, церан къоман оьздангалла сийсазъян гIуртура.

– Массо а къуй ду шу. И хIума лачкъийча бен дуьненах чам ца кхета шуна, бохуш, карзахваьллера иза. – Нисса цхьа кIира хан ю шуна обарг Зеламха соьга схьавала, и аш ца дахь, ас шайн доьзалшца Сибарех дохуьйтур ду шу. – ОьгIазе дIаса а хьаьжна: – Мичахь ву и Эрштара юьртда? – мохь туьйхира инарлас.

– Господин инарла, Эрштара Мурцал кху чохь ву, – жоп делира зала чуьра схьа цхьаммо-м.

– Мичахь ву и Бурса? – аьлла, юьртден цIе харцахьа яьккхира инарлас.

ДIо тIехьара схьавеана, хьалхахIоьттира, чардакх санна, лекхачу дегIахь, таьIано-цIестачу басахь юьхь-сибат а долуш, Iаьржа духар дуьйхина цхьа куьцехь стаг.

– Со ву, Михеев, и Мурцал, – элира цо, кхин башха цу инарлин сий лардан а ца гIурташ.

– А-а, хьо ву и цу лам чу хьала мел волучу къуьн терго еш Iийриг? – хаьттира Мурцале инарлас.

– Новкъа воьдучу маьршачу стагана ас цкъа а пхьоррий, буьйса яккха меттиггий ца кхоийна, я кхоор дац, – жоп делира Мурцала, шек а воцуш.

– Ткъа, хIинца массо къу а, новкъа воьдуш хилчахьана, хьуна маьрша стаг ву-кх? – хаьттира цуьнга, оьгIазвахана буйнаш а деш, Михеевс.

– Обаргаш къуй бац, инарла, – цуьнан дош нисдан гIоьртира Мурцал.

– А-хIа, обаргаш къуй бац бах ахь? – ша Iачуьра хьалагIеттира инарла. – ДIалаца иза! – омар дира цо эпсаре, Мурцална тIе пIелг а хьажош.

Зала чохь хаъал гIовгIа елира, нах вовшийн лере оьхура.

– Хьан ца вуьтура иза хIинца и ца дийцича? И мотт юхаоьзнехьара, ца хиндолу зулам ди хьуна цо шена, – элира Бурсакэвларчу юьртдас, кхеравелла, шена юххехь Iачун лере а таьIна.

– Деллахьа ма бакъ лоь хьо, – жоп делира вукхо, и санна, кхеравелла шена гондIашха а хьаьжна.

Веана юккъеиккхинчу полицейски пурстоьпо Мурцалера шаьлта а, юьртден мидал а дIаяьккхира.

– Ой, и хIун хабар дара?.. Хьайн наьIалт хила хьуна, – элира Михеевс, гIелвелла, юха а цу шен кIедачу гIанта охьа а воьдуш.

Зала чохь массо а, лай санна, кортош охьа а дахийтина, дIатийра.

4

Суьйранна дIабузучу малха кIел, дешин бос а керчаш, тийна лаьттара гуьйранна мажъелла хьун, Зеламха шен къоначу накъостаца Чиллан-Ирзе кхаьчначу хенахь.

Буьйсанна дIадийшале дечу дезаршна орцахдевлла дека олхазарш бен, хезаш хIума доцуш, тап-аьлла лаьттара кхузахь. Вовшашца яхь лаьцна къовсаделча санна, леррина чIогIа декара уьш. Царна юккъехь, къаьсттина бертахь, хьозарчий декара. Ишта хан даима а дукхаезара Зеламхина. Дуьненан пагIатонах а, доьзалх а къаьстина, ша висинчу цуьнан дагна тем луш дерг хIинца и цхьа Iалам бен дацара. ХIумма а дацара кхин цIийнан тхов боцу обарг кест-кеста кху Iаламан тхевна кIел висарх. Даг тIехь тем а, садаIа пагIато а кху Iаламо лора цунна. ХIинца а лаьттара динара воьссина обарг, ламаз дан хIоьттича санна,

тийна, кху Іаламан хазалло даг тІехь хьаам бина. Амма, цхьаъ дара хала: иштта латта зама кІезга хилар.

– Аюб, яздиний ахь Вербицкийга, ас хьайна тІе ма-диллара, кехат? – хаьттира вухавирзинчу Зеламхас шен накъосте.

– Цу дийннахь-м яздина, – жоп делира Аюба. – Алаза ву со хьоьга иза? – бехкала вахна хьаьжира и шен баьчче.

– Бехк ма биллалахь, вицвеллера со, – бехказавелира Зеламха. – Со дІо лаха Іин чохь хир ву хьуна. Схьавеанарг, кхузахь сацавай, мила ву а хьожуш, цхьацца суна тІе хьажавелахь, – элира цо, хьуьна юккъехь къайла а волуш.

Ирзухь кху шиннан дой, къона Аюббий висира. Куц долуш, лекхачу дегІахь, сара санна, вуткъачу Аюбан хІинца а ткъе ворхІ шо бен ца кхаьчнера. Малхой, махой таьІано-цІен бос тесна цуьнан стогаллин юьхь, сурт санна, хаза яра. Харачойн обарган цІарах дІасадоьду массо кехат яздеш а, доьшуш а цуьнан писарь вара Аюб. Ирзухь висинчу цо, схьагучу мел ваьлларг, тІекхойкхий, говрара а воссавой, аьрру агІорхьа хьуьн чу хьажавора. Цигахь дуьхьалвогІий Зеламхас, керла цІе а туьллий: – Вай Теркал дехьа довллалц юьхь ца гойтуш хилалахь, олий, бетах башлакх а хьарчайойтий, дІанехьа, ЗІокина тІе хьажавора иза. Иштта, леррина тидам беш, вовшахтуьйхира обарга шен керла отряд. И къайле Іалашйора цо, масала, чов хилла, я тилкхазваьлла мостагІчун караваханчуьнга накъостийн нийса цІе цаяккхийтархьама.

Зеламхас тахана арадаьккхина хІара кхераме гІуллакх уггаре а хьалха шена гондахьарнаш талла дагахь, цаьргахь доьналла, деган цІано, тешам бу-бац хьажа лууш дара.

Уьш берриш ЗІока волчу дІагулбеллачул тІаьхьа, Саламбек а эцна, царна тІе вахара Зеламха.

Тохара хьуьна юккъехь и шена гичхьана дуьйна а цхьана гІийлачу ахархочун тидам бинера харачойн обарга. ХІинца кхузахь и, ша санна, цхьана гІийлачу говрахь гича, Іа а ца велла, юха а:

– Хьан цІе хІун ю? – хаьттира Зеламхас.

– Дуда, – шена хІинцца тиллина цІе яьккхира ахархочо.

– Муьлхачу эвлара ву хьо?

– ЭгІаш-эвлара.

– Иза ас валийна, Зеламха. Вайнчех ву хьуна, – элира баьчче юххехь лаьттачу ЗІокас.

Кхин вист ца хуьлуш: «Дера, вац вухур волуш-м. Иштачуьнца дуьненан маьІе а ваха мегар ду», ойла йира харачочо. Юха а, цуьнан ледара говр гича:

– Алахьа, Дуда, хІинца хІун дагахь вогІу хьо тхоьца оццул гена, цу халачу новкъа? – хаьттира Зеламхас. – Говр ледара ма ю хьан.

– ХІара а сан-сайн, дера, яц, – аьлла, велакъежира Дуда, цу шен расхачу алашин йоца кхес куьйга охьа а шаръеш.

– Ткъа, хьена ю хІара?

– Накъоста елла-кх соьга хІара, цига ваххалц. Масала, цига со хІунда вогІу вай дийцахь, и ша ду… аьлла, ойлане сецира ахархо.

– Дийцахьа, хІунда гІерта хьо цига? – хаа лиира Зеламхина.

– Массо а ладугІуш сецира.

– Сакъералуш ца гІерта хьуна, Зеламха, – жоп делира ахархочо. Кхин вист ца хуьлуш жимма собар а дина, доккха са а даьккхина, тІетуьйхира цо: – Латтта дац тхан, доьзална сискал якхал болх бан меттиг яц, Зеламха, и ду со араваьккхинарг.

– Юьртара дакъа стенга дахана хьан? – хаьттира хаъал цецваьллачу Саламбека. – Доьхкина хир ду ахь и?

– ХІан-хІа, ца доьхкина, – жоп делира Дудас.

– ТІаккха, стенга дахана и? – хаьттира хІинца, хІара галволийла ца лиъначу Зеламхас.

– Хьуьнхахь, – тохара тхан дайша, кол а хьокхуш, даьккхина хІара вай тІехь лаьттачул цхьа ирзу дара тхан, – элира Дудас. – Пачхьалкхан хьуьнхахь латта хила бакъо яц, аьлла, хьуьнан хехочо дІадаьккхира тхоьгара иза. Пурстоьпе аьлчи а, округан начальнике арз дичи а, тхоьга ла ца дугІуш, дІаделира иза.

Массо а Дудига ладоьгІачохь дІатийнера. Церан хьал а Дудичух дукха тера дара. «Маржа, латта яІ-кх, мел дукха адам бІарз-

делла-кх кху дуьненахь хьо ца кхочуш, – бохуш, ойланаш йора Зеламхас. – Дӏа мел ваханчохь дуьйцург хьо ду-кх. Харачохь а, Шелахь а, Галашкахь а массо а хьо ца тоьаш, бӏарзвелла хьийзакх. Цхьаболчарна шортта делахь а, ахархошна ма чӏогӏа къийдина-кх хьо». Юхавирзина, хезаш, Дудига:

– Цу гӏийлачу говрахь Теркал дехьара да-м ца воллу хьо и латта? – забаре хаьттира Зеламхас.

– Дера, ца воллу, – гӏаддайна велакъежира Дуда.

– Тӏаккха?

– Цу Теркал дехьахь Вербицкий ву боху, – элира ахархочо, ойла йина, ша муха олу ца хууш, хаттаре Зеламхига а хьаьжна.

ХӀинца кхин а чӏогӏа цецваьллачу харачочо: «И хӀун ду? Латтий, Вербицкий. Царна юккъехь дозуш хӀун ду?» – ойланаш йора. Ткъа, хезаш:

– Вербицкийс хьайна латта даларе догдоху ахь? – хаьттира Зеламхас.

– ХӀан-хӀа, – цул а чӏогӏа цецвелира Дуда. – Цо мичара лур дара суна латта. Вербицкий сан мостагӀ ву.

– Муха?

Вехха лаьттира ахархо, ша и муха дийца деза ца хууш.

ЗӀокина дика вовзара и ахархо. Цуьнца вара Дуда, пхи шо хьалха кхузахь, Ведан кӀошгахь, ахархой паччахьан Іедална дуьхьал гӏевттича, еккъа шаьлтанашца салтийн тоьпашна дуьхьал лиэташ. Цундела, Зеламхина и вевзийла а, везалойла а лаьара ЗӀокина.

– Вербицкийс бехк а, гуьнахь а доцуш керта а веана сан хӀусам ягийна, – долийра Дудас. – Цо со сайн доьзалца эрна арахь витина. Цундела, Дала ша суна аьтто лахь, йийсар а дина, схьавалор ву ас иза.

– Э-э, и ахь дийр дац, – аьлла, юкъагӀоьртира цхьа кхин. – Вербицкийс сан ваша вийна, цунах йийсар ас дийр ду. Схьа а валийна, вацош, цуьнга сайн вешин бераш кхобуьйтур ду.

– Дитал хӀинца и, къуьйсур дац вай, – элира ишттачу накъостташца ГӀизларе хьовха, ГӀирме ваха а мегар долуш хетаделлачу

Зеламхас. – Со а ма ву жимма цу Вербицкийца мостагӀалла долуш, цундела, массара цхьаьна дер вай цунах йийсар.

ХӀинца а кхузахь берш харачойн обарге ладоьгӀинчохь дӀатийра.

– Аюб, – цӀехьана мохь туьйхира цо шен къоначу накъосте, хьо хьалхарчу тобанца гӀур ву, Гезал-эвлахула, Таьшкичухула чекх а ваьлла, гӀумкийн махкахула боьдучу новкъа дӀа. Саламбек хьуна тӀаьххье, шоллагӀчу тобанца хир ву. Со, – элира цо, айавелла, массарах бӀаьрг тухуш, – со кхоалгӀачу тобанца вогӀур ву, Гуьмсехула, Хаьнгаш-эвлахула а ваьлла, гӀалгӀазкхийн махкахула дӀа. ГӀизлара уллорчу Гарна-эрзалахь вовшахкхетар ду вай. Кхетий шу?

– Кхета! – элира массара а.

– Новкъахь цигаьрка ма озалаш, герз кийча латтаделаш, къамелаш ма делаш, лерг сема хилалаш, набарх ларлолаш, дагахь мел доцчунна кийча хилалаш, лата дезачохь юха ма довлалаш. Кхетий шу?

– Кхета! – юха а самаяьккхира цара и йижа кечъелла юькъа хьун.

– ХӀинца вовшийн терго а еш, новкъадовлал шайна, – омар дира обаргийн баьччас, Саламбекей, Аюбей куьг а луш.

Цу дикачу дойн гаьънаш, схьакхеттачу беттасехь лепаш, цхьана эшшаречу татанца Теркехьа дахара.

* * *

И хала, беха некъ чекх а баькхина, ГӀизлара уллохь Гарна-эрзалахь цхьаьнакхийтира обарг Зеламхин отрядан тобанаш. Кхузахь, буькъачу эрза юккъехь, гондахьа ха а хӀоттийна, набарш еш а, ца еш а, шайн вертанашца дӀатевжина садоӀуш бара царех дукхахберш.

– Герз а нуьйр-дирста а шайн меттахь ю-яц хьовсий меттиг елаш, – бохуш, кхин агӀор ца волуш, цхьа Зеламха хьийзара цу Іаьржачу буса ГӀизлар-гӀалин юкъ талла шина накъостаца ша хьажийна Саламбек вухаваре хьоьжуш.

ГIалин йист а, юкъ а теллина схьавеанчу Саламбека:

– Кхин ца хьелуш, сатасале гIали чу лата деза вай, – элира бабче.

– ХIан-хIа, – дуьхьалвелира Зеламха, – кхин беттаса а доцуш, гIали юккъехь гIовгIа иккхича, вешанаш нехачех къасталур бац вайга. Ткъа, цу кегаре юккъехь вовшашна зен дан тарло.

– ХIета, цхьа зе доцуш гIуллакх-м хир дац хьуна, – ша бохучунна тIегIоьртира Саламбек.

– Совнаха хиндерг эшац. Дийнахь, белхан хенахь, чулетар ду вай, – хадийра обаргийн тхьамдас. – Вайна бехк боцчу нехан цIий эшац, вайна дийна Вербицкий, пачхьалкхан банкина тоьхна догIанаш даха догIанаш оьшу. – ДIасахьаьжна ла а доьгIна, тIетуьйхира цо, – вай лоьхург вешан чIир ю, ваьшна Вербицкийс дина зе цунна юха дичахьана довлу вай…

Массо а, кхин вист ца хуьлуш, тийна лаьттара.

Ницкъана дуьхьал ницкъ бичий, дIаяьккхинчунна дуьхьал юхаяьккхичий, вийначунна дуьхьал вийчий хIотталора Зеламхин Iилмица нахана юккъехь и нийсо. Иштта яра харачойн обарган идейни программа, я цунна юххебевллачарех цхьа а дегI и нийса дац олуш ца долура.

Вовшашна гIо а деш, Зеламхин накъосташа массара а шайн белшаш тIе ГIизлара-Гребенски полкан погонаш ехкира. Ткъа, Зеламхассий, Саламбекий, Аюбий шайна эпсарийн погонаш нисйира. Иштта кеч а белла, Iуьйранна итт сахьт даьлча, гIали чуьра арадовлу некъаш лардан йистехь ондда ха а дитина, дошлойн эскаран низамца кхоккха хIоьттина, ГIизлар-гIалех чу буьйлабелира уьш.

«ХIинца хуур ду-кх, Вербицкий, вайшиннах кхахьпа муьлха ду, – ойланаш йора, цу тIулгийн некъа тIехь шен челакха дин а ловзабеш, хьалхаваьлла воьдучу Зеламхас. – Сан каравогIур ву хьо, Делан мостагI! Хьовсур вай!..»

Иштта вахана, пачхьалкхан банкан парадни неIара хьалха шен отряд а сацийна, динара воьссира Зеламха. Шена тIаьхьахIоьттина пхи-ялх накъост а волуш, сихонца банкан цIеношна чу волавелира иза.

ЧувогIуш эпсар гича, воьхначу хехочо, ша муха хотту а ца хууш, бакъо хаьттира Зеламхига. ТIаьхьавогIучу ЗIокас, кхин къикъ ца олуьйтуш, бага дIаюькъира хехочун.

Массарел хьалха чуваьллачу Саламбека:

«Хьаладахийта куьйгаш! – мохь а тоьхна, совцийна банкехь болх бийраш, куьйгаш хьала а айина, шаьш бол-болчохь дIатийра: цхьана писаран пIелгаш юккъехь, бега а беш, сийна къолам боллура, вукхун буйнара охьа, зIена тIехь лесташ сахьт кхозура, кхоалгIачун белшах, цхьа пхьош тIедуьйхина а йолуш, Iаьржа пальто йоллура.

– Оха шуна хIумма а дийр дац, нагахь аш Вербицкий волу меттиг схьайийцахь, – аьлла, коьртачу казначейна тIевирзира Зеламха.

– Вербицкий цIахь я и мичахь ву а хаац тхуна, – жоп делира казначейс, хорша еъча санна, вега а веш.

– Схьадийца мичахь ву! – мохь туьйхира Саламбека.

– ВаллахI хаац суна и мичахь ву, – бохуш, охьавожжа воллуш лаьттара казначей.

ДIо дIанехьа маьIехь иккхинчу гIовгIанна юккъехула, ша лелориг ца хоуьйтуш, даьхьна цу казначейс сейфан догIанаш корах ара кхийсира. И гинчу Зеламхас:

– Хьайна ваха лаахь, кху сохьта схьада уьш, – элира, ластийна цу коьртах шад а тоьхна. – Оха кху чуьра, пачхьалкхан ахча бен, хIумма а оьцур яц.

Схьа а лехна, казначейс Аюбе дIаделира догIанаш.

Таьлсаш дуьззина ахча а эцна, шен накъосташца цхьаьна, цу банки чуьра аравелира Зеламха. Шайна дуьхьалгIорта дагадеанарг кхеро тоьпаш кхуьссуш, тохара санна, цу боккхачу урамехула хаьххина гIалех бевлира обаргаш. ТIаккха а куьйгаш ирах шаьш болччохь лаьттара Саламбекан маьхьаро кхерийна банкан чиновникаш.

Хилларг хилла даьллачул тIаьхьа гIевттинчу гIалин хьаькамаша айдинчу эскарша Терках долу тIай дIалаьцнера. Амма, еха ойла ца еш, шен накъосташца вахана Зеламха, цхьа стаг вийна я

чов хилла кIел ца вуьтуш, Терка чухула а ваьлла, шен отрядаца гIумкийн арарчу хьаннашкахь къайлавелира.

Цу хенахь подполковник Вербицкий, шега кехат яздина Зеламха нахана юккъехь аьшнаш а веш, Соьлжа-ГIаларчу эпсарийн клубехь кехатех ловзуш Iара.

– Э-хI, хьовсийша хIинца, ма майра къонаха ваний Зеламха, – бохуш, харачойн обаргах ца вешаш, дуткъий балдаш а сеттош, дуьйцура Вербицкийс. – Воьл, ткъа, ша иштта майра велахь, со волчу ГIизлара.

– Ван а мегий иза-м, господин подполковник, – элира Вербицкийга, деха хьаьрса мекхаш а долуш, цунна дуьхьалвирзина Iачу есаула. – Обарг Зеламха аьрха стаг ву, иштачо хIуьу до хьуна.

Цу хабарх ваша дагахь а вацара ГIизларера подполковник. Баьццаро-хин басахь даккхий бIаьргаш хьала а айдина:

– Э-э, сан доттагI, и хьуна туьйранашкахь буьйцу хезна турпалхой белла дукха хан ю хьуна, – элира Вербицкийс, ластийна жIарийн тIуз охьа а тухуш. – Схьакъада-кх цу агIорхьа, ма-вуьйцу ша велахь. Ас шен нанна ца вевззачу тIе воккхур ву иза…

5

Нилхойн-эвлана гена йоццуш, Эрштойн-ломан лекхачу басахь, цхьана кIоргачу Iина йисттехь лаьттачу ширачу бIаьвна чохь дIанисбеллера Зеламхин доьзал.

Харачойн обаргана дика вевзаш Нилхахь вехачу стага, ша цига уьш охьаховшош: – Нагахь, шайга цхьаммо хаттахь, шаьш лурдоьлла Хьалха-МартантIара даьххина нохчий ду алалаш, – аьллера Бицигий, Зезагей. «Иштанаш кхузахь кест-кеста хуьлу, – аьлла, сацийра шен дагахь Элберда. – Ткъа, лурбоьллачу нахана тешнабехк бан наггахь стаг а хIуттур вац».

Кхуза кхаьчахьана, тахана дуьххьара, даго цхьа вон хьоьхуш, сов чIогIа холчахIоьттинера Бици. «Берашца цхьаьна со кху пана махка а кхоьссина хIун деш лела техьа Зеламха? – бохуш, даге хала хеттарш дора ша йисинчу обарган зудчо. – ДIо Харачойн-

лома кIел суна массо ор а, кол а евзара, хIора шийла тIулг а, дитт а суна дIалачкъа меттиг кечйина дара. Ткъа, кхузахь суна нах а, некъаш а – хийра»…

Ялх бутт кхаьчнера Бици берах йолу, балхана а хIинца язъеллера: атта кIадлора, еза хIума а ца айбалора. ХIара берашца а юьтий, денна бохург санна, Зезаг ши еттий, говрашший яжо йоьдура, ткъа кегийчу бераша кхунна кIезга гIо дора. Декъа дечиг лахьо хьуьнах хьовсийча а, цигахь муьстаргаш я мангал-комарш а карайой, сарралц чу ца доьрзура уьш. ХIинца шена тIедогIучу адаман коган татанаш а хезаш, иштта и бераш дIа а хьовсийна, ша йисина, Зеламхина Iаьржачу исхарин чоа деш, ойланашка яхана Iара Бици.

ТIеюьйхина овкъаран басахь, тишо бедар а йолуш, шена хьалха хIоьттина стаг цхьанахьа-м гича санна хетаделира обарган зудчунна. Сов чIогIа тера вара иза кхунна вевзачу БIагалх. Амма, цу БIагалан, нехан сискалш тIаьхь хьийкъинчу стоммачу юьхьмаршах ца эра кху лаьттачуьнаниш.

– Со ца вевза хьуна, Бици? – хаьттира хьешо, ца ваьлла, кIелдIахула вела а къежаш.

– Ваттай, БIагал, хьо вац хIара? – хаъал кхера а луш, цецъелира хусамнана, хьешан цIийза аз хезча, и БIаьргбаьлларг вовза а вевзина.

– Со ву, Бици, – элира БIагала. – Де дика дойла хьан.

– Диканца вогIийла. Дера, ца вевзара. Хьуна хIун хилла, хорша йогIуш-м вац хьо? – хаьттира Бицис «хьайн волла ю-кх хьох яхнарг», – шена дагадеъаншехь. – Соьга ма цецваьлла хьаьжира хьо? – елакъажа гIоьртира Бици.

– ЭхI, Бици, – элира БIаьргбаьллачо, шен ницкъ ма-кхоччу качвала а гIуртуш, – шуна тIеван-м атта даций. Цундела, кхоьру, – БIаьргбаьллачун иман доцчу юьхьа тIехь ямартло сецира.

– Ткъа, иштта вон нах ду техьа тхо? – хаьттира Бицис, шен тоьгунаш хьарчийна дIа а дохуш.

– Шу дац, шу даха ца дуьтурш буй и вонаш-м, – жоп делира БIагала, ша кхаьргахьа узуш ву моттийта а гIоьрташ. Юха а, цхьа яйна хIума лоьхуш санна, гондIашха хьаьжира БIаьргбаьлларг.

– Бехк ма биллалахь, къамеле а яьлла, массо хIума дицдина ас-м, – аьлла, чуяханчу Бицис, цхьа кхо ког болу гIант ара а даьккхина: – охьахаахьа, – элира хьеше.

– Баркалла, иштта ирахь хазахо ду, – аьлла, охьа ца хиира БIагал. ДIасаволавелла, Iин чу а, бIаьвна гондIашха а хьаьжна: – ХIара-м хаза меттиг ю, – элира цо.

Амма, хIинца кхоччуш шекъяьлла Бици хьеше ладугIуш яцара. КIелдIахула и тергал а веш; кхунна тIаьххье кхин вогIий техьа кхуза хьала, бохуш, некъе ладоьгIура обарган зудчо. Цу новкъахь кхин тата а ца хезна, самалхаделира цуьнан.

– Хьо муха кхечи тхо долчу агIорхьа? – хаьттира Бицис, цуьнга йистхила дог ца доггIушехь.

– Дукха хан юй хIара меттигаш шун агIонаш хилла? – аьлла, шен цхьаъ бен боцчу бIаьрган цIоцкъам саттийра БIагала.

– Мацах дуьйна а тхан ю-кх хIорш, – жоп делира Бицис, кхерчара цIе а таеш.

Юха а кIелдIахула хIусамнене а хьаьжна:

– Кхуза, Нилха-эвла, балха хьажийна со, – элира БIаьргбаьллачо.

– Кхузахь хIун болх бу хьуна бан?

– Писаран болх, – элира хьешо, цу балхана ша реза волчуха. – Сайна лиъна веана со кху агIор, – аьлла, гондIахьа а хьаьжна: – чIогIа хазахета суна хIара меттигаш, – элира цо. ТIаккха, охьахууш схьабаьккхина шен холхазан куй, бегийна гоьл тIе а биллина, мала шийла хи дийхира веанчо.

«Ванах, хIара дехначуьра даста ца лун боьха жIаьла массанхьа а писарь хIунда хьежаво техьа?» – ойла а йина, ца тийшира Бици, БIаьргбаьллачо шен лаамехь кхуза веана бахарх.

– Хьуо я доьзалца – муха веана хьо? – хаьттира цо хьеше, кхийрачу зоки чохь деана цуьнга шийла хи а кховдош.

– Сан кхин доьзал бац, чуьраниг ялош схьавеана-кх, – жоп делира БIаьргбаьллачо, молуш буха дисина зоки чуьра хи дIа а кхуссуш. – КIордийнера суна цу гIопехь бехна лелачу эпсаршка хьежа. Кхузахь кIеззиг садоIур ду-кх.

– Тхо-м кестта кхузара Харачу юха дерза дагахь ду, – цунна хIуьттаренна, шена гIенахчул башха дагахь а доцург, элира Бицис.

– Ахь баккъал бах я бегаш бо? – хаьттира, Iачуьра хьала а айвелла, хьешо.

– Баккъал, дера, бах. Халахета хьуна тхо цIа доьрзуш? – аьлла, БIаьргбаьллачуьнга лерина хьаьжира Бици.

Коьртах хIума а тоьхна тентакдаьккхина жIаьла санна: «Хьажахьа хIинца, со кхуза а хьажийна, цу Iовдалша динарг. Кхана бевлла хIорш дIабахча, эрна дов-кх ас хьегна къа», – ойлане, воьхна лаьттара БIагал. Юха а цхьа цIеххьана набарх ваьлча санна:

– Зеламха цIахь ваш? Гена дIасаваьллий хIара? – хаьттира цо, и шена башха а ца хетачуха.

– ЦIахь ваш, – элира Бицис.

– Гена ваханий?

– Соьга ша стенга воьду аьлла ара ца ваьлла и кху тIаьхьарчу иттех шарахь, – жоп делира обарган зудчо.

– Ткъа, и дика ду моьтту хьуна? – хаьттира БIаьргбаьллачо. – Зудчунна шен цIийндас лелориг хаарх дала зе ма дац.

– Дена шен доьзал мичахь бу хиъчахьана тоуьйту аса-м, аьлла, ша-шена ела а къежна, хьешана кхача балан дагахь тохаелира хIусамнана.

* * *

Терка йистерачу хьаннех бевлла, Iаьржачу буса схьабогIучу обаргашна, и гIумкийн аре а яьккхина, моггIара дIа шайна хьалха йогуш цIераш гира. Дикка тидам бича, цераи серлонгахь, адамийн гIаларташ санна, халла кегийра IиндагIаш а хаалора.

– Схьахетарехь, уьш вайна йина кIелонаш ю, Зеламха, – элира Саламбека, шен динахь накъостана юххе а гIоьртина. – Хьалхаваккхий цхьа-ши стаг вахийта вай цига ладогIа?

Зеламхин омарца обаргаша массара а шайн дой, юхаоьзна, совцийра.

– Гена делахь а, цигахь адамаш луьйш сайна хезаш хета-кх суна, – аьлла, баьччехьа вирзира ЗIока.

Цхьана эхаминотехь ойла еш а лаьттина:

– Цигахьа стаг вахийта эшац, – элира Зеламхас. – Схьаяхкийта суна тІаьххьий, – аьлла, аьтту агІорхьа берзийра цо шен дин.

– Цигахула вай дІа-м дахалур дац, – дуьхьалвирзира, и меттигаш евза ЗІока.

– ХІунда? – хаьттира обаргийн тхьамдас.

– Яккхий ишалш а йолуш, аьрха меттиг ма ю и, Зеламха.

– Цигахь уьш йолу дела, цу агІор вай гІур дац моьттуш ма йина цара и дІора кІело. Схьаяхкийта аш суна тІаьххьий, – аьлла, куьг а ластийна, цхьа а некъ боцчу ара вирзира харачойн обарг.

– Дера, ЗІока, нацкъар белахь а, маьрша некъ ма тоьлу, – элира воккхачу стагана тІаьхьа вогІучу Дудас.

Пхи-ялх чаккхарма ехачу арахь, тІе Іеха а тесна, матарйоьлла лаьтта уьшалш самаехира бехачу некъо гІелдинчу обаргийн дойн бергаша. Юкъ-юккъехь йисина коьллаш а, яккхий юьхкаш а йолуш лаьттачу цу юькъачу уьшала чухула, когаш дІалоьцуш, гІоьртина, хала хур деш догІура обаргийн дой. Цундела, цхьаберш, говрашкара а биссина, гІаш оьхура.

Уьшала чохь, хотто дІа а лаьцна, етталуш йисира Дудин алаша. ТІебаьхкина накъостий, ницкъ ма-кхоччу и схьаяккха гІоьртина бохкура. Амма, тоха мел ели чуоьхуш, къайлаялла йоллура алаша. ТІаккха, цара, схьаяьхна шайн жуларш вовшахтесна гІодаюккъе а йихкина, такхийна хьалаяьккхира иза. ХІинца тІехаа пайдейоцу и алаша юххе а лаьцна, Дуда шена тІехьа хаийра Саламбека.

Иштта хала, Гуьмса хьалхха шайна йинчу кхечу кІелонах а бевлла, Зеламхий, цуьнан накъостий баьхкина тохарлерачу Чиллана-Ирзе кхечира. Обаргийн тхьамдас байшна догІу дакъа дІа а къастийна, шаьш ГІизларера деана пхи эзар туьма датой, цІестий ахча, цхьабосса нисдеш, накъосташна дийкъира.

Накъостий дІаса а бахийтина, Саламбекана и лаарна, ЗІокин гІотошка ваха дагахь новкъавелира Зеламха.

* * *

Цу дийнахь Несаран округан начальник эла Андреков коьртехь а волуш ши эзар бІаьхо эскар дахара Галашка-лам чу, ши зудий, берашший лаца дагахь.

«Ас, нигат дина, сайна тІелаьцна, – бохуш, яздира эло ша цу новкъа ваха цхьа-ши де хьалха накъосте, – муьлххачу новкъа вахана а, нагахь эшахь, суо вейтина а, и Зеламха боху пис хІаллакьян». Цу тайппана, лаахь а, ца лаахь а, и паччахьан луьра мостагІа вен тІелаьцна эла Андреков, гурахь гІа а мажделла нилха евллачу хьаннашкахь обаргашна ловчкъа аьтто боцчу хенахь, аравелира. БуритІара дІа, Шанко-Хоши дукъа тІехула, Галашка-лам чу Апшеронски полк хьажийра, Іассан тогІи чухала хьала ДегІастанан дошлойн сотний, ГІизлара-Гребенски полккий, милицин цхьа сотний, пулемоьтийн ротий хьажийра; Соьлжа-ГІаларий, Веданарий Эрштахула хьала ширванский, самурский ши рота яхара, Тионетский уездехула, Тифлисера схьа гренадерский батальон хьажийра, Телавера цхьа эскадрон драгунаш арабевлира. Апшеронцех туьйхира цхьа взвод сапоьраш, Зеламхин массо а чІагІой, и дІасагІон волчу новкъара массо а тІай дохор тІе а диллина.

Эрштойн-ломан басахь шайн берашца цхьаьна ширачу бІаьвна чохь Бициний, Зезагний дагахь а дацара, шаьшшинна тІе ишта «буьрса мархаш» гулло бохург. Дийнахь цу лекхачу ломан басара дІасахьаьжча, шайна тІебогІучу готтачу новкъахь цхьа а кхераме хІума ца гуш дІабийшинера уьш.

Буьйсанна ханъяьллачу хенахь, наб ца кхеташ Іуьллучу Бицина, дІо гена арахь цхьана наха вовшашка маьхьарий детташ санна, гІовгІа хезира. Цу сохьта цо Зезаг а, Муги а хьалагІаттийра. Шийтта шо кхаьчна Муги хІинца кху цІен тІехь къонахчун метта виснера.

– Вайна генахь боцуш нах бу-кх луьйш хезаш, – элира йоьхна йисинчу Бицис, – суна вуно шера хезира цара вовшашка детта маьхьарий.

– Мама, мичахь бу уьш? Суна ма ца хезира цара къамелаш деш, – элира Мугис, ницкъ ма-кхоччу ненан догъэца гIоьртина.

Цу минотехь юха а арахь цхьа вон шок туьйхира.

– Хезий шуна? – элира Бицис.

– Уьш жаIуй бу хьуна, мама, – аьлла, хьалаиккхира Муги.

– ХIан-хIа, уьш жаIуй бац, – аьлла, кIант тIехьа а тетина, топ а эцна араелира Бици. Зезаган топ а эцна нанна тIаьхьа вахара Муги. Дика набарх ялаза йолу Зезаг а царна тIаьххье араелира.

Охьа а лахъелла, цу Iаьржачу буса леррина гондIашха хьаьжна, аренга ладуьйгIира Бицис. Татанца декаш доьду шовдий, шок а етташ хьоькху моххий бен, хIума дацара хаалуш.

– И хьуна моттаделла, мама, схьаяло, чу гIор вай, – аьлла, юха а шен ненан дог ирахIотто вуьйлира Муги.

ТIаккха а, лаха Iин чохь, цхьаммо хьабича санна, жагIа меттахбелира. Охьа а таьIна, леррина цига хьаьжжинчохь дIатийра Муги: цу Iаьржачу буса хала къаьсташ, дIо лахахула букар а таьIна воьдучу стагах бIаьрг кхийтира цуьнан.

– ХIей, хьо мила ву? – мохь туьйхира Мугис. Цигара схьа цхьаммо а жоп ца делира.

Хьажа а йина, цу агIор цкъа а, шозза а топ ялийтира Мугис.

Цу тоьпан тата, айделла дахана, дIо дехьарчу ломах а кхетта, дакъош хилла дайра. И кхарна ца вевза стаг а къайлавелира. Юха а, тохара санна, шовдано къоруо ден татий, махо хьоькхуш етта шоккий бен схьахезаш хIума доцуш, инзаре севцира лаьмнаш.

6

ЭгIаш-эвлал сехьадевлча, шен говран урх а оьзна, ЗIокигахьа вирзина:

– Аюбаца цхьаьна кхузахьа чувирзина, Харачохь хIун ду хьожур ву со, – элира Зеламхас. – Ахь, Саламбекаца, дIа а гIой, цигахь собарде. Тхойшиъ дукха хьелур вац шуна.

Аюбаца аьрру агIор дIавирзина Зеламха, ехачу ирхох хьала а ваьлла, луьстачу хьуьна юккъехула татанца доьдучу Хулахулон

лекхачу берда йистехула, готтачу новкъа воьдура шен накъостаца. Уьш дукха гена бовлале, хьуьна юккъехь деш синкъераме къамелаш а, беларш а хезира царна. Герго гIоьртина, шайн дой а совцийна, ладуьйгIира Зеламхас: некъана пацкъаро, цхьана хазачу бай тIехь, кхиинчу боккхачу кхура кIел, кад а молуш, сакъоьруш Iара цхьа нах. Царна жималла лелош хьийзара ши жимха.

Генахь керчинчу татанца стигал а къевкъаш, боданехь ластийнчу хаьштиго санна, сиз а доккхуш стелахаьштиг туьйхира. ЦIехьана айбелла мох, къизо хьуьнан гIа а дегош, хьаьвзина чекхбелира.

– Сийлахьниг, вай дIадаха кечдала деза, моьтту суна, – элира тхьамдин метте Iачу зоьрталчу хьаькамна тIехьа лаьттачу къоначу эпсара. – Сих ца хилахь, догIан кIел диса тарло вай.

– И пайдабоцурш ма дийцахьа, господин поручик, – аьлла, ца вешаш куьг ластийра хьаькамо, вукху буйнахь айдина цIечу чагIарх дуьззина стака а долуш. – Шекарх дина-м дац вай хIинца догIа кхетча ца мага? ГIенахчул башха хьуна дагахь доцу, хийла тамаше хIума, дера, хуьлу кху дуьненахь, – бохуш, къамел а деш, даьхьна цо и шен стака юххехь Iачу накъостан стаканах туьйхира. Юха массаьргахьа а вирзина: – Господаш, хезий шуна? Обарг Зеламхас юха а эхь дина ма боху куралла валлаволлучу ГIизларерачу Вербицкийна.

– Ахь баккъал бах? – цецвелира цунна дуьхьалвирзина Iийриг.

– Дера, бах, – элира тхьамдас. – ДагадогIий шуна, вай схьадогIуш со округан начальник волчу хIоьттина?

– ДогIу те. ТIаккха?

– Цуьнан стоьла тIехь Iуьллуш зIе яра-кх: «Обарг Зеламха шен тобанца дийнан делккъехь ГIизлара-гIала а веана, цигарчу банка чуьра дукха ахча а эцна, вахана, сихонца и лаха аравала», – аьлла, инарлас тоьхна, – бохуш, дуьйцура зоьрталчу хьаькама. – Цу тIехула тIе, ша ГIизларе вогIийла хоуьйтуш, Вербицкийга хьалххе кехат а яздина хилла, боху, Зеламхас.

– Э-эй, и хIун ду? – куьйгаш вовшах а тоьхна, хаъал велакъежира поручик. – Ткъа, хIинца цу балхана кIелхьаравала дагахь ву техьа Вербицкий?



– Тамаша бу-кх валахь? – элира дуьйцучо, шен буйнара стака, цхьа-ши къурд бина, охьа а хІоттош. – Нагахь, лакхарчу хьаькамаша кІелхьаравалийтахь а, вайна эхь-м ду и. Шаьш ойла ейша, доккха хІума дац цхьана обарга вайгахь латтош дерг? Эхь хиллам, дера, ца Іа, – аьлла, шен берстина корта бегийра зоьрталчу хьаькама.

– Ткъа, кхин хІума а ца хаалуш, къайлабевлла уьш? – хьаттира гхьамдина дуьхьалвирзина Іачо.

– Уьш гучу муха бовлу, и дан лууш стаг ца хилча, – жоп делира тхьамдас. – ГІизларера схьабогІучу царна кІелонаш е, аьлла, буьйсанна эскарца араваькхина Хасун-юьртара пурстоп Кадыров а, уьш шена тІеІоттабаларна кхоьруш санна, салташка цІераш а латаяйтина Іийна…

Цу шена ца бевзачу наха дечу къамелашка чІогІа ладуьйгІира Зеламхас. Харачойн обарг ца кхеташ нагтахь юкъанислучу дашах и кхета а веш, цунна юххехь лаьттачу Аюбан вуно чІогІа сакъераделлера и хабар хезаш.

Аюб эцна дІанехьа хьуьна юккъе а ваьлла, шен топпий, говррий цуьнга дІа а делла:

– Цхьана минотехь кхузахь сацал хьайна, царна тІе а вахана, со схьавогІу хьуна, – вахара харачо.

ГІиллакхана, гено а сецна:

– Асалам-Іалейкум, – маршалла делира цаьрга Зеламхас, – шен шаьлтан тІе ка а диллина.

– Ва Іалийкум-салам, марша вогІийла хьо! – дуьхьалвахана куьг делира цуьнга, кегийра Іаьржа бІаьргаш а долуш, готтачу хьаьжа тІе баьлла Іаьржа кІуж болчу, гІеметтахІоьттинчу къонахчо. – Схьавало, охьахаа, оха хьаша вийр ву хьох,– элира цо, шен хьацаро дашийна жима куьг дІа а кховдош.

– ХІан-хІа, баркалла, вухавелира Зеламха. – Со-м, сайгара гІо оьшуш меттиг юй техьа дагахь, новкъа воьдучуьра схьанехьа ваьллера.

– Бакъахьа веана. ДІалацал цкъа хІара саламан кад, – йоккха стеран маІа юьззина чагІар кховдийра Зеламхина тІевеанчо.

– Баркалла, со молуш вац, – маIа дIа ца ийцира обарга.

– Со Соьлжа-ГIалара адвокат ву, кIеззиг сакъера дагахь схьанехьа даьххинера тхо. ДIаэций, цхьа къурд мукъа а бехьа, – аьлла, юха а кховдийра адвоката хьеше маIа.

– Дела реза хуьйла, и мала бакъо яц сан, – элира Зеламхас, шен шаьлтан макъара тIера куьг дIа ца доккхуш. – Амма, хьо адвокат волуш-м дика хета суна, ахь дан гIуллакх ма ду сан.

– Шарин Данилбек ву хьуна со. Соьлж-ГIала хьо дIавеъчахьана, хьан муьлхха а гIуллакх къастор ду-кх вайшимма, – аьлла, шен буйнара маIа тIевеанчу поручике дIакховдийра адвоката. – Хьо-хьуо муьлхачу эвлара ву?

– ЭгIаш-эвлара ву со. Кхуза Ведана цу сайн гIуллакхана веана лелла, цIавирзинера со.

– И хIун гIуллакх ду?

– Боцчу бехкана, доьзал тIера а ваьккхина, ваша Сибарех вахийтина сан. И арз эцна лела-кх.

– ТIаккха, гIуллакх хилин хьан? – хаьттира, цец а ваьлла, Зеламхига хьаьжжинчохь лаьттачу поручика.

– ХIан-хIа, – хецца жоп делира шега хьоьжу и тергалвинчу обарга. – ХIинца хIара адвокат волчу гIур ву со. Кхуо сардале дика кехат яздахь, цIа ваийта мега иза.

– Ас яз-м, хьо ваха, дийр ду. ДIавоьл ГIалитIа, – элира чагIаро кеп йинчу Данилбека, обарган белша тIе куьг а тоьхна.

– Бехк ма биллалахь суна, хьан цIе хIун ю? – хаьттира поручика Зеламхига.

– Дуда, – жоп делира обарга, тохарчул башха шек ца волуш. – ХIунда хоьттура ахь? Со вовза-м ца вевза хьуна?

– ХIан-хIа, – элира поручика, цунна тIера бIаьрг ца тилбеш. – Сайна гинчу цхьана стагах тарвеллера суна хьо.

– Хьанах тера ву со? Дийцахьа, – хаъал велакъежира обарг.

– Обарг Зеламхех, – жоп делира поручика, цхьана эхаминотехь вист ца хуьлуш лацавелла. – И, лаьцна волуш, цкъа набахте вигна ас.

– Айхьа хIун юьйца мукъана хаьий хьуна, господин поручик Гринев? Хьуна хIунда тарвелла кхунах Зеламха? – аьлла, юха а

дехьана обарган белша тIе куьг туьйхира, поручиках ца вешаш, сакъераделлачу адвоката.

Цкъа эпсаре хьожуш, юха адвокате хьожуш, цу хабаран шена бала боцчуха, кхин юьхьа тIехь хийца ца луш, лаьттара Зеламха.

– Схьаволахьа, хIума мукъана яахьа тхоьца, – аьлла, и хабар хадош, обарг дIаозийра Гриневс.

– Ирс долуш юийла, со сиха ву, бехк ма биллалаш, – аьлла, эпсаран Iодика еш, куьг кховдийра Зеламхас. ТIаккха адвокатехьа а вирзина: – Данилбек, хьо волчу Соьлжа-ГIала обарг Зеламха вогIур ву хьуна, ладугIуш хилалахь, – элира обарга, ша бегаш бечуха, куьг ластийна дIа а волалуш.

Акъваьлла, цунна тIаьхьа хьаьжжинчохь адвокат висча:

– Ас дуьйцург дош дац хьуна, господин Шараев, – элира, адвокатан лере а гIоьртина, Гриневс, – ГIизларера банк а йохийна, схьавеана харачойн обарг Зеламха и дIаваханарг вацахь.

Цецваьлла дIаса а хьаьжна:

– Господаш! – аьлла, мохь туьйхира Шараевс шен накъосташкахьа а вирзина.

Катоьхна куьг лаьцна и вуха а озийна, юха а лере гIоьртинчу эпсара:

– Хьерваьлла хьо? Кхин вист ма хилалахь, йоккха гIовгIа йоккхур ю ахь кхузахь, – элира адвокате.

Ондда меллачу чагIарх бехна, чIогIа вовшашца къамелаш дечу вукхара башха тергал а ца вира хIара шиъ.

* * *

ЗIокин жимачу оти чохь тахана йоккха гIовгIа лаьттара. Кхузахь шен накъосташца къамелаш деш Iара харачойн обарг.

Муьлххачу а бохамна хьалха, даръеллачу барзал башха шек ца волуш схьавеана Саламбек хIинца цхьа тамашийна мадвеллера. ХIинца, цо схьадийцарехь, цунна массарех а къахетара, дахар а, дуьне а кIордийнера. И бахьана долуш, Зеламха шен накъостаца тахана девне ваьллера.

– Шена мел йина муьшка а ловш, осала ваьхнарг цкъа а гIелонна кIелхьара ца ваьлла хьуна, Саламбек, – бохуш, лоьру цуьнга Зеламха. – Мелхо а, эххьий, имий доцург цу гIийлачун кочахь веха.

– Ас-м, хIун дича бакъахьа дара техьа, хоьтту хьоьга, цхьаьнгге а сайн коча хаа ца бах, – аьлла, цхьа хIума новкъа гIоьртича санна, ша Iачуьра меттахвелира иза.

– Муха ца боху? Дера, боху-кх коча муш а тасий ирхъоллам, – сихвелира Зеламха.

– Ой, ткъа и дош инарлас ма делла…

– Дукха вуьйцу ахь инарла, – накъостан къамела юкъа а эккхаш, хьалагIеттира харачо. – Кхана и шен дош юхаэца а эхь хетар дац цу инарлина-м. Цо хьуна ма ца делла и, хьан юкъархошна делла-кх. Ткъа, уьш цу инарлина товш дерг дан кичча бу.

– Хьоьга и бакъ-м, дера, лоь, Саламбек. Сих а ца луш, ойла ехьа, – элира ЗIокас.

– Дукха йина хьуна ас, ЗIока, ойла кхин дан хIума дац, – доккха садаьккхира СагIопшарчу обарга… – ГIад-амал дайина, хьийзабой цара-м сан юьртахой…

– Ткъа, хIинца хьо велча, инарла Михеев царех къинхетам бан кечвелла моьтту хьуна? – хаттаре цуьнан даша юккъе а эккхаш, волавеллачуьра сецна, леррина накъосте хьаьжира Зеламха.

– Дера, ца моьтту, – жоп делира Саламбека. – Делахь а, и сайна тIехула ца хилча, дагна атта хир дара моьтту-кх. Ткъа, ишта сайна тIехула уьш хьийзошшехь, лергаш таIийна Iар осала ма ду.

– Хаац суна-м, – юха а вистхилира Зеламха, – осалалла муьлха ю: мостагIчун кара а вахана, ша ирхъоллийтар я паргIатехь а висина, цу мостагIчунна зе дар?

Цу шен накъостана хIун дийр ду ца хууш, бIарзвелла хьаьвзира харачо ЗIокин готтачу хIусамехь. «ХIинца хIун дича бакъахьа хир дара техьа? Цу шена моттаделлачунна тIера хIара вуха муха ваккхалур вара техьа?» – ойланаш еш, вехха дIасахьийзира Зеламха.

Тахханалц массо а хIуманна тIехь харачочун лааме хьаьжна, цуьнга ладугIуш чекхваьлла Саламбек хIинца, вист ца хуьлуш, меллаша хьала а гIеттина, аравелира.

– ДIавало, хьажал и хIинца хIун дан дагахь ву? – Аюб цунна тIаьхьаваьккхира обаргийн баьччас. – Доккха хIума ду-кх, со-м кхетац хIинца кху балхах. Тохарлера Саламбек-м вац и.

СагIопшарчу обаргана тIаьхьа араваьллачу атагIочо, кестта вуха а веана:

– Саламбек СагIопша ваха кечлуш ву, – элира, цхьаьнгге дIа а ца хьожуш.

ЧIогIа оьгIазвахана цхьа Зеламха воцург, чохь мел верг аравелира.

– Сайн ницкъ кхачахь, СагIопшара нах кху балхах кхета а бина, вуха ван хьожур ву со, боху, ала ас Зеламхига, – элира Саламбека, накъостийн Iодика а йина, ша кех волуш.

Саламбек дIавахана дукха хан ялале, веана схьакхаьчначу Дудас, Несарен округан начальник эла Андреков, шеца вуно дукха эскарш а долуш, Зеламха лаца Галашка-лам чу вахана боху, хабар деара. Кхин ца соцуш, цу сохьта кечвелла, харачо новкъаваьлча:

– Дера, оха цига хьо, хьуо-м вохуьйтур вац, – аьлла, цунна тIаьхьахIиттира ЗIокий, Дудий, Аюббий.

7

Тахана Зезаг Мугица яхара даьхни дажо. Сийсара кхерийна иза хIинца ша яха ца хIоьттира. ХIетте а, дукха хан ялале, и лам а баьккхина хьийзаш салтий бу цигахь, аьлла, дедда цIа деара и шиъ.

– Вай-й, нана, вай хIинца хIун дийр ду техьа? – бохуш, йоьхна, тIамарш етташ, хьийзара Зезаг.

– Ас цхьа а салтий вайна аьттехьа-м воуьйтур вац шуна, – Зезаган топ а эцна, волавелира Муги. Бицис а схьаийцира шен топ. «Ткъа, берашна хIун дан деза техьа хIинца? Уьш кIелхьара

муха дохур дара техьа? – ойланаш йора Бицис. – Нагахь, со а йийна уьш дисахь-м хIумма а дацара, амма, уьш а дайина со йисахь, и ду доьхнарг. ТIаккха цкъа а суна къинтIера вер вац Зеламха… ХIан-хIа, и хилийта мегар дац», – катоьхна цо Мугин буйнара шолгIа топ а схьалецира.

– И хилийта мегар дац! – элира цо, чIогIа мохь а тоьхна, амма и шен аз шена ца хезаш, ша муха олу ца хууш.

Вагийча санна, веана цу сохьта схьаиккхира Нилхара Элберд.

– Бици, Зезаг, дохий ма хилалаш, ас ницкъ бойтур бац шуна, – элира цо, – сихонца схьагулъел шайн сал-пал, кхузара дIадовла деза вай.

– Стенга гIур ду вай, ва Элберд, гуобаькхина салтий хилча? – аьлла, юха а шениг долийра, хIинца а йоьхна хьийзачу Зезага.

– Хьо мукъана сацахьа! – тIечевхира цунна Бици.

«ДIадаха деза, сихонца даха деза, иштта бен бераш кIелхьара дохийла яц», – ша-шега а бохуш, катоьххана шайн хIуманаш хьерчош йоллура Бици.

– Бици, хьан бина техьа шу кхузахь ду аьлла мотт? – хаьттира цуьнга, цо хьарчийнчу хIуманийн ларча тIома кIел а юьллуш, Элберда.

– Хаац, дера, суна-м? И БIаьргбаьлларг вара-кх кхуза веана хьийзаш.

– Мила БIаьргбалларг? – цецвелира Элберд.

– Муха мила? Галашкара писарь. Суна хетарехь-м и ву хIара динарг.

– Сихлолаш, со берашца цхьаьна новкъайолу, – элира Зезага, йоккха ларча ги а юллуш, Мугигара шен топ схьа а оьцуш.

Элберда гIо а деш, цигара дIа цхьа иттех чаккхарма гена бевлла уьш, цхьана Iин чохь, лекхачу лаьмнашна юккъехь дIалевчкъира.

– Аш, кхера а ца кхоьруш, кхузахь собарде, – элира Элберда. – Со Зеламхина дуьхьал гIур ву. ХIара а хезна, билгтал вайна орцахваьлла вогIуш хир ву иза.

– Мегар ду. Хьайн таро елахь, хьажахьа цигахьа, – элира Бицис. – ВагIахь, Iассана дехьахула вогIур ву хьуна иза.

Сарахь кхеран бIов лаьттачу баьхкина, цIераш а латийна, йираш а бохуш, охьахевшира салтий.

– Кхера ма лолаш, нанийнаш, хIумма а хир дац шуна, – юьйлина топ хьалха а лаьцна, Iара Бици, – хIинца схьа а веана, дадас кIелхьардохур ду вай.

Юха а схьаэцна Зезаган топ буйнахь Муги а Iуьллура нанна юххехь. ГондIашха даккхий тIулгаш а хIиттош, берашна ловчкъа меттиг таеш хьийзара Зезаг.

ДIо лакха тIера цхьа боккха тIулг чухецабелира.

– Мама! – аьлла, мохь белира Муслиматан, – уьш вай дайа гIерта хьуна, ма кхийса алахьа цаьрга и тIулгаш.

Ткъа, нана, цу шийлачу тIулгал башха, шек а ца йолура. Патарма гIода а бахийтина, топ юьйлира Бицис. Бераш дага а даьхкина, ца йожийра цо иза.

Цу минотехь юха а иштта боккха цхьаъ, шиъ тIулг чухийцира салташа. Царех цхьа тIулг, мIаргона Мугин коьртах кхетара.

– Вададай, мама, Муги вен гIерта хьуна уьш, – юха а мохь белира Муслиматан.

– Муги? – эгIийча санна, схьа а йирзина бIаьрза хьаьвзира Бици: «ХIинца ас Мугий, Зеламхин цхьаъ бен воцу вешин кIант Лом-Iелий кIелхьара ца ваккхахь дIадаьлла-кх хIара…»

– Эй, Бици, хIинца кIелхьара ер яц хьо! Охьакхосса топ, карайола! – шена тIехьа тухуш мохь а хезна, дIайирзира иза: гена воцуш, дIо лакха тIехь, гIаз санна, шен еха ворта а айина лаьтташ пурстоп Чернов вара. ХIара а, кхуьнан йиша-ваша а дакъаздаьккхина Чернов вара цу шен хьаьрсачу мекхашца тIехьа лаьттарг. И шех ведда дIавоьдуш санна, хетаделира Бицина:

– Собарделахь, Делан мостагIа! Собарделахь! – мохь тухуш, шен ницкъ ма-кхоччу сиха чу а хьаьдда, цкъа а, шозза а Черновна топ кхоьссира Бицис. Хьеръяьлча санна, цу Черновн дакъа гаре сатесна йоьду иза, молхан цIаро белш а ягош охьаюьйжира.

Кхано кхетамчу еъча, салташна юккъехь Iуьллура Бици. ГIуркх санна, лекхачу дегIахь, тIеюьйхина сийначу исхаран бедар а йолуш эпсар латтара тIехь.

– Кхераяла эшац, оха хIумма а дийр дац хьуна. Схьадийцал хIинца, мичахь ву Зеламха? – охьа а таьIна, хоьттура эпсара Бицига.

Синтем байначу бIаьргашца бераш а лоьхуш, тийна Iуьллура Бици. Вийна Iуьллуш Чернов гурвацара техьа, аьлла, ницкъ макхоччу чIогIа кIегархаа гIоьртира иза, амма, куьйгаша кхуьнан лааме ла ца дугIура.

– Вовзац суна Зеламха, – элира цо, аьтту куьйга тIе гIоьртина, корта хьала а айбеш.

– И хIун хабар ду, хьуна муха ца вевза хьайн мар?

– Сайн мар велахь а, хаац суна и стенга вахана, – кхин «ахI» ца олуш, шен аьрру белшана хиллачу чевна тIе куьг диллира цо.

– Ас хьоьга Зеламха мичахь ву хоьтту? – мохь туьйхира эла Андрековс.

– ДIаалахьа цуьнга, суна и Зеламха стенга вахана хаац, – аьлла, талмаже йистхилира Бици, оьгIазъяхана, элехьа вон бIаьргаш а къарзош.

– Ца хаьа бах ахь? Ас хоуьйтур ду хьуна иза-м, боьха вир, – гIор дайна кIелйисинчу зудчунна мийра туьйхира эло. Цу туохаро самаяькхчича санна, аьтту куьйга тIе гIоьртина, хьала а айелла, кIегархиира Бици.

Цунна гена воцуш, даржийна охьатесначу вертанна тIехь, «ахI» деш, гIо доьхуш, Iуьллура Чернов. ТIеюьйхина кIайн обанаш а йолуш, цунна гондахьа хьийзара цхьа-ши стаг. «Иштта духар оьрсийн лоьраший бен ца леладо, Далла хастам яI, кхетта хьуна цунна сан топ», дагадеана йоккхаеш, Бицин къегинчу бIаьргаша хIинца а бераш лоьхура.

* * *

Ша СагIопша кхаьчначу шолгIачу дийнахь, кхин Зеламхас бохург ца деш, хьаькхина БуритIа а веана, Iедалан каравахара Саламбек. И набахте чохь хилчхьана тоам бинчу инарлас тIевалийна къамел а ца дира Саламбекаца. Кхайкхина схьа а валийна, тоьъарг машарехь къамел дира обаргаца полицин пурстоьпан Черновн гIоьнчас.

Кхано, шен кабинета чуьра ара а ваькхина, и дIавигча, гIадвахана вела а велла, тIехьа лаьттачу талламхочуьнгахьа вирзина:

– Суна дика бевза и ламанхой, хIуманах атта теша уьш. Цундела, хаза хабар а дуьйцуш, логах урс хьакхар бен молха дац царна, – аьлла, цу ламанхошна дан дезарг гойтуш, шен логах ирлашха куьг хьаькхира пурстоьпан гIоьнчас. Леррина схьахьаьжжинчохь висинчу талламхочуьнга юха а: – Дац хьуна, кхин молха дац царна, – юха а шениг чIагIдира пурстоьпан гIоьнчас. – Кхин бухе кхиа гIерташ къа а ма хьегалахь, дийна вита мегар дац алий, чекхдаккха.

ГIийлачу ламанхойн хьокъехь и къамел иштта дан Черновс Iамийнера шен гIоьнча.

– ХIинца со дика кхета, сан хьоме доттагI, – элира талламхочо, гIадвахана буй а беш.

Адам кхеро дагахь болчу Терски областерачу хьакамаша, Саламбекан дов массарна хьалхха хаьттира.

– Суьде деха хIумма а дуй хьан? – шега хаьттича:

«Де а хIума дац», – жоп делира СагIопшарчу обарга.

– Собарде, айхьа хIун дуьйцу мукъана а хаьий хьуна? Дехар дац бохург хIун ду? – цецвелира адвокат, стогалла ца тоахь а, моттаргIийца ша тIелаьцнарг кхочушдан.

– Дан а дац сан дехар, – элира юха а обарга, тохарчул башха шек воцуш.

– Ткъа кхин де а дехар дац хьан? – хаьттира адвоката.

– ХIан-хIа. – Жимма ойла йина, тIетуьйхира цо: – Нагахь и тарлахь, нахана юккъе хила йогIу нийсо-м езара суна.

– Нийсо? Бакъахьа ду-кх иза а хилча, – аьлла, ойла йира адвоката, кхин вист ца хуьлуш, обарге а хьаьжна. – Нийсо езар а ма ду дехар.

Ша хаъал хилчхьана къонахчун дашах тешаш схьавогIучу Саламбекан цхьана хIуманах дегайовхо яра: инарла шен дешан да хир ву моттар. СагIопшарчу обарган даге хаьттича, дуьненахь массо а хIума, паччахьа шен куьйга яздина омар а тIехь, хий-

цадала тарлора. Амма, къонаха шен дашах вухур ву бохург, аьттехьа ца дуьтура обарган ойлано. Стогалла хиларал а чIогIа цу тешамо токхвинера Саламбек.

ГIоддул-гIаддайча, шен дагахь, вала а кийча вара и: «ХIун дийр ду ткъа? – ойланаш йора цо. – Мел къийсича а, цкъа тIелаца еза Iожалла а. Делахь а, хьайбанна санна, ша-шена коча муш тасар хала ду-кх, иза а стенна, хьанна хIун дина?» Цунах, сонтачу Iожаллах, кхоьрура СагIопшара обарг.

И ирча ойланаш еш Саламбек Iаш, коьртачу суьдхочо шена хьалха Iуьллучу кIайчу кехата тIе яздира: «Хьажахьа хIинца, сийлахь инарла хIунда гIоьртина кху виран сий лардан? Ирхъоллар бен дарба дац цу экханна».

«Ирхъолла!» бохучу дашна кIел сиз а хьаькхна, тIадам хIоттийра коьртачу суьдхочо.

8

И Iассан тогIи а яькккхина, лаьтташ салтий хиларна, шен ширачу новкъахула доьзална тIе ца вавелира Зеламха. Iасссах а ваьлла, Эрштойн-лам тIехула, шен накъосташца Нилхойн эвлайисте охьавеара харачойн обарг.

Кхузахь Элбердах а кхетта хIорш цхьаьний Зеламхин доьзал лаха арабевлира. Мел гIертарх цуьнан лорах а ца кхиъна, дIо лахахула БуритIа боьдучу новкъара Iассан тIай дIалаца сихвелира Зеламха, цигахула а баьхна, шен нах цаьрга дIа ца бигийта. Амма, и хIинца тIаьхьа дара: обарган доьзал цу тIел дехьа а баькккхина, гондахьа ондда ха а долуш, БуритIа боьдучу новкъахь бара…

Хьуьнах веанчохь дуьхьалкхеттачу цхьана стага дийцира и Зеламхина: «Коьртехь гуьржийн эла Андреков а волуш, обарг Зеламха лаца арадевлла дукха эскарш ду кху лам чохь…»

Шен динара охьавоьссина, хин йисте вахана, цхьана гоьрга тIе охьахиъначу Зеламхас, гIайгIанца дIаса а хьажна:

– КIезга ду-кх вай, – элира.

ХIинццалц схьа дукха вовшаккхеттачу адамех кхоьруш хиллачу Зеламхина, тахана дуьххьара, шена юххехь дуккха а нах хуьлийла лиира.

– Вай хIунда ду кIезга? – цецвелира, сиха дIахIоьттина, хIинцца ламаз дина ваьлла ЗIока. – Ткъа, кхин вай дукха хилча, хIун дан воллура хьо?

– Цу дIо лахарчу тIел дехьа а ваьлла, кIело йина, цигахь уьш хIаллакбан воллура-кх, – элира, ойлане корта хьала а айбина, харачочо.

Берриш дIатийра. И тIай кхарна дикка лахахь, гена Iуьллура; цунний, кхарний юккъехь дуккха а салтий лаьттара, тIамца я цхьана хIилланца бен хIорш чекхбовлалур боцуш.

– Цу балхана-м вай кIезга дац хьуна, – ойла а йина, шен тIаьрсикан деха пезагаш голаш тIе хьалакарчийра ЗIокас.

ХьалагIеттина, лерина и тIай долчухьа а хьаьжна:

– Делахь хIета, дехьа довла деза-кх вай, – аьлла, хаъал юьхьа тIехь векхавелира Зеламха.

– Буьйса ца йоьлча цигахьа муха гIуртур ду вай? – хаьттира, тоьпа тIе а тевжина, тхьамдина хьалха лаьттачу Аюба.

– Иза а хIинца атта ма дац, – элира Дудас.

– Атта дацахь а, лиъча кхачалур дара вай цига-м, – элира тхьамдас. – Буьйсане хьежча, тIаьхьхиларна кхоьру со, – аьлла, ойла а йина: – Аюб, – элира цо, шен къоначу доттагIчуьнгахьа а вирзина. – Ахьий, Элбердий дIо лаха хьуьн чу а гIой, вайна массарна а шишша кхочур долуш, юькъонаш харжий, баганан генаш дал цкъа, – элира Зеламхас. – И оьрсийн эпсарш муха Iехо беза-м, суна хаьа хьуна.

Цу шиммо деана и дуькъа девзигаш шаьшша а, дой а къайладохуш гондахьа а лаьцна, меллаша хьуьна юккъехула шен накъосташца тIай долчухьа волавелира Зеламха.

* * *

Кхин харачойн обарган лорах ца кхуьуш бисира эла Андрековна тIаьхьахIиттинарш.

ТIаккха оьгIазваханчу эло омар а дина, цIе тесна салташа Нилхий, Эрштий ши юрт ягийра. Юха дIабоьллачу цара, цхьа а стаг ведда кIелхьарваьлла лам чу хьала ца валийта дагахь, дIо лахара цхьаъ бен ца дуьтуш, Iассана тиллина массо тIай дагийра.

– Шек ма валалахь, тхан сийлахь эла, – бохуш, Адрековн догъэца гIерташ, хIайт-аьлл хьийзара ДегIастанан сотнин командир Данагуев а, – экха шен кIорнешна гена ца долу хьуна, стенга гIур вара и хIинца зударий, бераш вайгахь хилча?

– Иза-м бакъ бах ахь, – аьлла, кIеззиг там хилла, тIетайра эла. – Зуда а яьккхина витинчу цунах хIун обарг хир вара? ХIинца вай цIехьа дерза деза, кхузахь Iийна дан хIума дац, – омра дира Андрековс. Ткъа, ша апшеронцийн, дегIастанхойн ши сотни тIаьхьа а хIоттийна, дIо лаха, Iассан тIай долчухьа вахара.

Гонаха эпсарш а болуш, хьалхаваьлла воьдучу эла Андрековн сира дин цу тIай тIе ма-баьлла яьллачу тоьпан тата, дехха айделла, тийна лаьттачу лаьмнашкахула дIадахара. Цу минотехь, гуобаькхкхина йийла юьйлаеллачу тоьпаша дуьне даькхкхира.

– Эла вийна, эла вийна! – орцане мохь белира салташна юккъера схьа.

– ДIасадовлалаш, вежарий, кIелхьардовлалаш! – маьхьарий хьоькхуш, борз юкъаиккхина жа санна, боьхна, дуьне гатделла хьийзара салтий.

Еттачу тоьпаша, хьоькхучу маьхьарша хилларг хIун ду хаа ца вуьтура цхьа а. Оццул йоккха и гIовгIа эккхийтинера тIел дехьа кIелхиъначу пхеа стага.

– Вур-ра-а, тIетоха царна! – бохуш, вовшийн дог ир-кара а хIиттош, еттара обаргаша. Тоьпаш етташ, маьхьарий хьоькхуш, охьаоьгуш, текхаш, юха хьалагIуьттуш, хьербевлча санна, дIасауьдуш хьийзара салтий, эпсарш.

– Ой, вежарий, со кIел ма виталаш, – орца дохура цхьана чов хиллачо.

– ХIун хилла шуна, Дала хIаллакдарш? Ма ида, дуьхьалдерза! – бохуш, кхин хьалха гIорта а ца хIуттуш, мохь беттара Данагуевс. Амма, хIинца, мел чIогIа аларх, дашо беш пайда бацара. ХIинца царна, муьлххачу новкъа бахана а, Зеламхин тоьпера бовла лаьара, цундела цара Данагуевс хьоькху мохь лергах а ца хьокхура.

Дудин патармаш кхачийра. Гар санна, йоккха шен шаьлта а яьккхина, тIел дехьахь мохь бетташ лаьттачу эпсарна Данагуевна чухьаьдира иза. Леккха айина и йоккха шаьлта, куьзга санна, малхехь къегаш, вахана цу тIай тIе бертал вуьйжира Дуда. Делахь а, кIел ца вуьсуш, халла гIоьртина хьала а айвелла, цо ластийна шаьлта ведда воьдучу эпсарна, доьхкарал лаккха, букъах кхийтира. Букъан даьIахках кхетта и шаьлта, хьостам санна, йогIаелла а юьсуш, вуьйжира Данагуев…

Суьйранна садайча, и тIом лаьттина меттиг ясса а елла, кошахь санна, тийнера Iин чохь. Кхин доь доцуш байначу шен доьзална бIарзвелла Зеламха, чов хилла Дуда а эцна, накъостташца шен динахь новкъавелира.

* * *

Берах ю хIара, кхин хеттарш деш хьийзаяхь, остаяьррий техьа набахтерчу лоьро боххушехь, ца юьтура Бици.

Мичхьара схьаяьлла, хьенан, мила ша ю Бицис дийцинчул тIаьхьа:

– Маса шо ду хьан? – хаьттира обарган зудчуьнга эпсара.

– Iаьлбак-Хьажа ваьллачу шарахь йина со, – жоп делира Бицис, хьала а ца хьожуш.

– И муьлхачу шарахь хилла?

– И тхан нанна хаара, суна дага ца догIу.

– ТIаккха маса шо хуьлу хьан? – юха а хаьттира эпсара, сингем байна аз а айдеш.

– Ас ца бах хьоьга, хаац, – элира Бицис, шена юххехь Iачу Мугин куча вета дIа а буллуш.

– Хабар дах а ца деш, схьадийца мичахь ву Зеламха? – оьгIазвахара эпсар.

– Хаац, – шега луьйш верг тергал а ца веш, цецваьлла эпсаре хьалахьаьжина Iачу Мугина тIе ши бIаьрг а боьгIна, Iара нана.

– Хьайн мар санна, цо динчу зуламашна бехке ю хьо, – аьлла, хьала а иккхина, чухула дIасаволавелира эпсар.

– Елахь, декъахьа и зулам тхойшинна, – элира Бицис, шена цхьа хIума карийча санна, хIинца эпсаре а хьаьжна.

– Цунах дакъа-м ас кхочуьйтур ду хьуна. Кхин цу майрачунна бIаьрга гур яц хьо, сий доцу вир, – мохь а тоьхна, тIечевхира эпсар. – Берашца оха Сибарех яхкор ю хьо.

Юха а чувеанчу лоьро, леррина чов дІа а йихкина, кхин эпсаре хьийза ца йойтуш, набахте хьажаяйтина Бици, Зезагца цхьаьна шен берашна юккъехь, йоккхачу камера чохь паднара тІе тесначу истанга тІехь Іуьллура. Кху шийлачу набахтеххий, кхул а шийла хила тарлучу Сибареххий гІайгІа хилла ца йоьхнера обарган зуда. ХІинца а цуьнан дагахь цхьа Зеламха вара: «Муьлхачу новкъахь, хІун деш ву техьа и? – ойланаш йора Бицис. – Тешнабехках ларвелла, паргІатехь вуй техьа и?»

* * *

…Дудина дарба лело Аюб ЭгІаш-эвлахь а витина, ЗІока цІа ца кхетош, Харачохь дерг хаа дагахь ваьлла воьдура Зеламха. Чевно дарйина, шен Іуьрга кхачаре сатесна борз санна, дуьненах чам байна, гІийла дІаоьхура иза. Иштта хала воьдучу цо, кест-кеста саца а соций: «Вухавирзина, хьаькккхина вахана цу БургІали чу а иккхина, сайн доьзал дІабигинчех летта велча хІун дара техьа? – олий, ойла йора. – Ткъа муьлхачу новкъа ваха веза, мичахь бу техьа уьш?.. Іийт, марж-яІ, хІинца ма чІогІа оьшуракх суна хьо, Саламбек», – бІарзлой говр юха а узий, кест-кеста соцура обарг.

– ЗІока, – элира харачочо, иштта цкъа сецначохь, – хьан тоьхна техьа и нана-бераш цигахь ду аьлла мотт? Ма доккха хІума дукх, цхьанна а новкъа ца хилийта хьуьнах боьккинера-кх ас уьш.

– Цу БІаьргбаьллачун матто динера иза-м, – элира ЗІокас, шен буйнарчу шедан кхаж а бегош. – Цунна дахана хилла и лежиг, писарь хилла, Галашка.

Цхьана минотехь ойла а йина:

– БІаьргбаьллачо бах ахь? – хаьттира харачочо, башха цец а ца волуш, ша цунах шекволлушехь.

– Дера, бах, – чІагІдира ЗІокас. – Элберда хІумма а ца дийцира хьуна?

– ХІан-хІа, хІун дара и?

– И эскарш цига дахкале цхьа-ши де хьалха, БицигІар болчу веана, хьо а хоьттуш, цу бІаьвнан гуо толлуш ма лелла иза.

Масала, цхьа тешнабехк бохьуш ша веана ца хилча, цуьнан хІун гІуллакх дара хьо хетта а, цул совнаха, и меттигаш талла а?

– ХІинца кхета со, – аьлла, кхин аз ца хуьйцуш, дІатийра Зеламха. «Я-рабби, ма дукха баьржина-кх и мотт шайн багахь ца сацалуш берш… Дала ша хІаллаквойла шух и тоха ара мел вериг. ХІун дийр дара шуна? - бохуш, хеттарашца, ойланаш йора гІаддайначу харачочо. – ХІан-хІа, шух идда вер вац. Цу меттан зулам шуьга кхечеран цІен тІе ца дахьийта, схьагучу мел ваьлларг вен веза шух».

Цу хенахь БуритІерчу набахтин кертахь, йоьгІначу лекхачу тангІалкхаш тІехь, Іаьнан буьрсачу махо лестош, кхозура СагІоп-шарчу Саламбекан дакъа.

9

«Обарг Зеламха сихонца схьалаца я вей дІаваккха», тІе а дожийна доккха орца айдинера паччахьан Іедало. ХІинци-хІинций оха тхаьш хІаллаквийр ву Зеламха, бохуш, Терски областерчу хьаькамаша дуьйцучу хабарех дош а ца хилла, Нохчийчуьра обаргаш сихонца дІабахаран гІуллакх Гуьржехарчу сардална шенна тІедожийнера оьрсийн паччахьа, цу балха тІехь ша леррина и сардал тергал а веш.

И гІуллакх а дохьуш кхуза, Нохчийн махка Тифлисера дуьйна схьа сардалан гІоьнча инарла Шатилов веанера, шортта нах а балош. ЦІеххьана веана и инарла Ведана-гІопе кхаьчча, массо а кхийтира цо арадаькккхинарг обарг Зеламхин гІуллакх хиларх.

ЗаьІапо-лекхачу дегІахь а волуш, нахах схьаийна воцчу Шатиловс шен дагахь дерш кІезга дуьйцура. Амма, кхузарчу нехан амалш евзачу цо, и гІуллакх вуно говза толлура. Кхин хабар ца дахдеш, кхайкхина схьа а валийна цхьана-шина нохчочунна тІедожийра инарлас:

«Дийна я вей сихонца Зеламха схьало соьга, нагахь и шайга ца далахь, доьзалша Сибарех даха кечло».

«Обарг Зеламхас долийнарг цуьнца шеца сихонца хІаллакде», – аьлла, сардала шега дина омар кхочушдан гІератара Шатилов.

Цундела, дІаволалушшехь вовшахтуьйхира цо, штабс-ротмистр Кибиров коьртехь а волуш, таІзарийн отряд, Зеламха лацар тІе а дуьллуш. Вербицкийн отряд, цо цхьа а пайдехь хІума цадарна, и ша суьде а луш, йохийна дІасахецнера.

Зеламхас вийначу шен ненан вешин чІир лахар чІогІа лууш веанера Кибиров Нохчийчу. Мерза чагІар а муьйлуш, даима дикачу динахь лиэла а кІордадора. Цундела, шен дахар тайп-тайпана дІадахьархьама, и гІаддайна ахархой леш ган лиира штабс-ротмистрана. Цунах Кибировна синкъерам а, ненавешин чІир екхар а – ши пайда болура.

Башха а дацара, муьлххачу а эвла лелхий цуьнан отрядерачу салташа шайга гома хьаьжжина ахархо воьра. ТІаккха штабс-ротмистра ша обарг Зеламхин гІоьнча вийна, олий, дозалла деш, областан начальнике кехат яздора. Цунна инарлас а, сардала а баркалла кхайкхадора. Иза а вон дацара Кибировна. Цхьанахьа, чинехь айвар хьахаделча, карадора инарлин баркалла.

Амма, мел луьра хьийзарх, шел хьалха леллачарел башха, цу паччахьан буьрсачу мостагІчунна Зеламхина тІаьхьа ца кхуьура Кибиров.

Цхьа хІума дан шена дагадеъча, тохара Вербицкийга санна, хьалха цкъа Кибировга йозанца хаам бой, воьдура Зеламха царна гІенахчул башха дагахь а доцург дан. Ткъа, кхано шен эскар а эцна, штабс-ротмистр вахана дІакхаьчча: «ТІаьхьадиси шу. Со сиха ву. – Зеламха», – яздина кехат а дитина, харачойн обарг вахана каравора Кибировна.

Цунах дика кхеттачу Шатиловс, Зеламхица зІе мел йогІург билгал а ваькккхина, Шелара Боршикан ШахІид кхайкхина шена тІе валийра.

– Тхуна дика евза хьан, харачойн обарган юкъаметтиг, и хьан цІен тІе а вуьссуш, шуна юккъехь гергарло дуйла а хаьа тхуна, – элира инарлас ШахІиде: – Тхуна и обарг схьа а лой, ши эзар туьма деший, кхо бІе чаккхарма латтий, эпсаран чинний дІаэца, и дан ца лаахь, хьайн доьзалца Сибарех ваха кечло.

– Зеламха лоцучохь массарчул а дика гІо Элсан некъаша дийр ду шуна, господин инарла, – аьлла, ницкъ ма-кхоччу чІогІа юха-

гІоьртира Боршиков. – Уьш бу, шайн чІирана вен, и катоьххана лохуш. – Сан карахь хІума дац…

– И хабар диталахь хІинца, господин Боршиков, – ШахІидан дош а кагдеш, юкъаиккхира инарлина гена воццуш, шина а когана тІаьнчакх а вина, цхьана жимачу гІудалкха чохь Іен капитан Данагуев. Дудас йинчу чевнах виснера и иштта. – Зеламха хьох а тешаш, цуьнца хьан долу гергарло тхуна ца хаьа моьтту хьуна? Пен санна кІайвелла, ша хІун ала деза ца хууш, воьхна, ши бІаьрг а къарзийна висинчу Боршиковс, халла гулвелла:

– Эхь ца хета хьуна? Харц ма ле, – элира цуьнга, ша Іачуьра хьала а айлуш.

– М-х, тамаша бина а ца волу-кх со кху нахах, сийлахь инарла, – аьлла, цецваьлла кеп хІоттош, куьйга шен гІудалкхан чкъург карчош, кІегарвахара Данагуев. – Хьажахьа, хІинца эхь а суна хета деза-кх? Мотт а керчий хьан соьга иштта вистхила?

– Ой, хьанна хета деза и эхь? Ахь со стенна тІехь лаьцна? – оьгІаз а вахана, шен кхелинчу шаьлтан макъара тІе кадиллира Боршиковс.

– Масала, хьан делахьара-м хьуна хетадогІура иза. Сацийталахь хІинца! – аьлла, ялкханех куьйгаш гІортийна, гІудалкх а егош, кхоссавелира Данагуев. – Буржалш а тоьхна, хьо цу обаргашца набахтехь валла веза-м дукха хан яра.

– Ма дика ду и суьйличун карахь доцуш, – Іоьттира Боршиковс, Данагуевх кхаьрдаш, вела а къежаш.

– Ас хоуьйтур ду хьуна, и хьенан карахь ду-м, боьха вир! – аьлла, мохь а тоьхна, баккхий буйнаш ластийна Данагуев юха а шен гІудалкхахь тохавелча:

– Тоьар ду шуна! - аьлла, стоьла тІе буй туьйхира инарлас. – И хІун хабар ду аш дуьйцург. Тхо къора ду-м ца моьтту шуна?

Цхьана минотехь чохь мел верг а дІатийра.

– Сийлахь инарла, и суьйли кху чохь а волуш, ас кхин хІума эр дац хьоьга. ДІо Іаьндара схьавеанчу кхунна дика хууш хиллакх хІинца тхан гІуллакхаш, – элира, чохь хІоьттина тер а дохош, хьалагІеттина неІарехьа волавеллачу Боршиковс.

Къайлахо Данагуевга а хьаьжна, бІаьрг таІийра инарлас. Инарлин адъютанта гІо а деш, чуьра араяькхира Данагуевн гІудалкх. Боршиков инарла Шатиловца цхьаьна чохь висира.

– Господин Боршиков, хьо ишта эвхьазваьлла чугІерта эшац, – элира Шатиловс, вуха чувеанчу адъютанта латийнчу сирника лаьцна, цигаьрка а латош. – Обарг Зеламхица хьан уьйр йогІуш хилар чІагІдеш, цхьа капитан Данагуев хилла ца Іа хьуна.

– Бехк ма биллалахь суна, господин инарла, муьлххачу а нохчочун цуьнца йолу тІекаре бен кхин хІума дац сан Зеламхица. – Инарле хьаьжначуьра дІа а вирзина: – Иза шен са дадийна лелаш цхьа жІаьла ду, – ша-шега олучуха тІетуьйхира ШахІида.

– ХІан-хІа, – аьлла, гомуо Боршиковга а хьаьжна, юха а цуьнан дош кагдира инарлас: – Схьахетарехь, хьоьца гергарло алсамо ду цу обарган, я и шен са дадийна а ца лела; вон мел верг гондахьа а ваькхина, паччахьан Іедална дуьхьалваьлла хьийза. «Ял дІа ма лолаш, юьртдайша бохучуьнга ла ма догІалаш», бохуш, цо марсадаькхина адам тхуна зуламе даьлла. Цундела, и зуламхо дІавоккхуш тхан гІо де, я... – аьлла, саца а велла, и ехо, билгалбаккха бос боцу юьхьмарш охьа а яхийтина лаьттачу Боршиковга хьаьжира инарла: – Алал, реза вуй хьо ас бохург дан? – хаьттира цо ШахІиде, шен кІайчу куьйган пІелгашца стоьла тІехь вота а йолош.

– Соьга сайга далур дац и гІуллакх, господин инарла, – аьлла, хІинца а ша хІун дан деза ца хууш, сецира ШахІид.

– Ткъа, хІун оьшу хьуна? Схьаалал, хьайна цу тІехь цатоьарг, – цуьнан дагахь дерг хаа гІоьртича санна, юха а лерина Боршиковга хьаьжира инарла.

Цхьана агІор инарлех ца хІуттуш, вукхазхьашха нехан наьІалтах кхоьруш, шина хи юккъехь дисина жІаьла санна, воьхна Боршиков, юха а вистхила ца хІуттуш, дІасахьаьжира: ахча а дезара барзана, нехан наьІалтах а кхоьрура.

– Зеламхин шортта ма бу мостагІий, цаьрга алий хьажахьа, господин инарла, – тадора ШахІида цунна.

– Иза а хаьа суна, ахь Іамо эшац, – куьг ластийра чухула волавелла лелачу Шатиловс.

Хала гулвелла, кхин инарлехьа дІа а ца хьожуш:

– Цу тІехь суна иштанехьа гІо дан реза хир бац нах, сийлахь инарла, – элира, мах бийца дагадеанчу ШахІида. – И цаьрга дайта шортта харж еза.

– Ас хьуна луш дерг цаьрга и дайта а, хьуна а, хьан тІаьхьенна а тоьур ду моьтту суна, господин Боршиков, – оьгІазвахна, аз а айдеш, жоп делира инарлас. Цхьана хІуманах ша шекваьллачуха, юха а схьавирзина ШахІидан бІаьргаш чу а хьаьжна: – Кхин долчун айхьа гІайгІа бер ахь, амма, кху тІехь, хаза ойла а яй, айхьа сацийнарг, кхана хІоккху хена соьга схьаэр ду ахь. ХІинца дІа аравала, пергІат ву хьо, – аьлла, дІаяйинчу цигаьркан юьхьиг чимтосурга а юьллуш, вахана доккхачу кІеда гІанта хиира инарла, Боршиковца долу къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш.

* * *

ШахІидан цІийнан хьалхара тхьамда, и нисбелла гІажарийн къорза куз а тесна кечйинчу шуьйрачу паднара тІехь, кІайчу назбарх дІа а тевжина, суьлхьанаш хьийзош Іара. ШахІид ша, цунна дуьхьалдерзош хІоттийначу кІедачу гІанта хиънера, къоначех цхьа-шиъ неІарехь лаьттара.

– Вийна я дийна обарг Зеламха шега схьа ца лахь, доьзалца, цІийна нахаца Сибарех хьажор ву ша, боху соьга Шатиловс, – элира цаьрга ШахІида. Амма, масала, и дІалахь шена эпсаран чинний, кхо бІе чаккхарма латтий, ши эзар туьма деший лург хилар, хьаха а ца дира цо цаьрга.

ДоІа дечуьра сецна, шен буйнара суьлхьанаш хьарчийна кІайчу гІовталан хьалхарчу доккхачу кисна а дехкина, гІоргІочу озаца хаьттира тайпан тхьамдас:

– Вай хІунда доьлху хІинца Гушмазукъин воІана хьалхара Сибарех? И хІун ву вайн? ЭгІашбатойн зударша мел винчух жоп дала гІортахь-м, хІумма а дуьсур дац вайх.

– Со-суо а вара и моьттуш-м, – вистхилира ШахIид. – Амма, нагахь, вай мотт а тоьхна и дIавеллийла нахана хаахь…

– Нахана хуъург хIунда до и? – аьлла, юкъаиккхира воккхастаг. Цхьанне хаа ца деза иза, – аьлла, шен кIайн ехачу можах мазакъдоьлла куьг хьаькхира. – Цхьана а адамана хIун ду ца хоуьйтуш, къайлах вейта веза вехь-м, – элира тхьамдас а, шашега луьйш санна, тийна: – Къайлах вийна стаг, дукха дийцаршка а доккхий, тIап-олий вовш ма ду вайн махкахь.

– Иштта-м ма дара и, делахь а, къайле ца хуьлу-кх цунах, – тхьамдига хьаьжжинчохь висира Боршиков.

– Хир ю, йича хир ю, – элира воккхачу стага, неIарехь лаьттачу кегийчу нахе а хьаьжна. – ДIадало хIинца, пергIатхила, арахь сакхо е, – аьлла, и неIарехь лаьттина кегий нах ара а баьхна, хьалагIеттина, чухула дIасаволавелира тайпан тхьамда. Юхавирзинчу цо, ШахIидан лере а гIоьртина, йоккхачу къайленца. – Жимчу-АтагIарчу цу шен доттагIчуьнца цхьаьна цига а вогIий, синкъерам бой, Аюбаца цигахь буьйса йоккхуш хуьлу, боху, уьш, – элира, цхьана буйна шен кIайн маж а лаьцна, охьатаьIначу тхьамдас. – Цигахула ладогIал ахь.

Тхьамдига хьаьжжинчохь, ойла еш сецира Боршиков.

* * *

Кхин кеста Боршиков гучу а ца ваьлла, инарлас а гулйира ша волчохь йоккха кхеташо. Тохарлеррачу эпсара Данагуевс хьехна, Шатиловс кхайкхинера Ведан округехь тоьллаболчу молланашка, веданахойн къеда Оба-Хьаьжа коьртехь а волуш. Инарла шайга вистхиларх тоам бина, цо бохург муьлхха а дан кечбелла хьаьвзира къаной.

– ШарIаца а, пайхамара бохучуьнца а ца догIу обарга Зеламхас лелош дерш, – къамел дора Оба-Хьаьжас.

– ШарI вайна чIогIа оьшуш, пайдехь хIума ду, – элира инарлас. – ШарIо адамашна юккъехь Делах тешар чIагIдо, нахана тIехь Iедал латтон вайн аьтто боккху.

Паччахьан инарлас иштта чIогIа магош и шарI хастийча сакъераделлачу Шеларчу Юсуп-моллас, дагна там хилла, вела а къежаш, корта таIийра. Ткъа, Оба-Хьаьжас:

– Хьо санна волчу воккхачу хьаькамо цу тайпана дика шарIан къайленах кхеташ къамел дича, хазахета тхуна, – элира, нанапIелгаца шен гIина диллина маж а кIамъеш. – Дала ша массо а хIуманна тIехь аьтто бийр бу хьан.

Шен дагахь царех ца вешаш, хала гулвелла, къедина баркалла а аьлла:

– Тахана тхуна шоьгара гIо оьшу, Оба-Хьаьжа, – элира инарлас, ша доьхург, дехар доцуш, декхар дуйла хаийта аз а чIагIдеш. – Ас бохучух, къеда, хьо кхета моьтту суна.

Цхьана-шина минотехь, суьлхьанашца шаьш Далла дечу гIуллакхана чIагIбелла кеп а хIоттош, цхьанне а хьалха вистхила ца лууш, дIатийра молланаш. Иштта хIорш Iаш дикка хан яьлча, йовхарш тоьхна, шен къамкъарг а тайина:

– Оха махка юккъехь неIалт кхайкхор ду цу обаргана, – аьлла, тер дохош, вистхилира Оба-Хьаьжа. – Цунна а, цо лелочу гIуллакхашна а.

Иза а вуно бакъахьа хир ду, – элира Шатиловс, вист ца хуьлуш, жимма ойла а йина. – Нах цунах дIакъастош меттиг а еш, царна юккъехь аш сийсазвичхьана кIелвисна ваьлла шуна иза.

ЧIиж санна, юьзначу Юсуп-моллин горгачу юьхьа тIехь цуьнан деган къайле сецнера, цуьнан кегий сийна бIаьргаш хаъал синтем байна лелара. Деле шена гечдахьара, бохуш, хIинца делкъ-ламаз а дина ваьллачу цунна, хIинца юха а инарлина там бан лиъна, гIийлачу нахана ямартло ян дагадеанера.

– Обарг Зеламха чIогIа хIилла долуш стаг ву, – элира Юсуп-моллас, инарлехьа а вирзина. – Къечу наха, шайн стаг лоьруш, гIо до цунна. И бу цу обарган коьрта ницкъ.

– Ткъа, хIун де вай цу балхана, молла? – хаьттира инарлас, ца товш хьаставелла моллехьа а вирзина.

Ойлане сецначу моллас, шен буйнарчу хаза хадош кечйинчу Iасанан юьхьиг цкъа-шозза яьхьна аннийн цIенкъа туьйхира.

– Алахьа, молла, хIун де вай? – юха а хаьттира цуьнга Шатиловс.

– Зеламха ву ша, бохуш, нахана курхалш дан, цунах тера стаг аравакхха веза вай, – элира моллас, ша охьабахийтина корта хьала ца айбеш. – ТIаккха нахана хьалха сий довр ду цу обарган.

И шен сирло-стигалан басахь долу кхоьлина бІаьргаш а къарзийна, цецваьлла моллига хьаьжира Шатилов. ТІаккха, цхьа цІеххьана юьхьа тІехь векха а велла:

– Хьажахьа, дага а деаний? И ду хьуна гІуллакх, – элира инарлас, ша уьйзучу цигаьркан кІур, куьг ластийна хьалхара дІа а боккхуш.

Шатилов сел чІогІа шена резахиларх воккхавеш, сакъераделла Юсуп-молла, тохара санна, хІинца а шен хьийкъина корта а ластош, велакъежира.

Цу гулбаларх дІаса ца бовлуш, Оба-Хьаьжас хьеха а хьоьхуш, кехат яздира молланаша:

«Оха массара а, кху кехата тІе куьйгаш таІийначара, дІахоуьйту шуьга, тхан бусалба вежарий, Гушмазукъин воІ харачойн Зеламха вайн махкана зуламе стаг хилар, цо лелош дерш Дала ша а, Мохьмада-пайхамара (Делера салам маршалла хуьлда цунна) а къобал деш цахилар, – бохуш, яздора къаноша.

10

1911-чу шарахь, Іаьнан тІаьхьарчу беттан 7-чу дийнан Іуьйранна, Жимачу-АтагІан эвлах араелира тІехиъна ши стаг а волуш, стерчийн ворда. Дуьзна шаьш токххиларна паргІато доьлху стерчий лоьхкуш, буйнахь беха сара а болуш, хьалха хиъна Аюб Іара. Цунна тІехьа, ал тІехула тесначу истанга тІехь, дІатевжина обарг Зеламха Іуьллура. Харачочунна тІехь хаза, оьзда, хьалдолчу стеган духар дара: Іаьржачу исхаран чоий, иштта Іаьржачу бухаройн холхазан куй, дешица кхелина шаьлтий, доьхкий, бустамашший. Некъан кехатан метта кисанахь «браунинг» йоллура, ала кІел дІалачкъийна оьрсийн дошлойн пхоьазза йолу топпий, патармех юьззина гІаппий яра.

Иштта кІеда йол чу а тесна, тийна, маьрша лела ахархочун ворда тоьлаш хетара Зеламхина ша новкъа воьдуш, муьлхха а кхин болчу гІирсал.

Базарахь йохка йоллий, дечиггий, хьаьжкІашший, хохашший эцна гІали чу баха арабевллачу дуккха а нехан ворданел хьалхавелира иза.

Даг тІе гилгаш а дохуш, гІийла цІийзара дечиган сема йолчу вордан чкъургаш. Шайна и ца беза сара мосазза туьйхи а, цІунала керчийна тІеда цІогарчий оьгІазе а лестош, дІагІертара стерчий. Олхазарийн эшаршка ла а доьгІна, аренга хьаьжжинчохь Іуьллура Зеламха, вист ца хуьлуш.

– ХІетахь, хьуьнхахь, царна тІе а вахана, хьуо вухавирзича, орца даккха дагахь цу адвоката мохь туьйхира, ма элира ахь соьга. Теша мегар дуй техьа цунах? – хаьттира Аюба, кхин вуха ца хьожуш, харачочуьнга.

– Веданахойн къедех Оба-Хьаьжехчул дика-м мегар ду, – велакъежира Зеламха, шен накъостехьа а воьрзуш. – Хьанна хаьа, хІетахь воьхна я шен накъосташна со гайта дагахь тоьхна хилла хила а мегий цо-м и мохь.

Кхин вист ца хуьлуш, дІатийначу накъосте хьаьжча, шаьшшиъ гІали чу вахарна и реза воцийла хиира Зеламхина.

– Шек ма валалахь, – элира харачочо, Аюбан белша тІе куьг а тоьхна. – Ас нахе хиттина иза. Схьадийцарехь, дикачу ден кІант ву. Цо тешнабехк бийр бац, цигара «хьайниг» меттахь хилчахьана.

– Сайниг-м тешаме, хьаха, вара, – жоп делира атагІочо, бехачу сераца стерчий а човхош.

Соьлжа йистехь Іуьллучу йоккхачу гІали тІехь дуькъа дохк лаьттара. Новкъарчу Іаьмнаш тІехь лаьцначу шаций, тІуьначу махций хІинца а Іаьнан шело чІогІа хаалора. Цу дуькъачу дахкарх чекх а бевлла, яшийначу кибарчиган басахь схьахьаьжна малх хІумма а бовха бацара. Цундела, ворданара схьа а эцна, шен цІеначу вертанах хьарчира Зеламха, цунах цхьа тІам Аюбе а кхочуьйтуш.

ХІинца, хаза гучубаьлла, гІали чуьра гІишлош а къагош, айбеллера малх, Зеламха шен накъостаца Соьлжа-ГІали чу кхаьчначу хенахь. Зингат санна, дукха адам дара гІалин урамашкахь. Царех дукхах болчийн яххьаш, гІелбаларна я хеназа набарх бовларна, чІогІа кхоьлина яра. Схьахетарехь, цхьана хІуманна орцахбевлча санна, шен хенахь балха тІе цакхачарна кхоьруш, сихбеллера уьш.

Базаран майдана ма-кхеччи, шайн ворда аьтту агIор чубоьдучу урамехула дIаерзийра Аюба.

Шуьйрачу Московски урамехь, лохуо доьгIна кораш долчу а лаппагIашна юккъехь, лекха айделла, момсарна тIетоьхна баьццара эчиг а долуш, жуьгатийн маьждиг лаьттара. Цу маьждигал дехьа хIара шиъ ваьлча, цхьана кетIара гIеметтахIоьттина къонаха цецваьлла схьахьаьжира кхаьрга.

– Со виц-м ца велла хьуна, Iиса? – хаьттира цуьнга Аюба.

– Хьо-м вевзира суна, – элира Iисас, хаттар дан дагахь волчуха Зеламхе а хьаьжна.

Цуьнан хьажар гинчу Аюба:

– ХIара-м тхан эвлара сан доттагI ву, – элира Iисина тIе а вирзина. – Шен гIуллакхана адвокат ган дагахь веана хIара кхуза.

– А-а, – аьлла, юха а кIелдIашхула Зеламхе а хьаьжна, корта таIийра Iисас. – Бехк ма биллалаш, суна кхечу стагах тарвеллера хIара. Схьа чу яийта ворда, – элира цо, ков дIа а диллина.

– Баркалла хьуна, Iиса, – элира Аюба, – ворда хьо волчохь а йитина тхойшиъ дIасагIур ву. ХIара сан накъост адвокат Шараев волчу вигна хьо вагIахьара, сан а гIуллакх дара хьоьца.

– Ой, стенна сихделла шу? – элира хIусамдас, дIахецна стерчий рагIу кIел дIа а доьхкуш. – Новкъа ма даьхкина шу, чу а дуьйлий, цхьацца стака чай мала. ТIаккха гIур ду-кх.

– ХIан-хIа, Iиса, тхо хIинца меца дац, чай духадирзича мер ду вай.

* * *

Цуьнан къона юьхь-сибат эрчадоккхуш, тийла дилха а диллина, зоьртала адвокат, стаканара наггахь чайнан къурд а беш, керла газеташ доьшуш Iара, ялхочо неI а йиллина, и волчу чу цхьа стаг ваийтинчу хенахь. И чувеънарг денна шайн лазар дохьуш ша волчу богIучех ву моьттуш, башха тергал а ца вора цо. Амма чувеанчо, тIера месала верта дIа а тесна, Iаьржачу исхарин чоьин белш тIера эпсаран погонаш гучу а яьхна, дIахIоьттина шега:

– Ассалам-Iалайкум, де дика дойла хьан, – аьлча, эгIийча санна, хьала а иккхина:

– Э, Зеламха вац хIара?.. Ва Iалайкум-салам, марша вогIийла хьо, – элира Шараевс, шен кегий Iаьржа бIаьргаш обаргана тIехь а совцош. – ХIара-м гIан санна хIума ма ду. Дийцахьа, муха карий хьуна со?

– Доггах хьаьвзича, лоьхург, даима бохург санна, карадо хьуна, Данилбек. Тахана хьо эшна веана со, – аьлла, харачочо шен буйнара адвокатан куьг дIахийцира. – Ткъа, дицделла хьуна, айхьа суна инарлига дика кехат яздийр ду, бохуш, хьуьнхахь дина къамел?

– Дера, ца дицделла – жоп делира адвоката. – Хьуо кхуза хьан валийна мукъана дийцахьа соьга? – хаттар деш, кхеравелла корах арахьаьжира хIусамда.

Иштта гучуволуш воьхна хIусамда хьаьвзича:

– Шек ма валалахь, Данилбек, – элира цуьнга Зеламхас. – Шуьга богIу некъ суна хьехнарг, геннара суна шун хIусам а гайтина, со мила ву ца хууш, юхавирзина хьуна.

– Иза-м хIумма а дацара, – аьлла, юха а меттаван гIоьртира кхайкхаза веанчу хьешо вохийна Данилбек. – ХIетахь ахь соьга хьайн цIарах инарлига дика арз язде, аьлла, дийхира-кх.

– Дийхира те, – жоп делира Зеламхас. – ХIинца къаьсттина чIогIа оьшу и суна, Данилбек.

– Иза а хаьа суна, Зеламха. Схьавоьл цкъа хIоккхуза охьахаал хьайна, – аьлла, дIо маьIера схьаоьзна доккха кIеда гIант хIоттийра цунна хIусамдас шен стоьла хьалха. – Кху сохьта яздийр дара вай иза-м, – къамел дора Шараевс. – Поручика Гриневс дуккха а хIуманаш ма дийцина суна хьан хьокъехь.

– Гринев мила ву? – ца кхийтира Зеламха.

– Ой, Гринев ца вевза хьуна? – хаьттира юха Данилбека. – ХIетахь соьца хьуьнхахь хилла эпсар ву-кх иза.

– А-а, хIинца дагадогIу суна тхан дас сайга и эпсар вийцина.

– Шу бахьана долуш ма хьажийна иза Веданара кхуза.

«Марж-яI, висиний техьа тхо бахьана долуш хьовзоза цхьа а?» ойла йира обарга. Ткъа, хезаш:

– Хьуна дика девза-кх, Данилбек, оьрсийн паччахьан законаш, – элира цо адвокате. – Яздехьа сан цIарах инарлига кехат, цо хIиттийначу хьаькамаша Iедал нийса ца леладо, цара гIийла нах баха ца буьту, алий. Вуно чIогIа маьрша ваха лууш волу со а цу жIаьлеша араваькkхина хьийзаво, цу жIаьлеша набахте а дигна, сан кегий бераш хьийзадо.

– Бакъ лоь хьо, вуно бакъ лоь, аьлла, шена хьалха Iуьллучу кехата тIехь къоламца билгало йира адвоката.

– ДIаязде ахь, цу жIаьлех уггар боьха пхьу и нарла Михеев ша ду, алий, – бохуш, къамел дора Зеламхас. – ХIунда аьлча, цо цхьана а стагана вониг бен, дика гIуллакх цадарна.

– Иштта яздан мегар дац, Зеламха, – элира обарге ладоьгIуш Iачу Шараевс. – Иза ахь ма- баххара дIаяздахь-м, оьгIаз а вахана, инарлас кхин а доьхнарг дийр ду…

– Кхин вониг ца дисна хьуна цо вайна дан, Данилбек, – адвокатан даша юкъа иккхира обарг. – Шен хирг вайна дина ваьлла хьуна иза.

Муха вогIу ца хууш веанчу кху хьешо вохаварх хала меттавеана, обарге, сихо вистхилла хьал-де а хаьттина, инарлига арз яздан волавелира Шараев.

Куц долуш тIеюьйхина алон басахь тIергIан коч а йолуш, чуеара цхьа къона зуда – адвокатан хIусамнана. Чохь хьаша гича, юхаяьлла, собаре йистхуьлуш цуьнга маршалла-доьналла а хаьттина, шен майрачуьнга:

– Хьо хоьттуш вайн лулахо ву-кх, – элира цо, хIусамден цIе ца йоккхуш.

Шараев вуха вистхилале, ца тухуш неI а йиллина, чувеара атлазан гIовталан хьалхарчу кисанара къегина охьакхозуш стомма дешин зIе а йолуш, лохуочу дегIехь, шовзткъа сов шо кхаьчна къонаха. Эвхьаза куьг кховдош, кху шинге салам-маршалла а делла, вахана доккхачу кора хьалха лаьттачу кIедачу гIанта охьахиира чувеанарг. Иза Шараевца доттагIалла а долуш, цуьнан лулара купец вара.

– Алазанера веана сан гергарло долуш стаг ву хIара, – аьлла, цуьнан цIе а ца йоккхуш, дIадерзийра хIусамдас Зеламхех дерг.

– Дийцахьа, муха беха вайн вежарий Гуьржийн махкахь? – хаьттира купецо, шен кIедачу гIантахь хаза-дика дIа а нислуш.

Адвокаттий, обаргтий, къайлах вовшашка а хьаьжна, шаьшшиммо лелочух кхета гIоьртира.

– Дика беха цигара нах-м, – элира обарга, шеквоцуш, и мила ву хаа лиъна, купеце а хьожуш.

– Туьканаш муха ю? Эца хIума карайой цигахь? – шениг хаа гIоьртира купец.

– Эца хIума а хуьлу цигахь-м, – аьлла, дог ца догIуш жоп делира, хеттаршна реза воцчу обарга.

Хьанна хIун хаьа, виц а велла, адвоката кхуьнан бакъ йолу цIе а яькkхина, обарг гучуваккха тарло. Цундела:

– Бехк ма биллалаш, ламаз эца дезаш ву со, – аьлла, бехказло а яькkхина, аравелира обарг. Цунна тIаьххье ваьлла дехьа чу ваханчу Шараевс:

– Виц ма лолахь, Зеламха, – элира хьеше, – хьо Алазанера хьайн гIуллакхана Соьлжа-ГIала веана сан ненехула гергара стаг ву хьуна. Кхетий хьо?

– Вуно дика кхета, – аьлла, велакъежира обарг.

Вуха чувеанчу Шараевга шен фирмица баьлла къийсам буьйцуш, тохарлерчу кIедачу гIантахь Iара купец. Цуьнга ладугIуш ша волчуха, лерина шен стоьла тIе охьахиъна, Зеламхин цIарах инарлига арз яздеш адвокат а вара.

Чуеанчу хIусамнанас, стоьла тIе кIайн шаршо а тесна, тайптайпана даарш хIиттийра. Хьеше а дехьа чуьра схьакхайкхира.

Зеламхас хIума хIинца а, хIинццалц схьа санна, кIезга йоура. Жижигах хIума яалур яц шега, аьлла, чай дехна, кIедачу баьпкан юьхкаца иза а молуш, вист ца хуьлуш, церан къамелашка ладоьгIуш Iара обарг.

– Керла хабар хезний шуна? – хаьттира массарел а дукха луьйчу купецо.

– ХIан-хIа, хIун ду и? Дийцахьа, Далхьад, – дийхира цуьнга хIусамдас, моз чохь долу кIайн бошхап Зеламхина хьалха а тоттуш.

– Обарг Зеламхин доьзал лаьцна БуритIерчу набахтехь бу ма боху.

– Иза-м хезна тхуна, – аьлла, «хьо вист ма хилалахь» аларе, кIелдIахула обарге хьаьжира адвокат.

– Инарла Михеевс цаьрца дика хила, цу зударшний, берашний халахетар ма де, аьлла, бохуш а дуьйцу, – элира Далхьада.

– Берийн хIун бехк бу? – юха а ишта кIелдIахула Зеламхига хьаьжира Шараев. Ткъа, обарг, шек а воцуш, лерина купеце ладугIуш Iара.

– Эрштойн-ломахь дукха чIогIа къайлаха Iаш ма хилла уьш, – луьйчуьра ца соцура Далхьад. – ХIетте а, Веданара дуьйна тIаьхьа а вахана, цхьана бIаьргбаьллачу жIаьло мотт а бина, лецийтина-кх уьш.

БIаьргбаьллачун цIе яькхича, шена цхьа хIума тоьхча санна, цIеххьана хьала а хьаьжна:

– Кхин хIун хезна хьуна церан хьокъехь? – хаьттира Зеламхас.

– Бакохарчу Мухтаровс, царна хьалхара ша мах а лур бара, Зеламхин берашка оьрсийн дешар Iамадайтахьара, аьлла, бохуш а дуьйцу, – жоп делира Далхьада. Амма Алазанерчу хьешан юьхьа тIе хьаьжча, шекваьллачу цо: – Хьан гергара-м бац уьш? – хаьттира обарге, чай мелла ваьлла, шена хьалхара стака дIа а тоттуш.

– Дера, бац, – жоп делира обарга. – Дуьххьал дIа уьш нохчий хилар бен кхин хIумма а дац сан-м цаьрца, – аьлла, хаьал серлаяьлла, Зеламхин юьхь ойлане яхара.

ХIума йиъначул тIаьхьа дукха хан ялале, дIаваха кечвелла «алазанхо» новкъа ваккха ша, аьлла, хьешашца аравелира адвокат.

ГIалин Дворянски урамерчу йоккхачу килса хьалха, дечиган Iасанна тIе а тевжина, цхьа гIийла сагIадоьхург лаьттара. Цуьнан мажарйоьлла, бос байна юьхь цу новкъахула дIаса мел воьдучуьнга цхьана дехаре хьажжинчохь йисинера. Цхьаберш, иза шайна ца гучуха тIехбовлура, вукхара кисанара йохий, цо схьакховдийнчу тишачу куйна цIестан шайнаш тосура. Базарара бухабирзинчу хIусамнаноша баьпкан юьхкаш лора цунна. ГIоддаха баркалла а олий, схьаоьций цо и баьпкан юьхкаш паргIатчу куьйга юххехь Iуьллучу тишачу тIоьрмига туьйсура.

Ша тIехволуш, кисанара схьа а даькхина, кхо-диъ шай тесира Зеламхас цу сагIадоьхучун куйна. Изза адвоката а дира. Ткъа цара лелочух ца вешаш, дIанехьа а ваьлла, Далхьад уьш тIаьхьакхиаре хьожуш сецира.

– СагIадоьхурге хIума хIунда ца кховдийра ахь, Далхьад? – хаьттира Зеламхас, йовхарш тоьхна туй дIа а кхуссуш.

Ша хIун ала деза ца хууш, вист ца хуьлуш веха хьевеллачу Далхьада:

– Ас бах ахь? – аьлла, духа хаттар дира, «алазанхочо» дуьйцучух ца кхеттачуха, цуьнга а хьаьжна.

– Бах те.

– Дала сагIа лорур ма дац царна делларг, – элира купецо, цхьа Делан къайленаш хуу кеп хIоттош.

– ХIунда бах ахь? – цецвелира обарг.

– Уьш боьха керстанаш болу дела…

– Айхьа хIун дуьйцу мукъан хаьий хьуна? – акъ а ваьлла, Далхьаде хьаьжжинчохь висира обарг.

– Дера, хаьа. Хьуна хьайна ца го и? – бохуш, «алазанхочо» дуьйцучух кхета дагахь а вацара купец. – Хьо санна болчу Iесачу эпсарша-м кхин башха бусалбанех къаста а ца бо уьш хIинца.

– Ахь и дийцахь, хьо хьуо вац, Далхьад, бусалба, – элира обарга, чIогIа реза воцуш купеце а хьаьжна.

– Ой, хIунда бах ахь? оьгIазвахана кеп хIоттийра Далхьада.

– ХIунда бохург хIун ду? И дIо лаьттарг, – буханехьа пIелг хьажийра обарга, – хьан санна са а долуш, гIийла адам ма ду. Цу хабарца ахь хьайна тIе ши къа лоцу хьуна: цкъа-делахь, гIийлачу стагана сагIина хIума ца ели ахь, шолгIа-делахь, нехан дин сий-саздан гIерта хьо. И саннарг бусалба динехь догIуш дац.

Кхин дуьхьал схьаала хьекъале хIума доцуш кIелвисинчу купеца:

– Уьш-м бовзара суна, – эккхийтира шен мера кIел, – сагIадоьхуш, дуьйладелла лела жIаьлеш. Царна деллачух сагIа хир дац.

– ХIара ю-кх луучунна шортта пайда баккха меттиг, – элира адвоката, тIулгах юттуш йинчу лекхачу кертах дIатоьхначу кехата тIе пIелг а хьажийна.

– ХIун ду иза? – хаьттира кехат деша ца хуучу Зеламхас.

– Обарг Зеламхин корта шена беанчунна ши эзар туьма деши лур ду ша, бохуш, яздо-кх инарла Михеевс, – жоп делира адвоката, кхузахь шайца Далхьад хилар диц а делла.

– Мичахь яздо цо и? Схьагайтахьа, – адвокате хьаьжжинчохь сецира обарг.

– Ой, кхузахь яздо-кх, схьахьажал, – аьлла, цу инарлин кхайкхамна тIе пIелг Iоьттира Шараевс.

И кхайкхам беша гIоьртича санна, лерина цкъа цуьнга а хьаьжна, юхавирзинчу обарга:

– Къолам буй хьоьгахь? – хаьттира адвокате.

– Бу те. ХIун до ахь цунах?

– ДIаяздел цунна тIехула.

– ХIун? – цецвелира Шараев. Ткъа купец, хIара лар тIехь ца хетта юхавелира.

– ДIаяздел ахь кху меттехула, – аьлла, шена схьагайтинчу инарлин кхайкхамна тIоьхула пIелг шаршийра Зеламхас: – ХIара хьан кехат лерина дийши ас, ахь биллинчу механа реза вац со. Ас сайгара кхин ши эзар туьма тIелур ду суо лаьцначунна. Зеламха, – аьлла.

Кхеравелла, Iадийча санна, дIаса а хьожуш, вада кечвелла, дIанехьа а ваьлла лаьттара купец. Ткъа, адвоката, обарга бийриг бегаш бу моттийта гIоьртина, вела а къежаш:

– Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна? – хаьттира. – И яздича-м, хьо ваха, ду вай лецна таIийна набахте духкур.

– Ас бохург де ахь, дIаязде! – аьлла, тIам а лаьцна, цу кехата тIе озийра адвокат обарга.

Шен ницкъ ма-кхоччу юхагIоьртира адвокат. Делахь а, цу обарган оьгIазе шега хьажар ла а ца делла, шен Iаьржачу кителан хьалхарчу кисанара къолам схьа а баькхина, даккхийчу элпашца: «ХIара кехат лерина дийши. Механа реза вац со… Зеламха» – аьлла, цу инарлин кхайкхамна тIоьхула дIаяздира Шараевс.

Ша мичахь ву ца хууш, воьхна ведда урам-некъал дехьа а ваьлла, дIавирзинчу купецана, адвокате хьовха, нагахь хIинца кхузахь и хилча, инарлига Михеевга а ша бохург дойтур долуш, буьрса лаьтта Зеламха гира.

Хорша еъча санна, вегош, когаш а лехна, цхьаммо вухаийзош санна, хала воьдура купец.

Областан начальнико бинчу кхайкхамна тIоьхула дIаяздина шен жоп гича, сакъераделла юьхьа тIехь къегина Зеламха, адвокатан Iодика а йина, дIаволавелира.

Воьхна ша хIун дуьйцу а ца хууш:

– Хьан арз ас инарлига дIадохьуьйтур ду хьуна, – аьлла, мохь туьйхира цуьнга Шараевс, куьг а ластийна, хиндерг хилла даьлла кхунах, аьлча санна.

Сихонца вухавирзина вахана купецана тIаьхьа а кхиъна:

– Iехий-кх со цу стага, – элира Шараевс, – Алазанера веана сан гергара стаг ву ша, аьлла, чу а веъна.

– Ткъа и обарг Зеламха вуйла ца хаьара хьуна? – цецвелира Далхьад.

– Дера, ца хаьара, – харц тоьшалла дира адвоката.

– Со-м шек вара хьуна цунах, и бIаьрга гичхьана а, – элира, хIинца майра ваьллачу купеца. – Ма буьрса адам а ду. Иштта стаг хилла-кх и обарг Зеламха. Цо-м муьлххачух а хьакхийна цу бийр бу.

«Ма дика болх бу-кх иштта чIогIа хьо цо кхерийна», – аьлла, ойла йира Шараевс. Ткъа, хезаш:

– Нагахь, Iедална хIара хаахь, вайший а текхор ву хьуна цара, – элира цо Далхьаде. – Цундела, вист ца хуьлуш, Iадiелахь, вайшинна хIумма а ца гина хьуна.

– Ткъа нахана ма гина вай. Цара дIадийцахь? – аьлла, воьхна хьаьвзира Далхьад. – Цул бакъахьа дац хIинцца вахана вайшимма полицега хаам бича? Цара схьалаца а мегий иза-м…

– Хьерваьлла-кх хьо, Далхьад, – аьлла, цуьнга хьаьжира адвокат. – Иза-х хIинцале гIалех араваьлла хир ву. Вайшингге ца оьшу бала кхочур бу-кх, полицига цхьа дош алахь. Хаалахь, – элира Шараевс, купецан лере а гIоьртина: – хаац бохург, деши ду хьуна.

11

СогIоппара обарг Саламбек ирхъолларх, шена моьттина аьтто баьлла охьа ца хиира Терски областан начальник инарла Михеев. Мелхо а, и динчул тIаьхьа дукха хан ялале инарлин гIуллакх кхин а чIогIа эрчаделира: Саламбек ирхъоьллинчу дийнахь Зеламхас, цу чIирна санна, Михеевн уггаре а гергарчу нахах цхьаъ, эла Андреков вийра.

Цу дийнахь дуьйна чIогIа сингаттаме воьжнера инарла. Ткъа, Терски областе Гуьржехарчу сардалан гIоьнча инарла Шатилов веъчахьана-м гуттар карзахваьлла хьийзара Михеев. Ша ца лоруш, кIезгахетавелла и дина, бохург тарделлачу Михеевс, эмгар санна, резавоцуш тIеийцира Шатилов.

Йоккха, синкъераме инарлин кабинет шолгIачу гIатт тIехь яра. Дукха хан йоцуш юха тойинчу цу чохь хIинца а силам-басарийн хьожа лаьттара.

Йогуш йинчу, лохочу, йозан стоьла тIехь кIедачу гIентахь Iара инарла Михеев. Цу йоккхачу стоьла тIехь йоьзах дуттуш динчу Ермолан-салтичун суртгий, оццу йоьзан шекъадуттургтий лаьттара.

Инарлина дуьхьал а вирзина, къамелехь цунна цхьацца кехаташ доьшуш Iара цуьнан гIоьнча, хан яьлла воккхастаг, подполковник.

– ХIара кехат обарг Зеламхас даийтина хьоьга, Спиридон Петрович, – аьлла, тохара Соьлжа-ГIалахь харачочо шен цIарах адвокате яздайтина арз охьадийшира подполковника. «Кегийчу берийн бехк а, гуьнахь а дацара, уьш пергIат битахьара ахь, господин инарла. Нагахь, эшахь, лаца а, вен а со вара хьуна», – яздинера обарго.

– И доьзал кхин бIаьрга ца гойтуш волуьйтур ву-кх ас иза, – аьлла, дIадаккха и кехат суна гучура боху кеп хIоттош, куьг ластийра Михеевс.

Цхьана минотехь вист ца хуьлуш сецира и шиъ.

– Бехк ма биллалахь суна, Спиридон Петрович, – элира гулвеллачу гIоьнчас инарле. – Хьоьга и дIа ца хаийтича бакъахьа

хетац суна: хьан йоI йийсаре а йигна, цунна дуьхьал хьоьгара шен доьзална пергIато еха дагахь, кху гIали чу лата кечлуш ву Зеламха, бохуш, дуьйцу наха арахь.

ЦIехьана и шен къежбелла корта а айбина, хьажа юккъе цIоцкъамаш гулдира инарлас.

– И дара хIинца вайга кхачаза диснарг, – элира Михеевс, цецваьлла, ша Iаччохь куьйгаш дIаса а тесна. – Айхьа дуьйцург хIун ду мукъана хаьий хьуна? – кIедачу креслара хьалагIеттира инарла.

– Дера, хаьа, сан сийлахьниг, – аьлла, воьхна гIоьнча а ша Iачуьра хьалаиккхира. – Цу тIехь айса дан дезарг ца хууш, хьоьга и хаийтар сайн декхар лерира ас.

Безо ког боккхуш вахана, цу доккхачу кора хьалха ойлане сецира Михеев. Воьхначу подполковникан заьIапчу юьхьа тIехь а гIайгIа сецира.

– ХIан-хIа, и кӀу хIуттур вац хьуна иштаниг дан, – элира, корах арахьаьжжинчохь лаьттачу Михеевс. – Маха-м бац и, кхин адамана ца гуш дийнан делккъехь кхузахула чекх а ваьлла, и зулам дина ваха?

– Бехк ма биллаахь суна, сан сийлахьниг, – аьлла, юха а цIехьана вистхилира гIоьнча. – Суна схьахетарехь, и моьттуш Iийна хьуна ГIизлареранаш а.

Iаржвелла вуха а вирзина:

– Ой, хьуна сох хIун таръелла, господин подполковник, – аьлла, шен гIоьнчина чугIоьртира инарла. - Кхузахь ГIизларе йоцийла ца хаьа хьуна, кхузахь БуритIа ю, Кхетий хьо?

– Бакъ луьй хьо, сан сийлахьниг, хIара БуритIа ю, – аьлла, шена цхьа хIума тоьхча санна, корта охьа а бахийтина, дIатийра подполковник.

– Цулла а, цу лецначу зударшка и обарг лелош берш, цунна сискал латтош берш бийцийта хьажа. Цуьнан дегайовхо йолу меттигаш гучуяха мукъана хIунда ца гIоьртина хьо? – аз а айдина, хеттарш деш, кабинета чухула дIасаволавелира инарла.

– Сан сийлахьниг, обарг Зеламхин зуда, селхана бер а дина Iуьллу, лоьро бакъо ма ца ло цуьнга хеттарш дан, – аьлла, ша дика ца хIуттушехь, шениг дийца волавелира подполковник.

Кхин вист ца хуьлуш, неIарехьа волавелира инарла. Воьхна, ша ког муха ловзу ца хууш, цунна тIаьхьавахара гIоьнча а. И шиъ сени чу ваьлча, хьалаиккхинчу адъютанта:

– Сан сийлахьниг, фаэтон хьоьга хьоьжуш лаьтта, – част делира инарлина.

ТIаккха а цу адъютанте кхин вист ца хуьлуш, подполковникехьа а вирзина:

– Тахана цу шина а зудчунна тIера цIока яккхалахь я шайн къайленаш, гергарло долу меттигаш схьайийцийталахь цаьрга. Масала, цара и ца дахь, шайн берашца Сибарех бахийта, – къиза хадийра инарлас. – Цигахь лоьхур бухIано шен кIорнеш. – Куьг а ластийна, шен адъютантаца аравелира инарла.

Иштта, вахана Михеев ураме ваьлча, Iаьржа дой доьжна лаьттачу фаэтона гондахьа, тиша чоэшший, кхакхана кетаршший юьйхина дуккха а гIийла нах юкъахь шортта адамаш лаьттара. Тахана кхоалгIа де дара, шайн гIайгIа ялхо баьхкина уьш, инарлас тIе ца оьцуш, кху арахь хьийза.

Кхузахь нохчашна талмажалла деш волчу шен белхалочуьнга схьа а кхайкхина:

– Вист а хилий, кхузара дIабахийта уьш, – элира инарлас, фаэтон тIе а волуш.

– ЛадугIуш ву, господин инарла, аьлла, шен хенехь ца товш, инарлина тIаьхьа дIавогIавелира талмаж.

– ХIай-хIай, иштта хилал хьо. Кхин суна кху арахь хIара базар ма гайталахь.

– ЛадугIуш ву.

Михеев шен адъютантаца фаэтона хиира. Деншика архаш а хьайина, и, хьаргIа санна, Iаьржа дой дIалилхира.

– Хьажахьа, хIинца и боьха къу, кхин эхь ца хеташ, вайн кхерча гIертийца, – элира инарлас ша-шега луьйчуха лоха. – Т-фу, неIалт хила кху балхана, ма дош дац-кх хIара, аьлла, дIа а вирзина, туй кхоьссира инарлас.

Бицис Зеламхина кIант винера. Шийлачу, тIуьначу набахти чохь, хала хилира иза. ХIетте а, массо нана санна, ша ирс долуш

хетара Бицина. Цу берана хIун яор ю, тIе хIун юхур ю бохучун ойла ян гIортар дагахь а дацара нанна. ХIинца цунна и неIара тIерачу Iуьргахь богу къуьда а сирла богура, бераша дIасаийзош тишдина цхьаъ бен доцу юргIа а хIинца шорта хетара. ХIан-хIа, хIинца цунна дерриг дицделлера: чов а ца лазара, доьлхучуьра севцина бIаьргаш а дакъаделлера, тховса цунна гIайгIа а, белхар а ца оьшура. Кху шийлачу буса цуьнан даг тIехь син паргIатой, машаррий, йовхой сецнера. Тховса Бицина цу тIуьначу пенашна тIехула лела Iаьржа чхьаьвригаш а яцара новкъа. Оццул хала дахаран некъ болчу Зеламхина тахана ша шолгIа воI Iумар-Iела варна, цуьнца болчу безаман цIано ца бехъеш схьаярна, Бицис тахана зудчун куралла йора.

Ткъа, жимачу Iумар-Iелас ша винчу буса набаран тар а тесна, дIатевжина Iен набахтин къена хехо сама а воккхуш, мохь хьаькхира… Катоьхна, шена хьалха стоьла тIехь Iоккучу догIанийн кочар схьа а оьцуш, хьалаиккхина и хехо хилларг хIун ду ца хууш, воьхна учахула дIасахьаьдира. Юха вахана, зударийн камеран неI а йиллина, чухьаьжначу цо:

– АстопираллахI, хьажахьа хIинца цу шайтIанашка, – элира, ши куьг а ластийна, – хIорш-м, цIоз санна, дебаш бу.

Изза бен дацара Бицис кIант вар къобал деш аьлларг а я дина совгIат а. Делахь а, набахтин хехочуьнга, сапаргIат даьлла, елаелла хьаьжира Бици, хIунда аьлча, набахтехь мел хала делахь а, кIант винера цо. Гушмазукъеран хIу ца дайта кхин цхьа къонаха а ваьллера дуьнен тIе.

Iумар-Iела винчу кхоалгIачу дийнахь суьдан талламхочо кхайкхина дIайигира Бици. Леррина и гIуллакх а дохьуш набахте веанчу талламхочо къамел, цхьогало санна, хьаставелла дахь а, тIетаьПина дора.

– Ткъа, хIинца шун гIо дан таро йолуш, гергара стаг ца висина цу арахь? – хаьттира цо, аз ца айдеш, цамгаро гIелйинчу зудче и шен якъаелла уккал охьа а яхийтина.

– Вац, – элира Бицис, шен коьртарчу корталин тIома кIел карара бер а хьерчош.

– Зеламхин доттагIех мила вевза хьуна? – хаьттира цо, аьрру куьйган нана-пIелгаца шен охьаеана кхалкъ а кIамъеш.

– Цхьа а, – доцца жоп делира обарган зудчо, цунах дIайирзина берана накха а луш.

Шен буйнарчу къоламан аьрта юьхьиг стоьла тIе а етташ, цхьана минотехь Бицига хьаьжжинчохь а Iийна:

– И доттагIалла цо хьаьнца леладора мукъана дийцахьа? – хаьттира талламхочо, тохарчул башха аз ца айдеш.

– Хаац суна.

– Цуьнца хуьлуш берш а ца бевза хьуна?

– ХIан-хIа, – элира Бицис, кхин юьхьа тIехь ца хийцалуш. Со цаьрца араяьлла ма ца лелла.

– Ткъа, мила вевза хьуна? – аз айдира талламхочо.

– ХIара вевза-кх, – аьлла, ела а къежаш, шен карара кIант дIагайтира Бицис. – Со берийн нана ю, сайн майрачун зуда а ю. Кхин суна хууш хIума дац, – аьлла, йоьхна аз ца хуьйцуш, жоп делира обарган зудчо.

– Тоийталахь суна хIинца и пайда боцу хабар, – элира, шен уккал хьала а аййина, хIинца дарвеллачу талламхочо. – Уьш массо а вевза хьуна, цо мел баькхкхина ког а хаьа хьуна. Нагахь, ахь уьш схьа ца дийцахь, оха хьо цу хьайн берашца Сибарех хьажайо.

Кхин цунна дуьхьал йист ца хилира Бици. Амма: – «ХIинца цу Сибарех а тхайнаш шортта бу, цига тхаьш дахийтарх шек ца йолу со, – дагадеара цунна. – Зеламха шун кара ца вахчахьана».

12

Нохчийн эвла Жима-АтагIа, хийла хан хьалха дуьйна а, неца санна, ира шаьлтанаш ечу пхьерашций, сирлий, шийлий догIучу Орган хиций, хазачу мехкаршций гIараяьлла юьйцура. Зеламха вуно кIезга вогIура кхуза, хIунда аьлча, Харачохь санна, чIогIа кхузахь а цу Кибировн агенташа ша лехарна. ХIара санна, чIогIа Iедало лоьху обарг Аюб кхузара хиларна дара и.

Соьлжа-ГIалара вогIуш хIоьттинера и шиъ хIинца кхуза. ВогIушехь синкъераме нисвеллера тховса.

Аюб кхузахь, массарна а бохург санна, вевзара. Ткъа Зеламха,

кхин башха ца вевзаш, арара хьаша вина тIеийцира. Делахь а, цхьаболчех ша дика цатешарна, кху чуьра дIасаверигг тергалве, аьлла, уьйтIахь стаг витира Аюба.

Синкъераме баьхкина дукхахберш боьза я басме кучамашна тIехула юьйхина кхекхийн кетарш а йолуш, царна чухула я тIехула йихкина совр диллина шаьлтанаш а йолуш, нагтахь волчун доьхкарх йоьллина нохчийн тиша тапча а йолуш гIийлачу ахархойх нах бара. Церан когахь машин пезагашна я тIергIан пазаташна тIехула юьйхина неIар-мачаш а, коьртахь месала куйнаш а дара.

Кхаа-веанна тIехь, шайн тароне хьаьжжина, хьаса боккхуш гIажарийн тIаьрсигийн кIархаш, маьхьсеш дара, исхаран я жIайнмашин кхелинчу бустамашца цхьаьна чоэш дара, иштта кхелина детица доьхкарш тIехь кхелина шаьлтанаш а, коьртахь бухаройн холхазан куйнаш а.

Чубаьхкинчу хьешашка, массара а хьалагIевттина, салам-маршалла а делла, уьш охьахевшинчул тIаьхьа, жимма хьала а айелла Аюбе маршалла хаьттира стигалан басахь дарин коч юьйхина Iачу цхьана хазчу йоIа. Иза Аюб тIехьийзарг яра. Цхьана минотана айделла цуьнан и хаза, Iаьржа бIаьргаш, Аюбана тIехь севцира, тIаккха цIеххьана гондахьа хьаьжира иза, цхьаммо а ша тергалйой техьа, бохург дагадеана. И къона обарг мосазза гин а цхьа тамашена кхерам божара цуьнан даг тIе.

Бес-бесара хазчу духаршца гулбелла мехкарий, сакъераделла, кегийчу нахе къайллах бIаьцаш а еш, паднара йистехь Iара. Церан коьрта техкинчу бойнаший, гуьлмаьндаший бегош богучу стогаран серлонгахь къегина лепаш, цу мехкарийн яххьаш кхин а хазйинера.

Мехкаршка бIаьцаш а еш, тийна Iара кегий нах. Кест-кеста цIенкъа туй а кхуссуш, цара уьйзучу цу чIогIачу томкийн цигьарканийн кIуьро кху лохачу тхевна кIелхьара цхьогал доккхур дара…

Гоьл тIе ког а баькхкина, нагтахь боккха цигьарки кIур а боккхуш Iачу божарийн тхьамдас мехкарийн тхьамдига:

– Вайна тIе хьеший баьхкина, – элира. – Цаьрга ладугIуш хила ала мехкаршка.

– Цу балхана сагатдан эшац, – элира мехкарийн тхьамдас, шен буйнарчу цIечу дарин йовлакхан чечакх а ловзош. – Хьешийн гIуллакхе хьовсуш бу вайн мехкарий.

– Баркалла, и дика ду, – аьлла, схьавирзина и тхьамда, кIелдIахула Зеламхе хьаьжира.

Чохь берш, массо а бохург санна, сакъераделла вовшашка бIаьцаш а еш Iара.

– ДIагIуо вайшиъ, дIадуьйшу хан хилла, – бохуш, тийна-тийна, ша тIехьийзачу йоIе шабарш деш Зеламхина хьалха Iара цхьа жимстаг, хIинцца даьлла догIу Iаьржа мекхаш а хьийзош.

– Кхуьур ду вайшиъ дIадаха, сих ма ло, – аьлла, и санна ела а къежна, бIаьргаш охьадахийтира йоIа.

– Хьо вайн цIа маца йогIур ю? Веха Iийр вуй со хьоьга хьоьжуш? Хезий хьуна? – иштта тийна шен тIехьийзачу йоIе шабарш деш Iара цунна юххера важа а.

Кхин дуьхьал йист ца хуьлуш, ела а къежна, реза ю ша боху кеп хIоттош, корта таIийра йоIа.

Цу кепехь дара кхузахь вовшийн дагара хоуьйтуш хIотто сурт. Делахь а, кхайкхарх дIаяха кечъелла Iаш цхьа йоI яцара. Ткъа, масала, хьала а гIеттина и схьайолаелчи: ой, ванах, хьеръяллакх иза, ала кийча, йоIе «дагIо вайшиъ» бохург а Iара.

Схьа а эцна, мехкарийн тхьамдас кехатан пондар лекхира. Хелхарш долалушшехь, Аюб юккъе ваьккхира. Пиллиг санна, вайвелла хьалаиккхинчу цо, мохах тарвелла хьаьдда хелхаран гуо а баькхина, тхьамдина хьалха бухь буьйгIира. ТIаккха, схьаюккъе яькхина йоI шел хьалха а ялийтина, тIаьхьаваьллачу цо, куро корта айбина, цуьнца цхьа-ши гуо а баькхина, дIаьндарг санна, цу йоIана гонах хьаьвзира иза, шен ницкъ ма-кхоччу чIогIа и дIаялийта а гIуртуш.

– Хелха-м дика волу хьо, – элира Зеламхас, гIелвелла са а лацаделла, шена юххе накъост охьахиъча.

– Хьан дуьхьа велира хьуна со тховса-м цу юккъе, велакъажа гIоьртира атагIо. – Со хелха волуш а ма вац.

Хелхаран гуо чекх а баьлла, лоькхучуьра пондар сецча, Аюб реза воцуш цхьа стаг веара синкъераме.

ХьалагIеттина, чуьрачеран Iодика а йина, Зеламхица аравелира Аюб. ШIайна тIаьхьа арабевллачарна гергахь кху эвлара шаьш сиха дIадоьлху кеп хIоттийра атагIочо. Амма, эвлах ваьллачул тIаьхьа аьтту агIор вирзина кIеззиг некъ а бина, юха а эвла чу хьаьвзира ши обарг. Буьйса, кIора санна, Iаьржа яра. Шена кхин хIума ца гахь а, тIаьхьа цхьаъ вогIий техьа, хеташ, кесткеста дIасахьоьжура Аюб. ДогIано тIадийнчу новкъахь шершаш ког ца соцура. Цундела, лозучу энаша ницкъ беш волу Зеламха, цкъа-шозза галваьлла, кертах тевжина, охьа ца вужуш висира. Делахь а, барзо санна, хьалха цкъа коган буьхьиг а Iуттий, аьтто болу меттиг лохуш, йоккхура цо гIулч.

Эвлах даьллачохь, сийно-таьIначу стигала кIел, хала хаалуш, цкъа гучу а даьлла, дIадайра кху шинна тIаьхьа хIоьттина догIу цхьа гIаларт. Керташка юххе гIерташ охьа а хуьйшуш, къайлах кхарна тIаьхьа хьоьжура иза. Ткъа, шайна тIаьхьа цхьаъ вогIий техьа моьттуш ша шекволлушехь, хIинца шайн лорах цхьа а кхуьур вац, бохуш, паргIат дIаоьхур Аюб.

Лахарчу тогIи чу кхаьчча, гIовгIане декаш догIучу жимачу татолан гIашлойн тIех велира и шиъ. Хил дехьа ма-велли, кхузахь, хьуьнах дIаийнчу акхачу бешахь, дара Аюбан гергарчу нехан цIеношш.

Обаргаш чубаьхкина дукха хан ялале, цу хIусамехь богу стогар дIабайра, ден къамелаш севцира. Кевнна а, божална а зайлаш муха тоьхна хьожуш араваьлла хIусамда чувирзира.

Кху шинна тIаьхьахIоьттина деана и гIаларт, хил дехьарчу дитта кIел лаьттина, юхадирзина дIадахара. Мел чIогIа ладогIарх хезаш хIума доцуш тийна лаьттара. Цу Iаьржачу буьйсано хьарччийна къайлаяькхира юрт.

* * *

Сатоссуш Зеламха, Аюбаца дIаваха кечвелча, Веданара Оба-Хьаьжа коьртехь а волуш молланаша кхарна дуьхьалбаькхина кхайкхам бийцира хIусамдас.

– ДIадаханчу пIерскан дийнахь, маьждиг дуьззина чохь адам а долуш, тхан къедас охьабийшира иза-м.

– Цара цу тIехь яздийриг хIун ду мукъана дийцахьа тхуна? – хаа лиира, шен чоьин тIомаца топ цIанъеш Iачу харачочунна.

– Ахь арадаькхинарг шарIаций, бусалба динций ца догIу боху цара, – жоп делира хIусамдас, и цхьаъ бен цара бехке ца вечуха, Зеламхина тIе а вирзина.

– Со цхьаъ бен вуьйций цара цу тIехь? – юха а хаьттира Зеламхас.

– Хьо цхьаъ ву цара вуьйцург, – жоп делира хIусамдас. – Тохара хьалха Аьстамар а, Геха а, Вара а хьехаво.

– Цу беллачех со тоьхча гIолий хуьлу хир ю царна, – аьлла, велакъежира харачо. – Хьай неIалт хила и санна болчу молланашна.

– Хаац-суна-м – молланашна неIалт алар ца тайра хIусамдена. – Аюбах лаьцна цу тIехь хIумма а дацара, – Аюбехьа вирзира иза. – Мелхо а вайн къедас хьо ша бохучу нахаца инарлина тIеводахь, цо хьуна гечдийр ду боху.

– ЛадугIий ахь, Аюб, – элира Зеламхас, цу къамелах ца вешаш. – Лаахь, хIинца маьрша стаг хила бакъо йолуш ву-кх хьо.

Вист ца хуьлуш, тохара санна, кхоьлина Iара Аюб. Долийч-хьана дуьйна а ца дезара цунна и къамел.

– ХIан-хIа, Зеламха, тоьар ду вайна Саламбеках цара динарг, – элира атагIочо, кхин Iа а ца велла. – Тхо цу паччахьан инарлин гечдар девзаш ду алахьа цу къедига, – аьлла чекхвелира иза.

– И хIун хабар ду ахь дуьйцург? – реза воцуш, хаьттира хIусамдас. – Вайн къеда-м вац хьоьца вон ойла йолуш.

– И диканиг ас йити, ала ахь цуьнга, – куьг ластийра Аюба.

Юкъ санна, макхвелира хIусамда. Резавоцуш тийна Iачу Зеламхига а хьаьжна, меллаша дехьа чу вахара иза.

ГIийла садаькхина, лелха йохкуш санна, шен лозучу голаш тIехула куьйгаш а хьаькхна, Аюбехьа вирзира харачо.

– Охьахаал цкъа, – элира цо атагIочуьнга, – цу массарна а «гечдечу» Михеевн буйна хьо вахале, сан цIарах Оба-Хьаьжакъедига цхьа кехат язде вайшимма. – Хьала а гIеттина, чухула дIасаволавелира Зеламха. Шен дагахь гулъелла оьгIазло цхьанахьахула дIатоха кийча ву ша бохург дара и харачочун.

Кхин вист ца хуьлуш, таьлсаш чуьра тептаррий, шекъадуттургтий схьа а яькхина, шина кора юккъехь лаьттачу цхьана жимачу стоьла тIе охьахиира Аюб.

– ДIаяздел, – элира Зеламхас, шен доккха куьг хьалха дIа а тесна: – «Ва Оба-Хьаьжа, хьуо Делан къайленаш хууш, пайхамаран векал а хилла кху лаьтта воьссина, адамашна къинхетам бохьуш веана стаг ву, бохуш, хабарш дуьйцу ахь нахана юккъехь. Хьо пайхамаран векал а вац, я хьуна цхьа а къайле а ца хаьа. Нагахь хаахьара, лай хилла вахана, цу инарлин лаам кхочушбан гIерташ хьо хьийзар а вацара.

Хьо, Оба-Хьаьжа, доккха жIаьла ду, цу инарла Шатиловл а хьалха ден дезаш, хIунда аьлча, адам Iехошверг хьо волу дела.

Хьоьга хIара яздинарг харачойн Зеламха ву».

Вахана охьахиъна, юха а шен голаш тIе куьйгаш а хьаькхна:

– Ас мел аьлларг дIаяздиний ахь? – хаьттира харачочо.

– Яздина те.

– Охьадешал.

Шен ницкъ ма-кхоччу лерина гIоьртина и къедига яздина кехат охьа а дешна, доккха садаькхина, гIелвелла гIантах букъ а тоьхна, дIатевжира Аюб.

– Вуно дика яздина, – аьлла, ша-шена реза хилира Зеламха. – Ахь хIун дей, кхин хье ца долуьйтуш, тахана Веданарчу къедех дIатоха иза. Со, Нилха вахана, Элбердах кхетар ву, – элира харачочо, аз а лагIдина. – Цу лецна бохкучех керла хIун ду ца хьаьжча йиш яц.

– Хьуо воьду хьо? – шен буйнара кехат дIа а къовлуш хьалагIеттира Аюб.

– Воьду те. Хьо кхузахь виса веза, – элира Зеламхас, неIара тIехьа тоьхначу дечиган хьостамах кхозу шен шад схьа а оьцуш. – Кхин хье ца луш, кхана ЗIокех а кхетий, сан уьстагIех уггар тоьлла ши уьстагI а бей, вайна тIера гIурба даккха. Лама гIурбан бутт чекх ма болу.

Леррина тІаьхьа стаг а вахийтина, Шелара дуьйна кхайкхина Соьлжа-ГІаларчу вокзалехь лаьттачу инарлин вагона чу валийра ШахІид Боршиков.

Шен чІогІа оьгІазвахар ца лачкъадахь а, хІинца мукъана цо хІун олу техьа, бохуш, собаре хьаьжира инарла Шатилов чувеанчу Боршиковн, хаъал бос байна, хІиллано карчийнчу юьхьа тІе.

Екъано-ира инарлин юьхь, кхин ца хийцалуш, чувеанчо шега хаьттина маршалла ца хезинчуха жоп доцуш а дитина, шийла лаьттара. Инарлас дІа ца ийцира ШахІидера салам.

– Мел тоа деза моьтту хьуна сан собар, господин Боршиков? – аьлла, буьрса, шийла бІаьргаш къарзийра Шатиловс.

– Ахь боххург дан кийча ву-кх со, господин инарла, – бохуш, корта охьа а бахийтина, лай санна, лаьттара Боршиков. – Схьадехьа соьга хьайна луъу омар.

– Сан омар хьуна хуу дукха хан ю, господин Боршиков! – мохь туьйхира инарлас: – Дийна я вей Зеламха схьало соьга. Кхетий хьо? Зеламха схьало!

– Бехк ма билла суна, сан сийлахьниг. Далла гуш ду и, со сайн ма-хуьллу…

– Суна ган деза и, Боршиков, суна ган деза! – юха а мохь тоьхначу инарлин юьхь, гам а елла, эрча елира.

Оццул чІогІа ша кІезга хеташ, Шатиловс къамел дича, хІун дан деза ца хууш, воьхна Боршиков вистхила гІоьртича, кху чохь волчу штабс-ротмистра Кибировс, къайллах дІакхевдина чоьин пхьош а лаьцна, сацийра иза.

– Мотт сецна хьан, вистхила, я дийца хІума доцуш висна хьо? – вагонан салона чухула дІасаволавелира инарла.

– Сан сийлахьниг, хьо сайна резацахиларо вохийна мотт а, дуьне а дицделла суна-м… ЧІогІа юьхьІаьржа хІоьттина со тахана, – ворта хадийча санна, корта хьала ца айбеш лаьттара шелахо.

– Хьуна Дала бала а ца белла и мотт, – аьлла, шийла дІахадийра инарлас къамел, кора хьалха лаьттачу стоьла тІера схьаэцначу дашо гІутакхара стомма цигаьрка а латош. – Ткъа хІинца, ахча делчи а ца лаьа нахана цу балха тІехь хьуна гІо дан? – хаьттира инарлас, цигаьркан кІур баькхина саца а соцуш.

Вист а ца хуьлуш лаьтара Боршиков.

– ХІун деш лаьтта хьо? Схьадийцал, – аьлла, юха а и ира, сацам байна бІаьргаш къарзийра Шатиловс.

– Господин инарла, массара а гІо дийр ду, бохуш, хабарш дуьйцу, – элира халла гулвеллачу ШахІида, – дечу тІе ма-делли шаверг вуху. Цу тІехула тІе, кху тІаьххьарчу хенахь Зеламха а вац, тІам тоьхна доьдучу олхазарал башха, цхьана меттехь де-буьйса доккхуш.

– Тоьар ду хьуна, тоьар ду! – аьлла, юха а цуьнан дош кагдира инарлас. – Цхьа хІума хаалахь, господин Боршиков, вуха а ван, цхьана ханна тахана кхузара дІавоьду со. Амма, таханлерачу дийнахь дуьйна нисса кхо бутт балале ахь дийна я вийна обарг Зеламха цу лаьттачу штабс-ротмистре Кибировга дІа ца лахь, – хьокха санна, вогІа а велла лаьттачу Кибировна тІе вирзира инарла, – ас, яз а дина, цуьнгахь омар дитина хьуна: хьан доьзалца хьо Сибарех вахийта, хьан ков-керт цІе а тасий дагаде, аьлла. И хаалахь!

– Со ладугІуш ву, – аьлла, кІегаш тІе ваьлча санна, кхосса а велла, инарлина част делира Кибировс.

– ДІавала хІинца суна гучуьра, – аьлла, дІавирзира Шатилов. Ша мича эккхар ву ца хууш, юьхьІаьржа хІоьттина Боршиков, бІаьрга хІума ца гуш, инарлин вагона чуьра аравелира.

* * *

ТаьІано гулъеллачу мокхачу мархашкара февраль беттан тІаьххьара ло деара. Юха цІеххьана цхьа бовха малх а хьаьжна дешира иза.

БІаьргбаьллачун хІусамехь, сатасале гІеттина, Іуьйра–ламаз а эцна:

– Кхин хІума а эшац, чуьранаш а ца хьебеш, дІавахийта со, – хІусамдега дехарш деш лаьттара, сийсара хан йоцчу хенахь веана хьаша.

– Ма ала ишта, Зеламха, ас доьху хьоьга. Цхьана-шина минотехь собарде, хIума кхаллаза хьо дIавахийта йиш ма яц сан, – бохуш, сецавора иза БIаьргбаьллачо. Хьалхарчу ото чохь пхьегIаш вовшахъетташ хIусамнана а хьийзара.

– ХIей, хIун деш ю хьо цигахь? – Сихо е! – аьлла, мохь туьйхира БIаьргбаьллачо, сел сихъелла хьийзачу зудчуьнга.

– Со кху сохьта йолу шуна…

ГIелваллалц арахь болх а бина, хIинцца керта веана ахархо санна, шен даккхий куьйгаш шаьлтан макъара тIе а дехкина лаьттара обарг учахь. Сийсара сахиллалц набаран суй ца бинера цо, и БIаьргбаьлларг дIасаволу ларвеш. Цундела, хIусамдас дуьйцург шена дика ца хазахь а, и шекцавериг ша кех валаре сатесна, БIаьргбаьллачуьнга ладоьгIуш лаьттара харачо. И шен дагахь дерг лачкъо ца хууш, боккха сингаттам лаьттара цуьнан йоккхачу юьхьа тIехь, делахь а, ишта чIогIа хIусамдас дехча, юха чувеана, паднара йисте охьахиира Зеламха.

– Ахь сагатдо моьтту суна, Зеламха, – элира БIаьргбаьллачо. – Зударшкий, берашкий хIун дуьйцур дара цара? Уьш кестта пергIат бевр бу хьуна, са ма гатделахь. Дала мукъалахь.

– Кхин башха са а ца гатдо ас-м, БIагал.

– ХIара меттигаш а яц синкъераме, – элира юха а БIаьргбаьллачо. – Су-суо а ву кхузара Ведана дIаваха дагахь.

– Ас ен ойланаш-м цунна, дера, яцара, – элира Зеламхас, цхьана эха минотехь ойла еш а Iийна. «Ва Дела, ас схьалаьцнарг нийса делахь ойла чIагIъелахь сан, бIаьрг серлабаккхалахь сан, аьтто лолахь», – бохуш, ша дагахь ден доIа а ца сацош. – Сийсара цхьа ирча гIан гина суна, БIагал, – аьлла, тIетуьйхира цо.

– Дала ша диканца доькхийла хьан иза. Муха дара? Дийцахьа, – дIатийра хIусамда.

Вист ца хуьлуш Iара Зеламха.

– Дийцахьа, хIун гIан дара и? – юха а дийхира БIаьргбаьллачо. – Со гIан тида хууш ву-кхи.

– Дийцича а, башха пайда болуш хIума дацара иза-м, БIагал, – аьлла, ша цуьнан тидам ца бечуха, кIелдIахула хIусамдега а хьаьжна: – Сийсара гIенах ахь суо оьрсийн эпсаршна воьхкина гира-кх суна, – элира обарга.

– Э-хI, Дала лардойла вай цунах, – аьлла, яа хIума хьалха йилла гIерташ йоллучу хIусамнанна гIо дан гIертачуха, дIа а вирзина. – Хьуна хьайна дош мукъа хетий и гIан, Зеламха? – хаьттира БIаьргбаьллачо.

– Дера, ца хета.

– ТIаккха. Дала лардойла вай и санна долчух.

– Амин!

– Амин! – аьлла, вуха а къайллах хьеше хьаьжира БIаьргбалларг.

– Бехк ма биллалахь, БIагал, – элира Зеламхас, – бакъахьа-м и саннарг ца дийцича дара, делахь а, мотт сацац-кх.

– ХIунда буьллу и? Иштаниг накъосте дийцича, дагна хьаам ма хуьлу, – дерзийра БIаьргбаьллачо.

– Ишта, цадогIург дуьйцучу маттана даькхина цхьа туьйра дийца ас хьуна? – хаьттира Зеламхас, ша кхаьллинчу сискална тIе гIалмакх-чайнан къурд а бина.

– Дийцахьа, Зеламха.

Юха а схьаэцна, кедара чайнан къурд бинчул тIаьхьа, жимма ойла а йина:

– Цхьа паччахь хилла, боху, кху дуьненахь хьал доккха а долуш, цхьа кIант бен тIаьхье а йоцуш, – аьлла, волавелира харачо. – Паччахь къанвелла кIелвисинчу хенахь оцу цхьаъ бен воцчу кIентан Iабдуллин мотт сецна. Дуьненахь мел волу лор а, молха а орцахдаькхина дас кIантана. Амма, цхьане а хIуманах дарба ца хуьлуш паччахь холча хIоьттича, цуьнан цхьана ялхочо аьлла боху: – «Сан сийлахь паччахь, ас хецаболуьйтур бу хьан кIентан мотт».

– «Нагахь ахьа и дахь, – аьлла, паччахьа ялхочуьнга, – ас кху сайн пачахьалкхах ах лур ю хьуна, сайн хьалхара визирь а веш хьох. Амма, ахь со Iехавахь, ас корта боккхуьйтур бу хьан». – «Мегар ду», – аьлла, дIа а вахана, паччахьан кIант Iабдулла дIасаволу тергалвеш хилла ялхочо.

– ТIаккха? – воьхна хьаьжира БIаьргбаьлларг шен хьеше.

– Цхьана дийнахь топ а, жIаьлеш а эцна, талла ваха араваьлла Iабдулла. И ялхо вахана къайллах цунна тIаьхьа. Кхано хьуьна юккъехула воьдуш хIара шиъ цхьана ирзе кхаьчча, дIанехьа, Iин чохь, акха-котам екна. ТIаккха Iабдуллас цигахула чу жIаьлеш хецна. ЖIаьлеша гIаттийна йогIу и акха-котам Iабдуллас топ а тоьхна йожийна. ТIе а вахана: – «Маржа, олхазар яI, – аьлла боху паччахьан кIанта ша йийначу цу котаме, – со вац хьуна хьан Iожаллина бехке, хьо-хьуо ю. Ахь мохь ца тоьхнехьара ас жIаьлеш а дохуьйтур дацара, цара хьо ца гIаттийнехьара, сан топ тухийла а яцара. Со вац хьан Iожаллина бехке, хьо-хьуо, хьан мотт бу».

– Эйт, инаьсиз яI, дера, нийса-м лийна и цуьнга, – элира хIусамдас, цу шен цхьана бIаьргаца цецваьлла акха а хьаьжна.

– Iабдуллас и къамел деш, лечкъина тIехьа ладоьгIуш лаьттинчу ялхочо, ведда цIа а веана:

«Сан сийлахь паччахь, хьан кIантана Iабдуллина хIинца шера мотт хаьа хьуна, схьабийцийта ахь цуьнга», аьлла, боху. – «Мегар ду», – аьлла, ялхо дIа а вахийтина, талла ваханчуьра цIа веанчу шен кIанте чу а кхайкхина: – «Сан хьоме воI, къан а велла, кIелвисина со, тахана я кхана со дIаваьлча, сан кога метта хIоттавезарг хьо ма ву, вистхила, дош алий, синтем бе суна», – аьлла, дехар дина боху дас. Мел чIогIу цо дехарх, вист ца хилла кIант. ТIаккха, цу ялхочо Iехийна ша аьлла, оьгIазваханчу паччахьа кхайкхина шен чалтач тIе а валийна, сихонца цу ялхочун корта баккха, аьлла.

– Хьайт, марж-яI, нийса кхел йина, – аьлла, цаваьлла тодира БIаьргбаьллачо.

– Цу паччахьан йоккхачу шахьарахь мел верг а гулвина, чалтача и кхел кхочушъеш, Iабдулла а веана цига. Шена тIаьххьара дош делча: – «Сан сийлахь Iабдулла, хьуна ма-гарра, хьан гIийла лай ву со, цу хьайн дега цхьа дош а алий, кIелхьараваккхахьа со», – аьлла ялхочо. ТIаккха Iабдуллас, багара схьабаийтина шен матта тIе пIелг а Iоьттина: – «Со вац хьан Iожаллина бехке, хIара

санна болу хьан мотт бу», – ала гIерташ, хичаш йина, бохуш, дуьйцу.

– И хабарш а дуьйцуш, цу ялхочо шен гIуллакх хьедарна, оьгIазваханчу чалтача цунна тоха жоммагIа хьалаайдича: – «Собардел, – аьлла, чалтач саца а вина, шен дена тIевахана Iабдулла: – Сан хьоме да, ахь хIун до сан маттах? Ма ала соьга кхин вистхила, сан мотт – сан мостагI бу», – шен дега аьлла Iабдулла хIинца а вистхилаза ву олу.

Ша хIун ала деза ца хууш, акъ а ваьлла Iачохь БIаьргбаьлларг витина, хьалагIеттина:

– Со новкъа вала веза, – элира Зеламхас, хIусамнанна баркалла а аьлла.

– ОхI-хIай, ма тамашена дийцар дара иза, – элира, тохарчул башха хьала ца хьожуш, БIаьргбаьллачо.

ХIусамден дагахь дерг хIун ду хьажа гIуртуш, цуьнга куьг а делла, новкъа велира Зеламха.

Эвлах ваьлча, БуритIе боьдучу новкъа дIавирзина, пхи-ялх чаккхарма некъ а бина, нацкъар ваьлла харачо, баргол тоьхна шен дин дIа а хецна, и некъ ларбеш сецира. Дукха хан ялале сиха йогIучу говран тата хезира цунна: некъо гола тухучохь берда тIехьара схьа а ваьлла, говрахь БуритIе воьдуш БIаьргбаьлларг вара. Сиха шен дина а хиъна, къайллах цунна тIаьхьа вахара Зеламха.

Кхин вуха ца хьожуш, даима бохург санна, хаьххина воьдура БIаьргбаьлларг. Иштта ца соцуш вахана и, харачочунна а гуш, БуритIерчу полицин пурстоьпан хIусаме кхечира.

Цу пурстоьпаца уьйр а йогIуш, БIаьргбаьлларг шена ямарт хиларх хIинца кхоччуш тешначул тIаьхьа, вухавирзина Зеламха Нилха-Эвла, шен доттагI Элберд волчу вахара.

14

Эрштойн-лам чохь Бицис топ тоьхна йина чов хIинца а дика дIаерзаза, шен кабинета чохь Iара пурстоп Чернов, йиллинчу неIарал чоьхьа цкъа хьалха шен цхьа бIаьрг а баьккхина БIагал чуваьлча.

– Де дика дойла хьан, господин пурстоп, – аьлла, лай санна, корта а таIийна дIахIоьттира БIаьргбаьлларг.

– А-а, БIагал, хьо ву хIара. Марша вогIийла. ТIаккха, дийцал, хIинца хIун дохьуш веана хьо?

– ГIуллакх дохьуш веана со, господин пурстоп, гIуллакх дохьуш.

– Схьадийцал ткъа, хIун гIуллакх ду иза? – аьлла, шен буйнара линейка стоьла тIе туьйхира Черновс. – Сиха схьадийцал.

– Сиха дийца мегар дац, господин пурстоп, меллаша, тийна дийца деза хIара, – аьлла, юхавирзина, неI юххе схьа а чIагIийна, веана Черновн стоьла хьалха лаьттачу гIанта хиъначу цо: – Меллаша дийца деза, господин пурстоп, – элира, шен айдинчу куьйган эшара и мел тийна дийца деза а гойтуш. – Амма, сихонца кхочушдан деза иза, хIунда аьлча, хIинцале Зеламхина вай лелориг, ма-дарра, дIахиъна, – аьлла, обаргаца шен хилла къамел, жимма тIе а тухуш, дIадийцира БIаьргбаьллачо.

– А-хIа, хIинца со кхета ахь дуьйцучух, – элира Черновс, лозучу чевнна «ахI» деш, лекхачу гIантахь БIаьргбаьллачуьнгахьа а воьрзуш. Ткъа хIинца юха маца вогIур ву Зеламха хьо волчу? И дийцал соьга.

– Хаац суна, господин пурстоп, вагIахь а кеста вогIур вац, – жоп делира БIаьргбаьллачо. – Схьахетарехь, хIинца сох шекваьлла иза, - пурстоьпан кабинета чухула дIаса а хьаьжна: – Шен доьзал лацар ца ловш, массарна а оьгIазвахана, карзахваьлла хьийза иза, хIинца дуьйна хьаькамех ша тIеIоттавелларг вуьйр ву ша, боху цо, – тIетуьйхира БIаьргбаьллачо.

– Ой, тIекхаьччарг хIунда воь? – аьлла, шен дагахь цу хабарх ца вешаш, балдаш саттийра Черновс. – Ша вехь инарла Шатилов вен веза-кх, цуьнан омарца ма бахийтина Зеламхин доьзал Енисейски губерни.

– Ахь баккъал бах? – и хазахетта я тамаша бина, инзарваьлла, хьалаайвелира БIаьргбалларг.

– Дера, боху, – элира Черновс. – Вай стенна дойу кхуо? Вай кIезга нах ма ду, – велакъежира пурстоп, БIаьргбаьлларг шех тешарх воккхавеш, юха а схьаэцна и линейка стоьла тIе а тухуш.

– И хаахь, хьеравер ву харачо.

– Хьера а ваьлла стигала валахьара иза, – аьлла, стоьла тIе а тевжаш, пIелг ластийна БIаьргбаьлларг шен лере валийра пурстоьпа. – Ахь хIун дей, и Зеламха хьуо волчу маца вогIур ву а хаий, де хьалха соьга сайгта хаам бел хьайна. Кхетий хьо?

БIаьргбаьлларг, Iадийча санна, вист ца хуьлуш Iара. Нагахь, Зеламхина шен доьзал Сибарех бахийтинийла хаахь, цо дендолчун ойла йора мотт тоха веанчо.

– Къарвелла хьо? Ас бохург ца хеза хьуна? – аьлла, юха а ехьана и шен буйнара линейка стоьла тIе туьйхира Черновс.

Букъа тIе хIума а тоьхна, набарх ваьккхича санна, хьала а айвелла:

– Дика ду, мегар ду, – элира БIаьргбаьллачо, шен корта лозучуха хьаьж тIе куьг а хьаькхна.

– ХIун мегар ду? Ас бохучух кхета мукъана а кхетий хьо? – оьгIаз а вахана, буьрса мотт тоха веанчуьнга хьаьжира пурстоп.

– Кхета, Зеламха суо волчу маца вогIур ву а хиъна, де хьалха и хьоьга хаийта деза.

– Нийса бах. Варий, диц ма делахь, ас вехаш стаг вийр ву хьох.

–Дицдийр дац, – элира БIаьргбаьллачо. – Амма, и кIелонаш, сан цIен тIехь ца еш, цхьанахьа новкъахь йича бакъахьа хетара суна, – аьлла, тIетуьйхира цо, ойла а йина, кхин хьала ца хьожуш.

– Цунна-м цигахь цхьаъ дийр дара вай, – и хабар хьесапе ца оьцуш, куьг ластийра пурстоьпа. – Кхин хIун ду керла?

– ХIумма а дац. – Зеламхин доьзал Сибарех бахийтина аьлчахьана, воьхна, ша хIун дуьйцу а ца хаьара мотт тоха веанчунна. Цу тIе даьлла иза, сийсара обарга динчу къамелах, шех Iотталурдуйла хаьара БIаьргбаьллачунна. «Масала, уьш кху махкара дIасабахахь, хийла да ша кхолларх дохко воккхур ву ас», – элира цуьнга сийсара харачочо.

– ДIавало, дIагIо, пергIатхила, кху чевно хьийзаво со, – элира Черновс, «ахI» багахь хьала а айалуш.

Пурстоьпан Іодика а йина, аравала дагахь, неІарехьа волавелла БІаьргбаьлларг, юха а вирзина, сецира.

– Схьаалал, кхин хІун ду хьан? – хаьттира Черновс, ца догІучу дагца.

– Господин пурстоп, кхуза вогІуш хІусамнанас кучана хІума эца аьллера соьга, – элира цо, вела а къежна. – Киснахь цхьа шай…

– Ахча дац, – аьлла, цуьнан дош кагдира Черновс. – Ишта а дукха ахча дайина ас, хьо бахьана долуш.

Кхин эхь а ца хеташ, схьахьаьжжинчохь лаьттачу БІаьргбаьллачуьнга юха а хьаьжна, шен стоьлан гІутакх схьауьйзира Черновс.

– ХІахІ, дІаэца, сайн ахчанах ло хІара ас хьуна, – аьлла, цу гІутакхара схьаэцна, ши сом дато ахча кховдийра пурстоьпа цуьнга. – Зудчунна коч а эца еза. Амма, уггаре хьалха Зеламхех дерг чекхдаккхалахь, – аьлла, пІелг ластийра цо цунна.

– Цунна са ма гатделахь, господин пурстоп, – аьлла, схьаэцна ши сом сиха кисана дІалачкъийра бІаьргбаьллачо.

Пурстоп волчуьра араваьлла БІагал, базара вахана зудчунна эхасоьмах басмин коч а эцна, БуритІера цІа ван новкъавелира.

Іаннашка бода а хІуттуш, дІабуза охьабахана малх Теболтломал тІехбаьллера, БІагал цІехьа вирзинчу хенахь. ХІинца БІаьргбаьллачунна хІор кулла тІехьа а шена кІел хиъна стаг тарлора. Цо, харц мотт а бетташ, бехк боцчу нахана йина ямартлонаш, ирча гІенаш а хилла, хІинца шена дуьхьал хІуьттура. Цундела хІор кулла юккъехь а, тІулга тІехьа а харцлийначун дагна тІекхета кечбелла кхерам Іара. Обарган доьзал Сибарех бахийтина шега аьлчахьана а хорша тІееана БІаьргбаьлларг, говрахь аьтту агІорхьа хьуьна юккъе а вирзина, ма-хуьллу къайлавала гІерташ, цІа кхечира. Тиша куз бегош уьйтІахь хІусамнана гича, доккха садаькхина, урх дІатесна говр а йитина, вийна я лаьцна Сибарех вахийтина кху махкара Зеламха дІаваккхалц ара ца вала нигат а дина, чувахара БІаьргбаьлларг.

* * *

Элберда дийцира Зеламхина Бици а, Зезаг а берашца цхьаьна Сибарех яхийтарх лаьцна.

– Со ца вевзаш, ас царна яьхьна хІума-м дІаийцира соьгара набахтерачу хьаькамаша.

– Ма дика Іийна уьш хьо мила ву хьовса ца гІуртуш? – хаьттира Зеламхас, хьалаозийна шен пезагашна дихкина доьхкарш а тадеш.

– Зеламха суна мила ву а хаац, ненехула Зезаг гергара ю сан, цундела берех къахеташ веана со аьлла, Іехийра ас уьш-м, – бохуш, дийцира Элберда. – Нагахь и бераш кхузара дІасадохур делахь, царна тІеюха йовха хІуманаш яхьар яра ас, алахьара аш соьга, аьлча, хІумма а хаац тхуна, соьга а аьлла, цу буссехь, тІехьашхула ара а баьхна, дІабахийтина-кх цара уьш.

– Ткъа Енисейски губерни уьш бахийтинийла муха хиира хьуна?

– Со юхавахча дийцира-кх цара. Суна хьалххе и хиънехьарам, кхузарнаш вовшах а тоьхна, цхьаъ дан гІуртур ма вара со, – элира Элберда, таро йоьхначу шен накъосте а хьаьжна. – Кхуза веанера цхьа стаг, паччахьана дуьхьал гІевттина нах бу Зеламха ган лууш, аьлла, – тІетуьйхира Элберда, ойла а йина. – Цаьргахула хьаьвсича кхуьур дарий техьа вай БицигІарна тІаьхьа?

– ХІун нах бу уьш?

– Билггал хаац суна, – элира Элберда. – Анархисташ олу боху-кх царех.

– Анархисташ?.. Уьш мича динах нах бу? – хаьттира Зеламхас.

– Оьрсий а, эрмалой а бу, бахара-кх цо, царна юкъахь, – жоп делира Элберда. – Нагахь хьо реза хилахь, хьох шайн баьчча ван дагахь бу уьш, бохуш, дуьйцура цо.

«Оьрсий, эрмалой… Паччахьана дуьхьал… Тешам буй техьа царех?» – ойланаш йора Зеламхас. Амма, тІехІиттинчу гІуллакхаша бІарзвина, кхин и къамел дах ца деш, дІаваха хьалагІаьттира. ХІинццалц схьа санна, хІинца а хІусамдега ша муьлхачу агІор воьду ца олуш новкъавелира харачо.

И доьзал Сибрех бахийтаро кхоччуш чIогIа дагна чов йина: «ХIинца стагга а дуьхьал ма кхетахьара-кх суна», – бохуш, шен гIайгIанца ша виса лиъна, некъана нацкъарваьлла воьдура Зеламха.

Суьйранна хIусамашкахь латийначу стогарийн серло, гIа далаза делахь а, луьста лаьттачу дитташна юккъехула гIийла гора. Хала карийра обаргана эвла юккъехь и ша лоьху готта урам. Цу даккхийчу дитташна юккъехула боьдучу кху урамехь, даима а бохург санна, тIуьна лаьтташ, цкъа а некъан лар ца хуьлура. Кхузахула вахана, юха а аьрру агIорхьа чувирзина харачо, цул а готтачу урамехула вахана, цхьана нехан кетIахь сецира. Дукха ца лаьтташ цо, баьхьна, кевнах шедакхаж туьйхира.

– Мила ву? – хаьттира кертара схьа зудчо.

– Генара хьаша чувуьтий аш? – Цхьана-шина минотехь, кхин адам дист ца хуьлуш, тийна лаьттира. ТIаккха веана, ринжа а диллина, цхьа стаг аравелира. ТIевеанчу цо, шен буйнара фонарь хьалаайина, хьешан юьхьа тIе а хьаьжна, воьхна, ша муха олу ца хууш:

– А-а, Зеламха, хьо вац хIара? Марша вогIийла… Схьа чуяийта хьайн говр, – аьлла, Зеламхин говран урхе кхевдира иза.

– Баркалла, БIагал, – жоп делира обарга, урх дIа а ца хоьцуш. – Кхин, сецна, хьо хьийзо лаац суна.

– Бе а хьовзам бац, схьачуяийтахьа, – аьлла, юха а говран урхе кхевдира БIаьргбаьлларг.

– ХIан-хIа.

– Хьо хIинца а цхьа бохам хилла-м лела, – аьлла, цецваьлла БIаьргбаьлларг воьхна висира.

Легашка шад а гIоьртина, собарх ца вала гIерташ, хала сатоьхна лаьтта и вист а ца хилира. И фонарь лакха хьала а айина, шега хьаьжна лаьттачу БIаьргбаьллачуьнга:

– БIагал, – элира Зеламхас шийлачу озаца.

– ХIун бах ахь?

– Схьагарехь, хьайн герзаца ву-кх хьо.

– Ву те. ТIаккха?

Цхьана эхаминотехь массо хIума дIатийра.

– Схьадаккха хьайн герз, – аьлла, шен говран урх юха уьйзира обарга.

Кхеравелла БIаьргбаьлларг, дIатеттина галваькхича санна когаш а такхийна, кIегарвахара.

Къоро топ елира. Кхосса а велла, гали санна берталвуьйжира БIаьргбаьлларг. Цуьнан узаршка ла а доьгIна, къилбехьа ца верзош, цунна еса деша ца гIуртуш:

– ХIара ду хьуна ши эзар туьман меттана, – аьлла, БIаьргбаьллачун бага цIестан шай а диллина, сихонца юха говра а ваьлла, новкъа вирзира харачо. Эвлах воллучохь, и топ йолуш хезна араваьллачу цхьана стага:

– ХIун хилла цигахь? – хаьттира боданехь шена ца гучу обарге.

– Цхьаммо-м хьердаьллачу жIаьлина топ тоьхна, боху, цигахь, – аьлла, дIавахара обарг.

– Ткъа цу зудчо мохь хIунда хьоькху?

– Жан-жIаьла хилла куц ду дийнарг, цундела кхоам хета хир бу-кх, – элира Зеламхас, шен динан урх юха ца узуш.

Шайна и цавезарна, эвлара нах башха орцах а ца бевлира БIаьргбаьллачунна. Писарь ца веза бахьанаш шортта дара: ял шалха йоккхуш, цхьа кехат шена мах белча бен ца яздеш, хьийзабора цо нилхаэвлахой. Цундела, хьан вийна ца хууш, и вийча хазахийтира царна.

15

Шен дика дин ма-боггIу вогIучу харачочун некъ хIинца а, тохара санна, боккхачу некъана нацкъаро Iуьллура. Нилха-эвлана гена мел вели чIагIлуш, хала ойланаш гIоьртинера обарган даг тIе: «Ткъа БIагал ас верах кхачалур буй техьа и моттбеттарш? – бохуш, ойланаш йора цу бохамаша гIелвинчу Зеламхас. – Мелхо а, цу вийначун метта вогIий, кхин кхоъ дIа ма хIутту уьш, паччахьан хьаькамашна товрриг дан гIерташ, царна гондахьа, моьлкъанаш санна, сетташ хьийзаш… Уьш массо а вийна вер вуй со? – аьлла, тахана дуьххьара ойла йира обарга. – Дера, тоьар

ду-кх, иттех шарахь ас айса церан хIаллакбар-м… Ткъа хIун дан деза кху балхана?»

ХIун дан деза? Даима хIуьттучу цу хаттарна дала нийса жоп ца карадора харачочунна. Герз а дитина, машаре болх карор бу бохург аьттехьа а дацара. Ткъа и герз кхунна кIордийна дукха хан яра, цо гIелдина дог метта ца догIуш, тIе хIинца энаша а бIарзвинера.

«ХIинца мукъана а, кху тоьпан метта коьжалг а эцна, уьста-гIашна тIаьхьавахна цхьа-ши де доккхур ду ас. Аюб а гур цигахь, цо гIурбанна хIун дина а хуур ду суна», – ойланаш еш, ЗIока волчу гIотанашка вогIура Зеламха, Гехой-татол йистехь хецна лаьттачу вордан Iаьрчаш тIехь куьйга корта а лаьцна Iачу цхьана ахархочунна тIекхочуш.

– Де дика дойла. Хьо ма гIийла Iа? – хаьттира цуьнга Зеламхас, динан урх юха а оьзна.

– Далла воьзийла, – жоп делира ахархочо, хьала а гIаьттина. – Дера, бохам ма баьлла суна кхузахь.

– Со гIо дан кийча ву хьуна, схьадийцахьа.

– МартантIе тезета вахана вогIура со. Дуьхьалваьллачу харачойн Зеламхас стерчий а даьхна вити-кх.

– Муха? Харачойн Зеламхас бах ахь? – цецвелира харачо.

– Бах те, – кхуьнга хьалахьаьжира ахархо. – Нахана везачу цо и дина халахетта суна.

– Муьлхачу агIор дIавахара хIара? – хаьттира обарга.

– Иштта хьала, – аьлла, Рошничу боьдучу новкъа куьг ластийра ахархочо.

– Со вухаверззалц кхузара меттах ма валалахь, – аьлла, хаьхкина цу агIор вахана Зеламха, и стерчий хьалха а даьхна, Мартанан тогIи чу воьссина воьдучунна тIаьхьакхиира.

– Схьа тIе ма гIорталахь, ас тоьхна бертал вохуьйтур ву хьо, – аьлла, мохь туьйхира Зеламхех воьдучо. – Со обарг Зеламха вуйла ца хаьа хьуна?

– Мила? Мила ву бахара ахьа-а? – шена хезначух ца тешаш, цецваьлла хьаьжира харачо стерчий даьхна воьдучуьнга.

– Зеламха ву бах-кх. Ца хеза хьуна? – аьлла, хIинца шен балхах ша шекваьллашехь, кочара топ хьайира цо. – Суна тIе ма гIорталахь.

– Охьаяхийта и топ, боьха вир! – шен шаьлтан макъара тIе ка а диллина, чугIоьртира харачо. – Со ву цхьа обарг Зеламха. Хьо мичара ваьлла хIинца, схьадийцал.

Ша гучуваьллийла хиъна, воьхна къу, шен буйнара берданка охьа а яхийтина: «ХIинца муьлхачу агIор ведда кIелхьарвер вара техьа со?» – бохуш, хорша еъча санна, вегош лаьттара.

– Хьо мичара ваьлла ца бах ас хьоьга? – юха а хоттуш, ластийна коьртах шед туьйхира цунна обарга.

– ХIун до ахь? Уьш ду хьуна и стерчий, дIавахийта со, – аьлла, дийхира воьдушхиллачо. – Ас хIара говр а юьту хьуна, – охьа а воьссина, шен говран урх дIахийцира цо.

– ХIан-хIа, – элира Зеламхас. – Цкъа хьалха хIара стерчий долчунна тIе а волий, цунна хьалха бехказвала, шолгIа, хьайх Зеламха ала дага хьайна хIунда деана а дийца суна. ТIаккха ер вай хьуна дан дезачун ойла, – аьлла, букъах шедакхаж а Iоьттина, дIатеттира Зеламхас и стаг. – Хьалха вала ца боху ас хьоьга, дIалахка стерчий!

– Ма вигахьа со цига, – аьлла, юха а чIогIа дийхира зуламхочо. – Ас Делах тоьшалла до-кх хьуна кхин сайгара хIара саннарг ца далийта.

– Тешац со адамашна зуламанна араваьллачо буучу дуйнах. Стерчий дIалахка ахь, цигахь дуьйцур ду вай иза, – элира Зеламхас, юха а шедакхаж Iоьттина зуламхо дIа а тоттуш.

– ЧIогIа гIалатваьлла со, бехк ма биллахьара ахь суна, – аьлла, ахархочунна стерчий дIа а далийтина: – Алал хIинца хIара а волуш, муьлха ву вайшиннах харачойн Зеламха? – хаьттира зуламхочуьнга обарга.

– Хьо ву, – элира корта охьа а бахийтина лаьттачу цо.

Цецваьлла, бага а гIаттийна, воьхна, ша хIун ала деза ца хууш, лаьттара ахархо.

– ХIинца хьуо мичара, мила ву а дийца тхойшинна, и сан цIе а елла, хьуо ара хьан ваькхина а дийца, – аьлла, тIевирзира цунна харачо.

– Уьш ма дийцийтахь соьга, кхидерг ас хIуъу дийр ду хьуна, – дийхира стерчий дига воьллачо.

– Схьадийца сиха, хабар кхин дахдахь, ас и тIингар охьахоьцу хьан, боьха вир! – аьлла, баттара шаьлта а озош, тIегIоьртира харачо.

– Со Шелара ЦIоьмалг ву, – элира зуламхочо. – ХIара топ а елла, харахойн Зеламха ву со бохуш, гIийлачу нахана курхалш дан со араваькккхинарг Веданара пурстоп ву.

– Пурстоьпан цIе хIун ю?

– Бек Сараев.

– Хьо цхьаъ бен кхин вуй цо иштта араваькккхина?

– Хаац суна, – жоп делира ЦIоьмалга, корта хьала ца айбеш.

– Алапа мел ло хьуна Сараевс?

– Яьккхинарг суна а юьтуш, баттахь туьма.

Тийна лаьттина ахархо, хIинцца набарх ваьлча санна:

– Хьай неIалт хила хьо винчу дена, – аьлла, дукъарц баькхина, чугIоьртира курхалхочунна.

Ца догIучу дагца вела а къежна:

– Ахь собар делахь, – аьлла, ахархо саца а вина. – Дика мах хуьлуш хилла хьан-м, да хьакхийца валларг, – аьлла, хьалхара дIатеттира ЦIоьмалг Зеламхас. – Хьо а вийна, адам дийнарг хила лаац суна, амма кхин со иштта тIенислахь, ас цу хьайн шарбалх ирхъуллур ву хьо. Иштта дIааьллахь кхечаьрга а, нагахь хьо санна арабевлла уьш белахь. Схьалол хьайгара топ, – аьлла, цуьнгара схьа а яьккхина, берданка ахархочуьнга елира обарга. – ДIавала хIинца суна гучуьра, – аьлла, ластийна цу коьртах кхин цкъа шед а тоьхна, лаьллира цо и къу.

ЧIогIа гIелвеллачу стага санна, доккха са а даьккхина, ахархочунна тIевирзира Зеламха.

– Со сихваларна бехк ма биллалахь. Хьуо тезета вахана вогIу элира-кх ахь, Дала гечдойла цу кхелхинчунна, вирзина меттиг декъала йойла, хьан вахар Дала шен дуьхьа дойла, – аьлла, кадам бира обарга.

– Дела реза хуьйла хьуна. Дера, доккха зулам ма ду иза а, дукха вайнах ма байина цигахь, – элира ахархочо.

– Муха, мичахь байина уьш? – хаьттира, шен дина а хууш, обарга.

– Соьлжа-ГIалахь.

– Хьан дина иза?

– Схьадийцарехь, дуьххьал дIа вайца йолчу хьагIана цу гIалгIазкхийн эпсарша хазахета байина-кх уьш.

– Мичара, мел, хIун нах бу хIорш?

– Верриге а кхойтта стаг ву вийнарг, дукхахберш ГIойтIарий, Хьалха-МартантIарий бу уьш.

– Эпсарша хазахета… Кхойтта стаг, – элира обарга, ша-шега олучуха, тийна. – ХIан, некъ дика хуьйла хьан, – ахархочуьнга куьг а делла, новкъавелира иза.

– Баркалла хьуна, – аьлла, висинчу ахархочо, шен буйнара топ дага а еъна, мохь туьйхира: – ХIара топ йицйина воьду хьо, дIахьо хIара!

Вухавирзина саца а сецна:

– Бехк ма биллалахь, хьан цIе хIун ю? – хаьттира обарга.

– Котар-юьртара Шабазгира ву-кх со.

– Шабазгира, хьайна вовззалц ма тешалахь Зеламха ву бохучух. И топ а хьайна йита, – динна чоьже луьйта а таIийна, вахара харачо.

* * *

ГIотешка кхаьчначу харачочун, коьжалг эцна уьстагIашна тIаьхьа а хIоьттина, садоIийла ца хилира. Селхана Жимчу-АтагIахь цуьнан доттагI Аюб вийна аьлла, дийцира обарге ЗIокас.

«Тоьпо цхьаъ вийна, матто шийтта вийна» бохург, ду-кх хIара, Зеламха, – элира ЗIокас, са а даьккхина. – Наб а кхетта Iуьллучу цхьана стагана гондахьа бIе шовзткъа салти хIоттийна-кх боьхачу матто. Набарх ваьлла Аюб топ йожо таро йоцуш висна, чохь болчу зударшний, берашний, ша бахьана долуш, зулам даларна кхоьруш, – бохуш дийцира воккхачу стага. – Корах ара а иккхина, гондахьарчу салташна топ а етташ, ведда и кIелхьара ца валавелла… И цу чохь ву

аьлла, мотт тоьхначунна итт туьма ахча делла бохуш дуьйцу. – Легашка шад а хIоьттина вист ца хилалуш Iачу Зеламхе хьаьжна: – ХIун дийр ду вай, механа иштта доьжна-кх адам, – корта охьабахийтира воккхачу стага.

– Маца хилла и? – хаьттира обарга.

– Селхана сатоссуш.

Мотт бетта БIагал а вийна Зеламха новкъаваьлла дукха хан ялале, мотт а тоьхна, итт туьманах кхуьнан доттагIчун корта а боьххина важа вахана. «Иштта ду-кх хIара кху итт шарахь сан докъазаллина тIе докъазалла йогIуш… ХIара ду-кх и дакъазлонан ворхI йиша хуьлу бохург а, – ойланаш йора бIарзвеллачу харачочо. – Цигахь хазахета эпсарша кхойтта вийна, кхузахь хIара вийна… ХIан-хIа, хIара иштта дита мегар дац, корта охьатаIийнчун гIуллакх дIадаьлла…»

– Иштта дита мегар дац, – элира цо, набарх олучуха, хезаш. – ЗIока, мотт бинчух лаьцна хезаш хIумма а дуй?

– Билггал хаац. Шелара стаг ву бохуш дуьйцу-кх иза, – элира схьахьаьжначу воккхачу стага.

– Шелара велахь-м, суна карор ву хьуна иза.

– Муха?

– Цигахь сан ненахой ма бу. – Ойла а йина: – ШахIида лохур ву иза-м, – элира Зеламхас.

– Мича ШахIида?

– Боршикан ШахIида.

ЗIока кхин вист а ца хилира. Боршикан некъий обарга шен ненахой ларахь а, резавацара воккхастаг цаьрца цо лелочу гергарлонна.

– ЗIока, – элира Зеламхас, ламазана хIоьттинчуьра схьа а вирзина, – кхана хIун де ду вайна?

– ПIераска ду-кх.

– Делахь хIета, кху сохьта хьайн кIант Дуда волчу вахийта, хьо а аравала, юьрта геланчаш бахийтий, вайн накъосташна юккъера уггар тешаммий, доьналлий долу цхьа иттех стаг гулвел шайна Чиллана-Ирзе шоьтадийнахь сатасале. ГIуллакх ду сан. –

И хIун гIуллакх ду, ша уьш стенна гулбо ца элира обаргийн бабчас. – Жа тIехь со-суо хир ву шуна.

16

И шийла Iа дIо лекхачу лам тIе хьала а даьлла, цигахь дешна, декаш, ховхачу бецан хьожа а айина, гIовгIанца охьаоьхура Зеламха жан тIаьхьа араваьллачу дийнахь.

Тахана хIара шолгIа де дара обарг кхузахь ша висина. Коьжалг луьйзуш, меллаша волавелла, уьстагIашна гуо баькхина, шийло хьоькхучу махана дуьхьал букъ тоьхна, гу тIе охьахиира иза.

Дехачу Iаьно тоьъарг аздина уьстагIий, сарралц дежаш а лелла, чуччадоьлхуш кортош дIа а ловчкъийна, хIинца гIелделла тийна севцца лаьттара. Кхузахь шен уьстагIий дагардича хиира обаргана, Аюб гIурба дан ца кхиънийла: кхуьнан массо а уьстагIа жа юккъехь бара. Иза чIогIа новкъадеара Зеламхина.

Кху арахь кхиъна йогIучу сийначу баце а, зезагашка а хьежарх, декачу олхазаршка ладегIарх харачочун коьртехь лаьтта гIайгIа ца лагIлора. И шен горга, йоккха бат хьалхарчу когаш тIе а йиллина, Зеламхина гена доццуш дижна Iуьллу доккха жIаьла а: «ХIинца гIотанашка доьрзу хан хилла вайна», – жаIуьне ала гIерташ санна, кест-кеста кхуьнга схьахьожура. Герз ца гуш садаIа дагахь, Iин чохь цхьа висина хийла буьйса ша йоккхуш, нускалан меттана юххе юьллуш лелийна топ цIахь йитина веънехь а, киснахь йоллу тапча дагаоьхура обаргана; мел чIогIа гIоьртича а ца вуьтура иза арарчу гIайгIано.

ДIанехьа уьстагIашна юккъехь хала дечу узарша меттахвакхалц дIа ца тесира иза цу къизачу ойланаша.

«И муьлха бу техьа? ДIо дIанехьа йисттерниг, – аьлла, хьаьдда уьстагIашна юккъе а вахана, оза гаъ охьа а бахийтина лаьттачу Iаьржачу жийна тIехIоьттира Зеламха. – Хьажахьа, белла бала хьо, шала бехкинийц. Кху шина дийнахь биъ жий шала бехкикх ЗIокин». Обаргана чIогIа хазахийтира иза. Чуьра йиша-во-

шалла шен цуьнца дацахь а, кIантана да санна, кху маситта шарахь шеца дог цIена, дика хилла схьавогIу воккхастаг дукхавезара Зеламхина. Бехк а бацара: хIусам а йоьхна араваьллачу харачочунна цIийнан йовхо ЗIокин гIийлачу хIусамехь карийнера.

Лерина схьаэцна и ши Iахар вертана юккъе а хьарчийна, беана шена юххе охьабиллира обарга. ТIаьххье еана Iахарийн нана а царна улло хIоьтира. «ХIара ду-кх и нана бохург. Массо а садолчу хIуманна деза кхуллу-кх и бераш, – бохуш, ойланаш йора обарга. – Дех а со ваькхина, вешех а, доттагIех а, хIинца берех а… Шел а делла, цхьанхьа геннахь доьлхуш ду-кх уьш», – дагатуьйсуш, оццул буьрсачу халоно ца кагвинчу къонахчун бIаьргех боккха хин тIадам белира. Охьабеъна, стоммачу мекхах чекх а баьлла, дуьра и хин тIадам шен махо дакъийначу балди тIе кхаччалц ца хиира обаргана шен бIаьргах и баьллийла.

Жа гIота дерзо дагахь, ши Iахар кара а лаьцна Зеламха волавелча, кхунна тIаьхьара ца йолуш, кIари чу сара Iахарийн нана.

УьстагIий дIа а дерзийна Зеламха хIусаме вирзича, галнаш ян жижиг а тесна, кертахь дезарш деш хьийзара ЗIокин кIант. Воккхастаг хIинца а цIа ца веънера.

КIайчу кхакхин месалчу куйна кIелхьара схьахьоьжу Уммат-гирин даккхий сирла бIаьргаш сакъералой хуьлура, Зеламха гича.

Дуьхьал вахана, цуьнан белш тIера схьаэцна верта дегийна, дIа а тесна:

– Массанхьа а со хьожур ву хьуна, хьо паргIат хилахьа, – Умматтгирис боххушехь, уьстагIашна юккъера дахка герга дахнарш къастийна чу а доьхкина, юха кIари чу вахана, Iахаршка а хьаьжна, царна кIел кIеда буц а тесна, жIаьлина доьша а доьттина бен охьа ца хиира харачо.

* * *

Шоьтан дийнахь Iуьйранна сатасале Чиллана-Ирзехь гулбеллера Нохчийчуьра обаргаш. Кхузахь бара Ишхой-Юьртарий, ЭгIаш-Эвларий, Цоцин-Юьртарий, Хаьмби-Ирзерий, ГихтIарий, Майратуьпарий нах.

Кхузахь гулвелла и иттех сов стаг араваьллачу ЗIокассий, Дудассий айвина веанера.

Да виса хьан делаI, ва мерза ва дуьне,
Хьо диънарг мила ву, бохуриг ва хилла?
Да вала хьан делаI, кийрара дилха дог,
Хьайна там ва хилча, лом санна, айалой…

бохуш, гIийла узам туьйсура гулбеллачу обаргаша. Йистехьа ваьлла, корта охьа а бахийтина, лерина цаьрга ла а доьгIна, тIевеанчу Зеламхас, хIинццалц санна, хIинца а къамел доцца дира.

– Цкъа схьатоьхнарг ахь юха ца тохахь, шолгIа тухург вен туху кху дуьнен чохь, – элира обаргийн тхьамдас. – Базара бахначу гIийлачу нахах, цхьа кIира хьалха, хазахета, эпсарша кхойтта вийна вайх. Иштта, тоьхна вайн доттагI Аюб вийна, – аьлла, къамел дечуьра сецна, гондахьа хьаьжна, ла а доьгIна: – Иштта узарш деш Iийна девр дуй техьа вай? – хаьттира цо.

– Декха деза и, Зеламха!

– Декха деза! – аьлла, цхьанхьара-шинхьара мохь туьйхира гондахьа лаьттачара.

– Декха деза, – доцца хадийра тхьамдас.

Муха, хьанна тоьхна декха деза, бохург ца элира царех цхьаммо а. Ткъа царачул башха тхьамдас билгалдина а хIума дацара. Цкъа дагадеанера Зеламхина, цхьанхьа кIело а йина, шен отрядаца цхьаьна Кибиров хIаллакван веза, аьлла, юха а дагадеара, дуккха а вовшах а кхетта, ворданаш тIехь къайллах герз эцна Соьлжа-ГIала базара а дахана, цигахь мел волу эпсар а вийна даьххича хIун дара техьа, аьлла.

И ойланаш еш хIара лаьтташ, геннахь цIерпоштан яй бека хезира обаргана.

– Схьадахкийта шайн дой суна тIаьххье, – аьлла, дIавирзина Зеламха акхароша биллинчу готтачу новкъа велира. ЗIока цунна юххе хIоьттира, вуьш цу шинна тIаьхьабахара. Иштта баьхкина

уьш, Жалкхан хьуьна юккъехула чекх а бевлла, цIерпоштан некъа тIехь севцира.

– Маса ву вай? – шен накъосташка хьаьжира Зеламха.

– Пхийтта, – элира ЗIокас.

– Элберд, – аьлла, нилхочунна тIевирзира харачо, – хьайца кхо стаг эций гIой, дIо вокзалерчу начальнике хаттий, хьаькамаш дIасалело цIерпошт маца йогIур ю хаий, цхьаъ кхуза схьаваийта, ткъа вукхаьрца, и начальник хьайна хьалхара дIаса ца волуьйтуш, соьгара хаам хиллалц цигахь саца. Кхетий хьо?

– Кхета.

Цу шен накъосташца вахана Элберд къайлаваьлча, къегина айбелла схьакхеттачу малхе а хьаьжна:

– ЗIока, – элира Зеламхас, – хIора денна бохург санна, кху хенахь Шура-ГIалара схьайогIу и цIерпошт.

– ТIаккха? – хаьттира, харачо дан гIертарг хIинца а билгтал ца хуучу воккхачу стага.

– Вай цу Iоккучу дукъошца, – некъаца дIайоьттина лаьттачу шпалашка хьаьжира Зеламха, – иштта уьш пурхал дехкина, дуьхьало а йина, дIо хьалха девлла, и цIерпошт сацо еза, – аьлла, харачо дIахьаьжча, лаккха хьала кIур а бетташ, геннахь гуш йогIура цIерпошт.

Цу цIерпоштан некъана гергахьа вехаш хиларна, кхузара низам девзачу Дудас:

– Ас айса сацор ю шуна иза-м, – элира, шен киснара схьадаьккхина цIен йовлакх, байракх йина, яьккхинчу ехачу шаьлтана буьххье а дуллуш. Иза а лестош, генна цIерпоштана дуьхьалвахара Дуда.

Кхузза-доьазза бехха мохь а тоьхна, хаьккина беана дин санна, бехьаш, сецира цIерпоштан яй.

– Шуьшиъ кхунна юххера дIа ма валалаш, – аьлла, ши накъост цIерпоштан яй ларбан а витина: –ЗIока! – мохь тоьхна, воккхачу стаге: – Ахь хIокху пхеа стагаца кхунна гуо а бай, кху тIера цхьа дегI дIаса ца долуьйтуш арахь терго е, – аьлла, тапча а яьккхина, бисинчаьрца цIерпошта тIе велира Зеламха. Чинехь гуш болчех тоьлла мел верг схьахоржуш, погонашца гуш воцург, куьйгашка

хьожий, кехаташ толлий схьакъастош пхийтта эпсаррий, хьаькаммий цIерпошта тIера оззийна охьаваькхира обаргаша. ТIаккха, кхайкхина тIевалийначу машинисте:

– ХIинца шу диснарш паргIат ду, дIагIо шайна, – элира Зеламхас. – Масала, Соьлжа-ГIаларчу хьаькамаша кхузахь хIун дара, шайга хаттахь, гIаларчу базарахь аш бехк боцуш байинчу ахархойн чIир йийкхира обарг Зеламхас, ала.

ЦIерпошт дIа а яхана бухависинчу эпсарех цхьаъ:

– Зеламха, со бусалба стаг ма ву, – аьлла, нохчийн маттахь вист а хилла, обаргийн баьччехьа вирзина, сецира: – АшхIаду алла-илахIа-ил-АллахI, ва ашхIаду анна Мохьаммадун расулуллахI, – элира цо, леррина ши куьг айдина, стигал хьала а хьаьжна.

– ХIан, бусалба ву бах ахь хьо? – хаьттира цуьнга харачочо, ша цецваьлла кеп а хIоттош.

– Бах те, – элира эпсара. – ГIазгIумки ма ву со, нохчийн йишин кIант а ларалуш.

– Э, и гуттар бакъахьа ду, – аьлла, эпсаре а хьаьжна: – Ткъа и эпсаран чин хьан дедас оьрсийн паччахьана Таймин Биболат вохкарна делла хир ду хьуна? – хаьттира цуьнга обарга. – Дийцахьа.

Кхин вист ца хуьлуш лаьттара гIазгIумки.

– Иштта дуй и? Дийцал, – аьлла, эпсарна тIегIоьртира Зеламха. ТIаккха а вист ца хилира эпсар. – ДIадала суна хьалхара, боьха жIаьла, – элира обарга, шедакхаж Iоьттина, эпсар дIа а тоттуш, – хIинца ас хьуо вахийтича, кхин эхь а ца хеташ, дIаваха воллур-кх хьо. Тьфу, и бу-кх шуьца долчу гергарлонан мах.

* * *

ШИ де-буьйса далале Нохчийчухула, массо а цIийнах кхеташ, чекхделира, бехкбоцуш байинчу ахархойн чIир обарг Зеламхас екхна, аьлла.

Ча санна дарвелла хьийзачу Кибировс, хаьккина Шела а веана:

– Господин Боршиков, дIадешал хьайна хIара, – аьлла, «Русское слово» цIе йолу газет кхоьссира, кхайкхина тIевалийначу

ШахIидан мера кIел. – Стенга вахана и Зеламха? Ой, хьоьга ца хоьтту ас, стенга вахана и обарг Зеламха?! – мохь беттара штабс-ротмистра.

И шега хIун ала гIерта ца хууш, охьакхосса кечйина хIума санна, газета буйна а лаьцна, воьхна, бIаьргаш бетташ лаьттара Боршиков.

– ХIун хилла цигахь, господин штабс-ротмистр? – хаьттира ШахIида, хьаставелла, газет цуьнга духа а кховдош.

– ХIун хилла ца хууш ву хьо? ХIара деша ца хаьа хьуна? – цуьнгара газет схьа а эцна: – ЛадогIал хIета: «Майралла кийрахь са доцуш, цхьанне адаман и лаца ницкъ ца кхочуш араваьллачу акхачу нохчочо Зеламхас, – бохуш, доьшура Кибировс газет, – ши де хьалха Гуьмсин станцин кIоштахь цIерпошт а сацийна, цу тIера охьаваькхина, шен кхиэлаца, цхьа-ши кIира хьалха Соьлжа-ГIаларчу базарахь байинчу ахархойн чIир йоькху ша аьлла, пхийтта стаг вийна. Царна юккъехь дукхахберш эпсарш бу». ХIара ду-кх, ахь суна хаза хабарш дуьйцушехь, мера кIел а веана, Зеламхас лелошдерг. ХIинца кхетий хьо? – хаьттира оьгIазваханчу Кибировс.

– Сан сийлахьниг, ас сайн ницкъ кхочу гIо-м до хьуна, – элира воьхначу Боршиковс.

– ХIумма а ца до, хIумма а ца до! – аьлла, юха а мохь туьйхира Кибировс.

– Ой, хIумма а муха ца до ас? – бIаьргаш айбира резавоцчу Боршиковс. – Ас гIо а деш ма вийра ахь цуьнан доттагI Аюб…

– Вийна ваьлла Аюб хIунда вуьйцу ахь? Ас хIун до цунах? – аьлла, шелахочун дош кагдира штабс-ротмистра. – Зеламха схьало суна, Зеламха!

17

ШолгIа шо доладеллера Биций, Зезагтий шайн берашца Енисейски губерни ялийна а, кху эвлара дIасадовла бакъо яц шун аьлла, цхьана жимачу Ермаковски цIе йолчу эвла охьаховшийна.

Зеламхас шайна сагатдойла хууш, Бицис кест-кеста Элберде кехат яздора, цо иза Зеламхига гойтур дуйла хууш. «Дика аламаш

кхузахь а ду, оьшуш хIума дац, шу цагар бен. Наха ледара ца дуьту тхо», – бохуш, яздора Бицис. Цхьаъ бен воцу Зеламхин вешин кIант Лом-Iела кхалха а кхелхина, шаьш цигахь дIаволларрий, шелонна шайна хуьлу ницккъий ца язбойтура Бицис. Кхузахь шен гергарло тасалделлачу зудчуьнга:

– Валентина Михайловна, цхьа а цунна халахетадерг ма язделахь цу тIе, – доьхура Бицис. – Тамашена стаг ву и сан мар. Нагахь, кхузахь тхуна хало хуьлийла хаахь, маггане а мегар вац иза.

ТIаьххьара даийтина кехат: «Кхузарчу пурстоьпо, шега дан дезаш цхьа кехат ду, и схьа ма-кхеччи, цIа дохуьйтур ду аьлла тхоьга. ХIун хир ду-м, Дела ша воцчунна, хаац», – бохуш, яздинера Бицис.

* * *

– ВаллахIи-биллахIи, бакъ ма ду, хоршано кIелвитина, лела а ца луш обарг Зеламха ЦIонтаройн-лам тIерачу хьехахь хилар, – бохуш, харачойн юьртда Iадод теш а хIиттош, дуй буура мотт тоха веанчо.

Цунах боккха кхаъ хилла, сатасале ведда веанера Сараев, полковник Моргания хьалагIаттаве аьлла.

Делкъахенахь Харачу кхаьчначу округан начальника:

– Кху сохьта юьртдай схьабалабе суна кхуза, – элира шен адъютанте.

Юьртдай а, уьш санна, кхиберш а, хьалххе схьагулбина, харачойн эвлайистехь лаьттара.

Талмаже вистхилла, шена гондахьа лаьттачарна юккъера кIеззиг хьалха а гIоьртина, къамел дан волавелира полковник:

– Шаьш паччахьана дуьхьал дацахьара и Зеламха саннарш Iалашбийр бацара аш, – элира цо нахе. – Таханлерачу дийнахь и Зеламха схьавала веза аш тхуна. ШолгIа, кхин хьо ца деш, хIора цIийнера доккхуш, сихонца гулдай цу Зеламхас паччахьан Iедална дина зе – ворхI эзар туьма ахча охьадилла…

Талмажо схьааьлла, шайна тIедоьжначу цу декхаран барам хиъча, хIун дан деза ца хууш, боьхнера харачой. «Вай юьрт йоьхкичи а, гуллур дац оццул ахча-м», ойланаш йора цара.

– Нагахь иза аш кхочуш ца дахь, ас Сибарех дахкадийр ду шу, – элира полковника ша чекхволуш. – ХIинца дIадуьло, цу лаьттачу Iадода бохург кхочушде шайна.

Баккхийчу нахаха цхьаъ гIоьртира вистхила, амма, полковника тергал а ца вира иза. Цундела нах, тезетара санна, гIийла дIасабекъабала буьйлабелира.

– ХIай нах, дIаса ма гIолаш! – мохь туьйхира Iадода. – Иштта пурх дIахIиттий, кхоалха могIа а бай, кху салташна хьалхадовлий, дIо лам тIе хьала гIол шайна, – омар дира юьртдас, ЦIонтаройн-лам тIе хьала куьг тосуш.

Дерз а догIуш де цIемза дара, юха а шайна тIебеана и бала Iаьткъина харачой кхин а чIогIа кхоьлинера. ТIаьхьахIиттинчу юьртдайша:

– ДIадуьло, дIадуьло. Духа ма гIерта, – бохуш, бежнаш санна, тIаьхьара а лоьххуш ЦIонтаройн-лам тIе хьалабуьйлабелира нах. Царна тIаьхьахIоьттинера милицин отряд, коьртехь Бек Сараев а волуш, милиционерашна тIаьхьа вогIура кхо бIе сов салтий – гIалгIазкхий. Цу салташна юххе хIоьттина вогIура, тIеюьйхина тиша шинель а йолуш, лекхачу дегIахь эпсар. И штабс –ротмистр Кибиров вара.

– «Шечушна-м тухург хир яц цо и топ», – ойла а йина, хьалха хIиттийнера Моргания и харачой. – Кхаьрца гуо а тесна, кIур бина цхьогал санна, атта схьалоцур ву ас иза цу Iуьргахь».

Орца даькхина Соьлжа-ГIалара схьакхаьчна Кибировн отряд цу массарна а тIехьа хIоттийнера полковника. Шен дагахь: «хIинца-м сан буйнара вер вацара иза», – бохуш, топ кхуссучохь тIехье шена кхачарх воккхавеш хьийзара штабс-ротмистр.

– Сан сийлахьниг, хIинца вайн карахь ву хьуна и Зеламха, хIинца волийла ца дисна цунна, – бохуш, дагна там хилла, ша мича эккхар ву ца хууш, полковникан когаш кIел хьийзара Бек Сараев а.

– И ворхI эзар туьма дIа ца делча, дуьтур дац-кх вай цу полковника, – аьлла, гIийла шен накъосте вистхилира цхьа ахархо.

– И делча, кIелхьара девр ду моьттий хьуна?

– Оццул ахча вайга-м гуллур дац.

– Цундела, хIумма а ца гулдеш, IадIе деза-кх, луург хуьйла цунах, – бохуш, вовшашка къамелаш дора наха. Амма, мел дукха дийцича а, полковникана дуьхьалбовла барт ца хуьлура церан. Дукхахберш бист ца хуьлура, вуьш шайн дагахь, «Зеламха кIелхьараваккхалахь», бохуш, Деле доIанаш деш, хьалаоьхура.

Лакхахь, халла бен вовшийн ца гуш, дуькъа дохк долчу кхечира адам. Кхузахь, хийла хан хьалха наха дIатийсина кешнашший, замано йохийна бIаьвнашший бен кхин хIума доцуш, инзаре, акха дара.

Хьехана герга мел гIоьрти дохк дуькъа лаьттара. Оццул герга шаьш баьккича а, хьеха чуьра хIума ца хезча: «Билггал Iехийнакх со цу мотт тоха веанчо», бохург дагадеара Бек Сараевна. Ткъа, ахархошна моттаделира шаьш дина доIанаш Деле хьала а кхаьчна, цу хьехара Зеламха маликаша вадийна кIелхьараваькхина.

Иштта кхоалха хьехана гуо а тасийтина, лахахь лаьттачу йоккхачу тоьпана юххехь висина полковник: «Куьйгаш а дихкина, жий санна, хIинцца схьавохьу суна и харачо», бохуш, сатесна Iаш, цIеххьана цу хьеха чуьра схьатоьхначу тоьпо тIекIелваькхира, Сараевна юххехь лаьтта харачойн юьртда Iадод.

Эццахь боьхначу салташа, цхьа а раж йоцуш, маьI-маьIехьара тоьпаш туьйхира. Кхин пхоьазза-йолхазза топ а тоьхна, Зеламха дIатийра.

Хьалха бевлла хилла нах, бухабевлла, дIасабаьржира. Салташа, догIа санна, сиха тоьпаш етташ, бехха тIом бира. Цу хьехан Iуьрга а хьажийна, цкъа-шозза йоккха топ а ялийтира. Сарахь: «ЦIонтаройн-лам тIехь вайн эскарша обарг Зеламхина гуо бина. ХIинца тхан буйнара вер вац иза. Тхох шиъ вийна, кхаанна чевнаш йина. ТIом хIинца а беш бу» – аьлла, БуритIерчу инарле яздира Моргания. Амма, оццул дукха бинчу тIамо обаргана зе ца дича, оьгIаз а вахана:

– И кхоалха тесна гуо мал ца беш, цу хьехан Iуьрга чу йоккха топ а ерзаяй, садоIуш совца, – аьлла, омар дира полковника шен эскаршка. – Мацалла гIел а дина доккхур ду ас и жIаьла цу Iуьргара.

Буьйсанна хан яьллачу хенахь Ведана а веана: «Гушмазукъин Зеламха хIинца сан кисанахь ву хьуна», – аьлла, шолгIа а зIе туьйхира Михеевга округан начальника. Iуьйранна сатоссуш, собар кхачийнчу эскарша, юха а етта йолийра тоьпаш. ХIинца Зеламхас ша а жигара бора тIом. Цу шен Iаьржачу куйнаца, вертанах хьаьрчина, лаккха хьала а айвелла, лаьттара иза лам тIера схьа топ етташ. Лерина цунна хьежа а еш, тоьпаш еттара салташа. ЦIехьана охьа а воьжна, цу лекхачу лам тIера, гуьйриг санна, керчина чухецавелира Зеламха.

– Ура-а, ура-а!.. Вийна, вийна вай иза! – аьлла, маьхьарий а девлла, шайна юккъе охьавоьжначу обаргана тIехьаьлхира салтий, эпсарш.

Iуьйранна вухавеана, тохара санна, цу йоккхачу тоьпана уллохь лаьтта полковник а цунах сакъераделла, шен адъютантаца, и шен деза дегI а такхийна, цигахьа гIоьртира. Гергга тIе а гулбелла, цу обаргах куьг тоха ца хIуттуш лаьттара салтий. Хьанна хаара, хIинца а и дийна ву-вац. Цундела, велла Iуьллучу цунна мосуьттузза тоьпаш а тоьхна, тIевахийтинчу цхьана салтичо, меллаша тоьпан юьхьиг а Iоьттина, тIера верта дIатесча, цу юккъехь, Зеламхин меттана, цхьана юьххье месала куй а боьллина, йоккха гуьйриг йоллура.

Массо а, Iадийча санна, вовшашка хьаьжжинчохь висира. ЦIехьана меттавеанчу Кибировс:

– ДIасадовла кхузара, дIасадовла! Гуо таса цу хьехана! – аьлла, мохь туьйхира.

Мел сиха гуо тесчи а, хIинца тIаьхьа дара. ЦIонтаройн-лам тIера дехьа йистехула охьа а воьссина, шина салтичунна юккъехула цхьана жимачу татолах ваьлла, цу йистехь ламаз а эцна, дIаваханера обарг Зеламха.

Юха а дIасабаьржина салтий гича и хIун ду ца хууш, дIо лакхахь тIулгашна дехьара схьаваьлла вогIу Бек Сараев сихха шена тIекхачаре сатесна сецира полковник. Амма, и вист ма- хилли, хIун ду хиъна:

– ЖIаьлеш, варраш!.. Ас шийлачу Сибарех дахкор ду шу, – бохуш, буйнаш а лестош, мохь хьоькхура округан начальника. – Тфуй, неIалт хила шуна а, аш лелочунна а!

Ша хIун дийр ду ца хууш, кхерийна пхьагал санна, бIаьргаш бетташ лаьттара Сараев.

Кибиров мичахь ву? – хаьттира полковника, кхин вуо ца луш.

– ДIо лакха тIехь ву иза, сан сийлахьниг.

– Массо а тIаьхьаваккхий миччахьа велахь а, ас хIокху сохьта Зеламха схьакараве, боху, ала цуьнга.

– Муьлхачу агIор гIуо тхо, господин полковник? – шега бохучух ца кхетара чIогIа воьхна Сараев.

– Массо а агIор гIуо, массо а агIор! – кхин башха ша дуьйцучух ца кхеташ, мохь беттара полковника.

«Хьажахьа хIинца, хIара юьхьIаьржо, инарлина хьалха хIун аьлла хIуттур ву со? Эхь ду-кх цIена, – бохуш, ойланаш еш бIарзвеллера Моргания. ШолгIа а хили-кх суна хIара. Ма чIогIа кхаьрдар ву сох инарла, кхаьрдина а ца Iаш, балхара эккхор ву».

Цу ирчачу ойланаша дог датIийна вухавирзинчу Моргания, юха а харачойн эвла вирзина, гIийла нах а лецна, кхаа-веа стеган цIийнах цIе тасийтира.

18

ЦIонтаройн-лома тIерачу хьеха чуьра дIавахчахьана, лаьттах воьлча санна, вайна обарг Зеламха цхьана а меттехь гуш я хезаш а вацара. Сов чIогIа и лаха тIаьхьабаьхначу агенташна а хIара ала, билггал и волу меттиг ца хууш, 1912-гIа шо чекх а даьлла, керла шо доладелира. Цхьаболчара дуьйцура харачо шен доьзална тIаьхьа Сибарех вахана, бохуш, вукхара даькхинера иза ГIажарех ваха дагахь араваьлла, аьлла.

Цу хабарша вохийна, цул совнаха, шен доьзалхойх цхьа а аравалийта ца хIуттуш бIарзвеллачу Михеевс, Гуьржехарчу Сардалера бакъо а яькхина, Сибарех бахийтина Зеламхин доьзал юха Соьлжа-ГIалитIа схьабалийра. Къайллах чIогIа тергал бахь а, тIехула дIа вуно пагIат битинера уьш гIалахь, хIорш ган гIоьртина а, Зеламха цхьанахьахула гучуваларе сатесна. Цу тайпана Зеламхин къайлаваларо цецваькхинчу сардала ГIажарийн дозанца болх беш болчу массо а губернаторшка: «ГIажарех а вахана,

цигара схьа шена оьрсийн паччахье минпес еха дагахь волчу обарг Зеламхас, Петарбухехь ГІажарийн векал хилла Іийначу Іали-Ханера, ГІажарех ваха бакъо ехна шена, – бохуш, кехат яздира. – И обарг цу махка вахийта цхьана а агІор тарлуш цахиларна, ас тІедожадо шуна: гІажарашца вайн долу доза чІогІа лардаррий, цу агІорхьаваьлла, шек а долуш, шайна гина стаг лаьцна сацаваррий».

Харачойн обарг, цамгийло кІел а витина, воьжна Іуьллура. Энашна дика ду, бохуш, дакъийна жижиг а даош, бецашца цхьацца молханаш лелорах дош хирг а ца хилла, йовхоне сатесна харачо а эцна; цу тІуьначу хьуьна юккъера схьаваьлла, НогІийн ара гІамаршка вахара ЗІока. Кхузахь а, башха гІоле ца хуьлуш, цхьана-шина баттахь жаІун буьн чохь Іиллира обарг. Цкъацкъа, и цамгийла чІагІъелла, гІора кхача а дой: «веллавелира со кху ден тІе волучул», олий, цергашца балда а лоций, ши бІаьрг хьаббой дІатера харачо. «ЧІир-м йийкхира ас, ткъа, хІун нисдина ас цуьнца?.. Байшна гІолий ян а гІоьртина, кхин тІе а байлахь бераш дити-кх дуьнен чохь», бохуш, тІехІуьтту ойланаша шалха язйора тІера цамгила.

Кхузахь вехаш Іан ЗІокин гергара ногІи, шена хуург орцах даькккхина, хьаьвзира Зеламхина дарба дан:

– Иштта лелийна хІара тхан дайша, дуккха а нахана кхуо дарба дина меттигаш хаьа суна, – олий, туьха тесначу Іаьржачу тІаргІалахь яхкайора Нурис обарган настаршший, гІодаюккъий. ТІаккха дІавулий цо тухий цхьа-ши газа а йоьй, цу гезарийн йовхачу цІоканашна юккъе хьарчайора Зеламхин меженаш. Хин меттана даима шийла морза я шар мийладора, юха, ара а вокхий цо иза, раж лоций ерзинчу настаршца малхехь йовхачу гІамара тІехь Іиллавора.

Кхин къар ца луш, иштта лерина шина баттахь Нурис лелийнчух Зеламхина хаъал гІоли елира. ХІинца обаргана шен хеннахь хаза наб а кхетара, хІума а дика йоура, хьалагІоттий вола а лора иза.

…Цена, сирла аьхкенан йовха стигал. Цхьа тийна хьоькхучу гІийлачу махо, наггахь, буьрка санна, карчайой буьна хьалхахула

дІахьора якъаелла юшанан кондар, я йогІий, еллачу говран коьртан туьтана тІе мокха маккхал хоура. Тийна, Іаламат чІогІа тийна гуо тергалбеш ехха Іара иза кхузахь, схьахетарехь, цхьана рицкъане сатосий. Кху пана арахь ладам болуш хІума а ца гой, гІоттий иза, дІо кІайн-чорда мархашка хьала а йолий, тІам тухий, дІайодара.

«ЛадогІал соьга, кийрара дилха дог
Тоьпо йохьучу Іожаллех со ларвеш,
Буьйсанна хан яьлча гІароллех лелла хьо,
Сел хазчу кху арахь хьо стенна гІелделла?» -

бохуш, гІийла узам а беш, буьна хьалхахула волавелла лелара ша висна харачо. «ГІой, Нохчийчохь керла хІун ду хьажий вола», – аьлла, вахийтина ЗІока хІинца а вуха ца вирзинера, жа тІаьхьа вахана Нури а чу ца веанера. ГІожан метта гІортабой, наггахь, буйнарчу дечигпондарна тІе а тевжаш, генна дІаваханчу обарган дагна там беш, цу сийначу бай тІехь, хаза, тийна техкаш кІайн-можа чадаршший, цІен-Іаьржа петІаматашший лаьттара. «Іаламан рицкъана оццул къечу кху арахь хІорш мичара девлла техьа», сакъераделла зезагашка хьаьжжинчохь лаьттачу харачочунна дІо генара схьавогІуш ши бере гира. Нийса топ тухучу обарган сирлачу бІаьргашна ца гуш кху арахь кхунна тІебан цхьа а кхерам бацара. Делахь а, хьанна хаьа, аьлла, турмал хьаьжинчу Зеламхина цу шиннех цхьаъ тІехь Іен ЗІокин дин бевзира.

Веана и ши бере тІекхаьчча:

– Де дика хуьйла хьан. Хьо ву хІара, Зеламха? – хаьттира харачочуьнга, кхунна ца вевзачо. – Со ШахІида ваийтина хьо волчу.

– Далла воьзийла. Муьлхачу ШахІида ваийтина хьо? – хаьттира обарга, кхин юьхьа тІехь хийца ца луш.

– Боршикан ШахІида.

Цецваьлла цу шеца схьавеанчу куьйса маж йолчу, лохачу стаге а хьаьжна:

– Бехк ма биллалаш суна, – аьлла, къамела юккъе гІоьртира ЗІока. – ХІара стаг, кхуза схьакхоччуш тІаьхьа а кхиъна, схьавеана соьца, цундела хІара мичара, мила ву хаа лаьа суна.

– Со Шелара ву, – элира, хаъал воьхна лаьттачу лохачу стага, – сан цIе Элмарза ю. Кхуьнан гергарчу наха хабар дохьуш ваийтина со кхуза, – аьлла, Зеламхига хьаьжжинчохь сецира лоха стаг.

– Вайшинна хаа оьшуш хIума дац кхузахь, – элира, ЗIокига а хьаьжна, обарга. – Кхуо лоьхург Зеламха ву, ткъа иза кхузахь вац, я вайна мичахь ву а хаац, – аьлла, шек а воцуш, дIавирзина воьхна лаьттачу лохачу стаге хьаьжира харачо.

Шен накъоста дуьйцучух кхетта ЗIока:

– Ас-м, гIенахчул башха, дагахь а доцург кхуо вайга хоьтту дела бахара, – аьлла, дIавирзина буьн чу вахара.

«Ванах, суна гург гIан ду техьа я со хьераваьлла техьа? – ойланаш еш, Iадийча санна, лаьттара Элмарза. – Мацах цкъа харачойн Зеламха ву, бохуш, суна гинарг хIара а ма ву, ткъа хIинца кхуо ша и вац а ма боху».

«Иштта-м дуй хьовха хIара? Сой, ЗIокий воццунна ма ца хаьара тхойшиъ кху агIор веанийла… ШахIида мукъана а хьажиний техьа хIара?» – бохуш, ойланаш еш Зеламха а лаьттара.

– Бехк ма биллалахь суна, хьо Зеламха ву, аьлла, хьажийнера со кхуза, – элира, воьхна, волчуьра хIинца а меттаваза, дIаваха тохавеллачу Элмарзас.

– Бе а бехк буьллийла яц. Ткъа, со Зеламха ву хьан аьллера хьоьга? – хаьттира харачочо.

– ДIо лакхахь жехь болчу наха, -– аьлла, ша схьавеанчу агIор пIелг а хьажош, пуьчаш боьттира Элмарзас, Теркайистера дуьйна схьа, хIара волчу ЗIока вогIийла хууш ша къайллах цунна тIаьхьавар лачкъа а дина, – цхьанахьа кхузахь-м ву хьуна иза.

– Хир ву, – элира, шийла вистхиллачу обарга. – ДIо лаха тIехьа а бу боху нохчий. Собарде, хIума а йиъна гIур ву хьо.

– Баркалла, со меца вац, – дIаваха сихвелира кхайкхаза веана хьаша. – КIад а ца велла.

– Ткъа, нагахь, Зеламха кхузахь тхаьшна гахь цуьнга хIун ала оха? – ца Iевелира харачо.

– ШахIидана цунна оьшу молха а карийна, ткъа цхьа-ши кIира хьалха и волчу сана цуьнан хIусамнана Бици а яра, цундела, ШахIида сиха шех кхета бохура алийша цуьнга.

– Мегар ду. Ткъа, иза хIун молха ду цо хаттахь, муха дийца деза цунна и?

– Кхуза схьаяийта дагахь, соьга гайтира цо иза, – жоп делира дIавоьдучу Элмарзас. – Цхьа лайн чимах тера къегаш, кIайн молха ду ала ахь.

– Дан хьайна луъург дийр ду ахь, Зеламха, – элира, буьна чуьра араваьлла, гена ваьллачу хьешана оьгIазе тIаьхьа а хьаьжна, ЗIокас, – амма, ШахIидаца хьан долчу гергарлонна со реза-м вац хьуна.

– ХIунда бах ахь, ЗIока? Иза-х вайца ГIизларе а веара, цул хьалха соьца масийттанхьа а хилла.

– ГIизларе хьовха, и ГIирмех гIаш вайца веанехь а со реза-м вац цунна, ца теша со цунах, – аьлла, куьг а ластийна, хадийра ЗIокас къамел.

– Хаац, – аьлла, ойла еш сецира обарг. – Суна-м ца хааелла цуьнгара ямартло.

– И ца хаалу дела вай иза-м къаьсттана кхераме. Кибировца цуьнан гергарло ду, бохуш, дуьйцу наха.

– Бакъ дуй техьа и? – ойла а йина. – Амма, и мухха делахь а, кхузара сиха дIаваха веза вайшиъ, – сацийра обарга.

* * *

Тахана сарахь массо а чувирзинчул тIаьхьа, цхьаммо а кхайкхаза, ша веара Боршиков штабс-ротмистр Кибиров волчу.

– Сайн хьаша вина хьоьга чукхайкха лиъне ра суна, – элира ШахIида, корта таIийна эпсаре куьг а луш. – Делахь а, наха цхьацца хабарш дийцарна кхоьруш, суо схьавеа-кх. Дийцарх-м хIумма а дацара уьш, нагахь, Зеламхех дIакхетахь вайн гIуллакх талхарна кхоьру-кх.

– Чукхайкхарш-м тIаьхьа лелор дара вай, ШахIид. Хьо схьа бакъахьа веана, иштта тидам болуш хила ма веза вайн балха тIехь, – аьлла, шелахо хастийра эпсара. – ТIаккха, дийцал, керла хIун ду?

– Керланаш а ду, господин штабс-ротмистр, – аьлла, шен декъана кIайн куьйгаш хьакхийра Боршиковс. – ХIинца Зеламха вайн буйнара вер вац хьуна. Амма…

– ХIинца хIун «амма» ду? – шелахочун дош кагдира Кибировс.

– Господин штабс-ротмистр, цкъа соьга ладогIахьа, – аьлла, хьаставелира Боршиков. – Цомгуш велахь а, Зеламха иштта атта кIел соцур вац, цо цхьа зен дарна кхоьру со. Суна стаг карийна, и вен а вийна вайна схьалуш.

– ТIаккха? – вовелира Кибиров.

– Цунна дала цхьа бIе туьма оьшу-кх, – аьлла, базарахь санна, мах бийца хIоьттира Боршиков.

– Ма дийца и, ШахIид, – элира Кибировс, – хьо-х со бахьана долуш латтаво Сибарех ца вохуьйтуш. ХIара кхин дIадахлахь, хьайх хиндерг ца хууш ву хьо?

– Ахь динчу гIуллакхана ас баркалла боху хьуна, господин штабс-ротмистр. Амма, цу стагана мах а белла вай гIуллакх ца дахь, вайх цхьаъ-шиъ вийна меттиг яларна кхоьру со. – Хаттаре эпсаре хьаьжира Боршиков. – Алахьа инарлига, цу балхана цхьа бIе туьма тIетоха.

– Мила ву и хьуна карийнарг, теша мегар дуй цунах?

– Дукха дика мегар ду. Цо тIелацахь, чекхдаьлла хьуна.

– Ткъа, тIелоций цо, и вийна схьавалан?

– Дера, лоцу и ахча вай шена лахь-м.

КIеззиг ойла а йина:

– Делахь хIета, и вай лур ду алий дош ло цунна, элира Кибировс. – ГIуллакх йисте даьлчахьана цхьаъ дийр ду вай, ахча хир ду.

19

Гуьйренан хьалхарчу беттан тийна денош хаза лаьттара. Шура а етта, хIинцца якъаяла йолаеллачу хIаьжкIийн цхьа ша тайпа мерза хьожа кхетара аренашкахь. Тохара санна, дог Iовжош, цIийзара якхъелла ахархойн ворданаш.

Массо а адам кхана марха даста кечлуш хьийзара. ЦIеношна чухула а, тIехула а кир тоьхна, боршам хьаькхна хIусамаш цIанъян гIерташ, шайн ницкъе хьаьжжина, хIусамдайшна а, берашна а тIеюха керла бедар тегна, уьш кечбан гIерташ орцах бевллера

хIусамнаной. Дайший, де вежарший хьастаделлачу берашна дош деллера: кхана сахилча, шайн дикачу дойшна тIе а ховшийна, уьш нехан марха къобалдан арадовлийта. И дой а хаьххина, сакъералуш, массо а урамашкахула, керташхула, баккхийчийн марха къобалдеш, дуьне а шайна делча санна, хазахеташ, юьртах чекхбевр бу уьш.

Иштачу дийнахь таро йоцург а хуьлу сакъералуш, деган тешамо тIедожадарна. Цхьа вон хир ду кхана бохург хетадала схьагуш хIума дацара, делахь а, Зеламхин даг тIехь йоккха гIайгIа Iуьллура: реза вацара и шена гондахьа лелочу гIуллакхашна, ойланаш ян Iеминчу обарга шен дагахь дерг вуно кIезга дуьйцура. ЛадогIа лаьара, ладогIарх а даг тIе йовхо ца йогIура. ХIинца кест-кеста дагаоьхура цунна: «Хьох цхьаъ бен вац, лалур дуй техьа хьоьга кху дуьненна а дуьхьал хIоттар?» – бохуш, шен нанас шега дина къамел.

«Кху къизчу хенахь хийла деца къийсам латтийна ас, хийланна гIо дина, хийла веза а везна, доттагIалла а лелийна, хIетте а, тахана сайн зама чекхйолуш, со хIунда ву техьа суо? – ойланаш йора обарга. – Ткъа, ЗIока? Иза воккха хилла, могаш а вац. Дуда? Иза а Iасса йистехь и чов хилчхьана гIеллуш, кIелвисина. Ткъа, Элмарза? Цо хIунда леци техьа шена тIе сан бала, мича дикане сатуьйсу техьа, хьаьнгарчу совгIате сатуьйсу техьа?.. Ша дика стаг хиларна, Делан дикане сатесна лела хир ву-кх. Тайпан ненахо ву, ткъа ненахошна йишин бер деза ма хета», – аьлла, сацийра Зеламхас, кхин ЗIокас бохург ца деш, ШахIидах а кхетта, цо: «хIара дарба леладе хьайна», аьлла, молханаш а делла, Шела-аьхка йистерачу цхьана жимачу кIотара ваийтина ша Iаш.

Дагалоцур вай цу туржаIан эпопейн хьалхара сурташ. Кхиъна Зезаг шена везачу Солтамурде едла маре яхара. Церан цIенчу безамна юккъе хьагI а лаьцна, юьртахь шайх тоам хилла, сискалх буьзна нах гIоьртира. Шена везачуьнгара схьа а яькккхина, Iедалца берта баханчу цу наха и йоI дIайигарна тIехула айдинчу девнехь шиъ вийра, виъ каторге вахийтира. Цу веаннах шиъ цигахь кхелхира. Оццул чIогIа харц луьйш шайна бен и ницкъ

ла а ца белла, набахтера ведда Зеламха динарг декха аравелира. ТIаккха гIеттинчу цу къийсамехь иттех сов вийра. Зеламхин шен цу веанна тIе да а, ваша а, доттагIий а байира. Дарбеллачу паччахьан къизчу хьаькамаша садаккха ца буьтуш Зеламхин йишаваша а, юьртахой а хьийзабора. ХIетте а, кхин къар ца луш, гIийлачийн гIо дан гIоьртина, цу халачу новкъа схьавогIу обарг, тахана, гIелвелла я цхьана дикане сатесна, ШахIида бохург а дина, Шела-аьхка йистерачу Элмарзин-кIотара веара.

Лекхачу берда йисттехь юькъчу хьуьно къайла а яькккхина, кIотарна лакха тIехь лаьттара обарган тоьла. Кхузара дIахьаьжча, кераюккъехь санна, дика гора и шелахойн йист йоцу аре.

«Ва Дела, ма хаза яийтина-кх ахь хIара сирла Iуьйре. Тахана санна сан дагна там беш, саний техьа хьо цкъа а, ишттa ламана цIанонца лаьттиний техьа хIуо а, ишттa хаза хьежний техьа соьга и сирла, тхи диллина сийна буц а? Ткъа и диэка олхазарш! Мох! Даима а хьекхний техьа иза ишттa хаза гIа-буц хьостуш, оццул тийна лаьттачу цаьрца адам ца кхета иллеш а бохуш?.. Ткъа, хIинццалц схьа хIунда ца бира техьа ас кхеран тидам, – бохуш, ойланаш йора обарга. – Кху буьрсачу дахаран новкъахь ца кхиъна таро ю-кх со кхаьрга хьежа».

Шена тIебогIучу новкъахь нехан гIовгIа а хезна, хьалагIеттира Зеламха.

– Хьеший богIу хьуна, – элира обарге, хьалхаваьлла вогIучу Элмарзас.

Куьйсачу стагна тIехьара схьагучуваьлла Муги веана дена маракхийтира. Ша хIун дан деза ца хууш йоьхна Бици, цIий а елла, майрачуьнга хьажжинчохь сецира, кара лаьцна Iумар-Iела а волуш.

Оццул чIогIа уьш гаре сатесна ша воллушехь, цхьа тамашена собар хилла, шийла тIеийцира обарга и шен доьзал. Делахь а, цIен бос а тесна, серлаяьллачу цуьнан йоккхачу юьхьо гойтура ден деган доккхадер. Сихха шина кIантах бIаьрг а тоьхна, кхин хIума алале:

– Лом-Iела хIунда ца валийра ахь? – шен вешин кIант хаьттира обарга Бицига.

– Лом-Iелий? – аьлла, аз меттадалон гIоьртина дехха озийна духа хаттар а дина. – Тхо цIерадовлуш берашца араваьлла, чохь вацара иза, ца лиира Бицина и вон кхаъ майрачуьнга баккха. ТIаккха сиха дIайирзинчу цо, Мугин гIовталан логера вета дIанисбечуха и шегахьа а верзийна: «хьо вист хилахь, мегар дац хьуна», боху кеп хIоттош, кIанте бIаьца йира.

– Со цигахьахула ладугIуш хир ву, паргIат хила шайна, – аьлла, коьрта тIе куьг дуьллуш, Муги а хьаьстина, Элмарза дIавахара.

Тоьланна хьалха тесначу вертан тIе Iумар-Iела охьа а хаийна, къамел дечуьра ца соцуш, чу яханчу Бицис, била а билина:

– Хьуна дукхадеза дела деана ас хIара, – аьлла, сихха цIе латийна, дакъийна жижиг оьллира.

Ши шо кхаьчна, хIинцца когаваханчу Iумар-Iелех массеран а сакъералора, тахна и дуьххьара гинчу ден къаьсттина. Коканаш санна Iаьржа бIаьргаш а совцадой, лоррий шен дега хьожура жима кIант. Цунах сакъераделлачу Зеламхина шен цамгийла а, гIайгIа а йицъеллера, цул чIогIа шен вешех воккхавеш хьийзара Муги.

– Зезаг муха Iа, могаш юй хIара? – хаьттира Зеламхас, юург ян гIерташ хьийзачу Бицига.

– Могаш ю, – жоп делира Бицис. – И ца хиллехь-м сан йиш яцара. Арахь дика накъост ю Зезаг.

– Сибарех дукха ницкъ-м ца хилира шуна?

– ХIан-хIа, цIерпоштахь дIа а дигира, юха а далийра, – аьлла, хаза дайдеш дийцира Бицис. Цигахь а наха вуно дика терго йира тхан. Дукха бара паччахьана дуьхьал хиларна Сибарех бахкийтинарш. Цара ледара ца дуьтура тхо. Валентина Михайловна, бохуш, яра цигахь сан цхьа доттагI оьрсийн зуда, сол а дика хьожура иза кху берашка.

– Дада, суна оьрсийн йоза Iамийра хьуна цо, – аьлла, къамела юкъа гIоьртира Муги. Со хIинца гIалитIерчу школехь доьшуш ву.

– И дика болх бу. ТIаккха хIинца кестта сан сайн писарь хир ву-кх,– велавелира Зеламха.

– ХIинца а дика ца хаьа суна, – элира Мугис. – Сайна Iемич-хьана, хьо паргIатваккха, аьлла, ас паччахье дика арз яздийр ду.

– Хьо Iемина ваьлча-м паргIатваьллий а вара со, – коьрта тIе куьг а дуьллуш, кIант хьаьстира дас.

* * *

Топ а эцна, цIеххьана гIеттина вахана Зеламха, гондахьаш-кахула бIаьрг а тоьхна, вухавирзича садайна догIура.

– ХIинци-хIинций хьо схьавогIу, бохуш, шозза йохйи-кх ас хIара, – схьадаьккхина довха жижиггий, галнашший хIоттийра Бицис майрачунна хьалха.

Вертан тIехь дIатевжжинчохь наб а озийна Iохкучу берашка а хьаьжна:

– Кхарна яийний ахь: – шена тIера схьа а даьккхина чоа тесира дас царна тIе.

– Дера, яийна. Хьо варе хьоьжуш а Iийна, хIинцца озийна царна набарш.

Зеламхас хIума ледара йоура, цуьнан тийначу юьхьа тIехь хIинца а цхьа гIайгIа лаьттара. Иза а гина:

– Хьо ма юьстара хетало – элира зудчо. – Жижигна реза вац хьо? Аса-м хьан дуьхьа ма эцнера хIара, – хьаьдда тIеяхана зокий чу чорпа а йоьттина: – И молханаш а кхаллий, хIара тIемалахьа, – йовха чорпа кховдийра цо майрачуьнга.

– Цу молханашна реза вац со, – Бици, – элира Зеламхас, чорпа дIа а эцна.

– ХIунда бах ахь? Хьо-м цара хьайна дика гIоли йо бохуш ма вара.

– Хьацар а доккхий, цкъа хьалха гIоли йича санна хоьтуьйту, амма, цу хьацарца ах са дIахьо цо. ЧIогIа гIелво со.

– Кхин ма малахьа уьш, – элира кхераеллачу Бицис.

ТIевахана, набарх ца воккхуш, жимах волу кIант меллаша кара а эцна, самаваьккхинчу Мугин куьг а лаьцна:

– ДIо тоьлий чуьра палс, вертий дохьуш, схьайола суна тIаьх-хье, – элира обарга, – кхерам боцчу, дIанехьа девр ду вай.

– Ваттай, буьйса ма ю хIара, хIинца стенга гIур ду вай? – аьлла, йоьхна хьаьвзира Бици. – Вала воллу-кх хьо нахах ца тешаш.

Кхин цуьнга вист ца хуьлуш, и бераш а такхийна, гIеттина Зеламха, шен тоьла йолчуьра цхьа бIе гIулч дIа а вахана, дика тIе йол а тухуш йинчу буьнна хьалха сецира.

– Нахах теша хьуна со, Бици, – элира обарга кхузахь, – амма, цу нах боцчех муха тешар ву хаац-кх. Со-м кхузахь берашна йовха хир йолу дела гIертара.

Ша аьлларг новкъа деана кхин йист ца хуьлуш, буьн чу яхана кIедачу ал тIе биллинчу метта бераш дIа дийшийна, юха ара-яьлла, буьнна хьалха тесначу вертан тIехь Iачу шен майрачунна юххе охьахиира иза.

– Цига, тхо долчу Сибарех бахкийтина вуно дукха нах бара, – элира Бицис, – цара дуьйцура, хIинца кестта оьрсийн паччахь воха а вина, адам паргIат дер ду, бохуш. ТIаккха хьо а, хьо санна берш а, вуно сий дина лелор бу…

– Со вичхьана а дуьйцу и хабарш, Бици. Цунах-м цхьаъ хир дара, – аьлла, шийла хадийра обарга, шен топ хьалхахула охьа-йиллина, дIа а тевжаш.

Цхьана-шина минотехь Iийра и шиъ, кхин дист ца хуьлуш, гондахьа ладоьгтIинчохь.

– Бици, – элира Зеламхас, – хIинца дика соьга ла а догIий, сан дехар кхочушделахь.

– Дала мукъалахь, – элира зудчо, буьн чу кхевдина берашна тIера хIума муха ю а хьожуш. Беттан серлонгахь шен майрачун юьхь, тохара санна, гIайгIане гира цунна.

– Хьанна хаьа, – элира Зеламхас, нагахь сох цхьаъ хилахь, вай Туркох даха дагахь гулдинчу ахчанах нисса ах байшна дIадекъалахь, дисинчух цхьа жимма цу Сибарех бахийтинчу гIийлачу нахана а дахьийталахь.

– Весет деш-м вац хьо? Цу хабаре ладогIа лаац суна, аьлла, ша Iаччохь куьйгаш ластийра Бицис.

– Вуо гIан гина суна, Бици, сийсара, – аьлла, велакъажа гIоьртира обарг.

– Хьо-х цу гIенех ца тешаш вара.

– ХIинца теша… Корта а баьшна, куьйгаш цIийлахь а долуш гина суна суо. Диканна дац иза, Бици.

– Диканна хила а тарлой иза-м, Дала мукъалахь.

– ХIан-хIа, суна хаьа, Бици, диканна дац, – элира Зеламхас.

– Ишта а сабIарзделла сан, ма дийцахьа соьга и хабар, Iад-Iехьа, – хьастаелира зуда.

– Со-м, хьо яха, Iара, суо витахьара, – аьлла, дикка ойла а йина. – Делан кхел сацо стаг ма вац. Кху берийн терго е ахь, кхарех гIоьнчий хир бу хьуна, – бохуш, дуьйцура Зеламхас. – Мел хьайна хало хилахь а, сан новкъа ма бахийталахь хIорш… Зезаге а хьовсалаш, цуьнан гIо делаш, къа ду шуна цуьнан, декъаза стаг хили цунах.

– Тоьар ду хьуна хIинца, тоьар ду. Хьоьга весет дайта-м ца еана со кхуза, – аьлла, дукхахдолчунна шаьш Сибарех Лом-Iела дIаволлар дага а деана, йилхира Бици. Бицина гергахь, дуьненна чохь нийсаниг лаха, гIийлачийн гIо дан, цу гIийлачун дуьхьа Дала ша кхоьллина стаг вара Зеламха, цундела, и лийр ву бохург гIе ца оьцура обарган зудчо.

– Хьо хIунда йоьлху, Iовдал. Ма елха, хьоьгахь ца тов хьуна осалалла, – аьлла, хастийра иза Зеламхас.

…Цхьа инзаре тийна лаьттара буьйса. ДIо лекхачу стигалара седарчий а, хIорш тергалбан дагахь севцича санна, цу сийначу стигалара хаза лепаш схьахьуьйсура. Ткъа и, марс санна, ах схьакхетта керла бутт а, цу лекхачу ломан буьххье бижинчуха тийна кхозура.

ГIелъелла Бици а набаро Iехийнера. ДIо тогIи чуьрчу кIотарахь шен хIусамненаца вехачу Элмарзийн кертахь наггахь «Iавф-Iавф», жIаьло олий бен кхин хIума ца хазара кху тийначу арахь.

Сатаса герга дахча, набарх ларвала дагахь:

Арешка дохк даьлча, аренаш идош,
Даккъашка дохк даьлча, и даккъаш цоьстуш,
Нанас вина ваша сайн тоьпах тарвина,

Ас маццалц дуур те малх кхета
Хьо, дуьне?..

Аьлла, гIийла узам бира Зеламхас. Дикачу чагIаро санна, цу назмано дохдеш айдина обарган дог, тIома доьдучу олхазарх тарделла, дIо лекхачу стигала а даьлла, хIара къиза дуьне цхьана ханна массо ирчачу хIуманах цIандеш, серла а даькхина, дIадахара…

Цхьа тамашена, буьрса тийначу буса, генна хьуьн чохь, гIайгIанца зобукабуха йийкира. Вуончу хIумано кхерийча санна, дитташ тIехь набарна дIатийна олхазарш а меттахъхьайра.

Бици, шен берашца селхханехь дIаяхнера кхузара. Суьйранна хIума кхалла Элмарзас ша волчу кхайкхина, пхьуьйр-ламаз а дина, лохачу паднар тIе тесначу Iаьржачу истанга тIехь, баьрчехь хиъна Iара Зеламха, вуно тийначу озаца, чергазийн къиза эла вохийнчу Балун илли а олуш:

Буьйсанах ши дакъа хиллачу цу хенахь,
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
Ша хьалаиккхира и Балу ва баьчча…

УьйтIахь цхьа цIехьана жIаьла летира. Шен узам а сацийна, ара ладоьгIначу обарга:

– УьйтIа а валий и жIаьла хьедийриг мила ву хьажахьа, – элира хIусамдега. ХIусамдас шен зудчунна тIедиллира цига хьажар. Яхана, юха а чу еана:

– УьйтIахь кхерам болуш хIума дац, – элира зудчо. Цул тIаьхьа кхо-йиъ минот яьлча, тохарчул а карзахдаьлла, схьахазарехь, цхьа шена ца езачу хIуманна чу а кхийсалуш, юха а летира жIаьла. ТIаккха араваьлла хIусамда чуван хьевелира.

Кхин шек а воцуш, тохара санна, аренгахьа ладоьгIна Iара Зеламха.

Шайн тхов тIехь цхьа хIума меттахъхьееш а хетаделла:

– Ой, ванах, и хIун деш ву цигахь? – аьлла, йоьхна, Зеламха волчу агIорхьа хьаьжира хIусамнана. ТIаккха, кхиккина евлла

галнаш схьаяха дагахь ша схьаэцна чоьлпа охьа а кхоьссина, сихонца араелира иза. Амма, цу сохьта, юьхьа тІера адаман бос а байна, ша хІун леладо ца хууш, йоьхна юха чу а иккхина: – Вададай, Зеламха, вайна гуотесна салташа, – аьлла, Іадийча санна йисира.

Ненахоша шена бинарг тешнабехк буйла хиъна Зеламха, катоьхна топ а эцна, сихонца вахана сени чу иккхира. Буьйсанан Іаьржачу боданехь хІумма а ца гора. Обарган лерга юххехь мажаран топ юлуш даьлла тата дІадале, Элмарзин хІусам, дарцо дуткъа дитт санна, ега а еш, топ елира. Цхьа тамашена галваьлла, кхоссалуш, аркъал а вахана, юха сихонца меттавеанчу обарга тІекІел пхоьазза топ туьйхира: дуьххьарлера цхьаъ – хьалаерзийна тховх тІе, важа йиъ – неІарх ара. Цул тІаьхьа, тасавелла, керчина, уьйтІа велира иза…

Иштта къовсам иккхинчохь, гуттар тоьлла чекхваьлла майра Зеламха, аьлла, и обарг гІараваькхинарг: сихонца меттиг а евзий, кхерам хІун ю ца хууш, цунна шен аьтто баккха хаар дара. Шина хІумано: тІеман хІилла довзарой, стешхалла хІун ю цахаарой – хийла боьхачу матто теттинчу ор чуьра хьалаваькхира иза; мостагІчунна ша дуьхьалхІоьттинчохь я даррехь чугІуртий, я хІилланца гуо тосий, эшар хІун ду ца хууш, сихонца чекхволура обарг.

Цундела, хІинццалц схьа массо а меттахь Зеламха толар и майра хилар хилла ца Іаш, цуьнан каде хилар а лара дезара. Амма, тховса, хІара дов долалушшехь, Элмарзас, тешнабехкаца букъ лоцуш, тІехьахула тхов тІера тоьхначу тоьпо и аьтто дІабаькхинера харачойн обаргера.

«Ура-а», – аьлла, маьхьарий а тоьхна, левчкъинчуьра схьалилхинчу салташа, цхьа а раж йоцуш, маьІ-маьІехьара тоьпаш туьйхира. Кхин ца соцуш, царна дуьхьал топ а етташ, вахана Зеламха кертахь лаьттачу гІодамийн такхорашлахь къайлавелира.

И, серий санна, луьста даккхийра догІа доладелира. ЦІехьана стелахьаштиг а тоьхна, шена гуотесна лаьтта салтий гучубевлича: «Я АллахІ, суна гІо деш орцах ваьлла-кх хьо», – аьлла, дагадеанчу

обарга тІекІел мосуьттазза топ туьйхира, салташна юккъехь эпсар шена гинчу агІор. ТІаккха, мохь тоьхна доІа а деш, цигашхьахула чухьаьдира обарг. ШолгІа а стелахьаштиг тоьхна серло яьлча, шена гена воццуш, вийна Іуьллучу цу эпсаран дакъа гира Зеламхина. Юха а чукхоссавелла, хІара ша а дика ца кхеташ, цхьа тамашена дагна там хилла, цу докъа тІе ког а тухуш, вахана иза дІо дехьа йисттехь лаьттачу такхора тІе кхечира. Амма, кхин дІаваха ницкъ а ца хилла, буйнара топ охьа а ца йохуьйтуш, и чов йина букъ цу такхорах дІа а тоьхна, сецира Зеламха.

Тохара санна, цхьа а раж йоцуш, юха а еттайолийнчу тоьпийн гІовгІа ехха лаьттира ца хедаш. Цу гІовгІанна юккъехула схьахезира салташа детта маьхьарий, эпсарша ден командий. Кхануо, уьш дІатийча, Элмарзин хІусамера схьа, вон сардам а кхайкхош, йоьлхучу зудчун ирча аз деара. И йолхург хІусамнана яра: Зеламхас тоьхна топ тешнабехк бинчу Элмарзина са лоцце кхеттера.

Іуьйранна, сатоссуш хІоьттина дуькъа дохк дІаса а теттина, цу юккъера схьаваьлча санна, веана юха а салташна хьалха хІоьттира Зеламха.

– ХІей, паччахьан эпсарш, схьахьовсал соьга, аш еттачу тоьпийн дІаьндаргаш сан дегІах ца летийла хаьий шуна, – мохь туьйхира обарга. – Ткъа, хІинца Іуьйр-ламаз ден хан кхаьчна, цхьа жимма пагІат вита со.

И хезаш дерг гІенах я самах ду ца хууш, шайн бІаьргана гучух а ца тешаш, боьхна, цец а бевлла, лаьттара салтий.

– Ма тешалаш цо бохучух, цу йовсаран Дела а я дин а дац шуна! – аьлла, мохь а тоьхна: – ТІетоха цунна тоьпаш! – омар дира дІанехьа лаьттачу эпсаршна юккъера схьа цхьаммо.

Юха а еттайолийра тоьпаш, туьйхира маьхьарий. Бух хадийна поп санна, охьавуьйжира Зеламха. ТІаккха а, цу минотехь каде хьалаиккхинчу обарган топ тІекІал пхоьазза елира. Цхьана сохьтехь сов ца совцуш йиттира тоьпаш, диттира маьхьарий. Цу юккъехь, дукха чевнаш хиларна мелчу цІеша вуьзна Зеламха кхузза-доьазза охьавуьйжира, хьалаиккхира, юха а вуьйжира…

«ХІинца цуьнан са дІадаьлла», бохург, моттаделла эпсар:

– Салтий, ура-а! – аьлла, шена чухьаьдча, топ айба ницкъ боцчу Зеламхас, гІоддаха гІоьртина хьала а айвелла, тапча тоьхна вожийра и эпсар.

Ирахь латта ницкъ боцу обарг, меллаша гора а вахна доІа дан вуьйлира. Чевнех схьадетта мела цІий ца соцура, юьхьанца яьгна, макхъелла юьхь, хІинца шел а луш, таьІано-кІайн бос эцна йогІура.





ДоІа ца далора. ХІинца обаргана шен аз а ца хазара. ХІинца цунна хьалха бехк а, гуьнахь а доцуш, ша бахьана долуш, набахтей, Сибареххий эхийтинчу нехан гІаларташ хІуьттура, шийлачу Сибарех балийна бІарзбелла хьийзачу нанойн карахь кегий бераш доьлху хезара… Уьш дерриге а хІинца тІедаьхкинчу обарган дог, кхин тІе а Іовжийна, холчухІоьттинера. ТІаккха обарга, тийна вистхилла, шен кІентан Мугин цІе яьккхира. КІанта жоп ца делира. Делахь а, цу шен шийлачу Іожаллел тахана тоьллачу Зеламхин буьрсачу юьхь тІера цхьа чо а кхерамо меттах ца баькхинера…



Харачойн Зеламха



Зеламхин зуда Бици





Зеламхин кIентий Мохьмаддий, Iумар-Iелий

ТIАЬХЬАРА ДОШ

Зеламхан йоккхах йолчу йоIа Муслимата, йоьлхуш, туьканара цIа а еана, гIалин урамашкахь газеташ духкучара обарг Зеламха вийна, бохуш, ма кхайкхадо,ва мама, шега аьлча, Бицис аьттехьа а ца дитира и хабар.

– Йохий ма хьовзалахь, сан йоI, – элира цо, шек а йоцуш, – хьан дена цхьа а вон хIума ца хилла хьуна.

– Ой, ахь хIун дуьйцу, мама, суна сайна ма гира и газет, – бохуш ца къарлора Муслимат.

– Цу газеташ тIехь хийла-м, дера, кхайкхийна цара кху дуьненан еа а маьIе, хьан да шаьш вийна, аьлла, цунах шайн цIазапIелг ца кхетташехь, – бохуш, шениг чIагIдора нанас. – Ма елхалахь, хIинца иза а, шайн цхьана аьттонна, нах Iехо, паччахьан хьаькмаша дуьйцуьйту хабар ду хьуна.

Бицина вуно дика хаьара, шен мар могуш воцийла а, нагахь цхьа кхераме меттиг тIеIоттаелча, тохара санна, цуьнан къовса ницкъ боцийла а. ХIетте а, зудчун даго аьттехьа ца дуьтура, Зеламха дийна вац бохург. Амма, Муслимата шен ненаца и къамел дина дукха хан ялале, кхаьрга веъначу цхьана воккхачу хьаькамо:

– Хьайн майрачун дакъа довза, Шела ян еза хьо, – элира Бицига.

ТIаккха а шек яцара Бици. Мелхо:

– Сан Шелахь дисина хIумма а дац, – аьлла, шийла жоп а делла, сецира обарган зуда. Делахь а, шен мар, Солтамурд вийчхьана, массо а гIан-набарххий, вон мел долчуххий тешачу Зезага йита а ца йитина яхара и Шела..

Гуьйранна мажделла гIа сингаттаме дужуш дара. Цу кхоьлина деъначу, шийлачу дийнахь, шелахойн базаран майданахь, дукха гулделла лаьттачу адамашна юккъехь, тIехь лаьтташ шайх тоам бина эпсарш а болуш, цхьана тишачу черта тIехь, буйнахь герз а доцуш, тийна Iуьллура обарг Зеламха.

Ца яьлла тийшира Бици цу шена гучух. Цхьа тамашена дагар а кхеташ, юьхьа тIера цIий дIадахара, цуьнан Iаьржа бIаьргаш

кхин тIе а Iаржделира, гулделла цIоцкъамаш бIаьргаш тIе охьадаьхкира. Шелъелла голаш ега а еш, даге катуьйхира Бицис. Амма, даго даре ца дора.

– ХIара вевзий хьуна? – аьлла, хьалха Iуьллучу докъа тIе пIелг а хьажийна, полковника Моргания хаьттича, харачойн обарган зудчо, шек а йоцуш, корта дIасаластийра.

ДогIанца гулъелла тIеяьхкина Iаьржа мархаш санна, шен ненан юьхь буьрса кхоьлина гича, Муслимата а:

– ХIан-хIа, хIара-м вац тхан да, – элира, кхин дIаса а ца хьожуш.

Йоьхна, са дIа а даьлла, йисинчу цхьана Зезага даре дира и вийна Iуьллург шайн Зеламха ву, аьлла.

ТIаккха а йист ца хилира Бици. «ХIинцца дIа а хьой и хьайн мар дIаволла» шега эр ду моьттуш, тIулг санна, тийна лаьттара иза.

Бицина вуно дика евза топ, схьа а еана, цхьана эпсаро Зеламхин докъа тIе йиллира. ТIаккха, хумпIарара схьаяьккхинчу цуьнан тапчин мукъ цо баьхьна Зеламхин шийлачу буйна боьллира. Иштта массо а хIума шайна ма хетта дIа а нисдина, фотографа сурташ дехира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале Бициий, Зезаггий, шайн берашца буха Соьлжа-ГIала балийра.

Цул тIаьхьа ши-кхо де даьлча, цхьана а динехь, адамийн гIиллакхехь а доцуш, Шеларчу пурстоьпан кертахь кIорга ор а даькхина, Зеламхин дакъа дIадоьллина, бохуш, хезира Бицина. И дийцира цунна поручика Гриневс. ХIинца кхоччуш йоьхна хьаьвзинчу Бицина чIогIа лиира цу шена ца вевзачу оьрсийн эпсаре ерриге а шен даг тIе хIоьттина гIайгIа а, бала а дIабийца, шена а, шен доьзална а хилла хало цуьнга ялхо. Ялха а йира цо иза, сихъелла, ша муха ялхайо а ца хууш, шена вон хуучу оьрсийн меттан дешнаш а кегдеш, цу эпсара саца а йина, и къамел шега чекхцадаккхийтарна кхоьруш. Ткъа, дерриге а цо дуьйцург, бусалбан дин а, нохчийн оьздангалла а ларъеш, Зеламха шега дIаволлийтахьара бохург дара.

И шен даг тIера къамел Бици дина яьлча, корта охьа а бахийтина, ойланаш еш Iачу поручика элира:

– БуритIа инарла волчу гIохьа, ас гIо а дийр ду хьуна. Суна схьахетарехь, цо бакъо лур ю хьуна, динехь ма-дарра, хьайн мар дIаверзо.

– Шена тIе мукъана а юьтур юй техьа со инарлас? – шекьхилира Бици.

– Ой, юьтур ю, дера-кх, – цецвелира поручик. – Адам дац иза?

– Ша дийна волуш, дукха дийхира сан майрачо цу инарла Михеевга, адамех тера хилахьара шеца, бохуш. Кхин чомахь цуьнга вист ца хуьлуш, вейтира цо иза, – элира Бицис, доккха са а даькхина. – ХIан-хIа, цу инарлас сан майрачух, хIинца вийчи а, къинхетам бийр бац.

Хорша еъча санна, ега а еш, цо иза аларна, шен корта хьала а айбина, дIахьаьжначу поручикана Бицин мажарйоьллачу юьхьа гIехь докъан бос гира.

– ХIинца бийр бу хьуна цо цунах къинхетам. Велла стаг цхьанна а новкъа вац, – аьлла, шен ма-хуьллу Бицин сингаттам байбан гIоьртира Гринев.

Терски областан начальник инарла Михеев, шен белхан гIуллакхана Гуьржех вахана, цIахь вацара.

Хаза тоьъарг гIиллакхехь, схьагарехь, кхуьнан дагна хилла чов екъа гIоьртина, тIеийцира БуритIа яхана Бици инарлин зудчо.

– Хьажахьа хIинца, цу дуьненан маьIера дуьйна схьа гIаш кхуза муха йогIур ю? – бохуш, цецъяьлла хьаьвзира, берашца Бици чу а ялийна, инарлин зуда. – Цхьажимма сан хьаша хилий собардел ахь, инарла цIа веъчахьана, хьан гIуллакх а дийр ду вайшимма.

– Дела реза хуьйла хьуна. Бехк ма биллалахь суна, – бохуш, йоьхнера Бици. – Кхузахь дукха саца таро ма яц сан, цIахь битинчарна сагатдо ас.

– ХIан-хIа, иштта мегар дац, – аьлла, къар ца луш, чуялийна Бици сацийра инарлин зудчо. – Кху берашка а садаIийта, ахьайхьа а кIеззиг собарде, инарла кестта цIа вогIур ву.

Иштта, шена ма-хуъу, Бицин дог эца гIоьртина къамел дира инарлин зудчо.

– Бер маса ду хьан? – хаьттира цо Бицига.

– Диъ.

– Кхарел даккхийнаш дуй?


– Йоккханиг хIара ю-кх, – аьлла, Муслимат гайтира Бицис. – ЦIахь висинчу кIентан шийтта шо кхаьчна.

– Кхарех кестта гIоьнчий хир бу хьуна, – аьлла, тIеяхна йист а хилла, Муслимат хьаьстира инарлин зудчо. – ХIумма а дац, дохий ма хилалаш.

– Йоьхна, дера, яц со-м, хилларг хилла ма даьлла, – жоп делира Бицис. – Адамашка тера кхеран да дIаволлийтичхьана кхин дагахьбаллам бац суна-м.

– Зеламха дIа а воллуьйтур ву, берийн гIайгIа а бийр бу.

– Баркалла хуьйла хьуна, – элира Бицис. – Кху берийн дуьхьа лелара-кх. Каш а доцуш шайн да вайча, дагахьбаллам кхин а чIогIа хир ма бу кхарна.



Инарла Михеев кхин цIа вогIург а ца хилла, шоллагIчу дийнахь шен берашца цIа ян новкъаелира Бици, инарла цIа макхеччи, луъучу кепехь, Зеламхин дакъа дIадерзо цуьнгара бакъо а яькккхина, Соьлжа-ГIали тIе хаам бан инарлин зудчо дош а делла.

Инарлин зудчунна ледара хаьара шен майрачун белхан гIуллакхаш, цунна кIезга бала бара Петарбухера паччахьа кхуза оьхуьйтучу омарийн а. Зеламхех лаьцна а, наха арахь дуьйцучу хабарел сов, хIума ца хаьара цунна. Цунна хьалха лаьттарг, хIара ша санна, берийн нана яра, цундела и дика кхетара ненан гIайгIанах.

И дог-ойла иштта хиларна, инарлин зудчо ша делла дош кхочушдира.

КIЕЗЗИГ БИЛГАЛДАККХАР

ГIараваькхина вайнаха вуьйцучу харачойн Зеламхин сурт исбаьхьаллин литературехь кхолла со гIоьртина вуно дукха хан ю. 1926-чу шарахь, айса литературехь дуьххьара гIулч йоккхуш, «Зеламха» цIе йолу стихотворени язйичхьана, сайна везавеллачу цу турпалх лаьцна долу дийцарш а, яздинарш а гулдеш схьаеъна со.

Дийца оьшуш а дац, Зеламха массо агIор а ирс доцуш стаг хилла. Иза иштта хIунда ду а хаац: стаго лелийнарг, тIаьхье аьтто болуш йисаре хьаьжжина бен, цуьнан гIуллакхаш сийлалле дохкий дийцац-кх замано.

Дог-ойла вон хиларна, нахаца хьагI лаьцна я рицкъана тIехь цIармат хилла ца хIоьттинера Зеламха обарган новкъа. ХIанхIа! Паччахьан хьаькамаша лелочу харцонаша бIарз а вина, ца ваьлла, велира и, тийна шен доьзалца Iийна, къона стаг цу халчу кIохцалийн новкъа.

1909-чу шарахь Пачхьалкхан думан Председателе ша яздинчу кехата тIехь: «Суна дика хаьа, паргIатчу дахаре вухаверза а, и санна, сайх къинхетам байта а айса меттиг ца битанийла, – бохуш, яздо Зеламхас. – Амма, сан дагна хьаам хир бара шуна – халкъан векалшна, со а, со санна, сан да а, вежарий а, кхиболу накъостий а наноша бешшехь обаргаш ца хиллийла хаахьара».

ХIетте а, паччахьан хьаькамаша арадаьхначу кехаташкий, дийцаршкий ладоьгIча, цкъа а кхетаме вогIур воцуш, харцахьара къу а, зуламхо а хилла Зеламха.

Ма-дарра аьлча, айса и Зеламхин гIуллакхаш кегадеш, со-суо а вацара, шен билгалбаькхина идейни некъ а болуш, революционер, я цкъа а къа латоза дика стаг сайна карор ву бохург дагадеана. Мелхо а, иштта хала, чолхе некъ лелийнчу массо стага санна, хийла гIалат а, дика а вон а дина Зеламхас. Ахархочун лаам къевсина мел гIиттинарш санна, некъана гена вала таро йоцуш, «ах-бIаьрзен» хилла иза. Делахь а, кIоргтера тидам беш харачойн обарган дахар Iамийначунна цу «зуламхочун» цIокана

юккъехь хьанал адам а, дахар дукха а дезаш, ваха гIиртина стаг а карор ву.

Цу шен халачу денца, цкъа а хьанал ахархочун болх бечуьра ца сецна Зеламха. Цо, хьуьнхахь къайлах ирзош а дохуш, латта аьхна, шенначулла даьхни кхаьбна, асарахь ваьллина, мангал хьекхна цо. Иза, адамашца хила еза оьздангалла ца йохош, даима комаьрша хилла, нахаца чекхвала а гIиртина. Делахь а, цхьа къиза хало я кхерам тIебеанчохь цуьнан и комаьрша, ахархочун юьхь даръеллачу берзан суьрте йогIуш хилла. Схьахетарехь, и хила а гарло цу обаргах «зуламхо» алийтинарг.

Зеламхин дахар – иза стогаллех ца вухуш, гIиллакхах ца хедаш, шен дешан да хиллехь а, – къийсамехь цхьа висинчу стеган гIаддайна, хала некъ бу. Зеламха халкъан лаам ларбан гIиртина, делахь а, дукха вовшахкхеттачу адамах озалуш, царех къаьхкина чекхваьлла иза. Цунна шен заманчохь хиллачу Iедалан латтам хийца лиъна, амма, и муха хийца беза ца хиъна. Цунна дуьненахь мел долчу а зуламийн орам паччахьан хьаькамаш тарбелла, уьш байина дIабаьхчхьана, дуьненна нийсо карор ю а моьттуш. Кхин идейни кIоргалла шегахь цахиларна, тIекхуьуш лаьтта нохчийн хьоладай а зуламе ца хетта цунна. Уьш а цо, хьанал бацахь а, гIалатваьлла, «шен» лерина.

Цу гIалаташца хила тарло Зеламхас шен тIаьхьенна, хIара ду ала, кхин доккха хIума кхочуш цадар а, цуьнан некъ галбаькхина бийца я и вицван луучарна меттиг яларан бахьана а.

И чолхе хеттарш къасто а гIерташ, цу халчу хенахь шен бакъо лаха гIеттинчу ахархочун сурт гайта дагахь язйина ас хIара «Зеламха» цIе йолу керла роман. ХIунда аьлча, и Зеламха обарг а воккхуш, паччахьан хьаькамаша цунна бина акха ницкъ хийла вайнехан ахархочунна бинчух тера хиларна.

1966

Автор

Чулацам

ХЬАЛХАРА ДАКЪА 4
ШОЛГІА ДАКЪА 94
КХОАЛГІА ДАКЪА 186
ТІАЬХЬАРА ДОШ 311
КІЕЗЗИГ БИЛГАЛДАККХАР 316

Литературно-художественное издание

Мамакаев Магомет Амаевич

ЗЕЛИМХАН
Роман

Редактор *Такалашов С.А.*
Корректор *Казбекова М.Г.*
Дизайн и верстка – *Туруева С.С.*

Сдано в набор18.06.07. Подписано к печати 06.08.07.
Формат 60x90 $^{1}/_{16}$. Гарнитура Times New Roman.
Усл. -печ. л. 19,75. Тираж 3000 экз.
Заказ 3002.

ГУП «Книжное издательство»
364051, ЧР, г. Грозный, ул. Маяковского, 92
www.grozizdat.ru

Отпечатано в ЗАОр «НПП «Джангар»,
358000, Республика Калмыкия,
г. Элиста, ул. Ленина, 245.